# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2017 • ДЕКАБРЬ

6



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КультурэмкIэ
и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм
я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2017

# Псалъащхьэхэр


**ЖыпIэ**

*Критик, литературэдж Шэвлокъуэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*

**Къэжэр Хьэмид.** Гурэ псэкIэ........ 3
**Елгъэр Кашиф.** Ныбжьэгъум папщIэ........ 13

*УсакIуэ КIэщт Мухьэз къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ГуащIафIэ........ 21
**КIэщт Мухьэз.** *Усэхэр*........ 29

*УсакIуэ Уэрэзей Афлик къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Лирик псэ........ 41
**Уэрэзей Афлик.** *Усэхэр*........ 53

*ТхакIуэ ХьэIупщы МуIэед илъэс 65-рэ ирокъу*

**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Бжьэ зыдэсым фо дещIэ. *Литературэ сурэтхэр*........ 65
**Гъут Iэдэм.** Иджырей тхакIуэ........ 81
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ЛъэбакъуэщIэ........ 87
**ХьэIупщы МуIэед.** Хъаджэт и къафэ. *Новеллэ*........ 93

**Прозэ**

**Мэкъуауэ Амир.** Жыгхэм зыщахъэх лъэхъэнэм. *Рассказ*........ 103
**Щоджэн Риммэ.** Розэм тедия нэпс. *Рассказ*........ 119

**Публицистикэ**

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Тыркум ис адыгэхэр Къайсэр щызэхэплъащ........ 139

**Сабийхэм папщIэ**

**Хьэщыкъуей Олег.** *Усэхэр*........ 153

Псалъэзэблэдз........ 158

*Критик, литературэдж Шэвлокъуэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*



# ГУРЭ ПСЭКІЭ

Шэвлокъуэ Пётр нэхъыфІу слъагъу си ныбжьэгъу нэхъыжьхэм ящыщщ.

Ар и тхыгъэкІэ щысэу къэсцІыхуат, езым сыхуэзэным куэд иІэу. А зэманым сэ 7–8-нэ классхэм сыхэсат. ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр и «Насып вагъуэ» усэ сборникым теухуауэ абы итха рецензэр къысІэрыхьэри, гупсэхуу сыкъеджат. ИкІи, усэ е рассказ мыхъуу, рецензэ, статья хуэдэхэми бгъэщІэгъуэну укъеджэ зэрыхъур сэ япэу къыщызгурыІуар абы щыгъуэт.

ИужькІэ, университетым сыщеджэу, Шэвлокъуэр япэу щыслъэгъуам, ар «Іуащхьэмахуэ» журналым щылажьэрт.

Гу лъумытэнкІэ Іэмал имыІэу щІыху екІут Шэвлокъуэр: лъагэу, Іэчлъачэу, нэ пІащэу (апхуэдэ цІыхухэр екІу иджы щылъагъур латиноамерикан фильмхэрщ). Гухэхъуэт ар уэрамым ирикІуэу плъагъуну:

Аполлон, и теуванlэм къеуэхауэ, пlащlи къыхэщти имыlэу, макlуэ, жыпlэнт, зэзэмызэ щlым лъапэкlэ зэрыlусэр езыми игъэщlэгъуэжу.

Ещхьыркъабзэуи цlыху гуапэт Шэвлокъуэр. Арауи къыщlэкlынут куэдым, куэдыкlейм къыщlащlыхур, фlыуи щlалъытэр. Умыщlэххэу къылэм ущыхуэзэауэ, дакъикъэ зытхухкlэ Пётр удэуэршэрыхи хъуамэ, абы къриубыдэу, блэкl-къыблэкlыжым къахэжурэ, зытэкъым икlи тlутэкъым къыбгъэдэхутэр: «Петя! Петя! Дауэ ущыт, ей?!» – жаlэу.

Абыхэм ящыщ дэтхэнэми жриlэн къигъуэтырт Шэвлокъуэм, псоми ар яхуэгуапэт, езыхэри къыхуэгуапэжт.

Шэвлокъуэм фlыуэ ицlыхурт тхэуэ республикэм ис псори, хэт сыткlэ ущыгугъ хъунуми, хэт сыт къыпкърыкlынуми ищlэрти, а щхьэж хуэфlэкlынум елъытакlэ адыгэ журнал закъуэм и лэжьыгъэм къыхишэрт.

Зэгуэрым, пщыхьэщхьэхуегъэзэкlи хъуауэ, Пётр и деж сыщlохьэ. Зэпщlэуи гу лъызотэ ар зыхуэмыубыдыжу зыгуэрым зэрыщыгуфlыкlым. И нэхэр лыду, и lупитlыр зэтемыхьэжу.

«Къэтlысыт мыдэ, – жеlэ абы, а зэрыгуфlэм хуэдэу. – Къеджэт мыбы».

Къызэрыщlэкlамкlэ, Кlыщокъуэ Алим и усэ lэрамэфl, зэныбжьэгъум къыlэрыхьауэ, къеджэу щысу арат. Арати, усэхэм аргуэру зэ, фlэфlыпсу, щlэджыкlыжащ, тхылъымпlэ напэхэр зырызурэ си деж кlэ къригъэкlуэтэкlыу, зэми къысхуигъэтlылъыну зыхэта тхылъымпlэ напэр зыlэщlиубыдэжрэ:

«Къедаlуэт, къедаlуэт адыгэ псалъэр зэригъэlурыщlэм!» – жиlэу.

Пэж дыдэу, Кlыщокъуэм и усэщlэхэр дэгъуэ защlэт. Кlуэаракъэ, сыт и лъэныкъуэкlи зэгъэпэщат. Я бзэм и тегъу пщlымэ, сатыр къэсыху псалъэжь палъэщ жыпlэнум хуэдизт («И щхьэм хуэхъур лlым и пыlэщ»; «Щlым и уасэр щlым и фlагъщ»; «Хуейщ нщlыупсым и зы псалъэм я нэхъ мащlэу щыхьэтитl», къ.).

Ауэ «Ахьмэд» зи псалъэщхьэ усэр зикl а гупым ядэхъуу къысщыхьуртэкъыми, ар сымыбзыщlу, Пётр жесlащ. «Пэжыщ, – жиlащ абы, къытригъэззэжу усэм къеджэжа нэужь, – Ауэ ари къыхэдзыжынукъым: а зыр здахьынущ адрейхэм».

Арати, «Ахьмэд» усэри журналым къытехуащ. Ауэ абдеж кlэ щигъуэтакъым а усэм и хъыбарым. Иужьыlуэкlэ, а усэ lэрамэм теухуауэ «lуащхьэмахуэ» журналым къытрезгъэдзэну схьа си тхыгъэм «Ахьмэд» усэр къызэрысщыхьуари къыщыщыхэзгъэщым, Шэвлокъуэри абы зыкlи хэlэбакъым, а зэрыстха дыдэм хуэдэу игъэкlуащ.

Ещхьыркъабзэу, Шэвлокъуэр щыгуфlыкlат тхэуи ямыщlэххэ Кlэрэф Мухьэмэд и повесть хъарзынэм («Лъэужь е лlэужь») и lэрытхыр къыщыlэрыхьым. Фlэфlыпсуи игъэхъыбарыжырт Сокъур Мусэрбий и фlыгъэкlэ Мухьэмэд «къахэпа» зэрыхъуа щlыкlэр. Пётр гуфlэрт: «Дауи, – жиlэрт абы, – а зыракъым апхуэдэ хьэтl зиlэ тхакlуэм къылъыкъуэкlынур!..»

Икlи, пэж дыдэу, Кlэрэф Мухьэмэд мыгуэу пэгъуэщl тхыгъэ купщlафlэхэри къызыкъуихащ.

Шэвлокъуэ Пётр фlыуэ зыцlыхуу щытахэм ящlэж: абы куэд къригъэзубыдырт «къабзагъэ» псалъэм. «Цlыху къабзэщ» жиlамэ, ар

зыхужиIам хуэарэзы дыдэу арат. И IэнатIэ мытыншым щIыху къыбгъэу, пэжыр и гъуазэу бгъэдэтащ Шэвлокъуэ Пётр.

* * *

Шэвлокъуэ Пётр щIалэ дыдэу тхэн щIидзат. 40 гъэхэм щыщIэдзауэ республикэм къыщыдэкI газетхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт абы и очерххэр, репортажхэр, статьяхэр.

Ауэ Шэвлокъуэр зэрыкритик щыпкъэр наIуэ щыхъуар 1958 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналыр къыдэкIыу щIидза нэужьщ. Журналым тетащ абы и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр.

Шэвлокъуэм и литературэ портретхэр, очерххэр, статьяхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэуи плIы дунейм къытехьащ: «ТхакIуэмрэ гъащIэмрэ», «ГъащIэм и пшыналъэ», «Тхыгъэхэр», «Правда жизни». Абыхэм имыхуэн къэнащ нужьрей илъэсхэм итха статьяхэр, рецензэхэр, газетым е журналым къытехуа мыхъумэ, нужькIэ къыдэкIыжакъым.

Зы лъэпкъ литератури къэхъуауэ къыщIэкIынкъым усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я зэфIэкI къудейкIэ зэфIэувауэ. Лъэпкъ литературэм тэмэму зиужьынэщIыр абы егугъуу хуэлажьэ критикэ къыщыщIэувкэм и дежщ. 50 гъэхэм ди литературэм къыхыхьауэ щытащ критик-литературэхутэ гуп дыгъэл: Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, КIурашын БетIал сымэ.

Адыгэ литературэм, IуэрыIуатэм, искусствэм и тхыдэм нэхъ укъуэдияуэ иприплъэжын мурадкIэ Нало Заури, ХьэкIуащэ Андреи, КIурашын БетIали ди зэманым фIыуэ щыпыIукIуэт мымащIэу къэхъуащ. Ауэ Сокъур Мусэрбийрэ Шэвлокъуэ Пётррэ зыгъуэжь литературэм и бэуэкIэм темыплъэкъукIыжыхэу щIэдэIуу икIи къахутэу псэуащ, зэфIэкIрэ хэлъэту яIэм щымысхыжу, а Iуэху мытыншым гурэ псэкIэ бгъэдэту. ИкIи критикэ балигъ, лъэпкъ литературэр езыгъэфIэкIуэфын критикэ ди деж щызэфIэувэн папщIэ псом хуэмыдэжу куэд илэжьащ Сокъур Мусэрбийрэ Шэвлокъуэ Пётррэ.

Критик нэсым и хьэл халъэ Шэвлокъуэм: абы и тхыгъэхэр нэхъ зытриухуэ хабзэр ди литературэм хэлъхьэныгъэ белджылы хуэзыщIа, ауэ иджыри гульытэ щIагъуэ зымыгъуэта авторхэрт. Псалъэм папщIэ, Шэвлокъуэ Пётрщ япэу ди критикэм къыщызыгъэлъэгъуар Къашыргъэ ХьэпащIэ зыхуэдэ тхакIуэр. Абын и закъуэкъым. Нало Ахьмэдхьан, КIэрэф Мухьэмэд, Къуныкъо СултIан сымэ Шэвлокъуэм яхуитха очерхэрщ а тхакIуэхэм я творчествэм теухуа лэжьыгъэ нэхъ иIащэу нобэр къыздэсым диIэр; Елмэс Iэуддин и творчествэм теухуауэ щыIэхэр абы и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» романым хуитха рецензэ закъуэрщ.

Шэвлокъуэ Пётр къуэш литературэхэм я лIыкIуэ нэсхэм яхужиIэни иIэт. Ар Iэпэ Iэсэу ятетхыхьырт шэрджэс, адыгей, абхъаз, балъкъэр тхакIуэхэм, усакIуэхэм. Литературэми и мызакъуэу, искусствэм и нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэми (театрым, музыкэм, къ.) пэсырт абы и гульытэр.

* * *

Шэвлокъуэ Пётр Жэбагъы и къуэр 1927 гъэм Аруан куейм хыхьэ Дохъушыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. ЩIалэ дыдэу, къуажэ еджапIэр къызэриухыу (1945), Пётр щылажьэу щIедзэ «Къэбэрдей пэж» газетым и редакцэм. Зэман кIэщIым журналист IэкIуэлъакIуэ къыщIыкIат абы, икIи, дэыхь къыхуащIри, къулыкъу хьарэмин къыхуагъэфоціат (культурэмкIэ отделым и унафэщIт). АрщхьэкIэ Шэвлокъуэм и хъуэпсапIэр нэгъуэщIт: абы игу ирилъхьат ди къэралым и щыхьэрышхуэм щеджэну, литературэ и лъэныкъуэкIэ щIэныгъэ куу зригъэгъуэтыну. ИкIи 1950 гъэм ар щIотIысхьэ М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институт.

Шэвлокъуэ Пётр Москва щыщеджа илъэсхэр (1950 – 1955) зэман тельыджэт. Зауэр зэриухрэ куэд мыщIами, къэралыгъуэшхуэм хэнщIыкIыу зыкъыIэтыжат. Бий бзаджэр хэзыгъэщIа лъэпкъхэм иджы дэрэжэгъуэ ин яхэлъу, нэхъри жыджэру я мамыр псэукIэр зэтрагъэувэжырт. Ди цIыхухэм зауэм къыщахьа текIуэныгъэр, хахуагъэрэ лIыгъэу абы къыщагъэлъэгъуар цIыкIуми инми я нэщIэм телът икIи сыт хуэдэ гугъуехьми хъыжьэу зрапщытырт. Лъэпкъхэр, яку зэхуиль зэкъуэныгъэр зауэ мафIэм нэхъри ипсыхьауэ, зэрылъагъурт. Щыхухэри куэдкIэ нэхъ зэхуэгуапэт, зэхуэIэфIт... Лъэпкъ зэхэгъэж щымыIэу, къэралышхуэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужыгъуэхэм къахэкIахэр зыр адрейм хуэгумащIэрт, къуэш пэлъытэу хущыту. Дигу къэдгъэкIыжынти КIуащ БетIал абы щыгъуэ жиIар: «Си къуэш – совет цIыху»; е украин усакIуэ цIэрыIуэ Павло Тычинэ и цIэр нэхъри хэIущIыIу зыщIа и псалъафэр: «Зы унагъуэм дыхуэдэу».

Мис апхуэдэ зэхущытыкIэм мымащIэу къигъэпсынщIэрт зауэм и Iэужь пхъашэу цIыхум я форэ я пыбокIэ ищэч гугъуехьри, студент стипендиер, къыщIэкI щамыIэу, зэрыщIыкIу дыдэри, къулейсызыгъэм къыхэкI нэгъуэщI лъапощхьэпохэри. Зауэшхуэр текIуэныгъэкIэ зэриухам гушхуэныгъэ къытхилъхьэрт. ДяпэкIэ дэ тхуэфIэмыкIын щымыIэу, екIэ дяужь къихьэфынщ къэмыувыжыну бьщэу ди фIэщ хъурт. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжырати – цIыхур гугъэрт: пщэдей нэхъыфI хъунущ! ИкIи хъурт. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм цIыхум зыхуей нэхъ игъуэтырт.

Зи щIалэгъуэ дахэр, студенту щыщыта илъэсхэр а зэман тельыджэм прихьэлIа Шэвлокъуэ Пётр дунейм тетыхукIэ гу къабзэрэ псэ зэIухакIэ цIыхум яхущыту псэуащ.

Шэвлокъуэм и пасэрэм кърихьэкIри, ар студенту щыщыта илъэсхэмрэ Литинститутым и зэманыгъуэмрэ зэтехуат. А лъэхъэнэм абы щрагъаджэрт (щхьэж езым и семинар игъэлажьэу) тхакIуэ, усакIуэ хьэлэмэткэу Федин К., Паустовский К., Леонов Л., Сельвинский И., Луговой В. сымэ. Абыхэм яшыщ дэтхэнэри университет псо и уасэт, я гъукIэгъэсэнхэми езыхэр фIыуэ зыщыгъуазэмкIэ – литературэ Iэзагъэм и щэхухэмкIэ – жумарту ядэгуашэрт.

Дэрэжэгъуэшхуэ къезыта къэхъугъа хэIэтыкIауэ Пётр игу къинэжат Твардовский А., Симонов К., Эренбург И., Гамзатов Р. сымэ студентхэм къащыхуеблэгъа пшыхьхэр, къытригъэхьэжурэ щIэрыщIэжу зэпишэчыжырт абыхэм жиIэпаха упщIэхэмрэ жэуапхэмрэ. ИкIи апхуэ-

дэурэ къэбэрдей щӏалэр хэпа хъурт ди къэралышхуэм щыцыӏэ литературэ гъащӏэм.

Зи лекцэ едаӏуэ и егъэджакӏуэхэм яцыщу Пётр зыми хуэмыдэжу нэхъ гуиэ къыщыхъурт Бонди С. М. Ар ауэ къызэрымыкӏуэу щӏэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цӏыхут, «бытырбыху школкӏэ» зэджэм ар зэрилӏыкӏуэри сыт и лъэныкъуэкӏи дэплъагъурт: и щӏэныгъэм и мызакъуэу, и псэлъэкӏэми, и зыӏыгъыкӏэми, цӏыхум зэрахыхьэ, зэрахэт щӏыкӏэми.

Усэм и теорием, урыс литературэм и тхыдэм теухуауэ Бонди къыздже лекцэхэр, Пушкиным и творчествэм тещӏыхьауэ абы иригъэкӏуэкӏ семинархэр зэриутӏыпщын фӏыгъуэ щыӏэтэкъым Шэвлокъуэ-студентым. Бонди текстыр зэрызэпкърих щӏыкӏэр («метод текстологического анализа» жыхуаӏэжыр литературэхутэ щӏэныгъэм къыщезыхьэжьахэм яцыщ зыт ар езыр) псэухукӏэ ӏэщӏыб имыщӏа дерсылъэу къыхуэнат Пётр икӏи ар и творческэ лэжьыгъэм дэӏэпыкъуэгъушхуэ къыщыхуэхъурт.

Ещхьырыбзэу, Шэвлокъуэм ныбжьэгъукӏи Тхьэр къыхуэупсауэ жиӏэ хъунут. Я бжыгъэкӏэ куэд хъурт а илъэситхум Пётр цӏыхугъэ, ныбжьэгъу къыхуэхъуа литератор ныбжьыщӏэхэр – ди къэралышхуэм и щӏыпӏэ зэпэмыгъуэгъухэм къикӏауэ, лъэпкъ зэмылӏэужьыгъуэхэм яцыщу. Институтым Пётр цӏыхугъэ къыщыхуэхъуахэм нужькӏэ къахэкӏащ ди къэралым, хэбгъэзыхьмэ, дуней псом цӏэрыӏуэ щыхъуа тхакӏуэхэр, усакӏуэхэр.

Шэвлокъуэр институтым щыщӏэтӏысхьа зэманым абы щеджэрт талантышхуэ зэраӏэр куэд дэмыкӏыу къэзыгъэлъэхуэну щӏалэ балыхь гуп: Бондарев Юрий, Солоухин Владимир, Тендряков Владимир, Винокуров Евгений, Ваншенкин Константин сымэ. Абыхэм яхэттэкъым жиӏэн зимыӏэ. Нэгъуэщӏт а щӏалэхэм къахуэтыр, Литинститутым къыщащӏэнуи зыхуейр: жыӏэкӏэ-къэгъэлъэгъуэкӏэ ӏэмалхэм я щэхурт.

Апхуэдэу, гугъуехьым къримыгъэкӏуэт, ерыщу зи мурадым хуэлэжьэн гупт Пётр и хэкуэгъу, и ныбжьэгъу адыгэ щӏалэу абы къыдеджэхэри: Мэшбащӏэ Исхьэкъ, Къуэцӏыхьэ СулътӏIан, Мысачэ Пётр. А щӏалэ гупым я зэфӏэкӏри нэхъ нужьыӏуэкӏэ наӏуэ къэхъуащ.

Литинститутым щыщӏэса илъэсхэм Шэвлокъуэм фӏыуэ нэӏуасэ зыхуищӏат урыс икӏи дунейпсо классикэм, псом хуэмыдэжу ар егугъурт литературэм тэмэму зиужьын папщӏэ критикэм и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр кууэ джыным.

И ӏэщӏагъэ мытыншым сыт и лъэныкъуэкӏи хуэхьэзыру лъахэм къэзыгъэзэжа критик щӏалэр тхылъ тедзапӏэм, итӏанэ радиом щолажьэ. 1958 гъэм, «Iуащхьэмахуэ» журналыр къыдэкӏыу зэрыщӏидзэу, Шэвлокъуэм и гъащӏэри и гуащӏэри абы епха мэхъу. Япэщӏыкӏэ ар прозэмкӏэ отделым и редактор, итӏанэ жэуап зыхь секретарь, нужькӏэ журналым и редактор нэхъыщхьэ мэхъу.

* * *

Къашыргъэ Хьэпащӏэ адыгэ литературэм сэым и псалъэ щыжызыӏэфа ди тхакӏуэ нэхъ пажэхэм яцыщ зыщ. Илъэс куэдкӏэ хьэлэлу хуэлэжьащ ар къэзылъхуа лъэпкъым. Абы и ӏэужьыр ди ли-

тературэм Iуэщlу щыбогъагъу – адыгэиcэм и дахагъымрэ адыгэбзэм и зэфlэкlымрэ щыхьэт нэс яхуэхъуу. Си щхьэкlэ, си гугъэщ: лъэпкъ литературэм и тхыдэр кууэ зэхыгъэщlэну хуэщlэкlу дэтхэнэри иобэ хуейщ, щlэдеи хуеинуэщ Къэшыргъэм и рассказхэм, «Насыпым и хэкlыпlэ» повестым, «Лъапсэ быдэ», «Пшэкlухь» романхэм, тхакlуэм и гукъэкlыжхэр щызэхуэхьэсыжа «Гъащlэр матэщlэдлакъым» тхылъым. А тхыгъэхэр щымыlатэмэ, адыгэ литературэр зыкъомкlэ нэхъ фагъуэу къыщыхъунт.

Апхуэдэу щыт пэтми, Къэшыргъэ Хьэпащlэ хуэфащэ пщlэ хуащlын дэнэ къэна, ауэ псалъэм къыдэкlуэу зэзэмызэ и цlэ къраlуэм нэхъ къыфlамыгъэкlыурэ лэманыр кlуэрт. Икlэм-икlэжым lуэхум зэ-мыгъэхъуэжар Шэвлокъуэ Пётращ. Абы и очерк гъуэзэджэр («Тхакlуэ щыпкъэ») зытеухуар Къэшыргъэ Хьэпащlэ и творчествэрщ. Критикым хуэфlэкlащ тхакlуэм къыкlуа гъуэгуанэр lуэщlу дигъэлъагъуэжыну.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ тхакlуэми и творчествэм лъабжьэ хуэхъуэжыр абы и биографиерщ. Къэшыргъэ Хьэпащlэ жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъу лъабжьэ игъэзащlэурэ къекlуэкlащ. Ауэ и псэр пы-тыху lэщlыб имыщlу абы зэдихьащ лэжьапlитl, я мыхьэнэрэ я лъагагъ-кlэ зэпэщачэрэ жыпlэу тlури щхьэпэу: егъэджакlуэт икlи тхакlуэт. Фlэщхъугъуейми, пэжыр дэнэ пхьын: а lэщlагъэ гугъусыгъуитlми екlуу пэлъэща Хьэпащlэ езыр узыншэтэкъым. «Щlалэ дыдэу абы къытепсы-хауэ щыта бэlутlэlум и гузэвэгъуэм къыхимыгъэщlэу зэрыпэлъэщын гурыщlэ къару а цlыху гъуэзэджэм къызэрызыкъуихам и щыхьэтщ сыт щыгъуи хьэлэлу, къэмыдэыхэу, уеблэмэ гуащlафlэу, щlэблэщlэм и егъэджакlуэу, нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъу пэжу, игури и псэри цlыхум яхуэзэlухауэ зэрыпсэуар, – етх Шэвлокъуэм. – И ныкъуэдыкъуагъэм и зэранкlэ Хэку зауэшхуэм хэтыну lэмал имыгъуэтами, а илъэс гузэвэгъуэхэм щыгъуи къуажэм lэнатlэ гугъу дыдэу щыlэм – зи ныбжь пимыкъуа сабийхэм, зилl зыщхьэщымытыж бзылъхугъэхэм, жьыкlэфэкlэм игу иудар къыхэщlиlэтэу, а гуащlэмащlэхэм я къа-рум дэкl псори лъыгъажэ зауэм хэт зауэлlхэм яхуэщхьэпэным хуиу-здэу, къуажэм къыдэнахэм я пщэу щытащ. Езым и унагъуэм ахъшэ гъэтlылъыгъэу яlар зауэм lутхэм папщlэ зэхалъхьэу щыта ахъшэм хилъхьащ».

Хэку зауэшхуэр зэриухыу къыдэкlыу щlэзыдза «Къэбэрдей» аль-манахым и пэублэ номерым тетащ «Зы жэщ» рассказыр. Къэшыргъэ Хьэпащlэ абы lэкlу къыщигъэлъэгъуэжат фашист зэрыпхъуакlуэхэр ди лъахэм къыщиужьыгъа лъыхъэнэ дыджым и зы теплъэгъуэ.

А темэ дыдэр тхакlуэм нэхъ щепэщl «Лъапсэ быдэ» романым.

Зауэшхуэм и ужькlэ адыгэ къуажэм къыщыхъу зэхъуэкlыныгъэхэм теухуат «Насыпым и хэкlыпlэ» повестыр.

Блэкlа лlэщlыгъуэм и пэгу щlэкlа къэхъукъащlэ нэхъ иlащэхэм ящыщ зыт «Пшэкlухь» романыр зытеухуар: къэралыгъуэшхуэм и псэукlэр зэзыгъэдзэкlа революцэм зэрыхуэкlуа гъуэгур къэхутэжыныр.

И очеркым а псори гупсэхуу щызэпеплъыхь Шэвлокъуэм. Къэшыр-гъэ Хьэпащlэ и lэзагъэр сэтей къыщlу, критикым щlепщытыкl тхакlуэм и хъэтlыр, и бээр, абы къыпкърыкlа персонажхэм я хьэл-щэныр зыхуэ-дэр, зытепсэлъыхь тхыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри лъэпкъ литературэм зэ-резэгъ, зэрыхэуэ щlыкlэми къытоувылlэ.

Шэвлокъуэ Петр, езыр цӏыху щабэ дэна къана, цӏыху Ӏэсэ жыхуаӏэм хуэдэт. Ауэ, щабэми, Ӏэсэми, пэжыр и гъуазэти, пцӏы нупсу фӏэфӏ-тэкъым, хэт тепсэлъыхьми, а зытепсэлъыхьыр мыпсэужу щытми. «И пыбжьыр илъэс блыщӏрэ ещанэм иту, 1987 гъэм дунейм ехыжащ адыгэ тхакӏуэ цӏэрыӏуэ Къашыргъэ Хьэпащӏэ, – етх Шэвлокъуэм. – Абы и ужькӏэ, зы илъэсрэ ныкъуэм щӏигъу дэкӏауэ, дунейм къытехьащ «Гъащӏэр матэщӏэдзакъым» тхылъыщхуэр. Ар тхакӏуэм и къалэмыпэм къыщӏэкӏа нужьрей дыдэ тхылъщ, романкӏэ еджэу. Литературэм и жанрхэм я хабзэ-бзыпхъэм, езы тхылъым и къэухьым, и гъэпсыкӏэм, и купщӏэм, абы къыщахъу-къыщыщӏэ Ӏуэхугъуэхэр зэрыубзыхуам уеплъмэ, нэрылъагъу мэхъу ар тхылъышхуэ, щапэкӏуэщӏ куэд хъу щхьэкӏэ, абы романкӏэ уеджэ зэрымыхъунур».

Зэрытлъагъущи, Шэвлокъуэм и жыӏэкӏэм къыхощ абы Къашыргъэ Хьэпащӏэ хуиӏэ Ӏулыджыр; итӏани, пцӏы нупсыну хуейкъыми, езы тхакӏуэр щыуами, нэгъуэщӏ зыгуэрым ар щигъэуами, «Гъащӏэр матэщӏэдзакъым» зи фӏэщыгъэ тхылъыр зэрымыроманыр бзыщӏ хэмылъу къеӏуатэ.

Укъуэдияуэ, гупсэхуу Шэвлокъуэр ятетхыхьащ Нало Ахьмэдхъан, Кӏэрэф Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщӏхэми.

Щӏэнытгъэлӏ, илъэс щэ ныкъуэкӏэ КъБКъУ-м щезыгъаджа, ди тхакӏуэ пажэ Нало Ахьмэдхъан теухуащ Шэвлокъуэ Петр и очеркышхуэ «Щыхубэ тхакӏуэ» зыфӏищар.

Мыбдежми Шэвлокъуэм япищӏыкӏэ зи гугъу ищӏыр Нало Ахьмэдхъан и къекӏуэкӏыкӏэриц, и цӏыхуцӏыкӏэриц, и цӏыхугъэриц. «Хэку зауэшхуэм щыщӏидзам, – етх Шэвлокъуэм, – абы и ныбжьыр илъэс пщыкӏубл фӏэкӏа хъуатэкъым. Арщхьэкӏэ бзэкӏа зэман пхъашэм и Ӏэужьу Налохэ я нэкъыжьхэм къалъысар псэкӏэ зыгъэв щӏалэ хьыжьым и гум тепыӏэ къритыртэкъым кӏэрымыкӏыу ар зэщӏэзыӏыгъэ гупсысэм: «дунейр зрагъэбгына си адэри си адэ къуэшри псэужатэмэ, ди Хэкум гузэвэгъуэшхуэ къыщылъыӏэса нобэ хуэдэ зэманым, псом япэ иту зауэм хыхьэнти, я псэм емыблэжу хэкур бийм къаплым щахъумэнт». Апхуэдэ гупсысэхэм зи гур зэхэзехуэн ящӏа щӏалэщӏэм и ныбжьым зы илъэс щӏигъуу тхылъ зэригъэпэщри, зауэм кӏуауэ щытащ. Мис абы Нало Ахьмэдхъан нахуэу къыщигъэлъэгъуащ къызыхэкӏа лъэпкъым, къыщалъхуа лъахэм нэгъэсауэ зэрахуэпэжыр, лъэпкъ напэр къабзэу, щӏыхь пылъу зэрихъумэфар».

Апхуэдэу игъуэу икӏи екӏуу ешэжьа мэхъу тхакӏуэм теухуа псалъэмакъыр, Икӏи Налом тхэн щыщӏидза, и япэ тхылъри дунейм къыщытехьа 50 гъэхэм къыщегъэжьауэ тхакӏуэм икӏуа гъуэгуанэм ирощ-лъэ, абы и фӏыгъэкӏэ рассказ (новеллэ) жанрым ди деж зэрызыщиужьа нэщэнэхэр егъэнахуэ: «Нало Ахьмэдхъан и Ӏэдакъэщӏэкӏ тхыгъэхэр цӏыхум и гущӏэлъапсэм лъэӏэсырт, образ купщӏафӏэхэр гукъинэжт, цӏыхум и гум, и псэм щыщӏэр сэтей ящӏырт, гъащӏэм и пэжыр кууэ къагъэлъагъуэрт: тхылъеджэм и напщхьэм абы ирилъхьэрт зэм цӏыхупсэр зыгъэгулэз, зэми и гукъыдэжыр къызэщӏэзыӏэтэ гупсысэхэр, нэхъапэм ятхауэ зэхамыха, дерсыпхуэ зыхэлъ, тхакӏуэм и гурыщӏэкӏэ, и акъыл жанкӏэ гъэпса рассказхэр, новеллэхэр».

Шэщӏэгъуэ хэмылъу, гупсэхуу, жиӏэри хьэкъыу уи фӏэщ ищӏыфу Шэвлокъуэм зэпкърех Налом и рассказ цӏэрыӏуэхэр («Псыхьэ напэ»,

«Къэрэгъул зэблэкӏыгъуэ», «Фосфор нэху», «Джэду шырищ», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», н.). «Лермонтовым и бюстым пэгъунэгъуу жытей щӏагъым» новеллэм теухуа псалъэмакъыр мыпхуэдэу егъэбыдэж критикым: «Псэр къэгъэпсалъэным нэхърэ нэхъыщхьэ щыӏэу си щхьэкӏэ си фӏэщ хъуркъым! Апхуэдэ гущӏыхьэ гупсысэ, цӏыхум и гущӏэр «къыхэкӏыгъэдэкӏ» философие куу хэлъщ Налом и тхыгъэм, и тхэкӏэм, къэгъэлъэгъуэкӏэу гъащӏэм къыхих дерсхэм».

Критикым наӏуэ дыдэу белджылы ещӏ тхакӏуэм и ӏэзагъэр ӏупщӏу къызыхэщ художественнэ деталхэр, абы и щӏагъыбзэр, и тхыгъэхэр зэрызэӏуищэ бзэм хьэлэмэтагъыу хэлъыр.

Шэвлокъуэ Пётр и ӏэдакъэщӏэкӏ лэжыгъэ нэхъ пӏащэ дыдэхэм ящыщщ «Адыгэ гъащӏэм теухуа хъыбар телъыджэ» зыфӏищари. Мы тхыгъэм критикыр щытепсэлъыхь тхакӏуэ Кӏэрэф Мухьэмэд къикӏуа гъуэгуанэм.

Адыгэ тхылъеджэр зэрыщыгъуазэщи, Кӏэрэф Мухьэмэд къыщӏэна тхыгъэхэр я бжыгъэкӏэ куэд мыхъуми, я купщӏэкӏэ, фӏагъкӏэ адыгэбзэкӏэ итхауэ щыӏэм и курыхым щыщщ. Сыт и лъэныкъуэкӏи щӏэт, щӏэщыгъуэт Кӏэрэф Мухьэмэд и повестхэр («Лъэужь е лӏэужь», «Адэ щӏэин мылъку хъуркъым», н.).

Апхуэдэу щыт нэтми, и тхыгъэхэр хэӏущӏыӏу нщӏыну пӏащӏэртэкъым Кӏэрэфыр. И псэм пиупщӏ дыдэм фӏэкӏан итхынутэкъым абы, и ӏэдакъэщӏэкӏыр нэхъ куэд нщӏынуи хэттэкъым; итхар игъэтӏыгъуэу щигъэлъу – игу къыпалъэдэху тригъэзэжурэ теӏэзэщӏыхьыжу, – апхуэдэ тхакӏуэт Кӏэрэф Мухьэмэд.

1987 гъэм къыдэкӏа «Іуащхьэмахуэ» журналым и номеритӏым – еплӏанэмрэ етхуанэмрэ – тетауэ щытащ ипэу тхакӏуэм и цӏэр хэӏущӏыӏу зыщӏа тхыгъэщхуэр, «Лъэужь е лӏэужь» повестыр. Абы къыкӏэлъыкӏуащ тхылъ щхьэхуэхэри.

Шэвлокъуэ Пётр зэкӏэлъыкӏуэу егъэпс Кӏэрэф Мухьэмэд и гъащӏэмрэ и творческэ гъуэгуанэмрэ теухуа псалъэмакъыр. Абы наӏурыту дегъэлъагъу а цӏыху телъыджэм и цӏыхущӏыкӏэр, и хьэлщэныр, и тхыгъэхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэхэр.

Тхакӏуэмзыхунгъэуныжкъалэм мытыншхэр эригъэхъулӏэн папщӏэ абы и гулъытэр нэхъ зытар цӏыхум и хьэл-щэныр, и псэм щыщӏэр нэхъ зыгъэбелджылыфын ӏэмалхэр къыхутэнырщ. А ӏэмалхэр тхакӏуэм екӏуу «зэригъэлажьэм» кӏэлъыплъурэ, абы и ӏэзагъэр зыхуэдэр сэтей къещӏ критикым. Тхакӏуэм и образ зэфӏэгъэувэкӏэм, и зэгъэпщэныгъэхэм, и бзэ къулейм, – а псоми яхуэфащэ гулъытэ щегъуэт Шэвлокъуэм и очеркым.

50 гъэхэм ди лъэпкъ литературэм уафэхъуэпскӏыу къыхэлыдари, куэд мыщӏэу, гъуэбжэгъуэщуи хэбэзхыкӏыжащ тхакӏуэ Къущхьэ СулътӀан. Ауэ ар лъэужьыншэу къэнакъым. Я бжыгъэкӏэ куэд мыхъуми, СулътӀан и ӏэдакъэщӏэкӏ рассказхэмрэ повестхэмрэ лъэ быдэкӏэ хэуващ лъэпкъ литературэм. Зэманкӏэ ар техуат персонажым и психологием гунэсу къызэригъэлъэгъуэн ӏэмалхэр нэхъ хэгъэзыхьауэ адыгэ прозэм къыщылъыхъуэу щыщӏидза лъэхъэнэм. Абы и лъэныкъуэкӏэ Къущхьэм и ӏэдакъэщӏэкӏыр хуабжьу щхьэпэт икӏи зи чэзут.

ИщIэнум хуиэмысу дунейм ехыжа тхакIуэм и щIэиныр дахэ-дахэу зыхуей хуэмызауэ екIуэкIырт, и тхыгъэ щхьэхуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щызэбгрыдзауэ фIэкIа, зэгъэуIуауэ къыдэмыкIыжауэ.

Ари зыгъэзэкIуэжар Шэвлокъуэ Пётрщ.

Къуэщхьэ СултIанрэ Шэвлокъуэ Пётррэ зэрыщIыху къудейтэкъым. А тIур зэдеджауэ, зэныбжьэгъуу, фIыуэ зэрылъагъуу щытащ. Литинститутым щыщызэдеджа илъэсхэм Шэвлокъуэм и нэгу щIэкIат Къуэщхьэ СултIан и зэфIэкIымрэ и хьэл-щэнымрэ зыхуэдэр. «... Институтым и етIуанэ курсым сыхэсщ, – етхыж Шэвлокъуэм, – сэ ипэу СултIан щыслъэгъуар. ЩIэх дыдэуи зэныбжьэгъу дыхъуащ, зы щIакхъуэ Iыхьэр тIу игщIыкIыу, ди гухэлъи ди щэхуи жыхуаIэм хуэдэу зэхуэтIуатэу. СултIан зэи укъэзымыгъэщIэхъуну ныбжьэгъу пэжу зэрыщытам, гуапагъэу, щIыхугъэу, дахагъэу, уеблэмэ лIыгъэу хэлъым теухуауэ игъащIэкIэ сщымыгъупщэжыну куэд сигу къинащ. Мэкууи, нэгъуэщI къалэшхуэхэми щеджэ ди адыгэ щIалэхэм яшцу нэхъыфI дыдэу еджауэ, зыхуеджа IэщIагъэм теухуауэ щIэныгъэшхуэ игъуэтауэ, куэдкIэ узыщыгугъ хъуи щIалэу ди лъахэм къихьэжахэм ящыщ зыт СултIан».

Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа СултIан ныбжьэгъу нэсу къыхуэщIэкIащ Шэвлокъуэр. ТхакIуэм езым къытригъэдза тхыгъэхэри Iэрытхыу къыщIэнари зэригъэуIуэжащ Пётр; абыхэм хэплъэжщ, зэригъэкIэхуэжри, печатым хуигъэхьэзыращ: «щIанэуи», къыдимыгъэкIыу – Къуэщхьэ СултIан и гъащIэм, и творчествэм теухуа очерк гъуэзэджэ псалъапэуи ядыщIигъужащ. А тхакIуэм къыщIэнар дэпэкIэ зыдэжьну дэтхэнэми псом япэу зыхуигъэзэну щыIэр Шэвлокъуэ Пётр къыдигъэкIыжа тхылъышхуэрщ («ЩIалэгъуэ щынальэ». Повестхэр, рассказхэр, пьесэхэр. Н., 1992).

Талант IущI зыбгъэдэлъа тхакIуэт Елмэс Iэуддин. ЗригъэгъуэтаIэщIагъэкIэ физикт, ауэ ар зэрыфизикыр щагъэгъуэщэж лъахэм и тхыдэм теухуауэ абы итха къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. Псом нэхъыжьырати, Елмэс Iэуддин жанр зэмылIэужьыгъуэ куэдым фIыуэ хэзагъэ тхакIуэт. ПцIы хэмылъу, Елмэсым и зэфIэкIыр нэхъ къыщынэхуар прозэрщ. Нобэрей ди прозэм лъэкIыр зи нэгу къыщIэзыгъэхьэну хуейм къилъытэнхъэщ Елмэс Iэуддин и тхыгъэ нэхъ пIащэхэри («Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» романыр, «ЛIыжьымрэ щыжьымрэ» повестыр).

ИтIани Елмэсым теухуауэ нобэр къыздэсым щыIэр абы и романым Пётр хуитха рецензэ закъуэрщ. А тхыгъэр мыубгъуами, ар зи Iэдакъэщ IэкIым тэмэму гу лъитат а тхакIуэм и Iэзагъэм: «... гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым тхакIуэр сабийм (абы хуэдэу балигъхэми) я психологием, я гум, я псэм щыщIэм, гурыгъу-гурыщIэхэм фIыуэ щыгъуазэ къудейм къыщымынэу, а псор щэрыуэу, IэкIуэлъакIуэу сэтей къызэрищIыфым, абыхэм я шыфалIыфэхэмрэ я хьэл-щэнымрэ тэмэм дыдэу зэрызэкIур, зыр зым къытепщIыкIыу зэрыщытыр нэрылъагъу зэрищIым. Ар, шэч хэмылъу, тхакIуэм бгъэдэль Iэзагъэм и щыхьэтщ.»

Къэбэрдей литературэм къыдэкIуэу, Шэвлокъуэм фIыуэ хищIыкIырт ди къуэш лъэпкъхэм я литературэми, абыхэм я зыужьыкIэми фIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъырт, ахэр зыхуей-зыхуэфIым щыгъуазэт. ИкIи абы Iэмал къритырт а литературэхэм и лIыкIуэ пажэхэм, шэрджэс, адыгей, абхъаз, балъкъэр, тхакIуэ, усакIуэ ахъырзэман-

хэм я творчествэми (КIэрашэ Тембот, МэшбащIэ Исхьэкъ, Шинкубэ Бэгърат, Кулиев Къайсын) Iэзэу, Iуэхум хищIыкIыу тетхыхьыну.

* * *

... Зы нэщэджыжь гуэрым щхьэгъубжэм сыдэплъу сыщыст, мазэм сыщхьэпрыплъурэ къуршхэм сахэплъэу. Зы къыр гуэрым цIыхупщхьэ фIэт хуэдэу солъагъу. Ауэ цIыхупщхьэ къудей мыхъуу, ар – сэ фIыуэ сцIыху нэкъынэкъ... Сеплъыпэмэ – Шэвлокъуэ Пётр ещхьыркъабзэт!..

АфIэкIа хэмылъу, къэрэндащым сыIэбэри, тхылъымпIэ напэм къытехуэтащ мы сатырхэр:

*Зы къыр лъагэ дахэшхуэ*
*уэ узогъэщхь.*
*Щхьэгъубжэм сыдэплъыхукIи*
*сигу укъегъэкI.*

*Уэ зэи умыпагэт,*
*Шэвлокъуэ Пётр –*
*ЦIыхугъэм уищIырт лъагэ,*
*Уи нэIэр уэрт.*

*Уэ пхуэдэу Iумахуэ*
*зэи димыIэн,*
*Уи ужьыр хухъу махуэ*
*Ди гъуэгу дэ ткIум.*

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*усакIуэ, критик, филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# НЫБЖЬЭГЪУМ ПАПЩIЭ

Щыхум Iэпатlэ хуэхъунур и натlэм къритхауэ дунейм къытехьау жаIэ. Ар пэжмэ, дауи, Шэвлокъуэ Пётр къызыхуалъхуар журналистыгъэрат. ИкIи ар а Iэщlагъэм гурэ псэкlэ бгъэдэтащ щIалэщIэ дыдэу, и ныбжьыр илъэс 14-15 фIэкIа мыхъуауэ, къыщIидзэри дунейм щехыжа махуэр – 1998 гъэм июным и 25-р – къэсыху. А махуэм ар гуузу хэкIуэдащ Налшык и спорткомплексыр щыкъутам. Абы Петя (арат абы и ныбжьэгъуу хъуар дызэреджэр) зэпар журналистыгъэм къыхилъхьа хьэлырат: ар щыгъуэзэн хуейт дунейм щекIуэкI псоми. Ауэ сытми щыгъуазэ къудейм къыщымынэу, – апхуэдэ Iэмал иIэххэмэ, – екIуэкIыр и нэкIэ илъагъуу, жаIэр и тхьэкIумэкIэ зэхихыу. Армыхъу а махуэ хуабейми, и ныбжькIэ мыщIалэж пэтми (пэжщ, Петя хуэбгъэфэщэнтэкъым ар илъэс хыщIрэ пщIым щхьэдэхауэ – и щIалэгур илъу, псэгуэжэу дунейм тетт сытым дежи), бэнакIуэхэм я зэпеуэм еплъыну мыкIуэу, ар зэрекIуэкIам теухуауэ итхыжынухэм нэхъ нэжьэкIэ къеджэжамэ, къатыжынухэм едэIуэжамэ хъунутэкъэ? Хъунут. Ауэ апхуэдэ Шэвлокъуэ Петя къалъхуатэкъым. Ар зэи зыблэмыкIыфыну щIынIит! щыIэт: газет щапIэхэмрэ (абыхэм дапщэрэ яблэкIыу щытми!) спортымкIэ, сыт хуэдэми, зыгуэр зыщекIуэкIхэмрэ. Ари журналистыгъэм къыхилъхьа хьэлт: дунейм щекIуэкIхэр псIэн папщIэ, газетхэм итхэм ущыгъуэзэн хуейт. КъимыдэкIэ, спортымкIэ зэхьэзэхуэм журналистхэри нэгъуэщI цIыху гъэщIэгъуэн Iаджи къырохьэлIэ. Абыхэм зэхуаIуатэхэм гъуни нэзи яIэкъым. АтIэ, Петя ещхьу журналистыфIу ущытмэ, къыгъэхъуапIэ хъарзынэкъэ ар? Абы и закъуэ? А уэздаIуэхэм, псалъэгъу пхуэхъухэм, уэ узэмыщымыгъуэзэр зыщIэхэм уатетхыхь, езыхэр къэбгъатхэ хъунукъэ? Хъуну дэнэ къэна, арат журналист Шэвлокъуэм ищIэр. Арат абы и лэжьэгъухэр дыщIыдэгушыIэр: «Сыт хуэдэ тхыгъэ нобэ спорт залым къипхар? Сыт хуэдэ автор дыгъуасэ стадионым къыщыбгъуэтар?» – жытIэурэ. Ауэ, дэ дыгушыIэми, Петя и журналист къалэнымр дэнэ дежи хьэлэлу игъэзащIэрт.

Шэвлокъуэм ныбжьэгъухэр фIыуэ илъагъурт, езыри апхуэдэбзэу къалъагъужырт. Абы фIэфIт сыт щыгъуи гуп яцIыгъуну. Петя и фIыгъэкIэ, абы дригъэхьэхауэ и ныбжьэгъу Iэджэ спорт зэхьэзэхуэхэм екIуалIэрт. Мо махуэ гуауэм щыгъуи Шэвлокъуэр и ныбжьэгъухэм япIыгъуат. Зэгъусэуи щысахэт. Ауэ дунейри танэ цIывыгъуэт, цIыхури икъукIэ Iувти, хуабэм нукIхэр щIэкIмэ, тIэкIу загъэщIыIэтыIэурэ къыщIыхьэжырт.

– НакIуэ, Петя, дэри жьы тIэкIу зыщIедгъэхуипщ, псы щыIэ, пивэ щIыIэ жытIэнщи дыкъыщIыхьэжынщ, – жаIэурэ и гъусэхэр сыт хуэдиерэ къелъэIуа. Ауэ, апхуэдэ Шэвлокъуэ дэнэ къикIат? УщIэкIыу укъыщIыхьэжыху зэбгынынухэм я зэпеуэр зэрекIуэкIар уи нэкIэ умылъагъуу, текIуахэм я гуфIэгъуэр ядумыIэту хъурэт?.. Сыт жьы зыщIегъэху?.. Сытыпс?.. Сыт пивэ?.. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ дэнэ къэна, мо пщIантIэм ипэжь чы цIыкIукIэ къыщагъафэри абы деп-

лъыниц жепlами, Петя а зэлъым, а дзыхьэхам къыбгъэдзишыфынутэкъым, Апхуэдэу щыхъум, Алыхьым иухар арати, къыбгъэдэжа щlалэхэр щlокlри... къэл. Абдеж ирихьэлlэу къеуэха уиэм и шордакъым щlипlытlа адрей тхьэмыщкlэхэм я гъусэу, газетхэр зи куэщlым илъу щыс Шэвлокъуэ Пётри зауэкlэсэу хокlуадэ...

Ди усакlуэшхуэ Кlуащ Бетlал и фlыгъэкlэ Шэвлокъуэм япэ дыдэу сыщыхуэзами абы газет lэплlэ иlыгът. Иlыгъ къудейтэкъым – и блэгущlэм зыкъом щlалъу, кlуэрыкlуэм тету зым къеджэурэ щlалэ щхьэпапьыгэ къакlуэрти:

– Мис мораш, Елгъэр и къуэ, дызэжьэр, – жи Бетlал. Абдеж сигу къэкlар Кlуащым щыэблыщlауэ щытами, щlалэм фэфl еспльтатэкъым: «Гум щlэщlауэ кlуэ вым и lуэху зэфlигъэкlыурэ гъуэгу сабэр «зэрызэхитхыхьым» ещхьу, кlуэрыкlуэм тету газет къыщlеджэр... Зигъэлlу, зигъэщlагъуэу арагъэнщ...»

– Плъагъуркъэ, а сэ благъэми мэжкуудэсхэм я хьэл къищтащ: кlуэрыкlуэм тету йоджэ, – жеlэри Бетlал дыпрегъэжьэ мышlащlэурэ къытхуэкlуэ щlалэм. – Еджэ жыхуаlэр уи фlэщыпэ хъуан, Жэбагъы и къуэ! Сыхьэт мэхъури лlышхуитlыр дыножьэурэ уэрамыр дгъэуъуеящ, – тlэкlуи щlигъатхъэура, Бетlал худоплъей мо щlалэ псыгъуэ кlыхь дахэм. Сэлам-чэламхэр зэфlэкlа нэужь дыпрегъэщlыху. – Мыращ а уэ укъыщикlыжа къудейм еджакlуэ дгъэкlуэну ди мураду зымахуэ зи гугъу пхуэсщlа щlалитlым я зыр. (Етlуанэр Тхьэгъэзит Зуберти, зыгуэркlэ и lуэху хуэмыхъуу къыскlэрыхужауэ щытащ). Тlэкlу мэшыюри, зэрыщытыр къыжеlи тегъэгушхуэ...

– Лlо абы ущlэшынэну хэлъыр? Уэли, иджыри зэ сыщеджэнтэм абы...

– Ахьей, уэ умышынэрэт! Уи унагъуэри уи гъусэу ущыlащ. Мыр къуажэдэс щlалэ цlыкlу закъуэщ... – къыпогуфlыкl Бетlал. – Фынакlуэ, модэ паркымкlэ дихьэнщи, нэхъ гупсэхуу дызэпсэлъэнщ, – жиlэу Кlуащым тlури дрешажьэри, Театральнэ уэрамым (абы нобэ зи цlэр зэрихьэр ди хэкуэгъу дэнщышхуэ Головко Арсений Григорьевичщ) дытету дыкlуэура, Хьэтlохъущокъуэхэ я хадэм дохьэри...

Занщlэу фэфl зэмыплъэуэ щыта Петя хуэдэ щlалэ унгъэлъыхьуэнт – и хьэлэлагъкlи, и дуней тетыкlэкlи, журналистикэм, литературэм ехьэлlауэ иlэ щlэныгъэшхуэмкlи. Ар адыгэбзэми урысыбзэми хуэбжьу хуэlэкlуэлъакlуэ щlалэ lэзэу зэрыщытыр псынщlэ дыдэу нэрылъагъу хъуат – культурэм, республикэм щекlуэкl lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ абы и къалэмыпэм къыщlэкl тхыгъэ купщlафlэхэм гъуэгу щагъуэтырт радиоми, телевиденэми, газетхэми, журналхэми. Ахэр тхыль щхьэхуэуи къыдэкlырт. Ауэ сэ иджыпсту нэхъыбэу зи гугъу сщlынур Шэвлокъуэм и творчествэракъым – сэ Петя зэрысцlыхуу щытам щыщ гъэщlэ lыхьэ гуэрхэращ.

Мэжкуу еджакlуэ сыкlуэным сытригъэгушхуа къудейтэкъым абы – гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм сыкъэкlуэжа нэужьи, и унэбжэр сыт щыгъуи сэркlэ зэlухат – фотэр хьэху щыщlэсахэми, сыхэм егъэзыпlэ тlэкlу къыщратами. Зэмыщхытl зэрихьэлlэркъым зытражыlыхьыжар

Петирэ абы и щхьэгъусэ телъыджэ Лизэрэми ярейт: тIуми я акъыл зэтехуэрт, я нэгу зэхъыIухат. Мор диIэкъым, мыр диIэкъым жаIэу тхьэусыхэу зэ зэхэпхынутэкъым. ЯIэри лъэныкъуэ ирахьэкIынутэкъым. ЩIалэ дыгъэл цIыкIуитI яIэу я унэр Iэзэвлъэхэв дыдэ пэтми, я деж ущIыхьэмэ, уздагъэтIысынур ямыщIэу уагъэлъапIэрт. Ауэ сытми уи ныбэ изу урагъашхэ-урагъафэ къудей мыхъуу, моуэ зыгуэркIэ пэхь къулей ухъуауэ, – зэрыжысIащи, куэд еджэ Петя куэдми щыгъуазэт, – хьыбар гъэщIэгъуэнхэмрэ гушыIэ дахэхэмкIэ зыптIыжауэ, уакъыхэкIыжын унгу пымыкIыу уабгъэдэт Шэвлокъуэхэ. Петя апхуэдизкIэ цIыху нэщхъыфIэт, сабийм хуэдэу хьэрэмыгъэшэт икIи гушыIэрейти, абы уригъусэу зэи узэшынутэкъым. Гукъыдэжыншэ ухъунутэкъым. Пэж дыдэу, ар сабий цIыкIушхуэщ жыхуаIэм ещхьт.

Зы унэ фIэкIа дыку дэмыту, Шэвлокъуэхэрэ дэрэ зыкъомрэ дызэгъунэгъуащ. Махуэ гуэрым хьэлъыфIэу бээрым (ари тпэжыжьэтэкъым) къикIыж Лизэ ди унэмкIэ блэкIыжырти: «Дэ тхуэмыгъуэтыр уэ пхуэмыди! Къеблагъэ! ЩIыбырыль хьэлъэр бдэдгъэисынщIэнщи, къэвыр ныборылъэ къыщтемыхьэлъэу удгъэкIуэжынщ», – жызоIэри согушыIэ. Лизи щIыхуэ зытригъахуэркъым: «Куэд жумыIэу, си щIыбырылъыр уэ зытегъахьэлъи, уи гугъуехьыпщIэр ныбэрылъу укъэзгъэкIуэжынщ», – жи. «НакIуэ-тIэ. Сыт тщIэн, пщIэншэу ныпхуэскъыжынщ... Уи Шэвлокъуэр (и щхьэгъусэм дигушыIэурэ, ар Петя и унэцIэмкIэ щеджэ куэдрэ къэхъурт) нобэ хуэдэ махуэм пхудэмысыни? Спорт залти, стадионти жиIэу щыхэтыр Тхьэм ещIэ... Ауэ щыхъукIэ, уэ ныбэрыль схуэпщIыни...» «Хьэуэ, Тхьэ! ЩIалэ цIыкIуитIым къабгъэдэнэри сыкъыщIэкIащ. Иджыпсту сыфхуэпщэфIэнщи... Зыдгъэтхъэжынщ. Фыфейхэр щIэскъэ? Ахэри пырекIуи...»

ЗэрыбыниплIыр и ужь диту дыщIишэмэ, я щIалэ цIыкIуитIым дунейр якъутэу зэрызохъэ: гъуэлъыпIэ щIагъи шкаф кIуэцIи – къуэгъэнапIэу хъуар къэщ, псори къракъухь.

– ФщIэр сыт? Фи адэр дэнэ щыIэ?

– ЗигъэпщкIуащи, дгъуэтыжыркъым.

– ЗыгъэпщкIупIэ пщIыну упэ Iэджэ димыIи дэ. ЩIэкIа? ЗыщIыпIэ кIуа?

– Хьэуэ. Унэм дыщIэкI мыхъуну дызэгурыIуат. Апхуэдэут гъуэрыгъуапщкIуэ дыхэрыджэгур... Ди нэр дуфIыщIати... Папэ дгъуэтыжыркъым.

– Ей сабий цIыкIушхуэ, уздэщыIэр дэнэ? ХьэщIэ диIэхэщ...

– Ы-ы? Сыт жыпIа? – Петя и макъыр ипхъэмкIэ къоIух. Дыдэплъеймэ, я пэш закъуэ зыщIэсыр зэхуэдитIу зэпрахукIыу упэкум зэбгъурыту ит шкафышхуитIым я щхьэм пIащIэу зыкъыщызыIэта мо щIалэ кIыхьым и щхьэр Iэуэлъауэшхуэ ищIу унащхьэм жьэхоуэри...

– Еу-уей, си сабий цIыкIушхуэжь мыгъуэ, уи нэвагъуэр уигъэлъагъужа? – и щхьэгъусэм гущIэгъу хуещI Лизэ.

– Уэй, зы имыгъэуза! – жиIэрэ къыпыгуфIыкIыу, ар ди пащхьэм къоувэ. Ахэрармыраурэ, пэгъуэщI зыгуэрхэу щытамэ, унэ къратхъуэжыри мобы зыгъэпщкIупIэу къигъуэтари зэхальхьэжу къаугъэ къаIэтынкIэ,

хьэщӀапӀэ узэрыкӀуам ухуэщӀрагъэгъуэжынкӀэ хъунт. Ауэ мохэр апхуэдэ цӀыхутэкъым.

Пэшищ хъу фэтэрым унагъуэшхуитӀ щӀэст. Шэвлокъуэхэ зы пэш къалъысауэ арат. Студент унагъуэу къекӀуэкӀа зэщхьэгъуситӀым а пэш закъуэми зытрагъэгусакъым. Ар я хьэпшыпхэр зыдэлъ шкафхэмкӀэ зэпрахукӀри, зы Ӏыхьэ ныкъуэр залу икӀи сабиитӀым яйуэ ящӀащ, шкафыбжэшхуэ къызэӀуахымкӀэ я «лэгъунэбжэр» къызэхуащӀыжырти, залӀэфызым адрей лъэныкъуэр я егъэзыпӀэт.

УнагъуэшхуитӀыр апхуэдэу илъэс зытхукӀэ зэхэсахэ пэтми, яку псалъэмакъ къыхъуэныр щыгъэтауэ, ахэр зэныбжьэгъушхуэ хъуати, фэтэр зырыз яӀэ хъууэ зэхэкӀыжа нэужьи, зэрыгъуэтхэу, зэкӀэлъыкӀуэзэкӀэлъыжэу къэпэжахэу щытащ. Абыи къыбжеӀэ Петя югъэгъыу, цӀыхум задригъэкӀуфу дунейм зэрытетар. Дадэм и гъусэр нанэщи, нанэм и гъусэр дадэщ жаӀэ пэтми, ахэр тэмэму къызэдекӀуэкӀыу, и нэхъыжьри я нэхъыщӀэри зэгурыӀуэ-зэдэӀуэжу зэрыщытамкӀэ, дауи, фӀыщӀэ нэхъыбэ зыбгъэдэлъыр пыӀэ зыщхьэрытъ нэхъыжьу унэм исам къилэжьу щыта пщӀэр арагъэнщ.

Петя адэ-анэ дахэм ягъэсат. Ирагъэджат. Езырщи, щӀэныгъэрэ ӀэзагъэкӀэ Алыхьыр зыхуэупсахэм ящыщт. Щыху хэтыкӀэ ищӀэрт. ИмыщӀэр зригъэщӀэну пылът, езым ищӀэхэмкӀэ нэгъуэщӀхэми ядэгуэшэфырт. НэхъыжьыфӀхэм езыр ядилъейрэ нэхъыщӀэхэр езым дызэдригъэплъейуэ къыдэгъуэгурыкӀуэрт. «Нэхъыбэ феджэн, зэвгъэщӀэн хуейщ. Абы фи Ӏуэр Ӏуиудынукъым», – жиӀэурэ, гушыӀэ хуэдэу, къыщохъурджауэкӀэ, къыбгурыӀуэрт а гушыӀэ щӀагъым пэж гуэри зэрыщӀэлъыр. ИкӀи уи нэгу щӀэкӀырт апхуэдэ Ӏуэху еплъыкӀэр зэрытэмэмыр, зэрызахуэр.

Абы и зы щапхъэщ мыри.

Мызэ-мытӀэу зэрыжысӀащи, ди тхакӀуэ нэхъыжьыфӀхэм хьэл дахэу яхэлъахэм ящыщ зыт абыхэм адыгэ литературэм къыщӀэхъуэ щӀэблэм гулъытэшхуэ хуащӀу, ахэр игъэфӀу, ягъэгушхуэу зэрыщытар. Апхуэдэ гулъытэ зыгъуэтахэм ящыщащ М. Горькэм и цӀэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым щеджахэри. Нэхъыжьхэр щыхьэрым зэи къыдэкӀыжыртэкъым абы щеджэ я ныбжьэгъу нэхъыщӀэхэр ямыгъэфӀауэ, ямыгъэлъэпӀауэ. Абыхэм ящыщт дыгъуасэ нэхъыщӀэу щыта, нобэ дэр нэхъри нэхъыжь хъуа Шэвлокъуэ Пётри. Езым къиуха институтым тӀу дыхъуу дыщеджэрт ар Мэзкуу ӀуэхукӀэ ныщыкӀуагъэм. Езым ди нэхъыжьхэм ядилъыгъуу щыта хабзэм тету, Петя студентитӀыр дыкъыдешри, ди еджапӀэм нэхъ пэгъунэгъуу щыт «Арагви» рестораныфӀ дыдэм дешэ.

ДызэрытӀысарауэ:

– Ей, мобдеж щыс генералыр флъагъурэ? – жи. – Ар ди республикэм щыщщ! – зи гугъу ищӀ генералыр ди ныбжьэгъу гуэру къигъуэтыжа нэхъей, дуней гуфӀэгъуэр илэщ.

– Ар дэнэ уэ щыпщӀэр? ЩыпщӀыхур?

– Газет феджэн хуейщ, щӀалэ! Фэ фытхэну фӀэкӀа, нэгъуэщӀхэм ятхым фыкъеджэнукъым! – зэрихабзэу, къыдохъурджауэ. – Жыжьэ

дыкlуэнкъыми, уи япэ тхылъ къыдэкlам теухуауэ стхам укъеджагъэххэу уэнlэ уэ, – жеlэри сэ къызэплъ. Пщlы щхьэ уисын хуей? Сыкъеджа щlыкlэтэкъым. Ауэ къыздигъуэмкlэ зыкъызумысыжыну сыхуейтэкъыми: – Зэкlэ ди гугъу къыумыщlу, мо уи генералым... – жысlэу си щхьэр щысщlым:

– Уэли, си генералым-тlэ! Ди республикэм щыщыщкlэ, сысей хуэдэкъэ?

– Уусймэ, и цlэр, и унэцlэр, щыплъэгъуар...

– Слъэгъуар газетым тета и сурэтыращ, – жери и цlэри, и унэцlэри къреlуэ. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъуащи, сэ а псори сщlэжыркъым – сщыгъупщэжащ. Ахэр щlэжын, щымыгъупщэжын щхьэкlэ Шэвлокъуэ Пётр хуэдэ журналисту, нэ жан уиlэу, сыт щыгъуи газетхэмрэ журналхэмрэ уи lэпэгъуу ущытын хуейт. Сэ, атlэми мобы щыгъуэ, жыжьэуи сыапхуэдэтэкъым.

– «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхушхуэхэр» псалъащхьэм щlэту, мис мо иджыпсту зэрыфлъагъум хуэдэу, и сурэтри хэтыжу, абы щхьэкlэ ятхауэ къытрадам фыкъеэгъэджащэрэт!.. – щlихыуэ къытхуеlуатэ Петя мо ди генералым зауэм щызэрихьа лlыгъэм, абы нобэ игъэващlэ къулыкъушхуэм теухуа хъыбар гъэщlэгъуэныр. Дэри абы жиlэхэм пэч лъэпкъ къытетхъэркъым – гушыlэрейми, ар зэрымыпщlыупсыр тщlэрт.

Ауэрэ, генералыр щэху нэкlэ дгъэхъуу, щlэх-щlэхыурэ нэбгъуэкlэ дыхуеплъэкlыу, абы дехъуапсэу дыздэщысым:

– Газет фыкъемыджэми, ди адыгэ хабзэм зыгуэр хэфщlыкlрэ фэ? – къызыкъуепхъуэт Петя. Абыкlэ жиlэну зыхуейр къыдгурымыlуауэ, ди дамэхэр дыдогъэуей. – Нэхъыжьым, атlэми мопхуэдэ нэхъыжьым, пщlэ хуэщlын хуейщ...

– Атlэ дыкlуэнщи, пщlэ яхуэтщlу, дащхьэщытынщ. Дахуэпщхьэгъэрытынщ, – дыкъыпогуфlыкl дэ.

– Уэли, щlалэ, фэ фогушыlэ, мобыхэм бжьэ яхуедгъэхьын хуейм. Ари ди хабзэфlым щыщщ!..

АбыкIэ дымыпльэжу, ди щхьэр щIэIуауэ дыздищысым, капитан гуэр къыдбгъэдохьэ:

– ЕмыкIу сыкъэзмыщI, ныбжьэгъу генералыр къыводжэри, къывэмыхьэлъэкIыу...

КъэхъалъэкI щыIэжт абдеж? Япэрауэ, къоджэ нэхъыжьыщ, жи. Мыдрейуэ, лъакъуэ сэмэгур щапчакIэ, ижьри абы кIэлъыбдэын хуейти...

Iэнэм дыщыбгъэдыхьэм, фадэбжьэр IэщIэту къэтэдж Петя «и генералыр». И нэхъыщхьэм дэплъеяуэ, адрей полковникми зыкъыIэтырти, Iэ сэмэгумкIэ абы и дамащхьэм тоIэбэри, егъэтIысыж – Iэнэм зыгуэр щысын хуейтэкъэ?

– Фыкъеблагъэ, адыгэ щIалэхэ!.. Апхуэдэу зэрыжысIэмкIэ сыщыуэу си гугъэкъым... Фи фэкIи, мы къыткIэлъыжэфхьа хабзэмкIи...

– Уэахуэщ, – жи Петя.

– АтIэ ипэщIыкIэ хабээр дгъэзэщIэнщ: гуп махуэбжьэм и Iуэхур зэфIэдгъэкIынщи... – жеIэри бжьэр ди нэхъыжьым къыхуещий. Ар сэ Петя къызэтыж. Гуп махуэбжьэр гуакIуэрыефэщи, сэ тIэкIу сыхоIуба,



2 Заказ №629

Абдеж щекlуэкlхэр къызыгурымыlуэ полковникымрэ капитанымрэ зыкъратlэну, зыгуэрхэр зэхагъэзэрыхьыну щыхуежьэм, генералыр дэ къытщхьэщож: псори ди хабзэм тету ирегъэкlуэкlри дегъэтlыс.

Петя щыуатэкъым – генералыр Къалэкlыхьым щыщт. И къуэшыр Мэртэзей станцым тест. Езыр адыгэ хабзэм фlыуэ щыгъуазэт. Ди адыгэ хабзэ дахэмрэ Шэвлокъуэм и журналистыгъэмрэ я фlыгъэкlэ а махуэм ди лъэпкъым псалъэ гуащэу къылъыгъуэсамрэ дэ щlэуэ дгъуэтамрэ уасэ яlэтэкъым.

Мобыхэм я щхьэр едмыгъэужэгъуу дытэджын мурад щытщlым:

– Дэ машинэ дисщи фытшэжынщ, – жеlэ генералым. Арщхьэкlэ дэ зыдогъэпэмысыфlэ: дыздэкlуэжынур гъунэгъу тlэкlущ. Дыхуейкъым. Фыпсэу...

– Гъунэгъуми жыжьэми фытшэжынущ. Фэ хабзэ къыткlэлъызефхьауэ, пщlэ къытхуэфщlауэ... Си хэкуэгъу щlалэхэр апхуэдэу дауэ фызутlыпщыжын? Фи институт пщlантlэм фыдэтшэжынщи... Фыкъэмылъагъухэр къывэхъуапсэу, фи хъыджэбз цlыкlухэм захуэзгъэщlагъуэу...

Дауэрэ зыдмыщlами, ди хэкуэгъум и псалъэр пхигъэкlащ: дыдашэжщ, генералыр я пашэу офицерхэр машинэм къикlри, моуэ нэхъыбэlуэм дыкъалъыгъуэн хуэдэу, кlыхьу салам зэтхыжыгъащ.

Иужькlэ гуащlэурэ куэдрэ игу къигъэкlыжырт Петя езым и фlыгъэкlэ ди пщlэр генералым къиlэтауэ зэрыщытар. Ухуеймэ, гущыlэ, ухуеймэ, уи фlэщу жыlэ, ауэ пэжыр дапэ пхьынт? Абы щlы хэлъгэкъым. Иужькlэ Петя и гъунэгъу, итlанэ и лэжьэгъу сыхъуа нэужь, lэмал зэрыагъуэткlэ сэри абы сызэрыдэпльеиным сыпылъу щlэздзащ – ар си журналистыгъэм ехьэлlауи, спортымкlэ зыгуэр щекlуэкl щlыпlэхэм нэхъ кlуэрей сызэрыхъуам теухуауи. Ауэ Шэвлокъуэм абыхэмкlэ ухьэщlыхьэнутэкъым – абы зыхуегъэсэгъуейт. А lуэхум укъыхуалъхуауэ щытын хуейт. Дэнэ сыт щекlуэкlми щекlуэкlынуми псоми япэ уэ къапщlэу.

Апхуэдэ хъыхэр халъэ илъэс илlыщlым щlигъукlэ сызыдэгъуэгурыкlуа, сызэныбжьэгъуа, илъэс тlощlым щlигъукlэ сызылэжьэгъуа, зи ныгъупlастэ lэфlи куэдрэ сиха, журналистыфlу, литератор гъуэзэджэу щыта Шэвлокъуэ Пётр. Тыншт абы удэлэжьэнуи удэгъуэгурыкlуэнуи.

Аращ «lуащхьэмахуэ» журналыр къызэзыгъэпэщахэм жыджэру яхэта, иужькlэ абы lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэр щызыгъэзэщlа: къызэрыгуэкl лэжьакlуэу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу илъэс 34-рэ щелэжьакlа Петя и гъусэхэми, редакцэм къекlуалlэ псоми ягурыlуэу, я жагъуэ зыми имыщlу къыщlекlуэкlыфар. Си щхьэкlэ ар сфlэлlыгъэщ икlи сфlэщlыхугъэщ. Ди журналистикэми литературэми я лэжьакlуэхэр нобэ хуэпыкъуэу къысфlощl Шэвлокъуэ Петя хуэдэ цlыху lэжьэм, щlэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэм, ныбжьэгъуфlхэм.

Си ныбжьэгъу нэхъыжьым ехьэлlауэ сигу къэзгъэкlыжахэр щlэзгъэбыдэжыну сыхуейт, езгъэлеиlуауэ зыми къыщымыхъуи папщlэ.

1977 гъэм дгъэлъапlэрт Петя илъэс щэ ныкъуэ зэрырикъуар. Іуэхур щекlуэкlыр езы Шэвлокъуэхэ я деж. Ди тхакlуэ цlэрыlуэ Теунэ Хьэчимрэ зэгуэрым къалэ исполкомым и унафэщlу щыта Гъукlэпщ Мусэрбийрэ я фlыгъэкlэ, икlэм-икlэжым, фэтэр щхьэхуэ къратат Шэвлокъуэхэ. Ауэ ари нэхъ «хрущевкэ» дыдэхэм ящыщт. Арат Іыхьлы, благъэ, ныбжьэгъу зи гъунэж Шэвлокъуэхэ я тхьэлъэlум къриххьэлlэну зыхуэфащэхэм ящыщ цlыху куэд къыщlрамыджар. Ауэ пэш цlыкlуищми щlэзу щlэсхэт. Пэш нэхъ иныlуэм щызэхэсхэм ди тхьэмадэр псоми фlыуэ тлъагъу Щоджэнцlыкlу Іэдэмти, зи хьэл зэпlэзэрытымкlи, зи бээ щэрыуэмкlи дагъуэ зыхуумыщlыфын адыгэлlым езым къыльысыр екlурэ дахэу къыжиlа иужь, псалъэ ирет дуней псом щыцlэрыlуэ усакlуэшхуэ Кулиев Къайсын. Абы япэщlыкlэ фlыщlэ яхуещl Петя и гуфlэгъуэр дэзыlэтыну псы нэхъыбэ къызэпызыупщlа ди ныбжьэгъу хьэщlэ лъапlэхэм. Адыгейм щыщ тхакlуэшхуэ Мэшбащlэ Исхьэкърэ Петярэ Мэкъуу щызэдеджат, а зэныбжьэгъугъэр къуэшыгъэм хуэкlуауэ иитlур икъукlэ фlыуэ зэрылъагъурт, зэрыгъэлъапlэрт, зэрылъытэрт. Шэрджэс тхакlуэ цlэрыlуэ Брат Хьэбасрэ и щхьэгъусэ Валяэрэ (ар дунейм ехыжащи, и ахърэтыр нэху ухъу, ерыскъыуэ къытхуиlэтар жэнэт шхыну Алыхьым къритыж) иитlур зымыцlыху, абыхэ я унагъуэм щымыхьэщlа щlагъуэ ди адыгэ тхакlуэхэми журналистхэми яхэту къыщlэкlынтэкъым.

Адэкlэ Къайсын жиlар усэбзэм ещхьт, гъэхуат. Пыухыкlат. Укъыпэщlиlэтэрт.

– Фlыщlэ пхудощl, гуащэхэм я нэхъ дахэ, и нэхъыфl ди анэ Сэкинат, ди ныбжьэгъу Петя хуэдэкъуэкlэ псоми укъызэрытхуэупсамкlэ. Уи насыпщ апхуэдэкъуэ узэриlэмкlэ. Уи жыыщхьэр махуэ хъуащи, дыпхуэгуфlэ икlи дыпхуохъуахъуэ уи къуэм иджыри гуфlэгъуэ куэд дэплъагъуну!

Ди нысэ нэмысыфlэ икlи ди шыпхъу гумащlэ Лидэ! (Петя и ужькlэ куэд къимыгъэщlэжу дунейм ехыжащи, ахърэт нэху Тхьэм кърит). Ди адыгэ, балъкъэр хъыджэбз цlыкlуу хъуам уи щхьэгъусэм хуэдэлl иугъуэт! Фи щlалитlыр зэдэфпlыжыи, абыхэм фэкlэлъыплъын, фэитlур жьыщхьэ махуэ фыхэдэхъуи Тхьэм фищl!

Адэ-анэфlкlэ ехъулlа Аслъэнрэ Беслъэнрэ ди ныбжьэгъум хуэфэщэн, зи адэр зымыгъэукlытэн, абы фыдэплъейуэ псэуи Тхьэм фищl! (Апхуэдэуи къыщlэкlахэщ).

Петя и лэжьыгъу мыбдеж щысхэ! Сэри сыфхэту, псоми ди насыпщ апхуэдэ ныбжьэгъу зэрыдиlэмкlэ. Я насыпщ ди тхакlуэхэм апхуэдэ парт секретарь ди организацэм куэд лъандэрэ зэриlэмкlэ. Апхуэдэу щlыжысlэм щхьэусыгъуэ иlэщ: сэ парт секретархэу куэд слъэгъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, абыхэми къахэкlырт илъакlуэ-дэlуакlуэхэр, зи бээр мыщlагъуэхэр, я ныбжьэгъухэр зыгъэлъэпэрэкэн зи мыжагъуэхэр. Атlэ, псоми зэрытлъэгъуащи, ди Петя абыхэм ящыщкъым. Езым и теплъэ дахэм хуэдэу, игури и псэри къабзэщ, дахэщ. Апхуэдэ секретарым сыткlи уи дзыхь ебгъэз хъунущ. Икlи укъигъэщlэхъунукъым.

Фи насыпщ «Iуащхьэмахуэ» журналым щылэжьахэм, я насыпщ ди тхыгъэхэр къыфхуэзэхьырэ фи деж къэкIуэнухэми апхуэдэ редактор нэхъыщхьэ иджыблагъэ фиIэ зэрыхъуамкIэ.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэ псоми ди насыпщ ди ныбжьэгъу Шэджэкъуэ Пётр мы махуэхэм щIэ лъапIэ къызэрыфIащамкIэ! А лъапIэныгъэм дэри дыдолъапIэ...

Уисэу, ди ныбжьэгъу! Нобэ ныбдэтIэт уи гуфIэгъуищыр щэ Тхьэм пхуищI!..

Фэри фыпсэу, ныбжьэгъухэ! Фи саулыкъукIи мыпхуэдэу куэдрэ Тхьэм дызэхигъахьэ!..

Ди ныбжьэгъум папщIэ!.. – жиIа псори тэмэму сымыщIэжми, арат Къайсын и псалъэр зэриухыжыгъар.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и щIыхубэ тхакIуэ*

*УсакIуэ КIэщт Мухьэз къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*



# ГУАЩIАФIЭ

Зэчий зыбгъэдэлъ щIыхум и зэфIэкIхэр къэгъэзэ е дэдзых зимыIэ зы унэтIыныгъэм тету шэщIакъым, атIэ абы и Iэужьхэм къуэпс зэмылIэужьыгъуэу заубгъу хабзэщ. Зи творчествэм къуэпсыбзу зиужьахэм ящыщ тхакIуэ, усакIуэ, журналист, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ КIэщт Мухьэз Хъусин и къуэр (1937 – 2002).

КIэщт Мухьэз пасэ дыдэу – къуажэ еджапIэм щIэсу – тхэн щIидзащ, япэу и Iэдакъэ къыщIэкIари усэщ. Балигъ хъууэ дзэм къулыкъу щищIэну къыщыхуихуами, абы усэ тхыным щыпищащ, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхэуэ щытащ. И япэ тхыгъэхэм ящыщхэр 1957 – 1958 гъэхэм Новосибирскэ военнэ округым и газет напэкIуэцIхэм къытрадзауэ щытащ. Абы и ужькIэ ахэр «Красноярская правда», «Заря Востока», Туркменистаным и военнэ округым и газетхэм, апхуэдэуи КъБР-м къыщыдэкI «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Ленин гъуэгу» газе-

тым къытехуащ. КӀэщтым и тхыгъэхэр нэгъуэщӀ хэгъэгухэми къыщыдэкӀ газетхэмрэ журналхэмрэ мызэ-мытӀэу къытрадзащ. Апхуэдэщ «Дружба народов», «Огонёк» журналхэр, Къэрэшей-Шэрджэсым и «Ленин нур» газетыр.

Мухьэз литературэм и жанр куэдым щылэжьащ. Абы и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀащ усэхэр, сонетхэр, сонет Ӏэрамэхэр, балладэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, новеллэхэр, повестхэр. Ахэр щызэхуэхьэсауэ тхакӀуэм и тхылъ зыбжанэ адыгэбзэкӀи урысыбзэкӀи дунейм къытехьащ: «Щыр къызоджэ», (1965), «Пхъуантэ дэз таурыхъ» (1969), «Лъагъуныгъэм и уасэр» (1972), «Щылъэ пшынальэ» (1974), «Си лъахэ – си уэрэд» (1977), «Гуращэ» (1981), «Анэм и тыгъэ» (1985), «Псэ къабзэ» (1988), «Тхыдэм и гъыбзэ» (1991), «Къуэпсхэр» (1994), «ПшэкӀэпль» (1997), нэгъуэщӀхэри. УрысыбзэкӀэ Мэзкуу къыщыдэкӀащ поэмэхэр зэрыт «Мелодии земли» (1977) тхылъымрэ «Возраст земли» (1984) усэ сборникымрэ.

КӀэщт Мухьэз и творчествэм усыгъэм и лӀэужьыгъуэ псоми – лъагъуныгъэ, пейзаж, философие лирикэхэм, нэгъуэщӀхэми – уащрохьэлӀэ. Абы и усэхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъуар сыт хуэдэ зэмани гъащӀэмрэ гъащӀэм и гъуджэ зыфӀаща литературэмрэ къалэкӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэрщ. Апхуэдэу щытми, КӀэщтым и ӀэдакъэщӀэкӀхэм зыми хэзымыгъэгъуэщэн гурыщӀэ къэӀуэтэкӀэ хыболъагъуэ – ар сытым хуэмыусэми, и гупсысэхэр фӀым, гуапагъэм, щӀыхугъэм хуэунэтӀащ. Абы къыдэкӀуэуи, Мухьэз и усэхэм психологие куууагъ яхэлъщ, поэзие лъагэм зэрыщыхабзэуи, ахэр зэхэщӀыкӀым (акъылым) нэхърэ зыхэщӀэм (гурыщӀэм, псэм игъэвым) нэхъ тегъэпсыхьащ.

Псом хуэмыдэу усакӀуэм къехъулӀащ Хэкум хуигъэпсахэр, абы и щӀыуэпс тельыджэр, адэжь щӀыналъэм и тепльэ дахэр къызыхэщхэр, езы усакӀуэр къызыхэхъукӀа лъэпкъым и нэпкъыжьэ зытельъ усэхэр. Апхуэдэхэщ «ШыкӀэпшынэ», «Ӏуащхьэу, убзэу, лъапэшӀийуэ...», «Пшыхъуэщӏ», «КъакӀэрыщэщу щыкӀухэм яжьэр...», «Лъагъуэ», «СабийзэгъакӀуэ» жыхуиӀэхэр, нэгъуэщӀхэри.

«ШыкӀэпшынэ» усэм и купщӀэр зэрыиным къыдэкӀуэу, ритмикэ пэщӀаи щӀэлъщ. Ар, композитор цӀэрыӀуэ Темыркъан Борис макъамэ щӀилъхьэри, уэрэд дахэу дунейм къытехьащ. Уэрэдыр Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащӀэу КъБР-м и радиом и макъамэ хъумапӀэм щӀэлъщ.

«ШыкӀэпшынэ» усэм и бзэри, и купщӀэмрэ и мыхьэнэмрэ хуэфэщэжу, екӀуу гъэпсащ, абы зыми емыщхьу КӀэщтым езым къигъэщӀыжа зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтхэм уащрохьэлӀэ. Абы нэмыщӀуи, усакӀуэм шыкӀэпшынэм псэ зыӀутым хуэдэу зэрызыхуигъазэм тхыгъэм психологие куууагъ хельхьэ:

*Уэ, шыкӀэпшынэр, Ӏэпэгу усщӀаищ,*
*Сэ уэрэд жысӀэм къекӀуу къэжьу.*

*Мы си гу къуэпсыр быдзу сиэщІащи,*
*Пшынэм тель шыкІэу ари лъэу.*

КІэщт М. и усэ ухуэкІэ-гъэпсыкІэм и фІыщІэр зыщылъагъупхъэр и ІэдакъэщІэкІхэм щІэх-щІэхыурэ къыщигъэсэбэп метафорэ, зэгъэщщэныгъэ щІэщыгъуэхэрщ, ахэр ІэкІуэлъакІуэу и тхыгъэхэм зэрахиухуанэрщ. Псалъэм папщІэ, «ПыпхъуэщІ» жыхуиІэ усэм (мыр «Мэкъуэзэтелъхьэ» фІэщыгъэм щІэтуи къыдэкІащ) Мухьэз гъэщІэгъуэну икІи гукъинэжу къыщигъэщІащ лэжьыгъэ хьэлэлым пэрыт цІыхум и Іэ пхъашэхэм я образ. ПыпхъуэщІым и Іэгуфэхэр ар лэжьыгъэм псэемыблэжу зэрыпэрытым и щыхьэт паІуэщ:

*СиІэркъым ар мафІэдэ щІэлъыхъуэр,*
*КъытІэщцу гуфІакІэр:*
*И Іэгу пхъашэр зэ зэщихъуэм,*
*Къыдидзынущ хъуаскІэр.*

Зэгъэщщэныгъэ, метафорэ гъэщІэгъуэнхэм, эпитет шэрыуэхэм уащрохьэлІэ «Гугъэ» усэми:

Кьюсыр уэсыр…
Си ***бгъэ-абгъуэм***
*ЙопІыщІыхь* ***сигу-ныбгъуэр.***

ЗэгъэщщэныгъэхэмкІэ къулейщ КІэщтым и философие лирикэри. УсакІуэр кууу дунейм зэрыпхыплъыфыр, пхыплъыфым къыщымынэу, абы и хабзэ ткІийхэр гурыгъуазэкІэ зэрызэригъэзэхуэфыр, къэхъугъэр псэ пІащІэкІэ зэрызыхищІэр «ГъащІэ» зыфІища усэм къыщкърыщащ:

*ЦІыху гъащІэр щІэнщу*
*Хы абрагъуэ*
*Зи щэхур зи щІэм щыгъэтщкІуащ.*
*Зэм ар сабырщ,*
*Зэм, гъуэу благъуэм,*
*УкъуэхузжІыу ар губжьащ.*

Къэтхьа щапхьэхэр зэрыщыхьэтщи, КІэщтым и усыгъэм и къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэщ абы и образ къэгъэщІыкІэр, щІагъыбзэ куур, бзэ шэрыуэр. Нэхъыщхьэжраши, абы и усэхэм гуапагъэрэ хуабагъэрэ яхэлъщ: «*МафІэм и нурыр тельэщІауэ, / Сабийхэм чыржьын хуабэр яшх*», – щетх усакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэм языхэзым.

КІэщт Мухьэз и усыгъэм пейзаж лирикэм зыужьыныгъэ ин щигъуэтащ. Псом хуэмыдэу щІыуэпсым и образ тельыджэхэр къыщыгъэщІащ усакІуэм и сабий лирикэм. ЩыкІухэм яхуэгъэза усэхэм деж щІыуэпсыр псэ зыІуту – гуфІэу, Іушащэу, нэщхъыфІэу, пэшащэу, уэрэд жиІэу, жейуэ … – къыщыгъэлъэ-

гъуащ. Апхуэдэ усэхэм язытхэщ «Жытхэр мэIущащэ» жыхуиIэр. Къэтхыныщ абы щыщ пычыгъуэ:

*Уарэ, цIыхум ещхьу,*
*Жыгхэр мэIущащэ,*
*Яшийуэ къудамэр,*
*Зэми мэпэщащэ.*
*Зэт, уаыIэт моуэ,*
*ЖаIэм дегъэдаIуэ.*
*Уа! Зэхэтхрэ? Хуэму*
*Ахэм уэрэд жаIэ.*

Мухьэз литературэм, хэхауэ къашыгэмэ, усыгъэм, шызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ «Жьыбгъэ», «Губгъуэ» зыфIища сонет Iэрамэхэр. А тхыгъэхэр зэритха жанрыр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщми, усакIуэм ар Iэзэу къигъэIэрыхуэн хуэзэфIэкIащ.

КIэщтым и тхыгъэ куэдми хуэдэу, «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуар тхыдэ къэхъугъэхэрщ, лъэпкъым и блэкIарщ. Адыгэм къызэринэкIа лъагъуэхэм жьыбгъэр прижэурэ, тхыдэм и пэжыпIэр иджырей лъэхъэнэм къехьэсыж. Жьыбгъэм къыхьэсыжар усакIуэм сахуэм и образымкIэ къегъэлъэгъуэж, нэхъ пэжу жыпIэмэ, сахуэм кънхэгэджыкIыжахэм я гукъэкIыжкIэ лъэпкъ тхыдэр къеIуэтэж:

*Сэ сымыщIэж зи лIэщIыгъуэр*
*Си щхьэр щислъхар зиуэ губгъуэм.*
<…>
*Сэ сыхистыщ пэтэр мафIэм,*
*СиунщIэтащ пащтыхь джатэм.*
*Си сахуэ пыхьэу зелъатэр*
*ЩIэгъуэлъхьэжащ щIым и бгъафэм.*

Сонет Iэрамэм хыхьэ сонет пшыкIутхури инджылыз къупхъэм иту тхащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ катренищым къыщыIуэта гупсысэр къыщызэщIэкъуэжа сатыритIкIэ тхыгъэр щIэгъэбыдэжащ.

КIэщт Мухьэз лъэпкъ лиро-эпикэми хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ, усакIуэм и художественнэ Iэзагъыр наIуэу къызыщикъуыщ бзэ шэрыуэкIэ тхауэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьащ «Балладэ», «Насып» балладэхэр, «Си лъахэ – си уэрэд» («Тхыдэм и макъ», «Хурэ нанэ и уэрэдхэр», «ГъащIэ макъамэ»), «Зауэм и сурэтхэр», «Дадэ и хъыбархэр», «ШыкIэпшынэ гъыбзэ» поэмэхэр, н.

Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм – мухьэжырхэм – ди тхакIуэ, усакIуэ, драматург куэд ятетхыхьащ. Щыху куэд нобэр къыздэсми зыгъэпIейтей а темэм теухуауэ 1965–1966 гъэхэм КIэщт Мухьэз «Пшынэ гъыбзэ» зыфIища поэ-

мэшхуэр итхауэ щытащ. Тхылъ зэхуэмыдэхэм мы поэмэм и фlэщыгъэ зыбжанэм зэтемыхуэу ущрохьэлlэ: «Шыкlэпшынэр мэуцэ», «Шыкlэпшынэ гъыбзэ», «Пшынэ гъыбзэ». Ахэр псори щlэбджыкlмэ, фlэщыгъэхэр зэрызэтемыхуэм къыдэкlуэуи, езы поэмэхэм я кlуэцlкlэ зэщхьэщыкlыныгъэ машlэхэр хыболъагъуэ.

«Шыкlэпшынэ гъыбзэ» поэмэр зытеухуар адыгэхэм хамэ щlыналъэм щателъ хьэзабымрэ ди хэкур зэрабгынэрэ дэкlа илъэсипщlрэ щэ ныкъуэм абыхэм lуащхьэмахуэ я хъуэпсапlэу, я адэжь лъахэм къыхуэпабгъэу я гъащlэр зэрахьымрэщ. Кlэщlым и поэмэр письмо зыбжанэу зэхэлъщ, и сюжетыр лlыгъэм, захуагъэм, пэжыгъэм теухуа щапхъэ хьэлэмэтхэмкlэ гъэнщlащ. Мы письмо-поэмэр письмоуипщlрэ зы жэуапу зэхэлъщ. Дэтхэнэ письмоми шыухыкlауэ езым хъыбар гууз иlэжщ, ауэ авторым абыхэм яшыщу язэ письмом («Сосрыкъуэ и деж письмом») фlэкlа жэуап щlримытыжар нобэкlэ зэхэдгъэкlауэ, гурыlуэгъуэу щыткъым.

«Шыкlэпшынэ гъыбзэм» япэу дызыщрихьэлlэр «Сосрыкъуэ и деж письморщ». Ар Хэкум къэзытхыр ди лъэпкъэгъу хэхэс щlалэ Абдулщ. Абы и письмом укъеджа нэужь наlуэ мэхъу ар, Сосрыкъуэ и цlэкlэ тхауэ щытми, адэжь хэкум къина псоми яхуэгъэзауэ зэрыщытыр. Мы письмом щыгъуазэ дыхуещl Мос дадэ и къуэ Къамболэт и дуней тетыкlам, иужькlэ ар зэраукlа щlыкlэм.

Тхыгъэм къызэрыхэщымкlэ, Къамболэт лlы щхьэмыгъазэт, губжьамэ, «псы къиуауэ хъийм икlырт», сыт хуэдэ lуэхугъуэ хэмыхуами, дэнэ щlыпlэ къыщымыхутами, сэ къыхакlэ къыпэува бийм и щхьэр хуигъэщхьыртэкъым. Пэжыр, захуагъэр ехьэкl хэмылъу жызылlэ щlыхухэм, Къамболэт хуэдэхэм, дауи, жагъуэгъу я машlэтэкъым. Ар фlыуэ къызыгурыlуэ дадэ lумахуэ Мос и къуэр сыт щыгъуи сакъыну, и щхьэ ихъумэжыну еущий:

*«Бдэуэршэру къыббгъурысми,*
*Бийр жагъуэгъуу къыббгъэдэсщ.*
*Джатэм, щlалэ, уэ уемыlэу,*
*Лъахэ лъагъуэр къэгъуэтыж.*
*Плъапlэу арщ сэри сиlэр,*
*Сыпсэу щlыкlэ сыгъэлъагъуж».*

Ауэ щlалэ хъыжьэм и адэм къыжриlахэм дерс къыхихакъым, дуней псор езым и лlы закъуэ къарукlэ зэтес ишlыфыну фlэщхъуныгъэ иlэти. И Хэкум къызэрыхуэпабгъэ къудейм къыхэкlкlэ Къамболэт хьэпсым ирадзащ, и жэщри и махуэри фlызэхэзэрыхьыжауэ лъэхъуэщ кlыфlым къинащ. А бэлыхьхэр абы щlигъэвари «хэхэс» псалъэр игу темыхуэу и хэкужь къигъэзэжыну мурад зэриlар арaщ.

Поэмэм и етlуанэ письмор къэзытхыр Мамдухщ. Абы къыхэщыж лlыхъужь Аслъэнбэчи, Мос дадэ и къуэм хуэдэу хахуэу,

лӏыгъэшхуэ хэлъу, уеблэмэ, и щхьэр езы тырку пэщэми хуимыгъэщхьыу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ. Аслъэнбэч и ӏэщӏагъэкӏэ ухуакӏуэщ, пэщэм и уиэ лъагэр дэзыщӏейхэм яхэтщ. Псоми гужьеяуэ щхьэщэ зыхуащӏ пэщэм Аслъэнбэч зыкӏи и щхьэр хуигъэлъахъшэркъым: *«Къыр къыгуэххукӏи мыхъей къурщу / Аслъэнбэчыр щыттщ мыхъейуэ. / Губжьым напщӏэр ныщыхиту / Шым хуеплъыххэм йопль нэщхъейуэ»*, – дыкъыщоджэ поэмэм. Аслъэнбэч пэщэм ӏэщӏэкӏуэдэнкӏэ мэгузавэ щӏыхухэр, *«ягъэ кӏынкъым тӏэкӏу зыбгъэщхьым, цӏыху щыӏакъым пщым пэлъэщ»* къыжраӏэ, ауэ щӏалэ хахуэр зыми хуэгъэдзыхэркъым. Ар Хэкум и фэеплъу и вакъэ лъэгухэм щӏригъэда щӏы ӏэбжьыбым лъэ быдэкӏэ тетщ, зигъэщхьыну къехъурджауэхэми мыпхуэдэ жэуап гуащӏэ яредзыж:

*Щӏыхуэжщӏынур сыт пщым щхьэщэ?*
*Сэ сытеткъым абы ищӏ.*
*Сытетыху Къэбэрдейщӏым,*
*Сэ щыӏэнкъым щхьэщэ щӏэсщӏ.*

Мыбдежым уемыгупсысынкӏэ ӏэмал иӏэкъым Аслъэнбэч апхуэдизу фӏыуэ илъагъу щӏы ӏэмыщӏэр чысэм ирикӏутэу и псэм пэгъунэгъуу и бгъэгум илъу къримыхьэкӏыу, лъэгущӏэтын щӏишӏа щхьэусыгъуэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкӏэ, а щӏы ӏыхьэм тетмэ, ар хэхэс гъащӏэ гугъусыгъум пэхь лъэ быдэкӏэ шыувауэ фӏэщӏыжу арагъэнут. *Дауэ* щымытами, Аль-Аятым (пэщэм) игу техуэркъым абы и хьэл мыӏумпӏафӏэр икӏи Аслъэнбэчым и щхьэр пилъэну къегъэгугъэ. Ауэ абы щхьэкӏи къимыкӏуэт лӏыхъужьыр шилъагъукӏэ, ар нэхъри мэгубжь, и нэм хьуаскӏэ къыщӏихыу заулкӏэ шотри, унафэ ещӏ:

*«Ар ерыщщи, щыту вгъэлӏэ, –*
*Пщым унафэ зэуэ ещӏ –*
*Шым хуэфащэкъым щӏэлъыну,*
*Щхьэтылъапӏэр псынщӏэу хуэфщӏ».*

Аршхьэкӏэ щхьэтылъапӏэм пагэу зи лъэр хуэзыч Аслъэнбэчыр шилъагъум, пэщэр занщӏэу щӏогъуэж, щӏалэр псэууэ къигъэзэнуи мурад ещӏ. Абы къыгуроӏуэ Аслъэнбэч езым хуэдэ ӏэщӏагъэлӏ куэд зэриуасэр, ауэ «къыхуигъанэ» гъащӏэм пэкӏуэу Аль-Аятым ӏэрыхьэн хуейуэ къегъэув Аслъэнбэч Къэбэрдейм къызэриха щӏы ӏэмыщӏэр. Дауикӏ, щӏалэ хъыжьэр абыкӏэ арэзы хъуркъым, сыту жыпӏэмэ, и нэм хуихьу, и псэм пищӏу, и щхьэр лъагэу щӏиӏэту, адэжь Хэкум пыщӏэныгъэ гуэр зэрыхуиӏэжым и шыхьэту а щӏы ӏэмыщӏэрат абы къыхуэнар:

*«Хьэуэ, – жеӏэ Аслъэнбэчым, –*
*Сэ, пщы, сиӏэжъым щӏы сщэн.*
*Ар къцлыкъукӏэ, мылъкукӏэ сщэнум*
*Гъащӏэр, жыӏэт, сыту сщӏын?!».*

КIэщт Мухьэз и тхылъ шхьэхуэхэу гъэ зэхуэмыдэхэм къыдэкIахэм Аслъэнбэч и кIуэдыкIар зэтемыхуэу къыщыхьащ. Зэм ар щхьэпылъэ ящI, и пщэм идза кIапсэр и ныбжьэгъу Хьэсин ирагъэшэщIри («Къуэнсхэр», 1994), зэми ар пэщэм и унэ яухуэм и блыным псэууэ хагъэжыхь, Аль-Аятым и унафэкIи абы и «кхъэр» и къуэм и IэкIэ къыдрагъэшIей («ПшэкIэплъ», 1997). Дауэ мыхъуами, усакIуэм и поэмэм къыщигъэлъэгъуэжар пэж гуауэу гъащIэм хэлъарщ, адыгэм и тхыдэм фIыщIагъэу къина IэпапIэрщ.

Псом хуэмыдэу КIэщтым нэхъ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ поэмэм и ещанэ Iыхьэр – «Сэхьид и письмор». Мыбы щекIуэкI Iуэхугъуэхэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуа хъуащ, персонаж нэхъыби хэтщ, ахэр гурыхьрэ мыгурыхьу гуэшащ. Ещанэ письмом и къыщIэдзапIэм деж усакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэж адыгэхэм Хэкур ябгынэн ипэкIэ Къэбэрдейр урыс пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ зэрызэхафыщIауэ щытар. Мис мыраш зауэм и ужькIэ адыгэ къуажэхэм яIэ хъуа теплъэр:

*Iугъуэм, гъуым ишыуауэ*
*Къэбэрдей къуажэхэр зэхэлъыщ.*
*Щхьэхуитыныгъэм щIэкIуа куэди*
*Щхьэпылъэ пкъом шынагъуэу фIэлъыщ.*
*Унэ пкIэунэм, сын диуэ,*
*Уэнжакъ зыпыщIахэр къыщхьэщытщ.*
*Шымытыжыфу ещIэ пфIэщIу,*
*Блын ныкъуэкъутэхэр зэхэтщ.*

УсакIуэм нэлат ирех лъэпкъым лей кIэлъызезыхьэ дэтхэнэ зыми: ар урыс пащтыхьыр арами е Щыхьымджэрий хуэдэу лъэпкъ акъылыр зыгъэутхъуэхэм ящыщми. Ауэ мухьэжырхэм – хэхэс гъащIэ хьэлъэм и гъэрхэм – я гугъэр хахыжакъым, езыхэр мыхъуми, я бынхэм, абыхэм я бынхэм жэнэт лъахэу Къэбэрдейм къагъэзэжыныым, уеблэмэ, а гугъэ нэхухэр уэрэду яусыжауэ я щIэблэр щIагъэдэIу:

*Умышынэу тIопI щIы, тIасэ,*
*Къуэшхэм Iэбэр къыпхуаший.*
*Уэху жи, уэху жи, си къуэ кIасэ,*
*КъэщI уэ, къэщI уэ лъыбэдий.*
*Уи лъэр щIмэ уэ пщэдей,*
*ДыкIуэжынщ дэ Къэбэрдей.*

«ШыкIэпшынэ гъыбзэ» поэмэр лъэпкъым и тхыдэр къызэхэщыжу дунейм къытехьа тхыгъэхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ. Адыгэм къызэринэкIа гъуэгуанэ гугъусыгъум къыщригъэжьэжу жыжьэ хэплъэжын, усэбзэ дахэкIэ къиIуэтэжын хузэфIэкIащ.

КIэщт Мухьэз прозэ жанрхэми – рассказым, повестым, повестым – щылэжьащ. Нэхъ пIэрыIуэ хьуахэм ящыщщ «Напэм и

тезыр», «Лъагъуэхэр зэхохьэж», «Дыркъуэ», «Назифэ», «Щхьэм имытмэ», «Гулъытэ», «Хьэцыбанэ» рассказхэр, «Фэепль» хъыбарыр, «Хьэдагъэ» новеллэр, апхуэдэуи, тхакӏуэм и Ӏэдакъэщӏэкӏ повестхэр. Абыхэм нэхъыбэу лъабжьэ яхуэхъуар жылагъуэр зыгъэпӏейтей Ӏуэхугъуэхэрщ, махуэ къэскӏэ ди зыхуэзэ зэманым щӏыхухэр зэрыхэпсэукӏ щӏыкӏэхэмрэ Ӏэмалхэмрэщ, абыхэм я бжьым щӏэту цӏыхупсэм зэрызиужь-зэрызиузэщӏырщ, цӏыхум и хьэл-щэныр зыубзыху къэхъугъэхэрщ.

Кӏэщт М. илъэс тӏощӏым щӏигъукӏэ журналисту лэжьащ. Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм а Ӏэщӏагъэм и къару емыблэжу щыпэрытащ «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым, «Ӏуащхьэмахуэ» журналым, апхуэдэуи «Эльбрус» тхылъ тедзапӏэм щылэжьащ. Абы и очерк, статья, публицистикэ лэжьыгъэхэр а жанрхэм иту XX лӏэщӏыгъуэм и 60 – 80 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэхэм я нэхъыфӏхэм ящыщщ. Апхуэдэхэщ «Псом я пэхъ лъапӏэ» (Ӏуащхьэмахуэ, 1981, №5) «Аргудандэсхэр ехъулӏэныгъэм и гъуэгукӏэ» (Ӏуащхьэмахуэ, 1987, №1), «Гуащӏафӏэ» (Ӏуащхьэмахуэ, 1987, №5), «Уи япэкӏэ мывэ бгъэжэмэ, ухуэзэжынщ» (Ленин гъуэгу, 1989, октябрым и 25-м), «Гъуэгуанэ угъурлы» (Адыгэ псалъэ, 1992, мартым и 20-м) жыхуиӏэ статьяхэмрэ очеркхэмрэ, нэгъуэщӏ куэди. Ахэр журналист Ӏэзэм и хьэтӏ щхьэхуэрэ и дуней лъагъукӏэ хэхарэ щызэхэщыпсыхьауэ тхащ.



И Ӏэужь къулейр зэрыщыхьэтщи, Кӏэщт Мухьэз щӏыху гуащӏафӏэт. Абы и зэчийр гъащӏэм и лъэпыкъуэ куэдым къыщызэбэнащ, абы щыщ Ӏыхьэ лъэпкъ литературэми, щэнхабзэми, публицистикэми къыхэнащ, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи – усакӏуэр, тхакӏуэр, журналист Ӏэзэр щӏыху гуапэу, псэ къабзэу, хьэлэлу ныбжьэгъухэм ягу къинащ, ноби фӏыкӏэ и цӏэр ираӏуэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щӏэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр*

КIЭЩТ Мухьэз

## СИ УЭРЭДХЭМ Я КЪЕЖЬАПIЭР

Махуэ къакIуэм къысхуехьыр насып
Зэтрехри щIы жеям и напIэр.
Губгъуэ зыщIым жэщ кIыфIыр IэщIыб,
И кIэкъуащIэм изу бзийр къещып –
Си уэрэдым хуохъур ар къежьапIэ.
Зи напIэр къемыхыу плъыр щысар,
Къызэпсалъэу къыздытесщ пхъэ кIапэ.
Зэхимыгъэжыжу и жьэгу плъыр,
ЗэщIетхъуэжыр дэпу къыхэнар –
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Сэ си лъэпкъыр къурщу бийм поув,
Хъыйм икIами, иримыту кIуапIэ.
Ар хигъащIэу хъыжьэу мэзэуэф –
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Фоч гъэпса иIыгъыр убзэщхъуащ,
Бийм щIати хейр нэщанэ уапIэ.
Анэм и бгъэм быи щIыкIу къыщIэхъуащ –
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Лажьэ фIыщIэм щахъумэу дунейр,
Ирамыту ем щхьэжъэIэтыпIэ,
Къыщож щIыхухэр къызытехьэм лей –
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
ФIыуэ зэрылъагъухэр зэхуэIэфIщ,
Я гущIэр пэжыгъэм и хэщIапIэщ,
Дунейм теткъым ахэм пэрыуэф –
Ари си уэрэдым и къежьапIэщ.
Хуэщщ игъащIэм си лъэпкъым жагъуэгъу,
КъещэкIуэжу, зэтрилъхьэм напIэр,
ЗэкъуэхуауэкъытегупIэм егъу,
Къыкъуэувэу ехъумэф ныбжьэгъу –
Ари си уэрэдым хуохъу къежьапIэ.
Ахэр псыIэрыщэу зэхещэж,
КъыIех и салъкъыирп къурщыпсым,
Си уэрэдым и дамигIыр мэж,
ЗиIэтыфу уафэ лъащIэм нэсу.

Кърехьэхри лъыду дыгъэ бзийр,
Удзыпцэ къэсыхукIэ трегуашэ;
Жьыми щIэми хуабэу яхуещий.
Си уэрэдхэр щIэхъур арщ щхьэхуит,
ПщIащхъуэ щыубзэрабзэу уафэ къащхъуэм,
Димыгъэхьэу щIыхухэм яку IуитIбзитI,
ЩIыпIэ зырызыххэм щокIэрахъуэ.

## СЭРИ СИIЭЖЩ СИ КЪУЭПС

Жыгей бэшэчу къуэпсыбэ,
БынафIэурэ си дэпхуей,
Фэ фхуэдэу сэри си щыпэу
Сыкъытехьащ мы дунейм.

Фэ фэщхьу сэри сиIэжи
Жыжьэ къыщежьэу си къуэпс,
СиIи, фэ фхуэдэу, си щIэжи,
Ар зищэщIыпу щIохъуэпс.

Хъуэпсэнир сэри си жагъуэ?
Си гугъэр ффIэщIрэ гъуэжа?
Щхьэщысхьфарэт щIым пщагъуэр,
Къэзгъэплъэжарэт нэф хъуар.

Сэ сыпсэуарэт иджыри
ЩIыхуфIхэм гу ящIысхуэху.
Си гур гуфIарэт къыщыпкIыу,
НэгъуэщI зыгуэрхэр гуфIэху.

Щхьэц тхъуауэ сэ си къэрабэ,
ХъунгъалIэу сахуэ сэфэт,
Фипкъ щIалIэм гъатхэу сегуапэу,
ЖезгъэIэжарэт уэрэд.

Жыгей бэшэчу къуэпсыбэ,
Си тхьэмпэ щIынэу къэлэр,
КIыфI къэзыгъалэр зи гупэ
Щхьэщызмыгъэхьэу зы щIыпIэ
СыкъэхъуэпскIарэт зэгуэр.

Дамыгъэнсэууэ мамыру
Дунейм бдзапцІэпэу щащІар
Сэ си псэ хъуапсэм и нурым
Игъэткlужамэ арат.

Жыгей бэщэчу къуэпсыбэ,
МэракІуэ къуэпсу къуэм дэж,
ГуфІэу, игъэпскІыу нурыбэм
ЩІым щребагъуэ ди щІэж.

* * *

ТекІыжащ щхьэфІэпхыкІыр,
Трихащ дыгъэ бэнйм.
Ар си анэм темыкІми,
Хъуащ упхыплъу хъыбий.

ЩІэ къэтщэхуми, тІорысэр
Абы тхуищІкъым Іэщlыб:
Абы пщІу ди анэм
Дунейм теткъым хьэпшып.

Дэ хуэтщІ тыгъэм гуфІэгъуэ,
Дауи, ди анэм щрет.
Ауэ ди адэм и тыгъэу
Къэнэжар а зырат.

ЩІАКХЪУЭ ІЫХЬЭ

ЩІалэщІэм щІакхъуэр сущыкъуей,
ИрилъэщІауэ гуахъуэр.
Си гур нэсауэ итщ Къурей —
Щхьэмыж къэщып кІэрахъуэу.

Щхьэщытщ нэщхъейуэ ар
Сабий
ЩІалъэІум щІакхъуэ Іыхьэ.
Іэгу нэщІхэр анэм хуэзыншйм
И гъусэу ар мэпыхьэ.

Зэми нэщхъейуэ щIыгъуэщ вакIуэлI
Къызэзыдэжыным щIыгур.
Жылапхъэ мащIэр зыIэщIэлъ
Дадэм йоплъыхь и Iэгум.

Ар щIыгъуэщ а дадэ
Зи нэм жей
КъемыкIуэу зысэм гъавэр,
Къыпхихыу я псым мы бахъейр
Щылажьэ щIыхухэм тафэм.

Пихуауэ си фэр сигу нэщхъейм,
СыздрикIуэжыым лъагъуэм,
Тхьэрыкъуэм хуепхъ щIакхъуэ щыкъуей
Зыпымытыжым лъакъуэ.

Къурей къокIыжри, сигу пIейтейр
ЩIокIэрэхъуэжыр шхапIэм:
ЩIалэщIэм щIакхъуэр еущыкъуей,
Ауи мыхуадэ напIэр.



## ДЭЩХУЕЙ ГУЭРЭН

*Хэку зауэшхуэм хэкIуэда*
*КIэщт Мамилэ и фэеплъу*

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщIащэр жьыху
Дэшхуейр къыщцытщ, зыкъиблэу.
Дэ дежьэ пэт,
Иджыри къэтщ
Ар зыгъэжIа Мамилэ.

Щытехьым гъуэгу,
ЩIалэм и нэгу
Ипхъэщ нэщхъейуи нанэ,
И къуэм и жып
Зы дэ Iэбжьыб
ИрикIуэтащ, гъынанэу.

Къэхъуащ щымэх,
ФӀэщӀу псэр хах,
Ауэ ипхакъым дэхэр:
Дэхэм Ӏуплъам,
Нанэ къэнам
Илъагъут и нэкӀу лэдэххэр.

Фэеплъти, щысхьт,
Бгъэм дэлъу здихьт,
Къихъэсыжакъым унэм:
Щхьэхьу бий жэм
ИутӀыпща пэм
ФӀигъэуикӀыфӀати и нэр.

ИгъэпщкӀури щӀым,
Дэм щӀыгъуу щым
Хъужащ Мамилэ и гур.
Хуабэу игу тэм
И гъусэу дэр
Иритыжащ зей щӀыгум.

Гъатхэм и бэйм
Зыщиукъуадийм,
ЩӀы яуӀам Ӏэ дилъэу,
Дэшхуей гуэрэн
Дыгъэм Ӏуплъэн
ПащӀэ
КъыхокӀыр щӀылъэм.

Къепщэм борэн,
Дэшхуей гуэрэн
Зэкъуэувар мыдэихэ.
Нанэ нэщхьей
ЩыблэкӀым дей
Ахэр къыпфӀощӀыр гухэ:

Я тхьэмпэ къэс,
КъыпфӀащӀу нэкӀс,
Уэсэпс пощэщ къудамэм.



3 Заказ №629

Нанэ еша
Къыхуигъэша? –
Хутолъэщlыхь и дамэм.

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщlащэр жьыху
Дэшхуейхэр щокl Дон Iуфэм.
Ахэм къысфlощl
Дон Iуфэ куэщl
Щрапалъ Мамилэ и фэ.

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщlащэр жьыху
Дэшхуейр къыщытщ, зыкъиблэу.
Дэ деджэ пыт.
Иджыри къэтщ
Ар зыгъэжlа Мамилэ.

## КХЪУЕЙПЛЪЫЖЬКIЭРЫЩIЭ

Сэ сщIэркъым хэтми зи гуфIэгъуэр –
Дызэрызэхьэу дохьэкъуныкъу,
Кхъуей плъыжьу, уафэм телъщи дыгъэр,
Ар къетхьэхыну дыхущIокъу.

Фэ кIапсэ псыгъуэу дыгъэ бзиймкIэ,
Си Iэгур къису, сыдощщей.
Уафэ пкъоуншэр згъэсысыхукIэ,
Сэ сфIощI къехуэхыну дыгъэ-кхъуейр.

Си лъабжьэм щIэту мо щIыху щIыкIур
Дыгъэр къестыну пэплъэ сфIощI.
Дыгъэ бзий щтырыр Iэм къесшэкIыу
Сэ семыпшыжу къызопшэщI.

Уафэм сыноуэри, къэсщта дыгъэр
IэгуитIкIэ щIым къыхуэзоший,
Мо щIыр шэрхъыжьу мэкIэрахъуэ,
Ар егъэнэхур дыгъэ бзийм.

Яхуэсший дыгъэм щIыхухэр къеплъкъым,
КъафIэIуэхужкъым зэкIэ ды:
Ахэм тетыгъуэр яхуэгуэшкъым,
Зыр зым хуэхъужкъым арэзы.

Зэпэуващи, Хэкуу щыIэр,
Щызэрыпэсхьэу щIыгум тетщ.
Зыми ищIэжкъым дуней щIыгум
Щыхъунур хэтми гъуащхьэтет.

Сэ сшийуэ сIыгъыщ уэздыгъэу дыгъэр,
ЗэIубз хэку гъуэгухэр сфIэфIу сщIым.
Зэрымыгъахуэу щIыхухэр лIыгъэ
Къызэродзыххэр ноби щIым.

## ШЫКIЭПШЫНЭ

СщIэркъым къэхъуари. Хьэлъэуэ мы си гум
Нобэ пшагъуэбэм зыкъыфIещыхь.
Дытегъэуви, пшынэ, и щыгум
Гуауэ шыугъэр дыгъэщIыт лъэгущIыхь.

Уэ, шыкIэпшынэр, Iэпэгъу усщIащи,
Сэ уэрэд жысIэм къекIуу къежьэу.
Мы си гу къуэпсыр быдэу сшэщIащи,
Пшынэм птелъ шыкIэу ари мазу.

Абы къыдаIуэ лIыхь гуп зэхэсыр,
КъедаIуэу щIалэр, пщащэр зэхэтщ.
Уэ къыптелъ шыкIэм, сэ си гу къуэпсым
Гуапэу къришыр ди лъэпкъ уэрэдщ.

ЖыдгъэIэ куэдрэ ар щымыгъэту,
Мэхъур нэхъыбэ дэ къыддежьур.
ЖыпIэмэ пэжыр, лъэпкъым къыхидзэ
Уэрэдым уэрэ сэрэ докIу.

## НЫБЖЬКIЭ УПСЭУН ПАПЩIЭ

Упсэун папщIэ ухуейкъым куэдыщэ —
Iущащэу, убзэу, нуру бэий къудамэ;

35

Мыусэжыфу уи гур щыпфIэгъуэщIэм,
Бгъэбзэрабзэну зы уэрэд Iэрамэ;
Мэжалlэ гуэрхэр уяпэ къикIэрахъуэм,
УщIэмыфыгъуэжу ептын щIакхъуэ Iыхьэ;
Лъэпкъыр яукlыну къэрахым кlэрахъуэ,
Iэщэ — бийм пребгъэхьыну мыхьыр.
Ар къудейщ уэыхуейр.

Упсэун папщIэ ухуейкъым куэдыщэ —
Уимыгъэпыlэу, уигъэпIейтейуэ гугъэ;
Насыпыр, гуфIэгъуэр уагъэу пхуэлэIуищэу
Iэ щаба-Iу щабэу лъагъуныгъэ;
Жыыбгъэр къыкъуэума, къэуцу имыхьу,
Шыщхьэмыгъазэу къыпкъуэтыф ныбжьэгъу;
ФIыгъуэ къоуалIэм, пэуэ и гум хыхьэу,
Къыппэмылъэщу зэпышхыж жагъуэгъу —
Ар къудейщ уэыхуейр.

Упсэун папщIэ ухуейкъым куэдыщэ —
Ажал къэощакIуэр Iузыгъэщт Iуэхущlафэ;
Хейм езыдзэр пщIыкIэ удын гъуэщэ
Чыным хуэдэу псалъэ къэзыгъафэ;
Фэепль щIа нэужькIэ уи уэрэд щIэпихэр,
Хуэфащэу уи пкъыр зыщIалъын щы кIапэ;
Уи ужьым иту зэрыхьми гъэ минхэр,
Зэман зэблэкIхэм ямыгъэулъий напэ —
Ар къудейщ уэыхуейр.

## ТЫГЪЭ ТIЭКIУ

Сэ сыщIэлъэIукъым зэи куэд —
Тыгъэ къысхуэфщI зы вагъуэ:
Си щщащэр хьумэ зэ сфIэкIуэд,
Къэрислъыхъуэну лъагъуэр.

Сэ сыщIэлъэIукъым зэи куэд —
Псым и къарур схуэфщI тыгъэ:
Хъужыкъуэм зауэр зэ къэлыд,
ЗгъэункIыфIыну лыгъэр.

Сэ сыщlалъэlукъым зэи куэд –
Сlурыфlлъхьэ удэым и бзэр:
Си щlылъэ гуапэм и уэрэд
Жиlэфу псэм еубзэу.

* * *

Сыщытщ си щlащэм ерыгъусэу,
Си лъабжьэм удэхэр щоlуцlащэ,
Къызэрылъэлъу си гур усэу
Къысфlощl щlыгу щхъуантlэм къытещацlэ.

Къыщlодзэ зымкlэ тхьэгъэлэджыр,
Жыгым тес бзури къызожьу,
Щlым къыхуэпабгъэу уафэ-сыджым
Къещlэщlэх вагъуэхэр къоцlу...

## УМЫГПАЩlЭТ

Умыпlащlэт... Зэт, си щlащэ,
Зэхэсх хуэдэ сэ уэрэд?
Е къуриш псынэр щlэlуцlащэр
Дэрмырауэ пlэрэ? Зэт.

Зэт. Едаlуэт. Тхьэгъэлэджыми
Зыхуигъэlур дэрщ уэрэд?
И щэlу макъыр щlыху сымаджэм
А уэрэдым дыщегъэт.

Умыпlащlэт... Зэт, си щlащэ,
Щыlуцlащэр мыдкlи хэт?
Нэгъуэщl мыхъуми а жыг щlащэр
Сабырыхукlэ дыщыгъэт.

## СЫНОЖЬЭ ЗЭПЫТЩ

*Кl. Лэмэ хуэзгъэ*

**1. Укъежьауэ къыщlэкlыну**
Жьыбгъэм цухъым пэщэщэныр,
Дыгъэм щхъэщыгъуэр еухуэныр –
Зыбгъэхьэзыру къыщlэкlыну.

Бзухэр бзэрабзэу зэрызохьэ,
Бзийхэр нэхъ хуабэу къыспкърохьэ –
Уэ укъежьауэ къыщlэкlынщ.

Жыг лъэхухэр уэхым къыздожэхыр,
Зэрыхуу шэхухэр зэрохьэхыр –
Уэ ныпежьауэ къыщlэкlынщ.

Ди щlыгум гуфlэу зыкърехыр,
Ди къуршхэм нурыр къащхьэщехыр –
Укъэблэгъауэ къыщlэкlынщ.

Сынышпежьауэ сытетщ гъуэгум,
Дыгъэр къыплъэфкъым сэ си нэгум –
Дызэблэкlауэ къыщlэкlынщ.

**2. Укъызэлъыхъуэж**

Укъэслъыхъуэжыну сыпежьащ,
Жьыбгъэри си гъусэу здесшэжьащ –
lэпэзэрыlыгъыу дыныпылъохъур.

Дыгъэми и бзийр зэблигъэжащ,
Укъыщимыгъуэтым, загъэжащ –
Си псэм емышыжу укъелъыхъуэр.

Сэ жей симыlэжу сыкъэнащ,
Укъыщимыгъуэтым загъэжащ –
Си псэм емышыжу укъелъыхъуэр.

Сэ жей симыlэжу сыкъэнащ,
Ауэ си насыпыр хэжещ,
Щlыжепнур сэ симыгъэлъагъуу.

Пщэдджыжь дыгъэр сэ къыстолъэщlыхь,
Гугъэ lэфlхэм сыкъауфэрэзыхь –
Си псэм щрахыжу илъа лъэхъур.

**3. Уэр папщlэ согуазэ**

Укъэтщ куэд щlауэ уэ уежьауэ.
Си гур ныплъохъу, ныпкlэлъежьауэ.
Уигъуэткъым. Си псэр мэгужьей.

Уэ губгъуэм жэщ къыщыптехъуамэ?
Хьэ гуэр умыщlэу уэ къопхъуамэ?
Зы щlыху щымыlэм? Согужьей.

Хъущlакlуэм сэ къыпхурихамэ?
Укъаджэу сэ зэхэзмыхамэ? –
Си псэр, мызагъэу, мэгужьей.

Уэ къыпхуэзгуапэу зы щlалэщlэ
И щхьэр кърилъхьэрэ уи куэщlым
Сэ усlэщlихым: Согужьей.

Уэ щэхуу си псэм ущызгъафlэу,
Си гур апхуэдэу щыгуэзэвэм,
Си щхьэр армыру пlэрэ згъейр?

**4. Силэжкъым жей**

Щlэкlуэсыкlащ си нитlым жейр,
Ижыхьащ пlэм жэщыр.

Уэ уздэщыlэр хэт и дей,
Уигъафlэу щхьэщым къепэщэщу?

**5. Угуфlэу къысщхьэщыхьэ**

Къысщыхъум дунейм зиlуба,
Угуфlэу къысщхьэщыхьэ,
Си нитlым нэкlэ къыхуэщl ба –
Сыкъэгъэгъэнущ lущхьэу.

Щхьэмажьэ пащlэу хэзгъэгъэлъ
Уэ уи щхьэщыгъуэм си lэр,
Уи псэм и нуркlэ къысхуегъэл
Мы си псэ исыр щlыlэм.

Итlанэ сэри lэ бдэслъэнщ,
Игъэткlуу гуауи гуlи.
Насып къэкlуэнум дыпэплъэнщ,
Зыхэдмыщlэжу щlыли.

**6. Согупсысынкъым, жызоIэри…**

Согупсысынкъым, жызоIэри, —
Зэхишэу бзухэм я джэгу,
Гъатхэщ1э щIыгур зыхуапэм
Укъыщ1ешэжыр си нэгу.

Согупсысынкъым, жызоIэри, —
Гъэмахуэ шылэм сыкъыс,
Гурыщ1э къэплъу, нэхъ гуащIэу
Махуэ къэс дыгъэр къысхуопс.

Согупсысынкъым, жызоIэри, —
Бжьыхьэ тхьэмпэбгъуэр къогъых:
Тхьэмпэ кIэзыжыр уи Iупэу
КIэрылъщ щхьэгъубжэм — Iуумых.

Согупсысынкъым, жызоIэри, —
Жьыбгъэм уэсукхъуэр еухуэнщI.
Уи лъагъуныгъэм и фэгъуу
Щымахуэ махуэри кIэщIщ.

*УсакIуэ Уэрэзей Афлик къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу*





# ЛИРИК НЭС

Уэрэзей Афлик ди лъэпкъ усыгъэм и лирик нэсщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тематикэ и лъэныкъуэкIэ куэду зэтемыщIыкI усэ купщIафIэхэр, усэ циклхэр, лиро-эпикэ тхыгъэхэр. Уэрэзейм и творчествэм къыхэбгъуэтэнущ хэкум, щIыхуэгъэм, дахагъэм, лъагъуныгъэ къабзэм, щIыуэпсым теухуа усыгъэхэр. Абыхэм философие гупсысэ куухэр, гушыIэ дахэр, гъащIэм и IэфIыр, и пэжыр зыгъэнахуэ, фIыуэ узыгъэлъагъу мотивхэр щызэхэухуэнащ.

Уэрэзейм и усыгъэм езым и дуней еплъыкIэ щхьэхуэр, ар адрей усакIуэхэм къащхьэщызыгъэкI хьэлIыр къыщыкъуэщыжащ. Усэхэм къищынэмыщIауэ, Уэрэзей Афлик сонетым, сонет Iэрамэм и жыпхъэхэм, апхуэдэуи эпикэ усыгъэм и жанр хэхуэныгъэхэм – поэмэмрэ балладэмрэ – и лъэрыпIэкI щеплъыжащ.

Уэрэзей А. зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъу, абы и къэкIуэну дахэм хуэхъуапсэ усакIуэт. Абы и щыхьэт иаIуэщ тхыдэр и лъабжьэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы тхыгъэри, ар усэуи поэмэуи щрет. Апхуэдэ тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуакъым бгырыс лъэпкъхэм

къалъыкъуэкlа гуэнагъуэр, зауэ мыухыжхэр къахъеныр къызыхэкlар, ахэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, усакlуэм къалэну зыхуигъэувыжакъым хеймрэ мысэмрэ зэхэгъэкlыныр (тхыдэм и дежкlэ ар пщlэнщэщ), атlэ абы и усыгъэхэм я лъабжьэр ди хэкуэгъухэм, ди лъэпкъэгъухэм я щхьэ кърикlуа насыпыншагъэм езы усакlуэм кърит гурыгъуриц, абыхэм ящlыгъуу езыми псэкlэ игъэв бэлыхьырщ. Псалъэм папщlэ, «Уэрэдыжь» усэм лыкъыщоджэ мыпхуэдэ сатырхэм:

Адыгэм сыкъеджэжынути,
Си макъыр дэнэкlэ зэгъэзэну?
Адыгэр къэслъыхъуэжынути,
Дэнэкlэ къыщыщlэдзэну?

Усэм щlэлъ гупсысэ хьэлъыр нэхъри епэщl, абы и мотив нэщхъейр гущlыхьэ пщещl и композицэкlэ ар уэрэдым ещхьу зэригъэпсам, абы и кlуэцlкlэ уэыщрихьэлlэ междометиехэу *«сэрмахуэ»*, *«уей»* жыхуиlэхэм:

Лъыгъажэм ухуэlэнжьмэ, ***уей,***
Уи гъуэгур нэпс-лъыпс зэхэлъкъэ,
***Сэрмахуэ,*** мы дунейжьмэ, ***уей,***
И набжьэм зыгуэрхэр щlэлъкъэ.

«Адыгэ» жыхуиlэ усэри лъэпкъ гупсысэкlэ гъэнщlащ. Мыбы зэгуэхышlэ имыlэу щызэхэжыхьащ тхыдэри, лlыхъужьыгъэри, щlыхугъэри, икlи наlуэу къыхэщащ бгырысым и хьэл-щэн жыру псыхьар:

Уи лъэпкъ гъэжэщlу, укъигъаскlэу
Лъыгъажэ макъкlэ бийр къыщыбгэм,
Уlэгъэр птхьэщlри тенджызыпскlэ,
Уитlысхьэжат аргуэру шыбгым.

Тхыдэм ехьэлlа гупсысэ гугъусыгъуэхэрщ лъабжьэ хуэхъуар Уэрэзей Афлик и ***«Лэщlыгъуэхэр зэподжэж»*** (1986) поэмэми.

Зы лъэныкъуэкlэ убгъэдыхьэмэ, лъэпкъым и тхыдэм, зауэм ехьэлlа темэр нобэрей тхылъеджэм и нэlуасэщ, ауэ нэгъуэщl лъэныкъуэкlэ укъыщеплъмэ, ар щlэщыгъуэ ящl поэмэм и композицэр, сюжетыр зэрыухуам, ар усакlуэм къызэриlуатэ щlыкlэмрэ lэмалхэмрэ. Поэмэм и кlыхьагъкlэ щыпхышащ усакlуэм абы и фlэщыгъэм щlилъхьа гупсысэ нэхъыщхьэр – лlэщlыгъуэхэр зэрызэподжэжыр, тхыдэр пщыгъуэщэ зэрымыхъунур, лъэпкъым и блэкlамрэ и къэкlуэнумрэ къызэгуэхышlэ имыlэу зэрызэпхар:

Нобэрей гъащlэр, пщlэрэ,
Зи lэужьыр
Дыгъуасэрщ –
Ар тхуэщlыныкъым зэгъуэкl.
Аращ, зы махуэм махуэр къыпытщэхукlэ,
Щlэтлъагъур ди нэкъыжьхэм я лъэужь.
Дунейм щlыхугъэ дахэр щытепщэхукlэ

Ди гуапэу къытщlихунщ
Абыхэм яжь.

А гупсысэр и лъабжьэу къэтхынщ нэгъуэщI зы щапхъэ:

Щыхэмыджэж лlэщIыгъуэхэр зэманым –
Пщэдейм зэхех дыгъуасэм и лъэ макъ...

Поэмэр гъэщIэмрэ абы и хабзэхэмрэ, цIыхугъэм, зэманыр и пIэ зэримыгъым ехьэлIа философие гупсысэ куухэмкIэ псыхьащ. Абы и щыхьэтщ тхыгъэм щыщ мыпхуэдэ щапхъэхэр: *«Зыр и гъуэгум щыщы-лъахъамэ, / Зыр ирожэ – шыжьырыутIыпщ. / Зым и гъуэгур щиух лъэ-хъэнэм, / Зым щIидзэнущ абы пищэн»; «Щыху гъащIэр мащIэщ. / МащIэщ апхуэдизкIи, / ПщIантIэм удэкIыу цIыху ущрихьэхьар / Пщыгъупщэжыну пхущIэмыхъэ / ЩIыкIэ / Уи кIэух махуэр къыпкIэлъэщIыхьэнщ»; «Хэку хуитыныгъэм папщIэ псэр лъыхуэтыр / Аращ насыпу щыIэри зритыр»; «Си шынэхъыщIэ, цIыкIукъым щIы хъурейр, / Яхуриххуэщ псэми – щIы уи фIэщ – / ИмыкIыу щытмэ цIыхум и пэхъуейр».*

«ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм и сюжетри гъэщIэгъуэну зэ-хэлъщ: зэманкIэ абы къызэщIиубыдэр зы жэщ закъуэщ, ауэ а зэма-ным и кIуэцIкIэ лирикэ лIыхъужьым и щIыхьым лъэхъэнэ зэхуэ-мыдэхэр, лIэщIыгъуэ ныкъуэ нэскIэ е нэхъыбэжкIэ уIэбэкмэ къэхъуа Iуэхугъуэхэр щызэблокI. ПщIыхьым хэту зы ныбжь «плъыфэнщ» къыщхьэщохъэри, абы и нэпс щIыIэр и нэгум къотkIуэ икIи абдежым къыщыщIэдзэу абы и нэм къыIуедзэж и гъащIэм къыхэхуа, езым и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэр, апхуэдэуи и пщIыхь къыхохуэ езыр сабий дыдэу зыхиубыда зауэ гущIэгъуншэр. Лирикэ лIыхъужьым и сабиигъуэм къыхокIри, и пащхьэ къоувэж «нанэ дыщэкIэ» зэджэ и анэшхуэр, Къущхьэхъу хъупIэм дэкIыну зызыгъэхьэзыр и адэр, абы иш Къарэ лъакъуэхур, лэкъум хуабэ къахуихьу я пщIантIэм къыдыхьа Мухьэмэд щIалэ цIыкIур, зэныбжьэгъухэм я джэгупIэу щыта Бэтокъуэ шытхыр, зауэм «къыщIэна» поэт ныкъуэкъутэр. Къагъащ имыIэу дыгъуасэм хыхьэжа сабиигъуэр, дунейм темытыж Iыхьлыхэр. Абыхэм епха гукъэкIыжхэр хьэлъэщ, ауэ лирикэ лIыхъужьым фIы дыдэу къыгуроIуэ блэкIа къуэдейкIэ цIыхур псэу зэрымыхъунур, ар и нобэм, псом хуэмыдэу и пщэдейм щIэгупсысу, и къэкIуэнур зэригъэфIэкIуэным пылъу псэуи зэрыхуейр:

Хэшхыжу лъагъуэ,
Уи мурад уиIэжу,
Пщэдейм ухуэкIуэу
ХэбгъэщIыныр гъуэгу
Iугъуэщ ямылейуэ,
Ауэ уи Iэужьым
КъыпкIуэр щыпльагъужкIэ
Хохъуэр унгу...

И сабиигъуэм и ужькIэ, лирикэ лIыхъужьым и нэгу къыщIохьэ дуней псор мафIэсым хэлъэда зауэр: сабийхэр мэгъуэг, цIыхубзхэр мэгуIэ. Абы хэту, сабалъэ гъуэгум къытохьэ щIалитI, я анэр я гъусэу. Анэм и

нэнсыр щIелъэщIыкIри, зауэ гъуэгуанэм тригъауэ и къуитIыр мылхуэдэ псалъэхэмкIэ еущий:

Фэ тIурт мы дунейм гурыфIыгъуэу
щыэнIэр.
Емынэ талом и зэранкIэ, си бынхэ,
Фыдашри, блэ фIыщIэм
ЛIы хуэдэу фебэнхэ!
Ди лъэпкъым игъащIэм хэтакъым
лIыгъэншэ
Фи адэ фрикъуэщ, фефащ си быдзышэ.
Фи адэм,
Фи лъахэм
Я напэр теммых.
Фыдзыхэу къэмгъазэм –
Си дежкIэ гуихщ.

Поэмэм и кIуэцIкIэ лирикэ лIыхъужьым и нэгу щIэкI Iуэхугъуэхэр къыхуэзыIуэтэжу тхыгъэм и пщIэдэм деж абы къыщхьэщыхьа «ныбжь плъыфэншэр» езы лирикэ лIыхъужьым и адэ къуэш нэхъыщIэ Сэламу къыщIокI. Сэлам щIалэ дыдэу (и ныбжьыр илъэс тIощIым иту) зауэм хэкIуэдащ. Абы и кIуэдыкIэ хъуар, апхуэдэуи зауэр зэрыгущIэгъуншэр усакIуэм психологием лъэщ хэлъу поэмэм къыщегъэлъагъуэж:

... А псори къыщысщIар, си шынэхъыщIэ,
<...>
ЩIыхуитIым къалъхуа цIыхум ил мыузу
Къыстригъапщэу автомат гъэпкIар,
Си нитI къэщтам мы щIылъэр къыдэгъэзу,
Гъэ тIощI згъэщIауэ сыкъыщиукIари...

Зэрыгълъагъуэщи, «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм гупсысэ куэд щызэхэзухуэнащ. Абыхэм языхэщ зы цIыхуи лъэужьыншэу дунейм зэремыхыжыр: дэтхэнэ зыми къызэренэкI Iуэхугъуэ гуэрхэр, ахэр фIыуи Iейуи щрет: *«Ер уи Iэнэгъуу гъыщIэр пхьам, бэяну / УкъэкIыжынущ уэ зэгуэрым бапэу. / Ухуэлэжьамэ фIым, пIэтам уи лъахэр, / УкъэкIыжынущ нэр лъыъаху удэ дахэу»*.

Ищхьэкlэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Уэрзэйм и поэмэм и лъабжьэр пщIыхьэпIэщ. ПщIыхьэпIэм цIыхум и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ. Ар Тхьэмрэ цIыхумрэ зэрызэрыщIэ Iэмалу, къэкIуэнур уи нэгу щIэзыгъэкI, узыущий, Iуэхугъуэ гуэрхэм укъыхуезыджэ е упыIуэныш нэщэнэу, символу щIэнытгъалIэхэм къалъытэ. ПщIыхьэпIэм ехьэлIа символикэр художественнэ тхыгъэхэм куэдрэ къыщагъэсэбэп. Абы тхыгъэр нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ещI. Псалъэм папщIэ, дигу къэдгъэкIыжынщ урыс тхакIуэшхуэхэу Горький Максим и «Мать» романым къыхэщыж Ниловнэ, Гончаров Иван и «Обломов» романым и образ нэхъыщхьэ Обломов, Достоевский Фёдор и «Преступление и наказание» романым къыхэщыж Раскольников сымэ я пщIыхьэпIэхэр, апхуэдэуи Бещтокъуэ Хьэбас и «Мылэ лъэхъэнэ» роман-мифым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Ану и пщIыхьэпIэр. А пщIыхьхэм псоми мыхьэнэ зырыз яIэщ, ахэр зылъэгъуа

цlыхухэр зыгуэрым хуаущий. Уэрэжейм и поэмэм пщlыхьэпlэр авторым тхыгъэм и идее нэхъыщхьэр къызэригъэлъагъуэ зы lэмалу къокlуэ.

Уэрэжей Афлик и «Лэщlыгъуэхэр зэподжэж» тхыгъэм щекlуэкl lуэхугъуэ псори зэрыпщlыхьэпlэр къыщыгщlэр усакlуэм зауэм хэкlуэда и адэ къуэш нэхъыщlэ Салам къыхуэкlуэу и ажалыр къызэрыса щlыкlэр къыщыжриlэжым дежщ. Поэмэм и пэщlэдзэм дежи авторым жеlэ lуэхур щекlуэкlыр жэщыр зэрыарар, ауэ абдежым абы и нэгу щlэкlхэр гукъэкlыжым нэхъ пэгъунэгъущ, пщlыхьым нэхърэ. Тхыгъэм и кlэм деж наlуэ дыдэ къохъу лlэщlыгъуэхэм и мыжыкъуэу цlыхухэм я псэхэри зэрызэпэджэжыр. Гъэщlэгъуэнщ зэадэзэкъуэм зы жэщым зы пщlыхь – зауэм теухуауэ – зэралъагъур:

Сыхэжэнщ нышэдибэ.
Си къуэм сыкъегъэуш:
«Папэ, слъэгъуащ пщlыхьэпl»
Зауэм удапщи,
Пэж?»

«Лэщlыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм и фlагъхэм ящыщ зыщ абы и кlуэцlкlэ усакlуэм анэдэлъхубзэр, адыгэ хабзэр, нэмысыр, цlыхугъэр зэрыщигъэлъапlэр: *«Си адыгэбзэ гуапэу дыщэ пщалъэ, / Сызэхэпхыщ? / Уэ зырщ, / Зы закъуэрщ / Анэдэлъхубзэу / Къысхуигъэщlар, / Псэущхъэу щlылъэм тетыр зэрылъапlэр / Къызэрысщlар»*.

Поэмэм и кlэм деж лирикэ лlыхъужьым и адэ къуэшым къыжреlэ лъэпкъым къэкlуэну дахэ зэриlэр, нобэкlэ и нэгу щlэкl дунейм нэхъыфl къызэрыунэхунур:

Зэ мыхъуми зэ кlуэдынущ цlыху
Къэгъэпщlэр.
Щlыр къабзэ хъунущ,
Къэпкlухьыну лъапщlэу
Умышынэжу.
Щlэблэхэр къалъхунущ,
Абы я лъынтхуэм
Ди лъыр ирижэнущ.

«Лэщlыгъуэхэр зэподжэж» поэмэр бзэ шэрыуэкlэ тхащ. Абы ущрохьэлlэ художественно-изобразительнэ lэмал зэмылlэужьыгъуэхэм, образнэ гупсысэкlэ гъэщlэгъуэным, купщlэнхуэ зыпкърылъ жыlэгъуэхэм. Псом хуэмыдэу тхыгъэр щlэщыгъуэ ящl:

– *риторическэ упщlэхэм:*

Зауэм къыпщэ гуауэр
Хэт къылъытэфын?
Щlыхум цlыху щlезауэр
Хэт къыгъэжиlэфын?

– *зыхуигъэзэныгъэ, къыхуеджэныгъэхэм:*

Лlыхъужьхэ! Фытэдж, фхъумэжыну фи Хэку,

Бий баджэр еруу э къыдохьэр ди жьэгу.
Къэтэдж, къэралышхуэ, къэтаджи зышэщI,
Лъэпкъ куэдыр зэкIуэтым къарури мыжэщIщ...

– *IуэрыIуатэм щыщ пычыгъуэхэм:*

Уей жрамыIэнкIэрэ
Андемыркъаным и тхыдэщ...

Поэмэм и фIагъхэм ящыщщ ар ритмикэ, рифмэ и лъэныкъуэкIэ зэпэщауэ тха зэрыхъуар. Ауэ тхыгъэр икIыхыгъкIэ зы усэ жыпхъэм иткъым. Псалъэм папщIэ, илъабжьэкIэ къэтхьыпу пычыгъуэр *стопаищу зэхэт хорейкIэ* тхащ:

Псалъэ дахэ дыдэу
ЩыIэр сыту куэд,
ЩIыгур ягъэуардэу,
ЯмыIэпу кIуэд! [7:141]

UU /UU /– U
– U /– U /–
– U /– U /– U
UU /– U /–



Ауэ мы щапхъэр хорей жыпхъэм къабзэ дыдэу изагъэркъым: япэ сатырым и япэ, ещанэ пычыгъуэхэм, еплIанэ сатырым и япэ пычыгъуэм деж пиррихиер мэув.

Поэмэм и нужьрей – еннэ – Iыхьэм деж *стопаитхуу зэхэт ямбкIэ* тха пычыгъуэхэм ущрохьэлIэ:

Седжэрхэж сфIэщIыжу уафэ джабэм,
Сыпхохур зэуэ пшэ хужь къаущ щабэм.
МафIэси, Iугъуи, гъуэзи мэбзэхыж.
НужькIэ... адкIэ зыри сымыщIэж.

UU /U – /U – /UU /U – /U
U – /U – /UU /UU /U – /U
U – /U – /U – /UU /U –
U – /U – /U – /UU /U –

«ЛэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэм и бзэр зыгъэдахэ, зыгъэшэрыуэ Iэмалу тхакIуэм къигъэсэбэпхэм языхэщ макъ зэщIэжыуэр – *аллитерацэкIэ* зэджэр: «Си сабиигъуэ *игъуэу* насыпыфIэр»; «Мы гъуэгуанэм дэнэ сишэну?», н.

Поэмэм рифмэ ухуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэми ущрохьэлIэ:

– *IуэрыIуатэм и рифмэм (народнэ рифмэкIи йоджэ):*

БлэкIа гуэрым симыгъэжейуэ
*Си* пщIыхьэпIэм къыхуищIырт джакIуэ.
НакIуэпакIуэу пиудт си **жейри,**
**Хэлъадэжырт** зэманым щхьэкIуэу.

Мы щапхъэм деж Iуэрыlуатэм и рифмэкIэ зэпыщIащ япэ сатырым и кIэухымрэ етIуанэм и пэщIэдзэмрэ, ещанэ сатырым и кIэухымрэ еплIанэм и пэщIэдзэмрэ. Iуэрыlуатэм и рифмэм нэмыщI, мы щапхъэм ущрохьэлIэ кIэух рифмэм и зы лIэужыгъуэм – рифмэ зэблэдзам: абыкIэ зэпхащ япэ сатырымрэ ещанэмрэ, етIуанэмрэ еплIанэмрэ.

– *къызэщIэзыубыдэ, къызэщIэзыкъуэ (кольцевая, охватная) рифмэ:*

Иджыри куэду щIылъэм щокI <u>банэжьыр</u>,
Мы удэ гъэгъар абы зэщIимыщтэным,
Зы бапи, зы ежьужьи къэмыпэным
Сэ махуэ-жэщ имыIэу <u>сытолажьэ</u>.

– *рифмэ зэблэдза:*

Иджы зэ моуэ накIуэт, <u>шынэхъыщIэ</u>,
Мы губгъуэ пэгъагъум сакъыу *сыщоплъыр*,
Дызыхэт хьэсэр удэ гъэгъам <u>дохъущIэр</u>,
Дызытет лъагъуэм егъэтыншыр *лъэр*.

– *рифмэ зэщхьэу:*

Аращ дунейр. Уахътыншэкъым цIыху *гъащIэр*,
Си шынэхъыщIэ, хьэкъыу мыр *зэгъащIэ* –
Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр лъынтхуэм <u>игъэбауэу</u>
Уи псэухуи ещIылIэ зауэм <u>зауэ</u>.

ДэтхэнэцIыхуми, лъэпкъми и пщэрылъщ блэкIам хэплъэжу фIымрэ Iеймрэ зэхигъэкIыну, абы хуэфащэ гулъытэ хуищIыну, дерс къыхихыну. Адыгэхэм ятелъа гугъуехь-балъыхьыр, лъэпкъыр зэман кIыхькIэ зыхэта мафIаер тхыдэми щэнхабзэми хъума щыхъуащ. Абы къыдэкIуэуи, зауэ лыгъэр, абы къыпа гуэныгъуэщхуэр екIуу, пэгъэсауэ къагъэлъэгъуэжын ялъэкIащ ди лъэпкъ усакIуэхэм, тхакIуэхэм, драматургхэм. Абыхэм я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм я сэбэпкIэ щIэблэщIэм деж нэхъэса хъуащ гъащIэ блэкIам и пэжыр. Апхуэдэ тхыгъэу нобэкIэ дэ дызыщыгъуазэхэм яшыщщ нщхьэкIэ щызэпкърытха «ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж» поэмэри.

Лъэпкъ псэкIем и хэлъхьэныгъэ хъуащ Уэрэкьей Афлик и «Гупсысэ» поэмэри. Ар философие куукIэ псыхьа тхыгъэщ. Поэмэр «Подол матери» фIэщыгъэм щIэту урысыбзэкIи дунейм къытехьащ, «Сроки счастья» (1991) сборникым иту.

«Гупсысэ» поэмэр зытеухуар, абы и *темэ* нэхъыщхьэр зэ сылъыгъуэкIэ хэхауэ пхуэубзыхунукъым. И фIэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, зи гугъу тщIы тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар гупсысэ зэхуэмыдэхэрщ. Поэмэм и кIуэцIкIэ усакIуэм и гупсысэм къуэпсыбзэу зыщеубгъу: гъащIэм, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм, Хэкум ехьэлIа гупсысэхэр абы и щхьэм куэду щызэблокI.

Зэкуэмыдэу куэдыр догупсысэ:
Зым къегъэщIыр ди псэм дыхьэ псысэ,
Зыми шхуэу тхьэр игъэпщIыфынущ.

Поэмэм и *идее* нэхъыщхьэр цӀыхур ущиинырщ, фӀым къыхуеджэнырщ, хуэгъэушэнырщ. ГъэщӀэгъуэну ухуащ поэмэм и *композицэри* – ар диалогитӀу зэхэлъщ. Япэ диалогыр лирикэ лӀыхъужьымрэ щӀыанэмрэ я зэхуаку къыдохъуэ. Лирикэ лӀыхъужьым игу зэрыгъуэхэр, нобэрей гъащӀэм ар щызыгъэпӀейтейхэр щӀы-анэм хуеӀуатэ:

Зэхэтхыжкъым гъатхэм
Гъатхэ уэшхыр
Къытхуэгуапэу щӀым
Зэрыдыхьэшхыр.
КъытщӀихьэжкъым удэ гъэгъа мэ гуакӀуэр.
Ауэ ноби щӀыгум щызогуакӀуэр
НыбжьыщӀитӀ.
ДяпэкӀэ а тӀум
Къапэлъэр сыт?
ЗэрымыгъэпщӀэжмэ –
Я насыпт.

АдэкӀэ поэмэм усакӀуэм зи цӀэ примыӀуэ цӀыхуитӀым я диалогыр, нэхъ пэжу жыпӀэмэ зэдауэныгъэр къыхохьэ. Ар кӀыхьщ, ауэ щапхъэу къэтхьынщ а псалъэмакъым щыщхьыщхьэ Ӏыхьэхэр:

*Япэ цӀыхум:*
Акъылыр епмэ,
ХокӀуэдэжыр тхыдэр,
ХэкӀуадэм тхыдэр,
Лъапкъыр хэкӀуэдащ.
Сыхуейкъым сэ,
БлэкӀам сыкъимыдэжу,
Си закъуэщӀийуэ
Сыхыхьэн щӀэдейм.

*ЕтӀуанэм:*
<...> БлэкӀар блэкӀащи,
ЩыблэкӀакӀэ,
БлэкӀам нӀэжкъым зэи къэгъэзэж.
Сыт махуэ къэс щӀэрыщӀэу къебгъэблыжкӀэ?
Игъэхуи уи гум,
Уи псэр гъэтыншыж.
<...> Зи гупкӀэ унтӀысхьам
Уэрэд къыхидэр къыхуигъакӀуэ уи пшынэм,
Уемыгупсысу ар щӀызэхалъхьам.
Срешэ хьэмкӀэшыгум здыхуеймкӀэ,
Сыкъыпымыхумэ арщ сызыхуейр.

*Япэм:*
Ар дауэ, дауэ?
Си щхьэм къимытӀасэ.
Уэ уи щхьэ закъуэм епхыжа гупсысэ
ФӀэкӀа уимыӀэу
Дауэ упсэуну?

*ЕтӀуанэм:*
<...> Сэ содэ сщыгъыр хэтми зи фащэр,
Къимыщмэ си лыр,
Щхьэфэр и лъэгущӀыхьщ.

Ищхьэкlэ къэтхьа диалогымкlэ усакlуэм сэтей къещl иджырей цlыхухэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, нобэрей гъащlэм щытепщэ гупсысэкlэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я дежкlэ *хабзэ, намыс, цlыхугъэ, лъагъуныгъэ, гущlэгъу* псалъэхэм мыхьэнэ яlэжкъым, апхуэдэхэм я гъащlэм щынэхъыщхьэр *ахъшэ, дыщэ, мылъку* псалъэхэрщ. А гупсысэхэр Уэрэзей Афлик и поэмэм и кlыхьагъкlэ щыпхышащ. Тхыгъэм и кlэм деж къыщыхьа щlы-анэм и псалъэхэр гугъэфlхэмкlэ гъэнщlащ:

> Къытхэтми нобэ гъащlэр зыхьхэр нэду,
> Аракъым зыубэмыхунур ди пщэдейр...

«Гупсысэ» поэмэр бээ къулейкlэ тхащ. Поэмэм и кlуэцlкlэ усакlуэм и дуней лъагъукlэр дахэу, пкъыгъуэ (деталь) гъэнщlагъуэнхэм япкъырыгъэшыпсыхьауэ къеlуатэ. Абы папщlэ усакlуэм тхыгъэм къыхегъэхьэ щlыуэпсым и теплъэр – вагъуэхэм, мазэм, дыгъэм, жьыбгъэм, хьэуам и образхэр:

> Губгъуэшхуэр гуэдэ щхьэмыжкlэ мэlущащэ,
> lущацэу къыпохужри жыгым пщlащэр,
> Жыг щlагъым тlэкlу нэщхъейуэ щогъуэлъыкl.
> Къырыщхьэр дыгъэ бзийхэм къыпалыкl.
> Хьэуар мэбауэ,
> Жьыми увылэпlэ
> Имыlэу къыщежьыхьыр жыг къудамэм.

Мыбдежым усакlуэм художественно-изобразительнэ lэмал гъэщlэгъуэнхэр къыщигъэсэбэп: метафорэ, зэгъэщхьэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ, нэгъуэщlхэри. Абы къыдэкlуэуи, ищхьэкlэ къыщытхьа пычыгъуэм гъэпсыкlэ екlу иlэщ. Абы къыщигъэсэбэпащ кlэух рифмэ зэгуэгъур *(мэlущащэ – пщlащэр, щогъуэлъыкl – къыпалыкl)*, lуэрыlуатэм и рифмэмрэ тавтологическэ рифмэмрэ зэхэту (япэ сатырым и кlэухымрэ етlуанэм и пэщlэдзэмрэ – *мэlущащэ – lущацэу*, апхуэдэуи етlуанэ сатырым и кlэухымрэ ещанэм и пэщlэдзэмрэ – *жыгым – жыг* – тавтологическэ рифмэхэмкlэ зэпхащ).

«Гупсысэ» поэмэм и бзэр къулей ящl абы мызэ-мытlэу узыщрихьэлlэ псалъэжьхэмрэ жыlэгъуэхэмрэ. Апхуэдэхэщ *«Зэманым декlур lыфlыщ»*, *«Зи гупкlэ уисым и уэрэд дежьу»* жыхуиlэхэр, нэгъуэщlхэри.

Уэрэзей Афлик и lэдакъэщlэкl поэмэхэу ищхьэкlэ зи гугъу щытщlахэм – «Лlэщlыгъуэхэр зэподжэж», «Гупсысэ» жыхуиlэхэм – къупщlэшхуэ яхэлъщ, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ яlэщ. Ауэ тхыгъэхэм я фlагъхэр къыщыпхутэкlэ, абыхэм я щыщlэныгъэми гу лъумытэу къанэркъым. Апхуэдэ щыщlэныгъэхэм языхэщ поэмитlми я образ системэр. Япэ поэмэм – «Лlэщlыгъуэхэр зэподжэж» жыхуиlэм – образ, цlэ гуэрхэр къыхэщ пэтми (нанэ, папэ, Мухьэмэд, Быбэ, нэгъуэщlхэри), ахэр абстрактнэ образщ: усакlуэм къыджиlэркъым абыхэм я теплъэр, щытыкlэр, дуней тетыкlэр, атlэ къызэригъэсэбэпыр лирикэ лlыхъужьым и гурыгъур къызэригъэлъагъуэ «lэмэпсымэ» къудейуэщ. Абыхэм зымащlэкlэ ефlэкlыу зэфlэува хъуащ Сэлам и образыр. Поэмэм и кlуэцlкlэ усакlуэм щыгъуазэ дещl ар лирическэ лlыхъужьым и адэ къуэш нэхъыщlэу зэрыщытым, иджэ тlощl ныбжьым иту зауэм

зэрыхэкӏуэдам, абы и гупсысэкӏэм, ӏуэху еплъыкӏэ зехуэмыдэхэм. Ауэ а образри нэгъэсауэ къыпхуэлъытэнукъым.

Уэрэзей Афлик и етӏуанэ поэмэм – «Гупсысэ» жыхуиӏэм – образхэм я щӏэ къудеи къыхэщыркъым. Абы къыщокӏуэ лирикэ лӏыхъужьым, щӏы-анэм, нэгъуэщӏ щӏыхуитӏым я образ плъыфэншэхэр. Уеблэмэ, тхылъеджэм и дежкӏэ зэхэгъэкӏыгъуафӏэкъым а щӏыхуитӏыр щӏыхухъурэ бошлъхугъэрэ. Лирикэ лӏыхъужьым и образри зэфӏэува хъуакъым: ар къыздиӏукӏыр къыпхуэмыщӏэ макъ гуэру, ныбжь псэншэу поэмэм хэтщ. Апхуэдэ образ къэгъэщӏыкӏэм дэтхэнэ эпикэ тхыгъэми и лъабжьэу щытыпхъэ сюжетностыр егъэкӏуэд, тхыгъэм еджэгъуей, гум нэсыдэгъуей ещӏ.

Ди лъэпкъ литературэм щымащӏэкъым поэмэ пэгъэсам и щапхъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщӏэ, Щоджэнцӏыкӏу Алий и «Щымахуэ жэщ», «Мадинэ», «Партизан Жамбот», «Ныбжьыщӏэ хахуэ», Кӏыщокъуэ Алим и «Адэ», «Тисей», Щоджэнцӏыкӏу Ӏадэм и «Бгыщхьэ мафӏэхэр», Кӏуащ Бетӏал и «Нэху», «Джонитӏ» жыхуиӏэхэр, нэгъуэщӏ куэди. Абыхэм ебгъапщэмэ, Уэрэзей Афлик и поэмэхэр философие гупсысэкӏэ гъэнщӏа усэшхуэхэм е усэ циклым нэхъ пэгъунэгъущ, я сюжетхэр ӏупщӏу, образ системэр нэсу зэфӏэувауэ зэрыщымытым къыхэкӏкӏэ. Апхуэдэу щытми, къыхэдгъэща щыщӏэныгъэ зыбжанэм Уэрэзейм и тхыгъэхэм я нщӏэр ягъэлъахъшэркъым. Ахэр ди литературэм зы къуэпсу хэуващ, лъэпкъ усыгъэм я увыӏэпӏэ щагъуэтащ.

Балладэ жанрым адыгэ литературэм зыужьынығъэшхуэ щимыгъуэтами, нобэкӏэ диӏэщ абы и щапхъэ нэсхэр. Псом япэ Нало Заур и «Щыху напэ», Кӏыщокъуэ Алим и «Жыгым теухуа балладэ», Бещтокъуэ Хьэбас и «Мкртыч Даштоян папщӏэ балладэ» жыхуиӏэхэм, нэгъуэщӏхэми я цӏэ къиӏуапхъэщ.

Зэрытщӏэщи, балладэм и лъабжьэу щытыпхъэщ щӏэгъэхуэбжьа ӏуэхугъуэ, зэпэщӏэтыныгъэ, зэныкъуэкъу гуэр. Нало Заур и «Щыху напэ» балладэр къапщтэмэ, абы и лъабжьэр, конфликт нэхъыщхьэр зыхэлъыр щӏыхумрэ удымрэ напэм папщӏэ яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъурщ; Бещтокъуэ Хьэбас и балладэм деж – ар Мкртыч Даштоянрэ бийхэмрэ я зэпэщӏэтыныгъэрщ. Балладэхэм хэт лӏыхъужьхэм я псэр ят хабзэщ, я напэр, лӏыгъэр, цӏыхугъэр, псэ къабзагъэр яхъумэжын папщӏэ. Апхуэдэ тегъэщӏапӏэщ иӏэр Уэрэзейм и балладэми.

Уэрэзей Афлик и «Сурэтыщӏым теухуа балладэ» тхыгъэм и жанрыр, и фӏэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, езы усакӏуэм нубэхужащ икӏи абы арэзы утехъуэ хъунущ. Балладэр инкъым, и сюжетри псалъэуха зытӏущкӏэ къыпхуэӏуэтэнущ. Усакӏуэм зи цӏэ иримыӏуэ сурэтыщӏыр бгъащхьэм дэкӏуеяуэ уафэм и сурэт ещӏ. Пшэ фӏыцӏэ къытохьэри, уэшх къошх, щыблэрэ уафэгъуагъуэрэ щӏэту, ауэ сурэтыщӏым сурэтым зытреубгъуэри, ар зыри къыщымыщӏу къызэтонэ, езыр щыблэм еукӏ. Гущӏыхьэщ балладэм и сюжетыр. Ауэ ар авторым художественнэ ӏэзагъ ин хэлъу къегъэлъагъуэ, бэз шэрыуэкӏи къеӏуатэ.

«Сурэтыщӏым теухуа балладэм» и кӏуэцӏкӏэ усакӏуэм бэзм и изобразительно-выразительнэ ӏэмал зэхуэмыдэхэр къыщегъэсэбэп: метафорэхэр, эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, къэгъэпсэуныгъэхэр. Абыхэм я фӏыгъэкӏэ къулейщ икӏи шэрыуэщ тхыгъэр зэрытха бзэр:

Уафэ къыщхъуэм щосыр пшэ хужь Iэтэ,
Iум йоткIухыр уэгум ит хьэуар.
Гукъыдэжыр къыхузэщIиIэтэу,
Къуршри джэрпэджэжкIэ къэгуоуащ.

СурэтыщIым и псэм къылъэIэса гузэвэгъуэр психологием лъэщ хэлъу тхыгъэм къыщыIуэтащ:

Батэурэ пшэ фIыцIэр къыхуоIэгъуэ,
КъызэщIигъэуфIыцIэу дуней псор.
Уэгур макъ шынагъуэкIэ кьогъуагъуэ,
Игъэдийрэ игъэгъэу псэр.

ГъэщIэгъуэнщ уафэгъуагъуэм и псалъэ шынагъуэхэри тхыгъэм къызэрыхыхьэр:

Уафэгъуагъуэр гъуагъуэу къокIиехыр:
«Сэ къыспэкъуфыну цIыху Iэрыкl?».

«СурэтыщIым теухуа балладэр» и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс зы усэ жыпхъэм – стопитхуу зэхэт хорейм – иту тхащ:

Щыблэм къиутIыпщауэ хъуар щыблэшхэу
Зытехуар и гущхьэрщ сурэтыщIым, –
Къригъэлри и уафэ IэрыщIыр,
И псэр ехыжащ дунейм узыншэу.

– U /UU /– U /– U /– U
UU /– U /– U /UU /– U
UU /– U /UU /UU /– U
– U /UU /– U /– U /– U

Балладэм и Iыхьэ нэхъыбэр *кIэух рифмэ зэблэдзакIэ* тхащ:

И IэрыкIым и гур кърикъэблу,
ЕщIри-ещIыр уафэм и ***сурэт***.
И сурэтым дыгъэр къыщегъабля,
ЩIэлъу дунейм кIэшпэм и ***къэуат!***

КIэух рифмэ зэблэдзам къыдэкIуэу, зи гугъу тщIы тхыгъэм ущрохьэлIэ нэгъуэщI рифмэ лIэужьыгъуэхэми. Псалъэм папщIэ:

СурэтыщIыр теубгъуащ мольбертым,
И IэщхьитIым къыпожьэж ***уэшхыныс***:
Мы дунейр узлбанэм къыщикъутэм,
Зытриубгъуэжри и сурэтым,
Къытригъэшхакъым зы уэшх ***ткIуэпс***.

Мы щапхъэм деж кIэух рифмэкIэ зэпхащ янэ, ещанэ, еплIанэ сатырхэр, етхуэдэуи – етIуанэмрэ етхуанэ сатырымрэ. Янэ сатырымрэ ещанэмрэ кIэух рифмэ *зэблэдзакIэ*, етIуанэмрэ еплIанэмрэ *къызэщIэзыубыдэ*

*(къыхэщlэмкъуэ)* кlэух рифмэкlэ, ещанэ сатырымрэ еплlанэмрэ кlэух рифмэ зэгуэгъукlэ зэпхахэщ.

«Сурэтыщlым теухуа балладэр» зэрыщыту сатыриплlу е тхуу зэхэт строфакlэ тхащ.

Уэрэзейм и адрей эпикэ усыгъэхэми хуэдэу, зи гугъу тщlы балладэм и образ системэр нэщlыса хъуакъым. Абы емылъытауэ, «Сурэтыщlым теухуа балладэр» усакlуэм и творчествэм щынэхъыфlхэм яхалъытапхъэщ. Ар сыт и лъэныкъуэкlи – темэкlи, идеекlи, къыщыlэта lуэхугъуэкlи, композицэкlи – балладэ жанрым йокlугъэ.

Уэрэзей А. и ехъулlэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ и сонетхэмрэ «Тхыдэ» зыфlища сонет lэрамэмрэ. Иужьрейр литературэм и жыпхъэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, арэщ абы иту тхауэ ди усыгъэм хэт тхыгъэхэм я бжыгъэр щlэмащlэри. Сонет lэрамэр сатыр пщыкlуплlу зэхэлъ сонетурэ пщыкlутху мэхъу, абыхэмкlэ зэхэгъэува цикл къагъэщlу. Сонет lэрамэм и щхьэхуэныгъэщ къыкlэлъыкlуэ сонетыр ипэ итыр зэриуха сатырымкlэ къыщlидзэу гъэпсауэ щытынир. Сонет пщыкlуплlыр зэриух иужьрей сатырхэр зэкlэлъыхьауэ хоупэ епщыкlутхуанэ сонетым – «магистраль»-кlэ зэджэм, абы сонет къэскlэ ящlэлъ гупсысэ щхьэхуэхэр къыщызэщlэкъуэжащ. Даул, тыншкъым усэ сатыр 210-рэ хабзэ хэхам тету зэпхауэ къэбгъэщlынир, абы и жыпхъэми, и рифмэ гъэпсыкlэми, щыпхрыша гупсысэхэми тещlыхьауэ. Апхуэдэу щытми, Уэрэзей Афлик усыгъэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ сонет lэрамэ итхын хузэфlэкlащ. Абы хэт сонетхэр «инджылыз» ухуэкlэм и щапхъэм тету тхащ. И фlэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, сонет lэрамэр зытеухуар тхыдэ къэхъугъэхэрщ, абы lэкlуэлъакlуэу хэухуэнащ лъэпкъ зэхэщlыкl-гупсысэри, мифологием и кlапэлъапэхэри.

Уэрэзейр зэдзэкlыныгъэ лэжьыгъэми и зэфlэкl щеплъыжащ. Абы адыгэбзэкlэ зэридзэкlахэм ящыщщ Мэлбахъуэ Елбэрд и «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» романыр; Кулиев Къайсын и «Си гущэкъу уэрэд», «Бзу абгъуэ», «Фэрыншауэ сынсэуфынкъым» усэхэр; Моттаевэ Светланэ и «Кхэим къыщалъхуа къуажэм», «Зыгуэрым игу зрибгъэхьынур» усэхэр; Ольмезов Мурадин и «Апхуэдизу, сигу, сыт ущlэщыгъуэр», «Жыгищ», «Ажалымрэ гъащlэмрэ», «Дыщэ нэпсыр зыщlэжа бзиху дахэ», «Япэ уэс» усэхэр; Лермонтов Михаил и «Къэрабгъэ» поэмэр; Пушкин Александр и «Кавказ гъэр» повестыр, «Щымахуэ пщыхьэщхьэ» усэр, «Попымрэ абы и лlыщlэ Балдэрэ» таурыхъыр, нэгъуэщlхэри.

Уэрэзей Афлик lэужь дахэ къызэринэкlащ. Апхуэдэщ абы и тхылъ щхьэхуэу лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьахэр: «Нэхущ уэдж» (1985), «Лlэщlыгъуэхэр зэподжэж» (1989), «lуащхьэжь» (1997), «Кхъужей къудамэ» (2004), «Гъуэгущхьибл» (2007) жыхуиlэхэр. Урысыбзэкlэ къыдэкlащ «Сроки счастья» (1991), «Серебряное кольцо» (1993) усэ тхылъхэр. Мыхэр усакlуэм и зэчий иным я щыхьэт хъуащ, лъэпкъ литературэм хуищlа хэлъхьэныгъэр къызэрымыщыт пщалъэщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ** *Людмилэ,*
*филологие щlэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр*

# УЭРЭЗЕЙ Афлик

## СИ ЛЪАХЭ

Дыгъуасэри пщэдейри къыщlигъалъэу,
Гупсысэр мэкlэрахъуэ щlыгъуу щlылъэм.
Зэм егъэзэжыр ди адэжьхэм деж.
Пщэдейм и пшагъуэм зэм ефlыхокlуэдэж.

Лlэщlыгъуэ бжыгъэ зи кlыхьагъ уэрамым
Къысщохъу уи тхыдэр гъуджэу къытещыж.
Псы адрыщlкlэ щылъахъэ къуанмыр
Иужьу, иужь дыдэу къэщыщыж.

Ауэ иджыри задэщ джабэ нэкlуу
Пщэдджыжь къэсыхукlэ Дыгъэр зыщыхъуакlуэр.
Мыжэщlу джабэ лъапэм къыщlэж псым
Зэманым зэи хухисэнкъым сыи.

Лlэщlыгъуэ кlуам, къэкlуэнум уэрщ щысхьагъуэр,
Уэра къысфlощl щlэбауэр мы дунейр.
Уэращ уэшхпежьэ уафэри щlэгъуагъуэр,
Уи куэщlым щокlэрахъуэ Щlы хъурейр.

## ХЫПЫГУ ЖЫЖЬЭ

Къыхыхьэу куэдрэ си псысэм,
Къыщlыхьэу lэджэрэ си нэгу,
Гъунэншэ хым и курыкупсэм
Къыхонэlукlыр зы хытlыгу.

Хытlыгум ухуэзэмэ лъагъуэр
Къэзыгъуэтыфыр зым и пэбжщ:
Ар телъыщи псым нэрымылъагъуу,
Зи гур хьэлэлым къыподжэж.

Къыппаджэжамэ джэрпэджэжу,
Пхуэхъунущ лъагъуэр насып гъуэгу.

Хытӏыгум зэӏуихынущ куэбжэр,
Гуапагъэ къыщӏмэ уи нэгу.

Абы щащӏыхукъым фыгъуэ-нжэр,
Ӏужажэм ар яхуэхъукъым гъуэгу,
Щӏыху гъащӏэр щижкъым вагъуэижу,
Дунейм щимыгъэнщӏауэ игу.

Псым тетщ щэнауэу кхъуафэжьейхэр,
Уэрэд хур щащэхэм къраш.
Уэрэдым псым къыхиш бдзэжьейхэм
Псы щхъуантӏэ щӏыӏум удж щыхаш.

Щызэшкъым щӏыху мыбы, щезэшкъым,
Щымыщтэ зыми къуаллэбзур.
Дыжьын жыгъей макъым и тхьэгъушкъым
Нэхущ шынальэр зыгъэзур:

Къуэкӏыпӏэ пшэплъым и лъэ макъыр
Хуэщабэрыкӏуэу зи лауц
Уэрэд нэщхъыфӏэм и макъымэм
Пщэдджыжь уэрамыр къыдоуш...

А хытӏыгу жыжьэм и щӏыгулъым
Пӏастэмэ Ӏэфӏыр хобэукӏ,
Гъатхэпэм гъуиэ гъэм хуралъэу,
Я вагъэбдзумэр щогъуэлъыкӏ...

А хытӏыгу жыжьэр хэтщ си псысэм:
Зэгуэр хы Фӏыщӏэм адыгэпсэу
Зыӏэщӏилъхьахэр а хытӏыгум
Щызэхуэсыжри, щӏэрыпсу
Щаухуэжащ адыгэ жьэгур.



## АДЫГЭ УЭРЭДЫЖЬХЭР

1

Ипщэкӏэрэ сыныдэплъеймэ,
Къухьэпӏэр пшагъуэ гуэрэнкъэ.

Ищхъэрэкlэ сыкъеплъыхыжмэ,
Къуэжlыпlэр шпа фlыцlэ блынкъэ.

Ищхьэмкlэ сыдэплъеинут, уей,
Шынагъуэу сегъэгупсысэ.
И лъабжьэмкlэ сеплъыхыжынут, уей,
Си напэм къысхуимытlасэ.

Къызэхэсплъыхьмэ хъуреягъыр,
Ныбжь гуэрхэр щызэхэзоуэ.
Сэпхуэдэм я макъыжь жагъуэр
Зыщlыпlэ щызэщlожыыуэ.

Зауаем хуагъэпса псэхэм, уей,
Къызэщlагъаплъэрэ хьэуар,
Шкlуржэу ежэха псыхэр, уей,
Дыгъужь нэщlауэрэ къыуащ.

Бгы жьэгъуэжьхэм щагъэуа топхэр,
Топ уэ макъхэр ауэхэм щоlу.
Нэхъуеиншэу сыlэбэ пэтми,
Щыэгъуэтыжкъым зыщlыпlи мэlу.

Згъэlунут си уэрэдыжьри, уей,
Зы щlыхуи къемыдэlуэжрэ.
Пщыналъэу дунейр зи ныбжьри, уей,
Зыщlыпlи щамыгъэlужрэ.

Лъыгъажэр зи гъуэгугъэлъыгъуэхэм
Я лъагъуэр лъакъуапlэ защlэщ.
Малэгъуэр зи жэщ шынагъуэхэм
Мазэхэр я насып тlуащlэщ.

Лъыгъажэм ухуэlэжьмэ, уей,
Уи гъуэгур нэпс-лъыпс захалъкъэ.
Сэрмахуэ, мы дунейжьмэ, уей,
И набжьэм зыгуэрхэр щlалъкъэ.

Адыгэм сыкъеджэжынути,
Си макъыр дэнкIэ згъэзэну?
Адыгэр къэслъыхъуэжынути,
ДэнэкIэ къыщыщIэздэну?..

ИщэкIэ сыдэплъеннути, уей,
Къухьэпlэр шагъуэ гуэрникъэ.
ИщхъэрэкIэ сеплъыхыжынути, уей,
КъуэкIыпIэр пшэ фIыцIэ блыныкъэ.

2

И пшыналъэ егъэlужь дэтхэнэ зыми,
ЗэрыIэпихым хуэдэу и псэм, и гум.
Пщэдджыжь макъамэр схуэзэхелъхьэ бзуми,
Дзапэ уэрэду трелъхьэж си гъуэгум.

СопэщIыр сымыпIэщIэу а пшыналъэр,
Уэрэдым щIэзгъэдэIуу адыгэщIыр,
Хы Iуфэм толъкъуэн фIыцIэр къыщыспоплъэ,
Макъамэр щигъэIуну адрыщIым.

Къыщелъэтыхыр бзуми хы гущIыIум,
КъыщIэдэIужу зэхилъхьэ пшыналъэм,
ХуеплъэкIыжрэ и тхыдэ гуемыIум,
Хы Iуфэм къыщилъыхъуэу нэпс гъэжалъэ.

Нэпс гъэжалъэ яфIэхъуати псэр,
Гъыбзэт нусыфыр гум и лъащIэм,
Тенджызыми нэпскIэ зэхищIати псыр,
Толъкъуныр хуэмыпIащIэт адрыщIым.

Заманыр макIуэ, къэувыIэ имыщIэу,
Адыгэр къэсыжынум поплъэ губгъуэр,
Бзу цIыкIум зэхеплъыхьри хъэсэ нэщIыр,
Егъэзэж бгы жьэгъум щищIа абгъуэм.

Абгъуэм къыщыпоплъэ бзум и шырхэр,
Я ункIэкь исыжщи къэмыланджэу.

Толъкъунри нэщхъыфІабзэу мэуэрщэрыр,
Толъэджэри и хэкужь — и ныджэм.

Псэр щынасыпыфІэр адэжь лъахэрщ,
ІэфІу гур къыщеуэр и жьэгужьщ.
Балыхь Іэджэу лъэпкъ нэгум щІэлъахэр
КъыхуэзыІуэтэжыр уэрэдыжьщ.

3

Макъамэр пэщІэщ.
ІунагъэкІуэтри зэманыр,
Макъамэр сэнхуэдзэу зууащ.
УІэгъэ мыхъужь —
ЗыхэткІухьым шыгъу кІанэ
И гъыбзэу уэрэдыр къиуащ.

КъыщІохьэхэр бжэмкІэ,
КъыдокІхэр щхьэгъубжэм.
Шууейхэр си унэм щІэз мэхъу.
Сабаем иуахэу,
Лъыкъуалэр къапыжу,
КъысфІощІыр сэ ахэр къыслъыхъу.

МэтІысхэр. Я Іэщэр ялъэщІ, зэщІалъыкІыр.
Гыным пІастэмэр хотыкІухь.
ПщІантІэшхуэм шы щыщхэм я макъ къыдэІукІым
И гъунэр хьэ къугъхэм къакІухь.

— Зэхэфхрэ хьэ къугъхэр?
Фыщыс фымыпІащІэу,
Си унэр фхуэхъуну щ хьэщІэщ.
— АтІэ, зэхыдохыр:
Хьыбар къыдагъэщІэу,
Шагъдий тхуэзэшахэр къоцыщ.

Шууейхэр щІокІыжыр:
Шууейхэр зэманым

И гъуэзым уэрэду хожыхь...
Зыгуэрым щышынэу, зыгуэрым ебэну
Хьэ щтам ди пщlантlэшхуэр къежыхь.

* * *

Къухьэпlэм и пшэплъым щыхишурэ гъуэгу,
Шы гуартэр пщыхьэщхьэм нэщхъейуэ мэджэгу,
Гу уэзр кlэлъыплъурэ дыгъэр мэтlыс,
Къэтlыс, шынэхъыщlэ, зэ мэуэ къэтlыс.

Сакъ дыдэу шы гуартэм къуриш джабэр къежыхь,
Ныбэкъ гуартэр уэс плъыжьым фlыщlафэу тожыхь,
Жей хуолlэри, хуэмурэ дыгъэр мэтlыс,
Къэтlыс, шынэхъыщlэ, зэ мэуэ къэтlыс.

Мазэщlэм и ныкъуэр пшэ къуацэм къыхоплъ,
Мазэщlэр гъэпщкlуауэ шы джэгухэм кlэлъоплъ.
Шым лъахъэ ирилъхьэурэ дыгъэр мэтlыс,
Къэтlыс, шынэхъыщlэ, зэ мэуэ къэтlыс.

Сэ сщlэркъым, щэдеи шы гуартэр джэгун?
Е къуршым щхьэдэхыу архъхэу кlуэдын?
Шы джэгухэр ириджэурэ дыгъэр мэтlыс,
Къэтlыс, шынэхъыщlэ, зэ мэуэ къэтlыс.

Къэтlыжи, къыхэдзэ псэм хыхьэу уэрэд,
Си хъэпкъым макъамэ гуузхэр и куэдщ.
Къыхэдзи, уэрэдкlэ шы гуартэр къедджэж,
Къеджэжи сигу зэщым псэхугъэ етыж.

* * *

Дунейм уахътыншэр Щlы хъурейм къекlэрэхъухьыр,
Илъэс хъурейр цы топу трешыхь.
Дыгъэр зы кlапэм къыщыщlэкlрэ зым щыкъухьэу,
И дарий джанэм Щlышхуэр кlуэщlешыхь.

Лlэщlыгъуэ дапщэ екlуэжlа апхуэдэ защlэу,
Псэ дапщэм я нэр къыщыпщlа мы щlым?
Дунейм къыщыхъукъым зыри зэрымыщlэу,
Къэхъугъэ псор къыщlэхъуэр сыткlэ пщlэн?

Сэ сщlэркъым ар. Ар зыщlэри сымыщlэ.
Къэсщlэнуи сыхуейкъым. Сызыхуейр –
Дызэдэвгъэпсэухэ дызэхуэгумащlэу,
Дыхуеймэ кlэрэхъуэну Щlы хъурейр…

Мо гущэм хэлъ сабийр зэрыпсэ къабзэ,
Бэджагъэ зыхэмылъу къэхъун лlыхъу!
Илъэс щlэрыпсщ, махуэ щlэрыпсщ, уэс щlэрыпсыбзэщ –
Щlыхугъэ дахэр гъащlэ нэтlэ пхухъу!

* * *

Гъатхи гъэмахуи,
Бжьыхьи щlымахуи
Хуэмурэ гъащlэр йокlуэкl.
Хэт тхыдэ кlуам хидэмыфыну зы махуэ,
Блэкlар хэт хуэщlыну зэгъуэкl?

Тхылъым имытыр щlы напэм тетхакъэ,
Ижьым къытщlихуркъэ нэкъ?
Зэи зыщlыпlи къуэрш псо щыхъеякъэ,
Хы lуфэм къыlуиину лъэужь?

Макlуэ лlэщlыгъуэхэр,
Уафэ архъуанэм
Ещхыщ щlы хъурейр хилъэфам.
Шэрхъыу игъащlэкlэ щlыр кlэрахъуэнут,
Гудзэу блэкlар хэмылъым?

* * *

Сыт къэхъуар ирэгуэру,
Сыт къэхъуар?

Уэрэдынша си гур
Сыт щІэхъуар?
Псалъэ кущІафІэхэр мин бжыгъэщ,
Ауэ зы
Къысхуэгъуэтыжыркъым
СыкъыщІу арэзы.
Къыщыушыжыркъым сигу лъапІэм
Зы сатыр,
Усыгъэм и тхьэм къилъагъужкъым
Си хьэтыр.
Гъатхэ накъыгъэр,
Нартхэ Ашэмэз,
Бжьамийм и кІапэ фІыщІэм
Догуаз.
Бжьамийм и кІапэ хужьым зэ сепщам,
Жьы дихужьынкІи хъунт
Мы сигу ешам.
Шэдыбжьу сыщІэмщэфтэм
Насып жьыбгъэм,
Мы щІы хъурейм ездэнут
Насып лыгъэр.
Бжьамийм и кІапэ хужьыр, Ашэмэз,
ЛъагэІуэщи, зысІэткІэ
Сыпэмыс...
Ихъуренгъри пшагъуэщ.
Пшагъуэ щІэпщэщ,
Мы сигури зэкІэ зэрыуэрэдыншэщ...

## УСЭМ И МАКЪАМЭР

Жэщым и гуауэри,
Махуэм и ІэфІри
ЩызэщІэкъуауэ зы дамэу,
Нэрымылъагъуми,
Плъагъуу къыпфІэщІу,
Усэм хэлъын хуейщ макъамэ.
Махуэхэр мэщыр,
Илъэсхэр йожэкІыр,
Гум и къеуэкІэм зехъуэжыр.

Ди сабиигъуэри жьыгъэм и лъэкlри
Усэм макъамэу етхыжыр.
Гъащlэм сатыр къыумыгхъами,
Уэ умыщlэжми,
Уи гум щоджэгур
Усэм хэлъын хуей макъамэр.

## ГУГЪЭ

Мэхъу си фlэщ — къэбгъэзэжынщ,
Зэдмытами пlалъэ.
Зэ си хэку укъихьэжынщ,
Сабиигъуэ налъэ.

Зэ си хэку укъихьэжынщ:
Уи мурадыр гулъэу,
Мывэм къелъэ Къулъкъужьын
Щыгъэу зэрылъэлъу.

Лъагъуныгъэм итхьэкъуа
Щlалэжь щlыкlу нэщхъейуэ —
Хэт насыпкlэ ирикъуа? —
Гугъэр уи пкlалъейуэ.

Зэ си хэку укъихьэжынщ...
Нэсшииищи си lэр, —
Си lэгу пхъашэм уисхьэжэи
Къыпфlэщlынщ. Угуlэу

lупхъэжынщи lэ щlыкlуитl
Сыкъэзымыщlыхур,
Сыкъэпщlауэ уэ гуитlщхьитl,
Сыкъибгэнщ утыкум...

## КЪУЛЪКЪУЖЬЫН

Къыппгъэжыркъым си гум псэхупlэ,
Накlуэ, жеlэр, шыкlуэж Къулъкъужьын,

ДыщIэсынщ IуащхьэжьытIым я лъапэм
Дыуэршэру жэщыбг нэсыху.

ЩIэдгъэнэнщ, зыдгъэпщкIуауэ, тутынри,
Iэгум илъу щэху цIыкIуу декъуэнщ.
ПщIэжрэ, ди адэм зэгуэр дыкъиубыдри,
Дефэжатэкъым куэдрэ тутын.

Ирежей зэрыхьэблэу, нэху щыхукIэ
Ди гъунэгъум щIыхьыфI ирелъагъу.
ДыфIэсынщ дигу пэщыху и жыг щхьэкIэм –
Уэ кхъужь мыхъухэр фIы дыдэу уолъагъу.

Е анишхуэм, къытесу бжэщхьэIум,
ЩигъэлъалъэкIэ хуэму щыкIуэн,
Дыбгъэдыхьэрэ тIэкIурэ делъэIум,
Нарт лIыхъужьхэм я гугъу къытхуищIынщ.

СещыIуащ, дыгъэкIуэж Къулъкъужьым,
ТIэкIу дигъэс сабиигъуэм и куэщI...
Сабий цIыкIуу хъуащ си гур къиини,
Зэхихыну хуейжкъым нэгъуэщI.

## УМЫНЭЩХЪЕЙ

Умынэщхъей!
Мэушэ нахущ бэур,
КъыдоIэбыкI къуэкIыпIэм дыгъэ бзийр,
ЗигъафIэу йошкIурэхыр псыIэрышэр,
Мы дуней псор зигъафIэурэ къоушыр.
Умынэщхъей!

Умынэщхъей!
Удз тхьэмпэм телъыщ уэсэпс,
Уафэгум хошыпсыхь пшэ хужь щIэрыпс,
Жыг къуэпсхэм, зэрыбауэр зыкъуагъащIэу,
Жыг щхьэкIэхэр хъыринэ ирагъащIэ.
Умынэщхъей!

Умынэщхъей!
Йожэхри Къулъкъужын,
Зэгуэрым зэнзэныпсу жэбзэжыныщ.
Гум гуапэу къигъэкӏыжу Щоджэнцӏыкӏур,
Иджыри хуэусэнщ абы усакӏуэ*.
Умынэщхъей!

Умынэщхъей!
Къэуцимэ, сабийм
Анэм иригъэщӏынущ лъабэдий.
Иджыри куэдрэ, куэдрэ хьыгъуэлӏыгъуэ
Дэлъынущ хьэблэм, жылэм игъэщӏагъуэу.
Умынэщхъей!

Умынэщхъей!
Пщэдджыжьым щӏиуӏукӏ
Макъамэм лъэр пшыналъэу зэрегъэкӏ.
Щӏыр мэкӏэрахъуэ щэхурэ лъэ макъыншэу,
Щӏыр кӏэрахъуэнщ куэдрэ узыншэу.
Умынэщхъей!

## УЭРЭД КЪЫЗЭРЫГУЭКӀ

Сщӏэркъым а уэрэдыр
Нэхъ къыщӏыхэпхар,
Лейуэ удихьэхыу
Сыт къыхэбгъуэтар?
Зыри щӏэуэ хэлъкъым
Къызэрыгуэкӏ псалъэхэм.
Хэти еуэфынущ
Тыншу а пшыналъэм,
Хэти хужыӏэнущ
Тыншу а уэрэдыр:
Пщащэм, щызэрихъэкӏэ
Хуэму цы лъэпэдыр,
Щауэм, щызэпичкӏэ
Хы къэукъубияр,
Анэм, щыщӏиупскӏэкӏэ

---

*Щоджэнцӏыкӏу Алий итхыгъэ цыпиау «Къулъкъужын и зы махуэ» усэ цӏэрыӏуэр.

Гущэм хэлъ сабийр...
МафIэр хьэкум йощIэр,
ЩIыIэр щIыбым дэтщ,
Укъызэрыушрэ
Уи дзапэ уэрэдщ
Къызэрыгуакlэ псалъэхэр.
Хэтыт ар зытхар?
СщIэркъым а уэрэдыр
Нэхъ къыщIыхэптхар.
Сэри сыкъотэджыр,
Пэшыр хуэзбжащ.
Гуапэу укъызэплъри,
АдкIэ пыпщэжащ.
Уи макъ гуакIуэм хуэму
Унэм къыщекIухь.
Дыгъэр ди щхьэгъубжэм
Щыму къыхоткIухь.
Япэ бзий зырызхэр
Пэшым къыщIидзащ.
Сэ сыныбдежауэ
Сэри къыхэздзащ.
... СщIэркъым а уэрэдыр
Нэхъ къыщIыхэсхар.
Лейуэ сыдихьэхыу
Сыт къыхэзгъуэтар?

*ТхакІуэ ХьэІупщы МуІэед илъэс 65-рэ ирокъу*





КХЪУЭІУФЭ Хьэчим

# БЖЬЭ ЗЫДЭСЫМ ФО ДЕЩІЭ

*Литературэ сурэтхэр*

Бжьэр псэ зыпыту Тхьэм къигъэщІахэм ящыщу нэхъ телъыджэ дыдэхэм хабжэ. Щіыхум зыгуэр къыгурыІуэ зэрыхъурэ бжьэр и гъусэщ. Унэ Іэщыну ар зэригъасэрэ илъэс минихым нэсауэ жаІэ. ИтІани, нобэр къыздэсым яхуэзэхэгъэкІыркъым бжьэм и щэхухэр, абы «губзыгъагъэу» хэлъыр къыдрихыр. Псэущхьэхэм я дунейм псори щызэпэщэчащ, псоми я пхъэ хуэфІын зэрахуэ. ХьэкІэкхъуэкІэхэри, къуалэбзухэри, хьэпщхупщхэри я щхьэрщ, я шырхэрщ зытелэжьыр. Нэгъуэщіхэм я Іуэху зыри иригузавэркъым. Бжьэр щхьэхуещэным хуэхейщ. Абы и закъуэщ нэгъуэщІхэм я фІыгъуэ щхьэкІэ зэпымыууэ улъэпхъащэр, къыхуиухари арищи, абы щхьэкІэ зызыгъэлІэжыр.

Илъэситху-хым ситу арагъэнт си адэшхуэм сыдишэурэ, бжьаlуэм сыкlуэу щыщlэддзам. Абы щыгъуэ щыlа бжьахъуэхэр иджырейхэм къащхьэщокl. Ахэр природэм щыщ дыдэт, мэз лъапэхэм, къуэ зэхуакухэм сурэт lэпапlэу хагъэтlысхьам хуэдэу уаlуплъэу. Бжьахъуэхэм я пщыlэри а мэзым е мэкъупlэм щыщ гуэрым хуэдэт, зэрызэщlэбгъа шыудзыр дыгъэм щеукlэ къыпих мэ гуакlуэм зыщумыгъэнщlу. Иджы бжьаlуэхэр «индустриальнэ пейзаж» жыхуаlэм епцхь хъужащ. Бжьахъуэхэм я пщыlэри шэрхъхэм тету кърашэкl «фини унэм» хуэкlуэжащ. Апхуэдэр нэхъ зэпицми, «бжьаlуэ»-кlэ уэздкэ хъуну къыещыхъур модрейхэрщ. Махуэгъэпс мэзым, сабиигъуэм я фэеплъу си гум ихъумэхэрщ. Ахэр си нэгу къызэрыщlыхьэжу, тхьэкlумэм къоуиэ нэхупщым щыщlэдзауэ, бжьаlуэм щхьэщыт зэщlэвуур, бжьэ къэпщlам и зэрызехьэр. Иджы сыт – лlэщlыгъуэ ныкъуэм щlигъуауэ дыкъыладэжщ, бетон унэ лъагэхэм я дазэм дыдэплъу мыхъумэ, дуней тлъыгъуркъым. Ауэ дэ ди хьыблэм Тхьэр къыхуэупсам хуэдэщ. Унэшхуэхэр щащlа къалэ гъунэр зэгуэрым Налшык опытнэ станцу жыгыщlэ сытхэр щагъэунэхуу щытам и щlапlэжыр арапщи. памыупщlу къагъэна жыг зырызэтlурытlхэр, нэхъыбэхэр ди пщlантlэхэм иджыри къыщокl. Уэру, щхъуэкlэплъыкlэу гъатхэм зэщlогъагъэ «алыча» лlэужыгъуэм щыщ пхъагулъ зэмыфэгъухэр куэду къызыпыкlэ жыг щхьэ бариэхэр. Епэрымэу абыхэм къапихыр апхуэдизкlэ маеци, бетон зэпэплlимэу зэдзахэм я зэхуакум дэбэмпlыхьа хьэуар, уи щхьэр игъэунэзэу, къегъэщlытэ. Жыгхэм епщlа бжьэхэм я гъуагъуэ макъым къуажэжыр, сабиигъуэр унгу къагъэкlыж.

Сыт мыгъуэри ди къаладэс дэ. Алыхь хужыlэу жыпlэмэ! Ди быпхэм я быпыжхэр сэсэми аращ къалэ псэукlэми, къалэ психологиеми. Дэраци – къалэм нэхъыбэрэ дыдэсыху дигу нэхъ къоуэ къуажэжым кlуэ пэтми гукlэ, псэкlэ нэхъ пэlэщlэ дызэрыхъур. Ди «лъэдакъэр къыщыдпам» и закъуэкъым, ди псэри иджыри абы щыlэщ. Щыхур космосым зэрихьэрэ щlым и лъэр нэхъ фlигъэлэр пэжу къыщlэкlынщ. Сыти жыlи, лъэпкъ Космосым и зэхэлъыкlэр, и щlэныгъэр адыгэм зэрихутэр «къуажэжым» и lэлыфбейрщ. Адыгэм «къуажэж» жыхуиlэм къригъэкlыр къуажэ пыухыкlа («населенный пункт») къудейкъым, ар философие гурыlуэныгъэщ – лъэпкъ хабзэхэри, бзэри, тхыдэри, адэанэхэм, lыхьлыхэм я lэфlагъри, псэм и тыншыпlэри, щlыпlэм и дахагъри, нэгъуэщl lэджи къызэщlиубыдэу.

Къуажэм иджыри къимыlэпхъукlахэри къытхэтхэщ тхакlуэхэм. Апхуэдэщ си ныбжьэгъу нэхъыщlэ Хьэlупщы Мулэед. Ар lуэхукlэ къысхуейуэ къэкlуапщи, пщlантlэшхуэм дэт тетlысхьэпlэм дытесщ. Лъэныкъуитlкlэ дыгъэзыувыхь жыгхэм я гъэгъэным и чэзу дыдэщи, мэ гуакlуэр lукlэ яз фоупсу бгъэм lэфlу йоткlухь. Жыг пкъэкlэхэм епщlа бжьэхэри къызэрыкlыпащи, зэщlожьыуэ. Мулэед къыщlежьар литературэ lуэхущи, дызытепсэлъыхьын ди куэдщ. Ауэ жыгхэм я фоупсымэмрэ бжьэхэм я уджымрэ ди псалъэм зрагъэукъуэдиищэркъым. Сыт къедгъэжьэми, бжьэхэм и псэукlэм дытохьэж. Мулэед къуажэм къикlыурэ, къалэм лэжьакlуэ къокlуэ. Республикэм фlыуэ къыщацlыху тхакlуэщ, журналистщ. Дэ тщыщ

66

кузэдым яхузэфlэмыкlын lуэхушхуи зэрехуэр. Ар къуажэм щыпсэу къудейкъым, абы лэжьыгъэшхуэ щрехьэкl. Унагъуэ хозяйствэ иlэщ, гъавэ ещlэ, lэщ егъашхэ, мэл, уеблэмэ, шы егъэхъу. «lэнатlэ кузэд» (япэм зэратхыу щытам хуэдэу) зиlэ «колхоз» цlыкlу егъэлажьэ жыпlэ хъунущ. Сфlэгъэщlэгъуэну иlэ си гуапэу содаlуэ а псори хъарзынэу къызэрехъулlэм. (Сеупщlащи аращ, армыхъумэ, зыкъызэкъуихыу, и щхьэ игъэфlу псэлъэнухэм мыр ящыщкъым). Шэч тlэкlуи уи гум къридзэнкlэ хъунущ: дауэ хуиэсрэ а псоми? Хунэсу къыщlэкlынущ. Мулlэд щеджи, тхэн lэщlагъэм пыщlауэ щекlуэкlи lэнщэ лэжьыгъэм, мэкъумэш щlэным зэи и щlыб хуигъэзакъым, щlым тепэщэщыхьу. lэщым яхэту псэуным и гур хуэзэlухащ. Езыр, lэджэ щlауэ зэрысщlыхуащи, икlукlэ щlалэ жаниц, lэпсынщlэлъэпсынщlэщ, щхьэх жыхуаlэр зымыщlэщ. И ныбжь зыщlыпlэ нэсами, апхуэдиз ептынкъым. Пэжу, и щхьэм псоми къытхуэжумарт уэсыр къытесащ, ауэ и lэпкълъэпкъыр зэщlэкъуауэ пэщlащ, лейуэ зыри кlэрылъкъым. llы есщ. И lуэхущlафэкlи арaщ – узыщыгугъынущ. «Вы и къуэгъурэ lы и гъуррэ» щlыжаlэм хуэдэ дыдэщ. Уэыншагъэкlи. Тхьэм и шыкуркlэ, къэзыгъэгузавэ щыlэкъым. Пэж жыпlэмэ, «колхоз» цlыкlур зезыхьэр абы и унагъуэрщ. Ахэри еш зымыщlэ гуэрхэу къыщlэкlынщ, армыхъуамэ, апхуэдиз яхуэгъэкъаруунтэкъым. Дапхуэдэу щытми, ахэри унафэ тэмэм, чэнджэщ щхьэпэ, lуэхум тезыгъэгушхуэн хуэныкъуэнухэщ. Ахэр псори щалъагъу, щагъуэт я адэм, тхакlуэ-фермерым деж.

Мулэд и «хозяйствэ lэнатlэхэм» ар щынэхъыщхьэкъым, ауэ къыхэдмыгъэщу дауэ хъун, – бжьэи егъэхъу. Ар хэмытамэ, гуэныхь къытехуэнкlи хъунт. Абы и «хозяйствэр» зытесыр нэхъапэм бжьэ совхоз щlэрыlуэр здэщыlарщ. Бжьэхэм я гъащlэм щыщу дызыщыгъуазэхэр дызэпсуэу дигу къыдогъэкlыж. Бжьэм-тlэ, нэхъ лэжьакlуэшхуэ зыри щыlэкъым. Зы бжьэм фо килограмм зэхуихьэсын щхьэкlэ ар удз гъэгъа мелуаншхум тетlысхьэн хуейщ. Абы нэхърэ нэхъ гъэщlэгъуэныжщ бжьэхэм я хабзэхэр, и «жылагъуэ зэхэтыкlэр». «Бжьэ матэр» (бжьэ унагъуэр) конституцэ ткlийм тет къэралым (государствэм) хуэдэщ. Абы и хабзэхэр текl мыхъуну «и натlэм къритхащ», «къыхуиухащ» «Псори къэзыгъэщlам». Щlэныгъэмкlэ уlэбмэ, ар генетикэм и къарур, «генетический код» хъужыр къызэрызэкlуэцlыкlыр нэрылъагъу пщыхъущ. Дыгушыlэу къафlэщlынуми, жытlэнщи, адыгэхэм пасэм лъандэрэ къадекlуэкl зэхэтыкlэхэр унгу къэзыгъэкlыжхэри яхэлъщ бжьэм. Псалъэм папщlэ, я ныбжь здынэсам тещlыхьауэ я къалэнхэр зэрыгуэшар. «Социальнэ гупхэуи» зэщхьэщокlхэр. «Унагъуэм», «бжьэ жылагъуэм», и насыпыр зэлъытар зоологие щlэныгъэм «бжьэ-рабочэхэр» зыфlищарщ. Мыхэр «трудовой коллектив» зэпэщщ, пролетарий класс дыдэхэщ. Ахэращ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфlэзыгъэкlхэр – нектарыр, гъэгъахэм ятеуда хьэжыгъэр зэхуэзыхьэсхэр, безынэ нанlэхэр пlэ изыгъэщхэр, «бжьэ унэр» зыгъэкъабзэхэр, «пхъэнкlийр» изыдзхэр. Ауэ сытми жаlакъым адыгэм: «Бжьэм уусей-сысей иlэкъым: зэдолажьэри зэдошхэж». Цlыхухэри псори апхуэдэу щытатэми!

Бжьэм я «конституцэм» lуэщыгъэу хэлъыр фlыуэ къагурыlуэу арагъэнт адыгэхэм я жылагъуэ гъащlэр зэрызэтегъэпсам и

фэ бжьэхэм я хабзэхэм щlрапштыр. Бжьапщlэр сыт щыгъуи яфlэзауапщ, lуэхунщэм, хьэулейм, мылажьэу тхъэм ирахъуэн. Нэгъуэщl лъэпкъхэми яхэлъщ ар. Щlэныгъэр «пчела-матка»-кlэ зэджэм езым я еплъыкlэ хуаlэжщ. Мыр, пэж дыдэу, «бжьэанэщ» – бжьэ цlыкlухэр къызытепщlыкl сагъэр зыдэыр арапщ. Адыгэхэм абы пцхьэкlэ жаlэр езыхэр зэсарщ: «Бжьэпщ». Бжьэпщыр бжьэ псоми я нэхъыщхьэщ, я пащтыхьщ, я дотэщ. Абы псори хуосакъ. Бжьэпщыр дэмысыжмэ, бжьэ унагъуэр зэбгролъэтыкlыж: къэралыр къэгъуэщ, анархиер «бжьэ менталитетым» езэгъыркъым. Зи бэракъыр зымыхъумэфа полкыр зэрызэбгрэутlыпщыкlыжым ещхьщ. Шкlахъуэ пэтрэ нэхъыжь яlэн хуейуэ зыгъэува лъэпкъым къилъытэрт пщы зимыlэ лlакъуэхэм хабзэ тэмэм яхэмылъу. зэхэтыкlэ дахэм и шэсыпlэр псори зэдаlуэ, зи псалъэр тlу ямыщl, нэмыс, lулыдж зыхуащl нэхъыжь (пщы) уиlэныр арауэ.

Ар нэхъ зи гупсысэ пажэри къэбэрдейхэрт. Къэбэрдеймтlэ, пасэу зыщиужьат феодал зэхущытыкlэхэм, къэралыгъуэ зиlэ лъэпкъхэм ехьэсхуэ нэхъ щlэхъуари арат. «Уэркъ хабзэр – дэгъуӭэсигъуэт», щlыхубэм я «кодексри» тlасхъэ цlыкlутэкъым: дэтхэнэри, бжьэм хуэдэу, лэжьакlуэшхуэт, пцхьэж и lуэху lыхьэ (пщыри, уэркъри яхэту) ирихьэкlыу, «сэ мор сщlати, мыр згъэхъати» – жиlэу зыри дэмыпсэлъейуэ, зыми зимыгъэпlийуэ, былым лей зыри щlэмыпэщlу, псори зэгурыlуэу зэдэпсэун. Лэжьыгъэм хьер къыпэкlуэнущ – арат я акъылыр зытеухуар. Сытыт нэгъуэщl бжьэр щlагъэлъапlэр? Ар мылажьэу псэуфынукъым, и «генетический кодыр» къутэнущ. Ар зыдэсым, lэмал имыlэу фо дищlэнущ.

Псори зыхуэтхыжу десар литературэр арапщ, мыбы щыбгъуэтынущ зызыгъэпlиин зи мыжагъуэхэр, культурэм хэтъхьэныгъэшхуэ дыдэ хуамыщlами, зыкъызафlэщlыжхэр, «дэ тхуэдэ дэнэ щыlэ?» – жаlэу зи бгъэ къизыгъэщыщыкlхэр. Тхьэм и фlыщlэкlи, апхуэдэ защlэу зэхэткъым тхакlуэ жэмыхьэтыр. Диlэхэщ, «бжьэ-рабочэхэм» хуэдэу, лэжьыгъэм сыт щыгъуи хуэжыдджэрхэр, зыщытхъужыныр, дэпсэлъеиныр зи хамэхэр, абы щыгъуи я lэщlагъэм хуэlэижьхэу. Тхьэм къарита талантым и нэмысыр лъагэу яlыгъхэу, утыку имылъэдэрейхэу, жьантlэм хуемыкъухэу, зэмыгъэlэуэлъэуапщэу, яхуэфlэкlыр культурэм нэхъри зиужьыныр ирахьэлlэу. А lуэхушхуэм хьэлэлу бгъэдэтхэм я щапхъэу бгъэув хъунщ Хьэlупщы Муlэеди.

Сэ, дауи, куэд щlауэ сыщыгъуазэт Хьэlупщым и тхакlуэ, журналист зэфlэкlхэм. Езыр нэхъ гъунэгъуу къыщысцlыхуар, цlыхугъэкlи, щlалэфlагъэкlи щызгъэунэхуар КъБАССР-м телевиденэмрэ радиомкlэ и къэрал комитетым и унафэщlу сыщылажьэ илъэсхэрщ. Муlэед радиом и адыгэ редакцэм щигъэхьэзыр нэтынхэр гъащlэм и уэрышlэ дыдэм къыхэкlа защlэт. Псом хуэмыдэу къехъулlэрт къуажэдэсхэм ятеухуа очеркхэр, репортажхэр, рассказхэр. Темэм фlыуэ зэрыхищlыкlым радиожурналистикэм и lэмалхэу lэзэу къигъэсэбэпхэр хыхьэжырти, цlыхухэр дихьэхыу зэдаlуэ псалъэмакъ эфирым къихьэрт. Абыхэм я фlагъыр нэхъри къэзыlэтхэм яшыщт адыгэбзэр шэрыуэ дыдэу

къызэригъэсэбэпыр. Езы журналистри сыткlи зэщlэкъуат, дисциплинэ хабзэхэм ткlийуэ тет щlалэт, редакцэм и лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщынми хуэlэкlуэлъакlуэт. Редактор нэхъыщхьэр зыгуэркlэ щымыlэмэ, абы и къалэнхэр зи пщэ дальэр Хьэlупщырт. Езым игъэхьэзыр радиопрограммэ купщlафlэхэм нэмыщl, ар хэтт радиоедаlуэ нэхъыжьхэм щlэкъыри къэс ягу имыхуж «Щlалэгъуэ», «Жьэгу пащхьэ», «Пшыналъэ», «Аркъэн» журналхэр зэхэзылъхьэхэм. Дэтхэнэ газетми, ТВ-ми, РВ-ми къыщохъу жэуаплыныгъэ зыпылъ статья, нэтын щхьэхуэхэр пlащlэгъуэкlэ гъэхьэзырын хуейуэ. Апхуэдэ и пщэ дэпльхьами, укъигъэщlэхъунутэкъым Мулэед.

Дэ дыщызэдэлэжьа зэманыр республикэм и СМИ-хэм я тхыдэм и нэхъ гугъу дыдэ лъэхъэнэт. Горбачев М. къырихьэжьа «перестройкэр» «расстройствэ» зэщlэм хуэкlуэжати, къэралым унафэ тэмэм илъыжтэкъым. Псори бжьыщу зэрызехьэт. 1991 гъэм и август мазэм абы хыхьэжат ГКЧП-м и lуэхур. Нэхъапэхэм революцэ къэзыlэтхэм къызэрыщlадзэр пощт, телеграф, банк, гъущl гъуэгу станцхэр къащтэныр арамэ, иджы къэрал властыр зыlэщlэлъхьэн мурад ялэу уэрамхэм къыдэужыгъахэм псом япэу къаубыдыну зи ужь ихьэр телевиденэр, радиор, газетхэрт. Ахэрат ди зэманым революцэ зэращlыр. Дэри мащlэ дагъэшэчакъым, къыдэныкъуэкъуу къагъэнэжакъым, къыдэзэуахэщ, мыхэр къыдаутlыпщырт, ди сурэтхэр утыкушхуэхэм щагъэсырт, хэкум драхуну быдэу дыкъагъэгугъэрт. Махуэ гуэрым Советхэм я унэм и гупэм жэщи-махуи щызэхэт митингым никlауэ хуабжьу зэщlэплъа гуп Радиом и унэр къаувыхьат, зауэм къыщащтэн хуей крепостыр блокадэ зэращl хабзэ дыдэхэм тету. Кlуэ, танк ягъусэтэкъым армыхъумэ, апхуэдэ блокадэм пащlэ узыхуеину техникэрэ щlыхьэпlэ-щlэкlыпlэхэр зэрыбгъэбыдэн гъущl рельс, брус хуэдэхэмкlэ зэщlэузэдат гупыр. Хуабжьу зигъэинэралу псоми унафэ яхуищlырт полковник фащэ зыщыгъ лlы щlыкlу гуэрым. Ар а махуэхэм дэни къыщыщlидзэрт, «национальнэ гвардие зэхуэшэс» – жери, митингыр щекlуэкlым деж стlолышхуэ игъэувауэ, «и дзэм» къыхыхьэну гукъыдэж зиlэхэр итхыу бгъэдэсуи тлъэгъуат (абы нэсат lуэхур). Полковникыр, дзэ къулыкъум къыхэкlыжат, ауэ фащэр зэрихьэрт. Къыфlэщl хъунт абы тыншу къищlу «вождь» ролым ихьэныр. Нэгъуэщl офицеритlи нэтт дыкъэзыувыхьахэм, университетым и военнэ кафедрэм щыщхэу. Ахэра хъунт дзэ зэрызэрашэм хуэдэ маршынэжыт! Радиом и унэм къезыхулlар, абыкlэ дагъэшынэну.

Арыншэми, дызыгъэшынэн мащlэтэкъым а махуэхэм. Сыщыпсэу унэми нэпсалъэхэрт: «Уи щхьэгъубжэхэм мывэкlэ дынеуэнущ, уи унагъуэри уэри укъыщlэддзынущ...» Уигу фlы щыщlэнт! Сэ си жэуапыр зыт: «Телевиденэмрэ радиомрэ сысейкъым, къэралым ейщ, къэралым и законхэм тету мэлажьэ, сэри а законхэм сытекlынукъым». Икlи сытекlакъым. Ди ныкъуэкъуэгъухэр щlэдзауэр ябзыщlыртэкъым: телевиденэмрэ радиомрэ яубыду, езыхэр зыхуейхэм нэмыщl, нэгъуэщl эфирым къремыгъэхьэну. «Езыхэр зыхуейхэр» гурыlуэгъуэт – экстремист lэщlагъэ дыдэт, щlыхухэр гъэжэкъуэным, лъэпкъхэр зыр зым еуптыным, зэпэщlэгъэувэным, къэрал lуэхущlапlэхэр

къарукlэ убыдыным. «тужьгъэжь» зыхуаlэхэр «зыхуэфащэ хуэгъэзэным» хуэунэтlа защlэт. Апхуэдэ дыдэут а зэманым Шэшэным къыщыхъуахэр къызэрежьар. Апхуэдабзэу къежьахэщ нобэрей Украинэм и «майдан» зэрыхьэрийхэри, нэхъапэlуэкlэ къэхъуа «цветная революция» жыхуаlэхэри, иджы «гибриднэ» зыфlащ зауэхэри.

1980 – 1990 гъэхэм республикэм щекlуэкlахэм жэкъуаудат журналист коллективхэри. Псори зэщlэзыгъэстхэр хущlэкъурт ал псалъэкlэ эфирым нэхъ къыщацlыху я лэжьэгъухэр я лъэныкъуэ ящlыну. Муlэеди зыхащэну нужь къихьахэт, ауэ езым нэхъ захуагъэу къилъытэм ихутешакъым.

Псом ди дежкlи гъэунэхуныгъэшхуэт абы щыгъуэ къэхъуахэр. Акъыл зэтес, хьэл-щэн зэтеубыда зиlэхэр, лъэпкъым и фlыгъуэм и псэынlэмрэ и мыгъуагъэр къызыхэкlынкlэ хъунумрэ тэмэму къызыгурыlуэ цlыхухэр ди нэхъыбэщи. Тхьэм и шыкурщ. Щlихьауэ граждан зауэм хуэкlуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къезыгъалар ди цlыхубэм и lущыгъэрщ, республикэм и унафэщlхэм ягъэлъэгъуа шыlэныгъэмрэ зэпlэзэрытыныгъэмрэщ. СМИ-хэм я унафэщlхэм, гъуэгу пхэнж яхутемыхьа журналистхэм я фlыщlэри гъэкlуэдын хуейтэкъым.

* * *

Хьэlупщы Муlэед Тlалэ и къуэр Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ 1952 гъэм декабрым и 20-м. И журналист лэжьыгъэм жыжьэ къыщыщlидзат Муlэед, дамэтелъ зезыхьэ газет лэжьакlуэхэм ящыщ хъуими мащlэщ иlэжар. Къуажэ школыр къиуха нэужь, лэжьыгъэм зэи зыпыlуэзымыдэ щlалэщlэр илъэскlэ ухуакlуэ бригадэм щылэжьауэ, 1972 гъэм дзэм къулыкъу щищlэну ираджат. Абыкl щыхуэмыхуакъым. Кхъухьлъатэр лъэтэным хуэзыгъэхьэзырхэр щрагъаджэ школым и ужькlэ Ленинград и гъунэгъуу щыс авиаполкым ягъэкlуат. И къалэнхэр фlы дыдэу игъэзащlэрт. Военнэ аэродромым и гъащlэ къыбыргъукlым апхуэдизкlэ есати, мы дунейм нэгъуэщl щыхуэмейуэ къыщыщыхъуж щыlэт. Ауэ Тхьэм укъызыхуигъэщlар, гува-щlэхами, уи гум «къызыпхивыпщ», псом хуэмыдэу ар творчествэ лэужьыгъуэхэм я хуэмэбжьымэу щытмэ. Зыгуэрхэр итхыну игу къыпылъадэу щlедзэ. Зыр зым кlэлъыкlуэу тхыгъэ кlэщl цlыкlухэр Ленинград военнэ округым къыдигъэкl «На страже Родины» газетым иригъэхь. Редакцэм ахэр къытридзат, авторми письмоуцхуэ къыхуитхат: «Фlыщlэ пхудощl, укъыдделэжьэну ди гуапэщ. Къатхэ, мыпхуэдэ, мопхуэдэ темэхэм нэхъ дыхуейт...» Сэлэтым и жэщ-махуэр, зэрыгурыlуэгъуэщи, сыхьэт, дакъикъэ бжыгъэкlэ зэпэбжащ, ягъэува режимым уебэкъуэныр фlы къызыпхудэмыкlуэнщ. «Газетхэм матхэ» – жаlэу, зыри пхудачыхьынукъым. Сыт щыгъуи, нобэр къыздэсми хэту, Муlэед къыдэзыхьэжыр и жаныгъэр арати, и корреспонденцэхэр адрей сэлэтхэр щыжейм е зыщытрагъэум деж итхырт. Газетми щlах-щlэхыурэ къытехуэрт къулыкъу къыдэзыщlэ и ныбжьэгъухэм, и командирхэм, полкым и культурэ гъащlэм ятеухуауэ игъэхьэзырахэр.

Абыхэм яцыщ гуэрхэр иджыри къэс схъумэ. 1973 гъэм мартым и 20-м къыдэкlа номерым и lуплъапlэ дыдэм «Забота у нас такая» жиlэу тет тхыгъэщхуэм, уэ а lуэхум ухэтам хуэдэу, уи нэгу къыщlегъэувэ бомбэ куэд къэзышэ кхъухьлъатэшхуэр жэщым уэгум ихьыным хуэзыгъэхьэзыр механикхэм, техникхэм, электрикхэм, пилотхэм я кабинэм кислород зэрыкlуэ lэмэпсымэхэм кlэлъыплъхэм, нэгъуэщl lэщlагъэлlхэм зы сменэм ирахьэкl лэжьыгъэшхуэр. Ахэр псори lуэхум хуэlээ, жэуаплыныгъэу яхьым и уасэр фlыуэ къызыгурыlуэж защlэхэщ. Арыншауи, дауэ хъун – яцыщ гуэр зы мэскъалкlэ щыуамэ, е смыгугъыу зыщlригъэхамэ, кхъухьлъатэр аварие хъуауэ бжы. Дэнэм хэт щlалэхэр зэмызэгъхэу, зэрыфыщlхэу, «дедовщина» жыхуаlэр, нэгъуэщl мыхъумыщlагъэхэри къыщежьар нэхъ иужькlэщ. Бзаджэ къызыхэмыкl щыlэ, ауэ абы щыгъуэ псори зыл и быным хуэдэт, псори зэщ, зэныбжьэгъухэт, зыр адрейм сыт щыгъуи дэlэпыкъурт. Ар къыхигъэщыни фlэфlт Мулэед газетым итххэм. «Ди отделением къулыкъу щащlэ лъэпкъыхым къахэкlа сэлэтхэм. Псори фlыуэ щызэрылъагъу зы унагъуэм, хуэдэу допсэу, доджэ, ди къалэныр догъэзащlэ».

Щымыгъуазэхэм къапщыхъункlэ хъуниц дызытепсэлъыхь газетыр модэ ди заводхэм, вузхэм къыщыдэкlыу щыта «многотиражкэ» щlыкlухэм хуэдэ гуэру. Хьэуэ. Идэкы зэрыщытыр сщlэркъым, абы щыгъуэ военнэ округхэм я газетхэр махуэ къэс традзэу, и инагъкlэ (и форматкlэ) «Правда» газетым хуэдизу къыдэкlырт. Ахэр газет нэхъ пажэ дыдэхэм («Правда», «Советская Россия», «Известия», «Комсомольская правда», «Красная Звезда») кlэлъыкlуэу къалъытэрт. Езыхэр округым хиубыдэ щlыпlэ псоми щызэбграгъэхырт. Ар щlыналъэ инт. Къапщтэмэ, Ленинград военнэ округым къызэщlиубыдэрт Ленинград, Мурманск, Архангельск, Вологда, Псков, Новгород областхэр, Карельскэ АССР-р.

«На страже Родины» газетым и редакцэм гукъэкlыфlи ещl тхыгъэ хъарзынэхэр къыхуезыгъэхьхэри газетеджэхэм къаригъэцlыхуну. Хуабжьу щlалэ бжьыфlэм, зэщlэкlуам и сурэтым и лъабжьэкlэ псалъэ гуапэхэр къыщокlуэ: «Ди газетым кlэщl-кlэщlурэ къытохуэ «Ефрейтор М. Хаупшев» жиlэу lэ зыщlэдза заметкэхэр, зарисовкэхэр… Военкор Хьэlупщыр боевой, политическэ зыхуэгъэхьэзырыныгъэм и отличникщ, япэ класс зиlэ lэщlагъэлlщ… Пщlэшхуэ къыхуащl ар зыхэт гупу зи lуэхущlафэхэр газетым къыщигъэнахуэм».

Куэд дэмыкlыу Мулэед ирагъэблагъэ военкорхэм я lэзагъэм щыхагъахъуэу редакцэм щыlэ школым. Ар фlы дыдэу къеух. Абыкlэ зэфlэкlыркъым, военнэ журналистхэр щагъэхьэзыру СССР-м щыlа еджапlэхэм я нэхъ пажэу щыта, Львов къалэм дэта военно-политическэ училищэм экзамен иныту щlагъэтlысхьэну тхылъ кърат. Гуфlэгъуэщэр уиlэу, жэрыжэкlэ укlуэн хуейтэкъэ? Хуейт. Ауэ адыгэм ди хьэлым щlалэр хегъэщлъэ: хэкум, къуажэм сымыгъэзэжмэ, дауэ хъун? Ди деж сыт жаlэн? «Къуажэжьым и философие» жыхуэтlам къиубыд псор и псэхьым къызэрыхь. Мыр куэдрэ «дымыгъэнищкlуми», натlэкlэ дызыlуух хэм яцыщц. Хъарзынэ хуэдэщ, жыпlэнурамэ, а философием и малъхъэдисым дызэрызыщlиншэр. Ауэ сыт – диутlыпщыни щы-

хуейми быдэу дыхэрищIыгъым, нэгъуэщI гъуэгухэм дахэдэным хуэш къыхэрыхидэм ифI къыщыдэмыкIи мащIэкъым. Адыгэм и психологиер коллективизмым тещIыхьащ. «Жылэм емыщхьым бабыщыщхьэ къыфIокIэ»-м щIапIыкIащи, жылэм яхэгъуашэу щытын хуейщ, яхэмыгъуащэрэ – и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу губгъуэм къинауэ зыкъыщохъуэкри, мыгъуагъэ зыхуихьыжынум нос. Ар зэреплъыращи, зым насып къеуалIэр зырикIщ, абы «къуажэжыр» насыпыфIэ дэмыхъумэ. Апхуэдэ щхьэкIэ щIыху щхьэхуэм и щхьэ закъуэ насып ныкъуэ ищIыну, дэтхуэдэу, зи менталитетым хэшыпсыхьа лъэпкъ куэд щыIэкъым.

Ар фIыми Iейми зыгуэр хъуит. Иджы дыдыхуэкIуэр нэхъ гузэвэгъуэщ. «Къуажэжь» малъхъэдисыр «махэ» зэрыхъур куэдкIэ нэхъыкIэу къыщIедз. Дунейм зиублэрэкIащ зэман кIэщIым. ЩIалэгъуалэм ящIэн щагъуэтыркъым щалъхуа хэкум. Урысейм дэнэ къэна, дуней псом щызэбгрокI. Сыт пщIэн, ялэжьын, зэрыпсэун къагъуэтын хуейщ. Къуажэхэр нэщI мэхъу. Дуней иным хэзэрыхьыхэм псоми я хэку къагъэзэжыну фIэщ щIыгъуейщ. Къагъэзэжыпэми, абыхэм «адыгагъэу» куэд къахэнэжыну пIэрэ? ЩIэблэм и гугъу умыщIыххэ. «ИстамбылакIуэм» нэхърэ нэхъ удын хьэлъэу къыщIэкIынкIэ хъунущ ар лъэпкъым дежкIэ. Бзэр ифIэкIуэдыныри щIэзыгъэхуэбжьэнур аращ.

ХьэIупщы МуIэед имыщIэххэу къыхуэзунэхуа гъуэгум щыхигъэплъар нэгъуэщI зэмант. Нэхъыбэу зытрищIыхьыри и щхьэ хуэфIыныр аратэкъым. И адэ-анэр жьы зэрыхъуар, абыхэм защIигъэхъуэн зэрыхуейрт. Арати, СССР-м и военнэ журналистхэм адыгэ щIалэ яхэмыхуэу къэнащ. Хабзэ зэрыхъуащи, ди щIалэхэм дзэ къулыкъур щытхъу яIэу ирахьэкI. Салэт жыджэру зэрыщытам и дамыгъэхэр ихьэту къагъэзэж. IэщIагъэ хъарзынэхэри щагъуэта щыIэу, журналист IэщIагъэ къыздрихьу къэкIуэжауэ мы зырат дызыщыгъуазэр. Аращ абы нэхъ зыубгъуауэ дыкъыщIытеувыIари.

Дэ къулыкъур ахъырзэману зэфIэзыгъэкIа ХьэIупщыр КъБКъУ-м и историе-филологие факультетым щIэтIысхьат. Иджы и гум «къызэпхиныр» и анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэу зэрыщIыкIурэ абы щызэтрихьарт. Адыгэбзэм, литературэм студентхэр хуезыгъэджэ щIыху хьэлэмэтыщэхэм я сэбэпкIэ а лъагъуныгъэр нэхъри къызэробл, литературэм щыхуэзэфIэкIынур игъэунэхуным хуегъэуш. Усэхэр, рассказхэр итхыу щIедзэ, урыс тхакIуэхэм я тхыгъэ кIэщIхэр адыгэбзэкIэ зэредзэкI. Абыхэм ящыщхэр, апхуэдэу тхылъыщIэхэм яхуитха рецензэхэр газетым къытохуэ, радиокIэ къат. ТхакIуэхэм я союзым тхэн щIэзыдзэ щIалэгъуалэм папщIэ иригъэкIуэкI семинархэм ирагъэблагъэ. Абыхэм нэхъыфIу къыщалъыта и тхыгъэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзэ.

Ахэр псори творчествэ гъуэгум техьа щIалэм къару къыхэзылъхьэ, зыгуэр зэрыхуэзэфIэкIынумкIэ фIэщхъуныгъэ къезыт защIэт. Апхуэдэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ тезыгъэгушхуэн, и нэIэ къытезыгъэтын литератор нэхъыжьы гъуэкIэгъэсэн хуэхъуным. АбыкIи Тхьэр къыхуэупсат МуIэед. И адэм, и къуэш нэхъыжьым хуэдэу къыщхьэщытащ адыгэ литературэм псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьа, «Iуащхьэмахуэм» прозэмкIэ и IэнатIэм и

унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта усакIуэ, тхакIуэ, драматург Мысачэ Пётр. Нэхъ нужькIи ныбжьэгъуфIу, чэнджэщэгъу Iущу иIащ ар МуIэед. Университетыр къыщиухми и диплом лэжьыгъэр зытриухуар Мысачэм и творчествэрт. Экзамен комиссэм хэтахэм пщIэшхуэ хуащIат а лэжьыгъэм, ар щхьэхуэу къыдэгъэкIын, авторри аспирантурэм гъэкIуэн хуейуэ къалъытат. Iуэхущlэ зыпэрыхьахэм тещIыхьауэ, диплом лэжьыгъэр къыдэкIыным хуэгъэхьэзырыныр IэщIыб имыщIу хъуатэкъым МуIэед. Мыр зи IэщIагъэ псоми зэращIэщи, зэ IэщIыб пщIам щыпхутемыгъэзэжыр нэхъыбэщ, аспирантурэрщи. Львов зымыгъэкIуа малъхъэдисым и бжыхьыр аргуэру къыпэуват.

Университетыр къиуха нэужь, ХьэIуищым къыщалъхуа къуажэм дэт курыт школым бзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. Журналист IэщIагъэм, дэкIм къулыкъу щищIэм дэзыхьэхауэ щытам, зэрыщIэхъуэпсыр къытекIуэри, куэд щIауэ здрагъэблагъэ радиом кIуащ. Абы щыIащ 1981–1991 гъэхэм. «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентуи щытащ. Къэбэрдей ТхакIуэхэм я союзым (союзышхуэр щыуэ щызэгуэкIа зэманырт) консультанту, жэуап зыхь секретару щыIащ. 1997 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм макIуэ, япэщIыкIэ публицистикэмкIэ отделым и унафэщIщ, нэхъ иужькIэ жэуап зыхь секретару ягъэув. Илъэс зыбжанэ хъуауэ а къулыкъум пэрытщ. Мы IэнатIэм нэхъ гугъусыгъуу, нэхъ къупщхьэпэ зыпыщIа сыт хуэдэ редакцэми иIэкъым. Жэуап зыхь секретарырщ дэтхэнэ номерри гъуэгу тезыгъэхьэр, абы щы-уанэ хуэзэщIэзылъхьэр, тхыгъэхэр, сурэтхэр зэзыгъэкIур, псори щIэзыпщытыкIыр, къыдэкIыгъуэ къэс художественнэ теплъэ дахэ иIэу, щыуагъэ хэмыту, типографием къабзэу щытрадзэным кIэлъыплъыр.

А лэжьыгъэр зыкъомкIэ нэхъ тынш хъуащ компьютерхэм и сэбэпкIэ. Ауэ нэгъуэщI къулейсызыгъэ къыкъуэкIащ. Лъэпкъ мащIэхэм, адыгэхэм, балъкъэрхэм хуэдэхэм, я бзэхэмкIэ ятхыр нэхъ кIащхъэ мэхъу. Художественнэ тхыгъэ пIащэхэм я жанрхэр – роман, повесть, пьесэ, поэмэ хуэдэхэр ящыгъупщэжаным нэсащ. Журналхэр къыщIыдэкIыр литературэм щIэуэ къыхэхъуар щIыхубэм яхихьэн папщIэщ. Къыхэмыхъуэмэ, е къыхэхъуэр мыхьэнэншэмэ, сыт пщIэн? Ди лъэпкъхэм я культурэм зэраныщхуэ къыхуэзыщэну тхьэмыщкIагъэщ мыр. Лъэпкъ мащIэхэм я закъуэкъым мы мыгъуагъэр къызыпэплъэнкIэ хъунур. «Дэ дынэхъ лей?» жытIэу дыкъэтIысыжмэ хъунт, ди щхьэ блыным едмыудэкIыжу. («Мыгъуагъэр» къэзышэнур гурыIуэгъуэщ: информационнэ технологиехэм я зыужьыкIэрщ, компьютерым, телевиденэм, интернетым, кином тхылъ, газетхэр къызэрыдагуэрщ, тхылъхэр нэхъ мащIэу щаджкIэ, нэхъ мащIэуи ятх). Iуэхуракъэ, дэ, пэж дыдэу, «дынэхъ лейщ». Мелуан бжыгъэм щIигъу лъэпкъхэм я литературэм зэ зыкъиужьыжыныщ. Дэ тхуэдэхэм къапэщытыр лъэпкъ катастрофэу къыщIэкIынкIэ хъунущ. ЗэкIэ дызыIууар аращи, кIуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу ди журналхэр тхыгъэщIэ купщIафIэхэмкIэ бгъэнщIыныр. Къэбэрдей литературэр щхьэхуэу къэпщтэмэ, ар къыхохI абы иужьрей илъэс зы тIощIрыпщIым кIэрыхушхуэ

зэрыlами. Дунейм ехьжахэщ «Хэку заузэшхуэм и тхакlуэкlэ» уэзджэнухэри, абыхэм якlэлъыкlуэ щlэблэм я нэхъыбэри. Зыгуэр зытхыжыфу мы нужьрейхэм ихэтыжри мащlэщ. Зэфlэкlыншэкъым нэхъ щlалэхэр. Іуэхуракъэ – адыгэбзэр фlыуэ зыгъэшэрыуэр зырызщ. Обществэнэ мыхьэнэ зиlэну тхыгъэшхуэ псэрыхьэн хуэдэу гъащlэм хэщlыкlышхуэ щыlэкъым, гугъу зрагъэхьыщэнуи фэ ятеткъым. Уеэ щlыкlуитl зэбгъэкlэкlэ, ахэр зы бэлыхь гуэру щытми, и пlэм иуджыхьу щlэзыдзэ литературэр а щытыкlэм къишыгъуафlэкъым. Хэхъуэ зэпытщ урысыбзэкlэ тхэным зезытхэм я бжыгъэми.

Мис а псом къалъахъэ ди журналым и лэжьыгъэр, псом хуэмыдэу гугъу ящl жэуап зыхь секретарым и къалэнхэр нэсу гъэзэщlэныр. Зэкlэ, Тхьэм и фlыщlэщ, зыгуэрурэ полъэщ. Дауи, ар редакцэм и лэжьакlуэ псоми я фlыщlэщ, редактор нэхъыщхьэм деж къыщежьэу. Балъкъэрыбзэмкlэ сщlэркъым, урысыбзэрэ ди бзэмрэкlэ къыдэкlхэр зэгъэщщэфынуци, быдэу схужыlэнущ: «профессиональнэ» лъэныкъуэмкlэ къащтэмэ, ди газетри, ди журнал нэхъ ипри куэдкlэ йофlэкl урысыбзэкlэ къыдэкlхэм. Я тиражхэм къагъэлъагъуэ дэтхэнэми щlэупщlэу иlэр. Умыгъэщlагъуэу дауэ къэнэн – урысыбзэкlэ емыджэу КъБР-м ис цlыху бжыгъэм зы процент къахэкlынкlэ хъунщ, къахэмыкlынри хэлъщ. Адыгэбзэкlэ газет, тхылъ, журнал еджэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ (псом хуэмыдэу и ныбжьым тещlыхьауэ), проценти 10–15-у къыщlэкlынщ. Итlани тиражхэр, зэрагъэхьышхуэ щымыlэу, зэхуэдэщ игъэс зыбжанэ мэхъури. Уеблэмэ, адыгэбзэр щынэхъыбэ къохъу. 2017 гъэм и кlэм тещlыхьауэ: «Кабардино-Балкарская правда» – 3445; «Адыгэ псалъэ» – 3423; «Литературная Кабардино-Балкария» – 2000; «Іуащхьэмахуэ» – 2786 (!)

* * *

Хьэlупщы Муlэед Урысейм и Журналистхэми Тхакlуэхэми я союзхэм хэтщ. А lэщlагъэхэр зэкъуэшми, зэщхьэщыкlыныгъэхэри яlэщ. Пуми къалэн къыщащlыр зэдэууэ ирехьэкl. «Іуащхьэмахуэм» традэну игъэхьэзырхэр и фащэкlэ журналист жанрхэм техьэми, япкъырыль гупсысэхэмкlэ литературэ публицистикэм и щапхъэхэм хуокlуэ. Нобэ нэхъыбэу къагъэсэбэп, цlыхухэри нэхъ темызэшэу йоджэ интервью теплъэ зиlэ тхыгъэхэм. Хьэlупщым апхуэдэ зыбжанэ къытригъэдзащ журналым. Ахэр ипэм щыlахэм, репортер псалъэзэпадзыжхэм ещхькъым. Япэм-тlэ, колхоз тхьэмадэхэр загъэпlащlэу телевизорым къытlысхьэнти, я щхьэ щытхъужу исынт. «упщlэ – жэуап» къупхъэм я псалъэмакъыр имыкlыу. Интервью къызыlахымрэ еупщlымрэ куу зрагъэщlынкlэ lэмал зимыlэт: «Зы жэмым сыт хуэдиз гъэш къыщlэфщрэ?» «Мыпхуэдиз»; «Зы гектарым...» Литературэ публицистикэм щыщ интервьюр нэхъ зэщхьыр диалог литературэ жанрырщ. Абы хэт цlыхуитlым зэпадзыж «упщlэ – жэуапыр» lуэхугъуэшхуэ къэзыlэт, абыхэм яжьэу кlуэщlрыплъ, гупсысэ куу къыщlэзыгъалъэ псалъэмакъ укъуэдиящ. Апхуэдэ псалъэмакъыр къезыгъажьэ журналистыр (тхакlуэр) жэуапу къратыж псом щхьэкlи «Ыlхьы, сыту

фIыгт. Тхьэм уигъапсэу!» жиIэу, и щхьэр ищIу щыскъым (щысын хуейкъым), зытепсэлъыхьхэм схьэлIауэ езыми и гупсысэ, и Iуэху еплъыкIэ иIэжщи, абы и мафIэм «ирегъэу» къратыж жэуапыр, и псалъэгъуым арэзы щыдэмыхъуи, щедауэжи къыхэхуэу. Абы и сэбэпкIэ интервьюм укъеджэну гъэщIэгъуэн, тыншу мэхъу, зытепсэлъыхьхэри нэхъыфIу зэпкърыхыным хуэсэбэпщ, къеджэхэми гупсысэщIэ, щIэныгъэ къызыхихын егъуэт. ХьэIупщым апхуэдэ диалог зыдригъэкIуэкIахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрми, нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыху къэрал, культурэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, я Iуэху еплъыкIэкIэ, гупсысэкIэкIэ къахэщ интеллектуалхэр.

Литературэ публицистикэм и жанр нэхъ кIэщIхэм зригъэлIэлIэни зриусыгъуэджэкъым. ТхыгъэщIэхэм я закъуэкъым рецензэ зыхуитхахэр – художественнэ, документальнэ фильмхэм, спектаклхэм щхьэкIи и псалъэ жиIащ. Адыгэ литературэр зыми пимыщIыну фIыуэ илъагъуми, нобэ абы и къэухьым уимыкIыу уис зэрымыхъунур фIыуэ къыгуроIуэ. Статья щхьэхуэхэр ятриухуащ урыс литературэм и классикхэм, хамэ къэралхэм къахэкIа тхакIуэхэм я гъащIэм, я творчествэм. Илъэситхум щIигъукIэ МуIэед игъэхьэзыращ «Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ-художественнэ кIэрыдзэн «Шыхулъагъуэр».

* * *

ДауикI, «жанр нэхъ кIэщIхэм» ХьэIупщы-тхакIуэр зэрыдахьэхым тепсэлъыхьын къызэрыщIэдзэн хуейр абы и новеллэхэрт.

ХьэIупщым и художественнэ прозэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса япэ тхылъыр, «Къулъкъужын макъамэхэр», дунейм къытехьат 1984 гъэм. ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм я семинар МуIэед и Iэрытхым хэплъам и унафэщIыр ЩоджэнцIыкIу Iэдэмт. Абы Iуэху къыхилъхьэри, сборникыр тхылъ тедзапIэм и планхэм хагъэхьат. Тхылъеджэхэри гуапэу IущIат абы. Дэ мыбдеж дыдэм дыфIэмыкIыу, гукъанэ тIэкIукIэ зыкъедмыгъэщIэу хъунукъым тхакIуэм. КъыкIэлъыкIуэ тхылъыр цIыхухэм къащыIэрыхьар 2003 гъэрщ, илъэс 19 дэкIауэ. КуэдыIуэщ, сытым къыхэкIами. IурыIуэгъуэщ ХьэIупщым журналистикэм зэман, къару куэд зэрыфIигъэкIуэдар. Ауэ итIани... Щхьэмыгугъыныгъэу пIэрэ, хьэмэ хуэзэфIэкIыным шэч къытрихьэжауэ ара? Дауэ щытми, талантым зыщIыпIи уигъэкIуэнукъым. Зигъэгусэуи, щIэпхъуэжынукъым. Ар зритам и Iэпэ фIыгъуэ гуэр къыпыкIынущ зэми зэ. Бжьэ зыдэсым фо дещIэ. Мы жыIэгъуэри адыгэм лэжьэрейхэм пщIэ зэрахуищIыр къэзыгъэлъагъуэ Iэятщ.

Новеллэ расскаэ лIэужьыгъуэр ди тхакIуэхэм куэдрэ къагъэсэбэп зэрыхъуам, абы фIагъыу хэлъымрэ и жанр хабзэхэм хуэсакъын зэрыхуеймрэ дэ нэхъапэхэми дытепсэлъыхьат. Псом хуэмыдэу новеллэ нэсым и щапхъэ гъуэзэджэхэр ди литературэм къыхэзыхьа Мэзыхьэ Борис и творчествэр щызэпкърытхым.

ГъэщIэгъуэнракъэ, – дэ псори дызыхуджэплъей урыс литературэр бейщэкъым новеллэ тхыгъэхэмкIэ. Европэм, Амери-

кэм куэдкӏэ нэхъ зыщиужьащ мы жанрым. Ди къэралым абы лъэбакъуэшхуэ щичамэ, нэхъ зыхуэхьыпхъэр совет литературэм и лъэпкъ тхакӀуэхэрщ: К. Гамсахурдие, И. Друцэ, Р. Ибрагимбеков, Ф. Искандер, Е. Гуцало, А. Абу-Бакар... Адыгэ, балъкъэр тхакӀуэхэри къыкӀэрыхуркъым, ипэ имыщамэ, – КӀыщокъуэ А., Нало А., Нало З., Гуртуев Э., Шортэн А., Мэзыхьэ Б., Чипчиков Б., нэгъуэщӀхэри.

Нобэрей щӀыхур сыт щыгъуи мэпӀащӀэ. Псори къелыжу иӀэми, зэманыр хурикъуркъым. Роман еджэу щысыну щӀыхухэр нэхъыбэм хущӀыхьэжыркъым. Новеллэр рассказым хэзымыгъэгъуащэр и щыгъыркъым – жанрым и хабзэхэрщ. Ар ящӀэ-ямыщӀэми автор языныкъуэхэм зыщагъыауэ, рассказыр кӀэщӀмэ, «новеллэ» жаӀэу тратхэурэ. Рассказыр ар, дауи ирехъуи, хъыбар укъуэдиящ. Новеллэм къиищтэр сюжет пыухыкӀащ, нэгъуэщӀ адэ-модэ хэмыту. ЩӀыхухэм, абыхэм я гум щыщӀэхэм, хьэмэ природэм и теплъэхэм новеллэм хуиӀуэху щыӀэкъым. Абы псори зы Ӏуэхугъуэм хуипщэн, зы сюжет дизэлэсым фӀиблэн хуейщ, зытеухуари махуэ къэс къэмыхъу, абы къыхэкӀыуи телъыджэ плъыфэ къызыщӀэлъадэ гуэру, хъыбарыр екӀуэкӀыурэ узэрыпэмыплъауэ иухыжу. АбыкӀэ ар я гъунэгъущ къуэкӀыпӀэ притчэхэм, адыгэ гушыӀэхэм, Хъуэжэ и хъыбархэм.

Литературоведением ущрохьэлӀэ новеллэмрэ рассказымрэ зэрызэщхьэщыкӀыр Ӏуэху щӀауэ зэхэгъэкӀын хуейуэ къагъэуву. Ди гугъэкъым апхуэдэ трибунал литературэр хуэныкъуащэу. Мы тхыгъэ лӀэужьыгъуэхэм я кум узыпэмылъэщын куутӀ дэткъым, тхакӀуэ ӀэщӀагъэм зэран хуэхъун хуэдэу. Езы авторым ищӀэжын хуейщ итхыр зищӀысыр. Абы и лъэныкъуэкӀэ куэдым ухуегъэӀущ новеллэм щхьэкӀэ урыс тхакӀуэшхуэ Толстой Алексей жиӀэгъам: «Новеллэр ар искусствэм и формэ гугъу дыдэщ. ПовестышхуэмкӀэ тхылъеджэр узэрыхуейм хуэдэу къыпхуэгъэпщӀэнущ – теплъэгъуэ дахэ дыдэхэмкӀэ, диалог псалъэ шэрыуэхэмкӀэ, нэгъуэщӀ ӀэджэхэмкӀи къыпхудэхьэхынущ... Новеллэм дежь фэ, Ӏэгум фисым хуэдэу, фыныӀурытщ. Фэ акъыл жану, фыахъырзэман гуэру фыщытыну къыфтохуэ. Тхыгъэр зэрыкӀэщӀым къикӀыркъым ар акъыл кӀэщӀкӀэ бузэдын хуейуэ. Фэ зэщӀэкъуауэ фыщытыпхъэщ, сонет зытх поэтым и бзэм хуэдэу, ауэ псалъэр кӀэщӀ, купщӀафӀэ зыщӀын хуейр тхыгъэм щекӀуэкӀ псори зэрызэщӀэкъуэарщ, Ӏэмал имыӀэу узыхуеинум нэмыщӀ, абы зыри зэрыкӀэрымылъырщ».

Мы псалъэхэр ущие инструкцэкъым, утекӀынкӀэ Ӏэмал зимыӀэу, ауэ тхыпхъэщӀыпхъэм я нэхъ дахэр зэрыхэбдыкӀ хъуну бзыпхъэщ. Новеллэм дихьэх ди автор псоми дерс къыхах хъунущ абы. ХьэӀупщы МуӀэеди ихэддзыитэкъым а дерсыр щхьэпэ зыхуэхъунухэм.

ЗэкӀэ тхуигъэтӀыгъуахэм дахэплъэмэ, псом япэу къыхэгъэщыпхъэт абыхэм я бзэр зыхуэдэр. Ар шӀыжытӀэм емыкӀу илъкъым: адыгэбзэм и Ӏуэхур зыхуэкӀуэр ди нэгу щӀокӀри, дэтхэнэ тхыгъэм и уасэри абыкӀэ тлъытэну иужь дохьэ. МуӀэед дигъэлъагъу, дызригъэдаӀуэ бзэр куэдым пхуемыгъэпщэнщ. «Къуажэжым» къызэрыдэкӀащ, зэӀащӀэным нимыгъэсу къиубыдри тхылъымпӀэм тригъэзэгъащ. Лъэпкъым и Ӏупэм къызэрыте-

лъэтам хуэдэщ. Хъыджэбз уэрэду къабзэщ. Бээ дахэщ, къулейщ, метафорэ образхэмкӏэ, зэгъэпщэныгъэхэмкӏэ, иджыри къэс зэхамыха псалъэжьхэмкӏэ зэщӏэгъэпсащ, адыгэлӏ екӏум и хьэзырыбгъэм хуэдэу зэщӏэпсыхьэу.

Хьэӏупщым и тхыгъ етӏуанэми («Хуэрэджейр мэгъагъэ») фӏэщщ хьунт япэрейм зэредияэр: «Къулъкъужьын макъамэхэр». Мыри аращ – дэтхэнэ напэр къызэбдзэкӏми къэпщӏыхунущ: псори а зырщ зытеухуар, тхакӏуэр щалъхуа, къыщыхъуа къуажэу зи образыр и гум щигъафӏэ, зи хъыбархэр хуэмыухырщ. Гъатхэм къэгъагъэ хуэрэджейр, абы и щӏэращӏагъэр, и мэ гуакӏуэр зи нэщэнэри арщ – Къулъкъужьынырщ.

Тхылъыр щӏэщыгъуэ пщащӏ литературэм куэдрэ къыщымыхъу лирикэ прозэм и стилым тету тха пычыгъуэхэм. Къызэрызэӏуихри арщ: «Жыгхэр къьотӏэпӏ, гулъхэр къызэрольэлъ. Хуэрэджейр гъэгъауэ гъатхэ дыгъэпс щабэм хосыхь, псэр ӏэфӏыгъэ щэху гуэрхэм хуагъэушу...» Хуэрэджей гъэгъам щепльыкӏэ цӏыхум и гур зыхуэжэр фӏырщ, гъатхэм къыдоуш абы и псэри, и гугъэхэр щӏарыщӏэу къызэдопщӏыж. Апхуэдэу щытынущ дунейр къутэжыху. Япэ дыдэ къэуткӏэщӏ жыгхэм ящыщу жаӏэ хуэрэджейр. Ари хохьэ ар зыми емыщхьу щӏызыхэпщӏэм. И къэгъагъи, и пылъэлъыжи – тхьэмахуэ зэхуакущ. Ауэ ар тхыдэлъэхъэнэ псэлъытэщ – уи гъащӏэ псокӏэуигу щимыхукӏэ, нэгъуэщӏ хэку, нэгъуэщӏ жыг плъагъуху, ар уи нэгу къыщыщӏыхьэкӏэ, абы и епэрымэр къыщыпӏурыуэкӏэ. И гъэгъахэр щыпыгъэлъыжкӏи «къуажэжьым», абы къыщыхъухэм топщэ... Къалэми къыщогъагъэр хуэрэджей, ауэ ар хуэрэджей сытми! Хуэрэджейр ар къуажэжьым и хьэуа къабзэм и ӏэплӏэм щещӏэрщ. Ар ди щӏыб дэтщ – ди сабиигъуэр, ди адэжьхэм я гъащӏэр, я гуащӏэр, я дунейр къытхуигъэщӏэращӏэу. Апхуэдэу щытынущ хуэрэджейр гъэгъэху. Дэнэ дыщыӏэми, ди гум ар къыщыгъэгъэху, а псор ди щӏыб дэтыху, дыщӏыхущ, дыгъуажэщ, дыкъэралщ, дылъэпкъыщи, – зыри къытпэлъэщынкъым...

ӏуэхур хуэрэдэжэм и мэ гуакӏуэм чэф ищӏхэм, и фэ щхъуэкӏэплъыкӏэм зи гур дэушэхэм нэмыщӏ, абы къыпыкӏэр бзэрым зэришэнум нэхъ егупсысхэри къуажэхэм дэс зэрыхъуарщ. Сыт пщӏэн, – ари псэуныгъэм щыщщ. Абы щхьэкӏэ жыгхэм гъэгъэн щагъэтынукъым, дуней дахагъэми хэщӏынукъым.

А дахагъэм къыхэхъукӏа зэщӏэщ тхылъым ит цӏыхухэр.

Гъащӏэр – гъащӏэщ. Жыг гъэгъам ухудэплъей зэпӏэу упщыс хъурикъым, щӏылъэм щекӏуэкӏхэрщ, дэнэкӏэ укӏуэми, уи къуащӏэр зымыутӏыпщыр. «... Сэ япэм гъатхэм гугъапӏэ дахэхэмрэ гупсысэщӏэхэмрэ къысхуихьу щытамэ, иджы гукъэкӏыжхэмрэ жэщ пщӏыхьхэмрэ ӏэпэгъу къысхуищӏауэ си псэр ехуа, сабиигъуэм и жьэгум сыдишэжауэ щӏакхъуэ, мэжаджэ, чыржын хуабэхэр къысату си щхьэфэм щабэу ӏэ къыдэкъулъа ди хьэблэ фызыжьхэм, тауркъ, уэрэд къызжезыӏа, ӏэжьэ, лъэрыжэ схуэзыщӏа, мызэ-мытӏэу си щӏыбым хьэмкӏутӏей башыр щызыгъэджэгуа лӏыжьхэм я куэщӏым сыкърегъэхутэж». Мис абыхэм ятеухуа гукъэкӏыжхэрщ тхылъым и сюжетхэм пкъы езыгъэщӏыр. Иджыри зэ жытӏэнщи, бзаджэ зыхэмыт щыӏэ, ауэ цӏыху телъыджащэхэщ Хьэӏупщым и лӏыхъужьхэр, гу

къабзэхэщ, зэпІэзэрытхэщ, зи псэр утхъуа, зи нэгур зэІумыха ихэгъуэтэгъуафІэкъым. Природэм и бынхэщ, хьэрэмыгъэнщэу дунейм тет защІэщ, иджы псоми я акъылыр зэблэзыша бээр «почёмыр» мыбыхэм къажьэхэуа щІыкІэкъым. ГъэщІэгъуэныщэщ дыкъэзыухъуреихь дунеигъэмрэ мыбыхэмрэ яку лъыгъуныгъэу, ІэфІагъыу, сакъыныгъэу дэлъыр. Природэм и хъыринэм щещІэу къахъуахэщи, я дунейр зэгуэх ямыІэу зэгуэгъущ. Щыхухэр, я ІэрыщІкІэ и мызакъуэу, бынжэ къуэпскІи природэм пыщІащ. КъэкІыгъэхэм, унагъуэ псэущхьэхэм къахэмыкІыу зи дунейр зыхьхэр я гурыщІэкІи, я акъыл хэлъэткІи вагъуэхэм я деж нос, дыгъэм и бэнйхэр я лъым къыхолыдэ, мазэм и нурхэри дыщэ уэпхыу къатоцащэ...

«Хъаджэт и къафэ» новеллэм щытлъагъу Уэаджэрий «вагъуэхэр къоджэ». Уафэм дэплъейурэ усэ зытх романтикыу аракъым. ЗэрыщІыкІу лъандэрэ и адэм и гъусэу мэл егъэхъу. Къуэщхьэхъур арэщ апхуэдэу уэгум и нэгум иплъыхьу щесар, мэл гъунэм Іулъу мыжейуэ нэхухэр игъэщырт. Балигъ щыхъуами арат – пщыІэм къытехьэжами, къуажэм къехыжауэ я унэ нэху къыщекІми. «Вагъуэхэр уафэ хуитым и нэгу фІыщІэм къызэрилыдыкІым зэрепльгъу, и гур псэхужырт. МащІэрэ епсэлъакъым, мащІэрэ и щэхухэмрэ и хъуэпсапІэхэмрэ ирихьэлІакъым вагъуэхэм Уэаджэрий». Щхьэгъусэ хуэхъуам гухэлъ щыхуищІами и щэхур зыхуиІуэтар ахэрат. Унагъуэу щытІысыжами, и псэлъэгъури и чэнджэщэгъури вагъуэхэрат: псом хуэмыдэу нысащІэм щыхуэзэшым деж. «Вагъуэхэр Уэаджэрий диэджьейхэм, мазэр диэджкъурт апэм иригъэщхьырт. Езыри щІэхъуэпсырт, мазэр вагъуэхэм къызэриухъуреихьым хуэдэу, Табыхъан и быи щыкІухэм ихэсу дыхьэжыну...»

... Вагъуэхэр сыт – узыІэпашэу мэщщІыщІ дапщэщи. ЩІылъэриц бэІутІэІум хэмыкІыр. Арэщ Уэаджэрий къэзыгъэхыщІэр. Иджы абы «ебгъуанэ илъэсипщІыр зэхуэдитІ иращІыкІауэ ирелъэфэкІ, зы махуэм нэхърэ къыкІэлъыкІуэр нэхъ къытехьэлъэу». Табыхъан дунейм ехыжащ. Зы щІалэ закъуэ Тхьэм къаритати, зауэшхуэм кІуэри, къигъэзэжакъым. НысащІэ щыкІур илъэс куэдкІэ абы пэплъат. И щхьэгъусэр зэрыдэкІрэ пшынауэ Іэзэм и пшынэр зэгуихатэкъым. «Бэтмырзэ къэкІуэжыху, сеуэнукъым» – жери. И уахъты къызэрысар и псэм ищІауэ къыщІэкІынти, махуэ гуэрым пшынэр къищтэри, Бэтмырзэ фІыуэ илъагъу щыта къафэр къригъэкІыу щІидзат. Абдеж къыщыукІуриийри и пІэ къикІакъым. И гур зэгуэуда хъуит тхьэмыщкІэм. Гуауэм игъэткІуам къафэр хуэшэчыжакъым.

Уэаджэрий и закъуэщІийуэ пщІантІэжым къыдэнащ. КъехьэлъэкІыпэну къыщІэкІынт жэщхэр. Вагъуэхэр къемыдэкъу щытамэ. Ахэр, нэрми хуэдэу, зи нэгум иджэгухь уафэ щІыхум и закъуэщ зыщымыхъуэжыр... Япэхэм ар къыгурыІуэртэкъым. Иджы Уэаджэрий ещІэ вагъуэхэр къыщІедджэр. Драшениурэ, езыхэм ящыщ зыуэ уэгум ирагъэтІысхьэнущ... ПэкІу дытегупсысыкІащ текстым, къытхуигъэгъуэщ авторым. Пхара-тІэ Іуэхур? Абы къедзэм игу къэкІахэрщ.

ВакІуэлІхэр, Іэщыхъуэхэр, жыгъэкІхэр, бжьахъуэхэр... Псоми щІыр ягъэдахэ. ЩІыр езыри къахуэжумартщ. Хуэрэ-

джейр илъэс къэс къызэрыгъагъэри щlым и фlыщlэм щыщщ. Щlым зэрыхуэсакъыращ езыхэр щlэгущlэгъулыр, зы жыг захъуэ иращlыкlын, зы тхьэгъуалэдж щыкlу теувэу ипыlыгын я гум къащlыхуимыдэр. Ауэ щыхъукlи, тхыдэм и дыдж къыжьэхэуащ – революцэр, коллективизацэр. Хэку зауэшхуэр. Абыхэм я дежи щыболъагъу къэрал унафэщlхэм и гущlэгъуншагъэм и зэранкlэ цlыху насыпыр, лъагъуныгъэ къабзэр, ныбжьэгъугъэ пэжыр куэдрэ зэтекъутэу зэрыщытар. Ауэ зи гур зыфlэкlуэда, зытралъхухьа щlым гуащыкl хуэзыщlа, абы епцlыжа яхэплъагъуэркъым. Зи мылъку зытрахахэри, зи lыхьлыхэр репрессие емынэхэм яхьахэри, езыхэм я щхьэкlэ зэхэзехуэн ящlахэри дэсхэщ къуажэм. Дауи, ар иту къэуэ, мыкlыж уlэгъэу я гущхьэм ировlуэ. Итlани гужьгъэжьым зэрихуэ, къанлы хъуа, нэгъуэщlым мащэ къыхуэзытl къыхыхьэркъым новеллэхэм.

Тхыдэм и темэр нэхъ пэгъунэгъущ «Пхуэфlэкlынумэ, къысхуэгъэгъу» повестым. Метафорэ плъыфэ зиlэ бзэ къулейкlэ тхащ мыри.

Тхакlуэм фlыщlэ хуэщlыпхъэт ди республикэм и тхыдэм щыщ лъэхъэнэу, куэдрэ къыдрамыгъэуеймэ нэхъ къащтэу екlуэкlым, художественнэ литературэми гулъатэ лъэпкъ зыхуимыщlам сэхъэлlа гуэрхэр диту къызэригъэкlыжам папщlэ. Зи гугъу тщlыр 1920 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щlыуэ илэм и нэхъыбэр трахыну ди гъунэгъухэр нужь зэритарщ. Шэч хэмылъуи, трахынут хэкум и пашэ Къалмыкъ Бетlал и зэфlэкlымрэ и ерыщагъымрэ мыхъуатэмэ. Абы пэкlуэ «фlыщlэу» къыщlэкlынщ «Къалмыкъым и фэеплъ сыныр къекъутэхын хуейщ» жаlэу, дэуей-къеухыу утыкум итхэм я «ерыщагъыр». Къалмыкъым лей зэрихьар пэжщ. Ауэ лейр щыщщымыгъупщэкlэ, фlыри пщыгъупщэн хуейтэкъым. Псом хуэмыдэу а «фlыр» хэкур кlуэдыныымрэ къелыныымрэ я зэхэкlыпlэу щытамэ. Щlыр яхъумэн папщlэ областым и гъунапкъэхэм декlуэкlыу адыгэ къуажэщlэхэр иригъэтlысэкlат Къалмыкъым. Апхуэдэ зы къуажэ щlыкlу жэщым яухуауэ нэху къекlауэ зэрыщытамкlэ къыщlедзэ повестыр. Ятlэкъуэ къуажэр арауэ жаlэ апхуэдэу къежьар. Повестым ар хэуващ «Мэутыкъуэ» къуажэцlэмкlэ.

Лирикэ прозэм авторым lэмал кърет езым къикlуа гъуэгур, абы зыщыlууа lуэхугъуэхэр, цlыхухэр, езым и гупсысэхэр литературэ персонаж гуэрым «кlэрилъхьэ» мыхъуу, зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхылъедзэм хуиlуэтэжыну. Апхуэдэщ новеллэхэм я нэхъыбэр. Зэманкlи ахэр зауэм иужь илъэсхэрщ. А илъэсхэм ящыщу нэхъ гугъу дыдэхэм езы тхакlуэр химыубыдами, абыи эрикъуи и нэгу щlэкlащ. Гугъуу щытами, цlыхухэр идэкыри фlыуэ щызэрылъагъу, зыр зым щыдиlыгъ дунейт ар. Язынькъуэхэм дежи къыпфlощl ахэр нэгъуэщl цlыхухэу, нэгъуэщl, идэкы щымыlэж зэхэтыкlэм, къыхэхъукlахэу. Хъыбархэр къэзыlуэтэж персонажым укlэлъыплъыну гъэщlэгъуэнщ. Езы Мулэед и хьэл-щэнхэр, абы хэлъ lэдэбагъыр, нэмысыр, икъукlэ цlыху lэсэу, lущабэ-псалъэ щабэу зэрыщытыр къыздикlар къыбгурыlуэнущ. «Хуэрэджейр мэгъагъэ» рассказым хэт щlалэ цlыкlумрэ и адэмрэ я зэхуакум нэмысрэ хабзэ дахэу дэлъымрэ пхурикъуни. Губгъуэм адитым шхэгъуэхъуащи, гъуэмылэр «тхьэ-

рыкӏуэф Iэнэм» къытрелъхьэ щIалэ цIыкIум, езыр лъэныкъуэкIэ мэувыж, икъукIэ мэжэлIа пэтми. Абы игу къэкIыртэкъым и адэм бгъэдэтIысхьэу дэшхэ хъуну, мыр губгъуэжьу зыми къамылъэгъунуми. Езы адэм «адэшхэ Iэфlщ» жиIэурэ, тригъэгушхуэми, и адэм и пащхьэм итIысхьэу шхэныр Iэнкун ещI. «... Сытми, ипэ дыдэу сэ ди адэм еригъусэу сышхащ. Абы нэхърэ нэхъ Iэфlу сышхауэ нобэр къыздэсым сщIэжыркъым».

Мыбы зыгуэрым егъэлея хилъэгъуэнумэ, сэри щыхьэт сытехъуэфынущ. Дигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэ лIым езым и быныр игъафIэу къыдалъагъуэнур напэтехыу къалъытэрт. Псом хуэмыдэу адэхэр яхуэткIийхэт я къуэхэм, ахэр бэшэчу, лIыгъэ яхэлъу, сыткIи къимыкIуэту гъэсэн хуейт. Я быным хуаIэн хуея гумащIагъэр я къуэрылъху-пхъурылъхухэм хуахьыжырт адэхэм. Сэ ар фIыуэ сощIэ. Сэр фIэкIа си адэшхуэм и Iэнэ унагъуэм щыщу зы цIыху тIысакъым. Си адэр дэм къулыкъу щищIэну ирадзэри, илъэситI щыIауэ, зауэр къэхъейри, аргуэру илъэсиплI дэкIыжауэт къыщыкIуэжар. Апхуэдиарэ къэтами, апхуэдиз ишэчами, и адэм абы иришэсатэкъым и Iэнэм игъэтIысу зыдигъэшхэн.

Гукъинэж щохъу хьэблэ фызхэм щIыхьэху ящIу, я гъунэгъум и унэр зэрыхуэзэрахыр МуIэед зэритхыжыр. Зауэм и балыхьыр зыщэча защIэщ а фызхэр – хэт и щхьэгъусэр хэкIуадэри фызабэу къэнащ, хэти и къуэ, и дэлъху, е зыщIыгъа щIалэр зауэм и пэм ихьащ. ИтIани гущыIэр зыханыркъым, емызэшхэщ, уэрэдыжыр къраш, лэжьыгъэр зэрауххыу джэгур зэхаублэ. Гъащlэр – гъащIэщ. Арагъэнщ «Гугъэр адэ щIэинщ» щIыжаIэжари.

«Фызыщэ» тхыгъэр бгъэлъагъуэ хъунт кIэщI и кIэщIыж новеллэм и щапхъэу. Езым итыр аракъым Iуэху зытещIыхьыпхъэр. Апхуэдэ текст мащIэм и щIыбагъ къыдэтырщ, ари тыншу уи нэгу къыщIыхьэу, ухуеймэ, повесть псо нэкъыфIэщIкIэ зэпкърыувэ, уэр-уэрурэ сюжетыр зыбогъэзахуэ, зэпыбогъэувэ, абы укъеджэху. Новеллэм лей кIэрылъын хуэмей щхьэкIэ, кIэрылъын хуейм уеблэж хъунукъым, сюжетыр къуагуэ щIэхъукIынущ. Текстыр нэхъыбэм IэмыщIэм зэрыракъуэр жыIэгъуэхэр, псалъэухахэр гъэкIэщIыныымкIэщ. Адыгэбзэр литературэбзэ нэсым иджыри хуэкIуакъым. КъухьэпIэ литературэм къыщагъэсэбэп стилыр, «телеграфный язык», «рубленая фраза» жыхуаIэхэр, «безличнэ» (подлежащэ зыхэмыт) псалъэухахэр ди бзэм иджыри нэсу къищтакъым. Пэж жыпIэмэ, урысыбзэри абыкIэ жыжьэ нэсакъым. «Жыг къудамэхэр къызэупщIэтыхь» жыпIэурэ, бухъуэнщIыпэнкIэ хъунущ. Пасэрей Грецием щыщ скульпторым жиIауэ яIуэтэжым нэхъыфI къыпхуэгупсысынкъым. «Дауэ мыпхуэдэ сурэт телъыджэхэр мывэ джейм къыхэпIущIыкIыфрэ?» – жаIэри еупщIати, и фIэщ дыдэу жэуап къаритащ: «Сэ мывэ джейм соувалIэри, лейуэ кIэрылъыр кIэрызоуд».

*2017*

# ИДЖЫРЕЙ ТХАКIУЭ

Нобэрей ди адыгэ литературэм и Iуэху зытетым уеплъмэ, занщIэу уи гум къокI «Шы зэгъуэт нэху тещхьэркъым» псалъэжьыр. Илъэсищэ примыкъу ипэкIэ, ди лъэпкъ тхыбзэр нэхъ узэру щыхъэпэщхэм, цIыхубэр щIэныгъэм хэгъэгъуэзэныр къэрал Iуэхуу щыувагъащIэхэм щыгъуэ тхэкIэ-еджэкIэ зэзыгъэщIа псори тхылъеджэ хъууэ зыхуэдэ зэман щыIащ. ЗэхимыгъэщIэфахэри адрейхэм къраджыкIым щIэупщIэрэ абыхэм жаIэхэм яфIэфIу щIэдэIуу щытащ. Еджэным гу хуэзыщIахэм газет къаIэрыхьэми, тхылъ Iув къапэщIэхуэми, зэри къамыгъанэу еджэхэрт. А лъэхъэнэм тхакIуэ гъуэзэджэхэр щыIами, езы тхыбзэм зиужьащIатэкъым, я нэхъ талантышхуэ зиIэ тхакIуэ-усакIуэми тхыбзэм зэрызимыужьар Iэкъулъэхъу яхуэхъурти, куэдым я IэдакъэщIэкIхэр къеджэгъуей хъурт, авторхэм я гурылъхэр мыгурыIуэгъуэщу къанэрт. Ауэ абы щхьэкIэ зэри зэблэуртэкъым, гукъыдэж зиIэхэр тхэрт, адрейхэр къеджэрт, апхуэдэурэ ди литературэм зиужьырт. Тхыбзэм и Iуэху зытетым щыгъуазэхэм зэращIэщи, XX лIэщIыгъуэм и 30-40 гъэхэм еплъытмэ, ди зэманым абы хэпщIыкIыу зиузэщIащ, ауэ абы нэсу дыщыгуфIыкIыфыркъым, ди бзэр кIуэдыжынкIэ зэрыхъунум и гурыгъузым дызэщIеубыдэри. КIуэдыжынур нэжми, абы и щхьэусыгъуэр езы бзэм и лажьэкъым, зи игъэр ди зэманым ар къызэфIэIуэхухэр нэхъ мащIэ зэрыхъуарщ. Нобэ а бзэ узэщIамкIэ тхам еджэну гукъыдэж зиIэхэм я бжыгъэр гъатхэ уэсым хуэдэу мэткIури, абыи а дызыщышынэ Iуэхур нэхъ благъэ къащI.

МызыгъуэгукIэ а Iуэхум и хэкIыпIэ-гугъапIэу щлъагъу хъунур тIу къудейщ. Япэр – ДыкъэзыгъэщIу мыс а зыщIыпIи нэмыIусу дызэрыхуэмейж хъуа адыгэбзэр къытIурызылъхьам уи щхьэр хуэбгъэтIылъу уелъэIунращ. Ауэ абы, сэ укъысщыгугъыу уи Iэ зэтедзауэ ущымыс, жиIащ, жи. Уэ зумыгъэхъыеймэ, хъэрычэт гуэр умыщIмэ, абы къыпхуищIэныпхуэ щыIэкъым. ЕтIуанэр – дифI-ди хъуэпсапIэхэр дымыгъэужьыхыжу, Тхьэм къыдитам и фIыщIэр дымыгъэкIуэду, дэри дэ къытщIэтаджэ щIэблэри абы дыдихьэхынырщ, дегъэхьэхынырщ. АбыкIэ адыгэбзэр Iэужь зыхуэхъуари дэтхэнэ зыри дыжэуаптакIуэщ. Ауэ зым дежкIи щэхукъым а къалэныр тхакIуэхэм, журналистхэм, щIэныгъэрылажьэхэм, егъэджакIуэхэм – бзэр зи IуэхущIафэхэм – я пщэрылъ тIуащIэу-щащIэу зэрахуэхъур. Абыхэм ягъэлъагъуэ щапхъэр мыдрей псоми ди бзэпхъэщи, апхуэдэ зэлъхубзэр сакъыу хъума хъунуми, абы зиузэщI зэпыту ди ипэкIэ куэдрэ къэгъуэгурыкIуэнуми, и лъэр щIэхуу бакъэ зыхэуа хьэфэ топ нщэхам ещхьу, пхъэнкIийм хэкIуэдэжынуми ахэращ нэхъыбэу хэлъытар. Пэжыр жытIэмэ, нэхъыбэу тхыгъэхэм укъыщеджэм деж уи лъэр щыщIагъэху щыIэщ – мыпхуэдэ фIэкIа зылъэмыкI бзэр зэрыкIуэдыжынур нэрылъагъуэкъэ, жыпIэн хъэзыру. Ауэ уи гугъэр хэпхыжыным нэсауэ, нэгъуэщI жыбзэ дахэр зэрищымыIэжамрэ щIэрей авторхэм я тхэкIэр зэрыгурыIуамыхъымрэ уи гур щакъутапэм деж, умыщIэххэу къыпIэрыхьэ утыкум къыщыхъуу имыту литературэм псэ хьэлэлу хуэлажьэ автор гуэрым и



6 Заказ №629

lэдакъэ къыщlэкlа тхыгъэ. Ар зэрыгъэпса щlыкlэмрэ иджырей гупсысэкlэм и кууплэхэм хуиту зэрыхэгъуакlэмрэ уи гу кlуэдар къыщlаубыдэж, нэхъ бээ лъапlэ дыдэхэм нэхърэ дэ къытlурилъхьар зэрымыпэхъыкlэр уи фlэщ ещlыж, а бээ дахэр уэ Тхьэм къызэрыпхуигъэфэщам ущегъэгуфlыкlыжри, уи лъэпкъымрэ уи щхьэмрэ лъагэу уегъэлъагъуж.

Мис апхуэдэ лъэкlыныгъэ зыхэль анэдэлъхубзэ зыlурылъхэм яхыщ зыщ хуэфащэ гульытэ иджыри къэс зыхуамыщlа, абы щыгъуэми, адыгэбзэм и дахапlэр къэзыгъэхэф прозаик Хьэlупщы Мулэд. Ар сыри утыкуакlуэхэм яхыщкъым, ди критикэри зи дунейр екlэнтlрауэу зыхьщи, псоми кlэлъыплъыфыркъым. Къыпэмыщlу, иджырей зэманым щlыху щlыкlум гупсэм ящэ щхьэхуэфlыгъэр апхуэдизкlэ хэlэтыкlауэ ирагъэщ хьуаци, литературэм игъуэту щыта гулъытэм и зы ныкъуэ къуден иlэжкъым. Япэхэм хуэдэу, ди зэманым тхакlуэ-усакlуэхэр адыгэ жылагъуэхэм гупыщхуэурэ кlуэурэ щlыхубэм яlущlэркъым. Литературэр зи lуэхущlафэхэм ящыщ лъэкъомымрэ абыхэм я тхыгъэр зыхуэгъэпсахэмрэ езы Тхьэ лъапlэр тхакlуэм къызэрыхуэупсар ящыгъуэпщэжащ. Абы дэкlуэдыжащ анэдэлъхубзэм зэгуэр игъуэтауэ щыта пщlэри. Аращи, нобэ Щоджэнцlыкlу Алий, хьэмэрэ Кlыщокъуэ Алим хуэдэхэм я нехъэкъехуэ тхакlуэ уардэ къэунэхуми, зыми гу лъимытэурэ кlуэдыжыным хуэlуа щыlэкъым. Абы нэмыщlу, Хьэlупщыр куэд зи къалэмыпэ къыщlэкlыу махуэ и зы тхыгъэ редакцэхэм яхуэзыхьхэм ящыщкъыми, и lэдакъэщlэкl мащlэр гульытэншэ щlэхъум ари и зы щхьэусыгъуэщ. Ауэ литературэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащlыр тхыгъэм и инагъ-хьэлъагъкъым, атlэ гум ехуэбылlэу абы хэлъымкlэщ. Мис ар и пlальэм ирихьэлlэу къызэрыхуэмыгъэнахуэмкlэ адыгэ литературэ критикхэм щlыхуэ ятелъу къысфlощl.

Дауи, лъэпкъ критикэм и лэжьэ псор дэ зы тхыгъэкlэ тхуэзэгъэзэхуэжынкъым, ауэ дэ тлъэкlынуращи, тхакlуэ lэхэм и цlэ къытlуэкъудей нэхъ мыхъуми, зымащlэ гуэркlэ ди тхылъаджэхэм абы гу лъедгъэтэнщ.

Япэщlыкlэ жыlапхъэщ ар щылажьэ жанр лlэужьыгъуэр зыхуэдэр. Хьэlупщыр прозаикщ, прозэм щыщу нэхъыбэу утыку къызэрихьар жанр нэхъ кlэщl жыхуаlэхэращ – новеллэхэмрэ рассказхэмрэ. А лlэужьыгъуитlу фlэщыгъэцlэ зырыз зиlэхэр куэдыщэкlэ зэщхьэщыкlыркъым, абы къыхэкlыуи куэдым щафlызэхэзэрыхь къохъу. И нэхъыбэм деж гъуазэ хъур езы авторым зэригъэкъабылырщ. Пэжщ, рассказыр жьабзэ хъыбарым и къэlуэтэкlэм нэхъ пэблагъэщ, и lэмал нэхъыщхьэри къэlуэтэныгъэращ. Новеллэ щыхъум деж сюжет шэщlам нэмыщl психологие хуэlухуэщlэхэри къыхохьэ, персонажхэри, къэхъугъэ-щыlагъэхэри ауэ къэlуэтэжа къудейм къыщымынэу, я купщlэкlэ нэхъ кууурэ къыщыгъэлъагъуащ. Езы къэlуэтэкlэ къудейм уеплъмэ, новеллэм и зэман къэкlуэкlэр шэщlауэ зым тетщ, рассказым и текстым зэманыр зэм укъуэдиякуэ макlуэ, зэм авторыр зэlэбэкlыжри, зэгуэр къэхъуахэр къыхеухуэщэ, инэкlэ мэlэбэри, ди япэкlэ къэхъунур къыщиlуатэ къохъу. Апхуэдэу уеплъмэ, зи гугъу тщlы авторым и тхыгъэхэр новеллэ терминым нэхъ хуокlуэ.

82

Ауэ ар теорием нэхъ хуэlэнижыхэм зэхахуну къахуэдгъэпэнщи, дэ езы тхыгъэхэм дахэплъэнщ. ХьэIупщым и адыгэбзэм купщIэ хэлъу къыхэдеубыд персонажхэм я теплъэр нэрылъагъум хуэдэу пэгум къыщIэгъэувыкIыфыр, гъубгъуэ, бгъалъэ пейзаж гукъыщIэхэр къэгъэлъэгъуэнри, зы псалъэуха закъуэкIэ къэхъугъэм, щыIагъэ гуэрым и купщIэмрэ и теплъэмрэ къэIуэтэнри. Мис мыпхуэдэ пейзажкIэ къызэIуех тхакIуэм и повестыр, ар кIыхьыIуэми, зэрыщыту къэсхыну сфIэкъабылщ:

*«ШэджагъуапIэм щоя дыгъэр мастэкIэ зэрыщIэпхъуман пкъэ зэрымыль уэгу щIыIэ пэщIым къоуфIыкI. Абы и бзий псэнщIахэм, я щхьэ трагъэуэжу, Мэутыкъуэ къуажэм и уэрамхэм махуитIкIэ лъэмыкъыщIидзэжырэ къыщеса уэсым хэту къакIухь, жыг къудамэхэр ирипхыну фIэлъ хъэщхъэтеуэм, хадэхэр къызэрыхуха бжыхьхэмрэ къыщхэмрэ къыхэпIыщI бжэгъухэм щхьэрыс уэс тыIэхэм ядоджэгу, итIанэ губгъуэр щIэзыгъэна, бгъэхэр щIэлъхъума уэс Iупым и гущIыIум къуаргъхэмрэ къанжэхэмрэ трищIыхьа тхыпхъэщIыпхъэхэм толъэщIыхь, бажэхэмрэ тхьэкIумэкIыхьхэмрэ хаша лъагъуэхэм тоувэри къожыхь. Дэни нос, лъхуейр ящIэ. Ауэ мистэм хуэдэу къыпхэуэу щIыIэр ящIэнкIэ яхуэгъэхуабэркъым».*

Мы къэтхыр и кIэм пэгъэсыпэ хъуакъым, арщхьэми, цитатэр кIыхьыIуэ тфIэхъурти. Ауэ мы тIэкIуми псалъэм псалъэ къриплу дахэу зэрыхигъэкIуар, усэм хуэдэу эпитет дахэ, зэгъэпщэныгъэ щэрыуэ, нэгъуэщIу усэбзэм и Iэмал къезэгъырабгъэухэр тхакIуэм къызэригъэщIэрыуэр хьыдэплъагъуэ. А дахагъым и лъабжьэм гупсысэ куури щIэлъыжщ: мы пейзажым къуегъэщIэ авторыр зытепсэлъыхьыну къэхъугъэри, зэманри, щIыпIэри, уеблэмэ а къыIуэтэну зыхуейхэр зы щIыкIэм темыту куэду зэрызэхэзухуэнари. ШыкIэпшынэуэм иэщIыкIэ зэуэну къафэм елъытауэ Iэпэхэр зэрытриухуэм хуэдэу, тхакIуэми зи гугъу ищIынухэм елъытауэ пейзажымкIэ дэ зы пкъыгъуэм дытрепщэ. Авторыр етIощIанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къыщыхъуами, нэхъапэм щыIа псэукIэри ены ипъэгъуам хуэдэу къегъэлъэгъуэф, а зэманым псэуа цIыхухэм я гупсысэкIэри, я гурыгъухэри къытхуеIуэтэжыф. Абы и бзэр гъэпщIащ ипэрей жыбзэм и нэщэпэхэмкIэ, псалъэжьхэмкIэ, псалъэ щэрыуэхэмкIэ. Ялъынкъуэхэм деж псалъэжь теплъэу хэдзауэ абы къихьхэм ящыщ зыбжанэр ХьэIупщым тхыбзэм япэ къыхишауэ жыпIэ хъунущ. Щапхъэхэр мащIэкъым, ауэ ди тхыгъэр кIыхьыщэ дымыщIыным щхьэкIэ, къыдогъанэ.

Зи гугъу сщIа повестыр, щэжыпIэкIэ жыпIэмэ, зэрымыщIэрыщ армыхъумэ, роман гуэрхэм къакIэрыхуркъым къэхъугъэу зи гугъу ищIхэм я куэдагъымкIи, лIыхъужьу хэтхэмкIи, абыхэм я психологиер, хьэл-щэнхэр кууэ къызэрыгъэлъэгъуамкIи. Иджыри шычыгъуитI къэсхыну сфIэигъуэщ, жысIам и телъхьэу. Повестым хэт персонажхэм ящыщ зыщ ХьэтIэхъуэр; ар иэщIыкIэ гурымыхь дыдэу ди нэгум къыщIоувэ, сыту жыпIэмэ, абы и бзэкIэ цIыху къуажэм дапурэ ягъэтIыс. Мис абы и теплъэр авторым къызэригъэлъагъуэр:

*«ХьэтIэхъуэ лIы сырыху лъэр лъахъшэ цIыкIут, фэрыкI напэ хъуржауэ. Пщэ псыгъуэ къырт1эт. Абы фIэт и щхьэр Iэнщ и*

*Iэштlымышхуэм хуэдиз хьурт-якъым. Лlы хьерсыз щlыкlуэм абы сабийр кърытригъаууэрт, и ныбжьыр илъэс хыщlым фlыуэ щхьэдиха нэтми. ТекIыжу гъуабжэ хъуа и кlэстум хьыбий залэр льэгуажьэпэхэм теуэрт. Бэкъуэху и льакъуэ псыгъуэ цlыкlухэр шырыкъуищхуэхэм идэжэрэзахьырти, щэдыбжь щlэпщэ нэхъей, льэщхьытlым къриху жьым джэлэфей гъуанэ еутэхахэр щlигъэхъуэрт, зэм адэкlэ, зэм мыдэкlэ ирипщlэкlыу».*

Пэжщ, мыр псалъэ зытIущ къудейуэ жыпIэнкъым, ауэ хэбдзэнри хэлъкъым, а пычыгъуэ закъуэмкIэ еэы зытеухуари уэр дыдэм уи нэкIэ плъагъуэм хуэдэу пэгум къыщlохьэ. Апхуэдэми, адэкIэ къакIуэм къыхэрыхэщщи, тепльэм укъыщигъапцIэ къохъу: литературэ персонажыр фIыуэ плъагъуэнми, абы гущыкl хуэпщIынми, хьэмэрэ абы уи гур щlэгъуэнми, и тепльэм нэмыщl, Iэджэм елъытащ. ХьэтIэхъуэ и образри зэ еплъыгъуэкIэ къызэрыщфIэщIынум хуэдэу къызэрыгуэкIкъым. Абы и зэцыр къэзыгъэбэгар авторым къыдгурегъаIуэ, зэман гуэркIэ зэlэбокlыжрэ щэжы «лIы хъерсыз цIыкIуу» тлъагъур ныбжькIэ илъэс пщыкlуэым щитам щыгъуэ къыльыса тхьэмыщкIагъэр, абы ипэкIэ хьэхэбыр, абы щыгъуэ зыIущIэу гущэрыдэшхуэ езыгъэшцIа цIыху дыдэжыгъэхэр къыIуэтэжурэ. Абы щыгъуэми, пщхьэкIэ къэсхьа пычыгъуэм щIагъыбзэкIэ щыщIэуфащ а лIыр къызэрыгуэкI дыдэу зэрыщымытыр, сыту жыпIэмэ, авторым ди нэгу къыщIигъэхьэ тепльэм гущыкI хуэпщIынум и пIэкIэ абы уи гур щIогъу. Абы хуэдэу, и гум щыщIэ псор зы эпизод закъуэкIэ къэIуэта хъуркъым ХьэтIэхъуэ лешхуэ къытезыгъэхьа Жамболэт и образри. Ар ипэщIыкIэ цIыху залыму, щхьэхуэфIыжьу, гурымыкъыу къэжьэри, повестым и кIэм щынэсым деж ар гъащIэм пэгъуэщIу къыхэнигъэзауэ, и гур нэхъ хьэлэл къэхъуарэ имыIэххэу къыифIэщIыну щыта псэр, щэдыльэм къыхэбыргъукIа псынэ къабзэм хуэдэу, къыщIощыжыр. Абы игу щыщIэхэращ повестым и фIэщыгъэр къызытекIари.

Уегупсысэрэ укIэлъыплъыжмэ, ХьэIупщым и повестми, новеллэхэми, рассказхэми куэдрэ уащрохьэлIэ зэ Iуплъэгъуэкlэ зыхуэдэ псор къыщIэгъуэй образхэм. Абы къыкIыу сэ къысфIэщIращи, льэпкъ литературэм мы тхакIуэм езым япэ хэльхьэныгъэ хуэзыщIа авторхэм фIыуэ къыйхъулIахэр зыхилъхьэн икIи, мащIэ-куэдми, ар игъэбатэу ипэкIэ зыгъэкIуатэ гъуэгур къилъагъун хуэфIэкlащ. МуIэед абыкIэ зыми хигъэщыхьакъым, езым пщэрыль зыхуищIыжауэ арац. Ар пщэрыль гугъущ икIи льапIэщ.

А къалэныр екIуу щегъэкащIэ абы новеллэ, рассказ жанрхэм зыщритым деж. ЗэрыжысIаши, МуIэед ящыщкъым зи Iэдакъэм тхыгъэр бжыгъэншэу къыщIэукIуриикIхэм, ауэ утыку къриль хьэ дэтхэнэ зыри, Iэмал зэриIэкIэ, дагъуэ хуэщIыгъуафIэ мыхъун хуэдэу суэхдыф. Абы къыхэкIыу, мы авторым и тхыгъэхэм унгу нэхъ ирихьыр къыхэхыгъуей мэхъу – дэтхэнэ зыми езым и фIагъ гуэр хэлъыжщ. Абы и щхьэусыгъуэр е тхакIуэм дэтхэнэ и тхыгъэми зэхуэдэу и гуащIэмрэ и псэмрэ хельхьа, е игу примыхьыжмэ льэпкъ утыку кърилъхьэркъыми арац. ТIум щыгъуэми, дэ дыкъыхэдзэ дэтхэнэ и новеллэри рассказри купщIафIэ мэхъу. Абыхэм хэт персонажхэр я нэхъыбэкIэ мыдрей цIыхухэм зыкIи къахэмы-

щу хужьыпIэным хуэдэу къызэрыгуэкIхэщ, нэхъыбэр къуажэдэсхэщ – Iэхъуэ-мэхъуэхэщ, губгъуэрылажьэхэщ, абыхэм нэм къыщIэджыджэ лIыгъэшхуэ зэлыхьэ къуэди яхэткъым. Яхэтми, авторым зытригъащIэр аракъым, атIэ и гурыгъу-гурыщIэхэращ. Мес, псалъэм папщIэ, «Хъаджэт и къафэ» новеллэм хэт Уэджэрий лIыжьыр: абы и гъащIэр лэжьакIуэжьу ихьащ. И щIалэгъуэр блэ игъуэтыным щIэхъуэпсу ирихьэкIащ, игъуэта закъуэри зауэм хэкIуэдащ, езыр жьыхуегъэзэкI хъуауэ, и щхьэгъусэри и IэкIэ щIилъхьэжащ. ИтIанэми, авторым ауэ игу къэкIыркъым апхуэдиз къызыщыщIам дэ ди гур щIигъэузыну, Уэджэрий насыпыншэу дигъэлъытэну. Авторым зэрыдигъэлъагъуращи, абы и гъащIэр – сыт хуэдэ гугъуехь хуэмыдами – зыхуэщIегъуэжын гуэр имыщIэу ирихьэкIащ, и щхьэр щIрихьэхын зэи илэжьакъым, и псэм фIыуэ илъэгъуа щхьэгъусэм дэпсэуащ, зыми лей тригъэхьакъым. Мыгъуагъэ хуэзэми, абы зэи пудыныгъэ зрихьэжакъым, пэгъуэщIыми езым ирихакъым. Абы хуэдэщ и къуэ зауэм хэкIуэдам и щхьэгъусэ Хъаджэтис: ар псэкIэ зэгуэр фIыуэ илъэгъуам хуэпэжу, абы хуищIа гухэль къабзэр имыгъэутхъуэу кIэлъыпсэуащ, езым и напэри къабзэу, и псэм щигъафIэми и нэмысыр ихъумэу. И ахърэт ехыжыгъуэр къыщысым абы зы псалъэ закъуэкIэ зыми закъригъэщIакъым, ауэ и щхьэгъусэм напэ хужькIэ зэрыхуэкIуэжым и нэщэнэу, ар дзэм зэрыдапрэ къимыщта пшынэр къыхихри, и лIым фIыуэ илъагъуу щыта къафэм еуэурэ и псэр хэкIащ. «Нэщхьеягъуэкъэ?» жыпIэмэ, пэжщ, ауэ уи гур къызэфIэлъыгъапэр аракъым, атIэ цIыху къызэрыгуэкIым и лъым хэль пэжыныгъэращ, псэм и къабзагъэращ. Уеблэмэ уэри абыхэм зыгуэркIэ хуэфащэу ущытыным ущIегъэхъуэпс.

Абы хуэдэщ «ЩхьэкIуэ» новеллэм хэт Iэбу и къекIуэкIыкIар. Зы лъэпкъыкъуэкIэ уеплъмэ, мыбы и сюжетыр пщIы бжыгъэрэ дунейпсо литературэм и утыку илъащ: лIыр илъми и гъащIэ дыдэми щымысхьыжу зауэм Iутыху, госпиталхэм щIэлъыху и щхьэгъусэ къигъэнам нэгъуэщI зыгуэрым бын хуегъуэт. КъэкIуэжыпкIэ зыщымыгугъа лIыр къыщыкIуэжым, зэуэлIыр хамэ сабий гуцэм хэлъу къыхуоззэж. НэгъуэщI зыгуэру щытамэ, хэт ищIэрэ, унагъуэр мыкъутэу къызэтенэнкIи хъунт, езы Iэбу дыди абыкIэ хьэзыр хуэдэт, апхуэдизу фIыщэу илъагъурт и щхьэгъусэри. Ауэ, Iуэхуракъэ, IэщIэщIар зыхуэзымыгъэгъуэжар езы Гуащэнэхущ. Абы и псэм хутегъэхуакъым пэжыныгъэр зыхуимыхъумэфа лIым дэпсэуныр. Арати, фIыуэ зэрылъагъуитIым я гъащIэ гъуэгухэр зэрызэхъуащ – Гуащэнэхуи лъэпкъуэ эригъэжащ, зэман дэкIри, Iэбуми нэгъуэщI пIэщхьагъ, ари пIэщхьагъ хъуэпсэгъуэ дыдэ, игъуэтыжащ. АрщхьэкIэ, псэр зыдэтыншыр пкъыр зыгъафIэракъым, фIылъагъуныгъэкIэ зыкIэрыпщIэрщ. Ар псалъэ гъуцэу къытфIэщI щхьэкIэ, иджырей уэрэд хуэмыщIыхэм зи фэр трагъэкIыжа «лъагъуныгъэ» псалъэм и купщIэр зэрыгуащIэр тхакIуэм ауэ къыIуэтэж къудейкъым, атIэ ди нэгум щIегъэкI: Iэбу Гуащэнэху щымыIэжу къыщещыхьэкIуэм, и гум хуэшэчакъым – езыри и ужьым иту кIэлъыкIуэжащ. Апхуэдизу гуащIэт абы и гум илъа мафIэр! Зыгуэрхэм жаIэнкIэ хъунщ: мы сюжет гъэпсыкIэр тIэкIу емыщ-

хъу нІэрэ театр спектаклъ зэфІэбдзам? Апхуэдэу жыпІэнт, Іэбу и образыр псэм дыхьэу гурыхьу щымытатэмэ, абы и етІуанэ фызымрэ езымрэ я зэхущытыкІэр узэщІа дахэу къыщІэмыкІатэмэ, авторым къиІуэтэж къэхъугъэр гъащІэм и пэжкІэ мыпсыхьатэмэ. Пэжыр жытІэнщи, мы хъыбарыр авторым и фантазием къыхэкІащ. Ауэ абы хэлъщ псэр фІымрэ дахагъэмрэ хуэзыгъэуш къаруушхуэ. Мис а къарум гурылъышхуэм и щІагъымрэ цІыхугъэ лъапІэмрэ я щапхъэ ещІ мы хъыбарыр. Ардыдэм нэщхъеягъуэ къэхъуар, зэрыгуузым пэмыщІауэ, нэхугъэкІэ зэщІегъаблэри, гум телъын хуейуэ къыщыхъуну хьэлъэр трехри, уэри апхуэдэ лъагъуныгъэшхуэм ущІегъэхъуэпс. Дуней гъащІэкІэ къыпхуэупса Алыхь лъапІэм апхуэдэ лъагъуныгъэу зи мафІэр мыужьыхыжыныр телъхьэ къыпхуищІыжамэ, аращ насыпыр. Ар пэжщ, уэ фІыуэ плъэгъуар уи нІэ лъапэм къыщысмэ, хамэ уиэ щыпсэуми емылъытауэ. Ауэ ар зищІысыр зэи умыгъэунэхуамэ, абы щыгъуэм гъащІэм и ІэфІыр уэ бблахауэ аращ. Мис аращ мы новеллэм хуэдэхэм узыхуаузэщІыр, икІи мы тхакІуэм абы хуэдэ зыкъом и Іэдакъэ къыщІэкІащ, а псоми зэуэ датемытхыхьыфми.

СытхакІуэщ, жыпІэ дэтхэнэми къехъулІэркъым мы зи гугъу сщІа тхыгъэхэм яхэлъ Іэзагъэмрэ дахагъэмрэ зэуІу пщІыныр. Абы щыгъуэми, апхуэдэ зыхуэзэфІэкІращ пэгъэсауэ тхакІуэкІэ узэджэ хъунур. Си гугъэмкІэ, апхуэдэщ ХьэІупщы МуІэд. Абы и тхыгъэхэм яхэтщ нобэрей проблемэхэм ятеухуапи, нэхъыщэм папщІэ къэхъуа, хьэмэрэ къэхъуну щытахэм хуэдэ гуэр зи лъабжьэхэри. Ауэ сыт хуэдэ темэ къимыщтами, абы тхылъыр зыІэщІэлъыр къехьэху, къыдехьэх, дэтхэнэ Іуэхугъуэу зи гугъу ищІхэри нобэрей гъащІэм къегъэщІылІауэ уегъэлъагъу. Апхуэдэу щыхъукІэ, ар дыдэрат лъэхъэнэм и тхакІуэщ, къэкІуэнуми и гупэр хуэгъэзащ.

**ГЪУТ Іэдэм,**
*филологие щІэныгъэхэм я доктор*

# ЛЪЭБАКЪУЭЩIЭ

Лъэпкъ литературэм щIэщыгъуэу къыхыхьащ Хьэlупщы МуIэед и прозэр. Дыщыуэркъым прозэ щыжытIэкIэ, МуIэед прозаикщ, ауэ тхакIуэм и дэтхэнэ тхыгъэми макъамэ гурыхь щIэтщ, цIыхубэм къагъэщIауэ. Абы къыщегъэхъу, и новеллэхэр щитхкIэ, езыр зыдежьу дэпщэ уэрэд цIыкIухэм я макъамэхэм псалъэщIэхэр ихуэхилъхьэ хуэдэу. Ахэр гъатхэ жыг хадэу «къотIэпI, гулъхэу къыдэролъэлъ... хуэрэджейхэр гъэгъауэ дыгъэпс щабэм хосыхь, ходжэгухь...». Прозэу тха мы усэ сатырхэм къапоуэ:

*«Май жыг хадэ-э-э-эм ЛатIиф къыщогъагъэ...*
*...Узмылъа-а-а-гъуу-у-у къыбжезыIэр,*
*Хэту щытми, къоиж цIыхущ...»*

Гъатхэ. Гъащlэ. ЩIалэгъуэ. Лъагъуныгъэ. Дуней щlэращlэ... Апхуэдэу ухешэ Хьэlупщым и художественнэ дунейм. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIощI зи хъуэпсапIэр къызэхъулIа сабийм (шыд къыхуащэхури, шыдыгуи хуащIыжат) «жыыбгъэмрэ гуфIэгъуэмрэ къыщIахуа и нэпсым» нэхъ Iэфlи, нэхъ лъапIи щымыIэу («Хуэрэджейр мэгъагъэ» рассказым). «Дамэ тетамэ лъэтэнут» рассказым хэт лирическэ лIыхъужьыр, ауэ цIыхур абы къыхуигъэщIакъым, итIани пкъым лъэмыкIыр псэм хуэзэфIокI — нэхъыжьхэм кърагъауэ патефоным игъэIу макъамэм сабиипсэр еIэт, хьэуам хегъэджэгухьри, щIылъэм кърегъэувэхыж... Къримыгъэувэхыжуи хъурэ! Насышыр кIыхьи, куэди хъу хабзэкъым, зэманри хьэлъэт — зауэшхуэм и ужь илъэсхэрт...

Зэман куэди дэкIащ, псы Iэджи ежэхащ рассказым зи гугъу щищI лъэхъэнэм лъандэрэ, цIыхухэм я псэукIэми зихъуэжащ. Ауэ цIыхупсэр абы щыгъуэ хуэдэуи мэхъуапсэ, нобэ ар шыдыгу зэщIэщIакIэ къыпхудэхьэхыжыну щымытми, дунейр и хабзэ тхIийм текIыркъым: «гъатхэ къэс хуэрэджейр мэгъагъэ, псэр Iэфlыгъэ щэху гуэрхэм хуагъэушу». Псэм щыушэ мис апхуэдэ Iэфlыгъэхэрщ Хьэlупщым и тхыгъэ псоми шхэпс яхуэхъужыр, уеблэмэ щыпэхъыщхьэу къэлъытапхъэр.

Ауэ япэхэм дунейм и щIэрэщIэгъуэ гъатхэм «гугъапIэ дахэхэмрэ гупсысэщIэхэмрэ тхакIуэм къыхуихьу щытамэ, идэжы гукъэкIыжхэмрэ жэщ шщIыхьхэмрэ Iэпэгъу къыхуищIауэ и псэр ехуэ, сабиигъуэм и жьэгум дишэжауэ щIакхъуэ, чыржын хуабэхэр къратурэ и щхьэфэм Iэ къыдэзылъэу щыта лIыжь-фызыжьхэм и куэщIым кърегъэхутэж». А гукъэкIыжхэрщ къызыхэтэджыкIыр тхакIуэм и гъащIэм зэгуэр зэ къыхыхьэгъа цIыху зэхуэмыдэхэр: нэжыр, захуагъэр зыгъэпэхъапэ, нэгъуэщIым и Iуэхур езым и щхьэм езылъытыф лэжьакIуэжьхэр («Хуэрэджейр мэгъагъэ», «Хьэблэ лIыжьхэр», «Бжьыахъэ уэшх»), IэщIагъэлI-хэкупсэхэр («Уэрэд»), тхьэмадэ Iущхэр («Хъаджэт и къафэ», «ЩхьэкIуэ», «Фызыпэ»), ныбжьыщIэ хьэрэмыгъэшхэхэр, Iумахуэхэр («Тенджызыр къэукъубеймэ», «Лъагъуныгъэ», «Гухэлъыр Iуэтэгъуейщ»).

Мы рассказхэм хэт персонажхэр я тепльэкIи, хьэл-щэнкIи, дуней тетыкIэкIи зэщхькъым, ауэ псоми я гупсысэр зыхуэунэтIар зыщ — дэтхэнэри насыпыфIэ хъуну хуейщ. Хьэlупщым и тхыгъэ-

хэм къызэрыхэщычкІэ, «щІыхур дунейм къыщІытехьэр насыпыфІэ хъуи щхьэкІэщ». Абы хэкІыпІэ къыхуигъуэтын щхьэкІэ, тхакІуэм и гупсысэ пІейтеяр, псэр имыгъэпсэхуу, мэлъыхъуэ. А хэкІыпІэр ещхьыкъым литературэ теорием дызыхуигъэІуэщу щытахэм — насыпым, псом хуэмыдэу щІыхубэ насыпым, Джэримэс хуэдэу (Акъсырэ З. «Дахэнагъуэ»), хущІэкъуи, ар къэзэуи зэрыхуейм.

ТхакІуэм и лІыхъужьхэр дунейм и къэхъукъащІэ шынагъуэхэм иризэщІэувэрэ ар къагъэІурыщІэу, нарт лІыхъужьхэм хуэдэу, щІыхухэм мафІэ къыхуахыыжу, благъуэм нубыда псыр хуит къыхуащІыжу, ахэр гъаблэм къырагъэлу щыткъым. Гъуазджэр аптхуэдэ хэІэтыкІыныгъэ гуэрхэм укъыхуриджэу щытын хуейуэ къэзыгъэув философхэу Э. Берк, И. Кант сымэ я Іуэху еплъыкІэри къищтэркъым ХьэІупщым. Абы и тхыгъэхэм патетикэри зэи тепщэ щищІаркъым, и лІыхъужьхэр къазэрыгуэкІщ, къазэрыгуэкІ гъащІэщ зыхэпсэукІри. Ауэ дэтхэнэми кІуэцІкІэ игъэв, и псэр зыхуэнхъэр Іуэхухэм я инагъымкІэ ахэр яцхьэпрокІ сыт хуэдэ дуней къэхъукъащІэми. АбыкІи хэІэтыкІа мэхъу тхакІуэм и художественнэ дунейр. Мыбы дыщІыгъужынхъэщ зэхэгъэкІыпІэ щытакІэм къыхутауэ гъащІэмрэ напэмрэ хэдэн хуейуэ къызылъыкъуэкІа щІыхур зыхэт «псэзэрышхыр» ХьэІупщым хуэдэу Іэзэу къэзыгъэлъэгъуэф, сэ сызэрепльымкІэ, ди тхакІуэхэм зэрахэмытыр.

Къэзыухъуреихь псоми хуэдэу, тхакІуэм и персонажхэм къыжьэхоуэ къэралми жылагъуэми щекІуэкІ къэхъукъащІэхэр, уеблэмэ натІэрыуапІэ ищІхэри къахокІ, насыпыфІэ хъуным и пІэкІэ насыпыншэ ищІхэу. Ар щІыхум и фІэфІыныгъэм зыкІи епхакъым, къыщемыупщІыххэри нэхъыбэщ. Дэри апхуэдэ гупсысэкІэм десэжащи, «сыт-тІэ нщІэнур, къэралыр зауэ хэтмэ е езым и кІуэцІкІэ хьэлэбэлыкъ щекІуэкІмэ» жыдоІэри, ар къэзыгъэуттхъуэхэр, щІыхубэр бэлыхь хэзыдзэхэр гъэкъуэншэным и пІэкІэ лІыхъужьыгъэ зэтхьэну мафІэм дыпэрохьэ, фэрыщІ къыхуеджэныгъэхэм дыщІэту. «Вакъапхъэ-вакъапхъэу зэхэлъщ гъащІэр. Гугъуущ икІи хьэлъэщ упсэуну, улъыхуейр къыщомыхъулІэм деж», — жеІэ езы ХьэІупщыми («Иужьрей пшынэ макъ»). КъайхъулІэркъым тхакІуэм и лІыхъужьхэми я хъуэпсапІэхэр. Апхуэдэхэм деж МуІэед и тхыгъэхэм къыхыхьэр, дауи, гухэлъ уэрэдкъым икІи къызэрыфэ шшыналъэкъым, атІэ гъыбзэщ е «иужьрей пшынэ макъщ»:

*Джэгум сэ сыщІэкІуэри, щІыхум сащІыхыхьэри*
*Уэ зы закъуэрати – уэнІэжкъым сэ.*

МуІэед къигъэщІ образхэр къэрал е щІыхубэ унафэ хэІэбэфу щымытми, езыхэм я мыарэзыныгъэр къагъэлъэгъуэф, къагъэсэбэпри абыкІэ хэкІыпІэ закъуэу къалъытэрщ — я щхьэм тезыр телъхьэжынырщ. Мы Іэмалым дунейпсо зауитІым я зэхуаку лъэхъэнэм къэухьэнэ лъэпкъ гъуазджэм зыщызыужьауэ щыта модернизэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэм куцдрэ ущрохьэлІэ, щыпсэу системэр, къэрал унафэ щІыкІэр зэрамыдэр абыкІэ къырагъэлагъуэу. Ар къыгъэсэбэпащ адыгэ тхакІуэхэми (Къуэкъуэ Н., Елгъэр К., Емкъуж М., Къанкъул З.), псом хуэмыдэу хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къахэкІахэм. ХьэІупщым и творчествэри хуэхамэкъым авангардизмэм и хуэмэбжьымэхэми, псом хуэмыдэу тхакІуэм и хьэтІыр, и бзэр («ПхуэзэфІэкІынумэ, къысхуэгъэгъу» повестым нэхъ щы-

нэрылъагъущ), ауэ абы и лlыхъужьхэм фэтыджэн зытраклэу къалэ утым деж зыщагъэсыжыркъым, псыми зыхадзэжыркъым, атlэ гъащlэм къридза удыным псэкlэ япэщlоуэ. А зэпэщlэтыныгъэ кlыхьырщ, гъащlэ псо зи шыбжьырщ Хьэlуищым и тхыгъэ гукъинэжхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъуар. Псэм къызэрымыгуэкl къару къызэрыпкърыкlыр, ар сыт хуэдэ тезырми зэрыпэлъэщыныр тхаклуэм зыхидегъащlэ Хъаджэт, Уэзджэрий («Хъаджэт и къафэ»), Марусхъан, Хьэбалэ («Иужьрей пшынэ макъ»), Гуащэнэху, lэбу («Щхьэкlуэ»), Хьэжбат («Гукъэкlыж»), Нэфlыцlэ, Аслъэнлыкъу, Хъерлы, Джынэ, Къуэнбатэ, Жансурэт, Инал, lэтхъан («Пхуэзэфlэкlынумэ, къысхуэгъэгъу» повесть) сымэ я образхэмкlэ.

Псалъэм папщlэ, Уэзджэрийрэ Табыхъанрэ щlэнсэур я къуэ закъуэрщ, «гъащlэм нэхъ lэфl дыдэу хэлъу ялъытэри аращ» («Хъаджэт и къафэ»). И къуэр дунейм къыщытехым къыщыщlэдзауэ Уэзджэрий псэуащ абы и «насыпыр зы махуэм нэхъри адрейм нэхъ ин зэрищlынум хущlэкъуу. Хэт ищlэн, ар абы къехъулlэнкlи хъунт, зауэр мыхъуатэмэ...». Бэтмырзэ (Уэзджэрий и къуэм) щхьэгъусэ ищlа къудейуэ, быии ямыгъуэтауэ, зауэр къэхъейри, абы ираджащ икlи хъыбарыншэу хэкlуэдащ. Ауэ нысэ цlыкlур и дыщ кlуэжакъым, и гуащэ-тхьэмадэм къабгъэдэнэри псэуащ, и щхьэгъусэм ежьэу. Иужькlэ Уэзджэрий езым и щхьэгъусэри дунейм ехыжри щlантlэшхуэм къыдэнар лlыжьымрэ «уазэрэ бзууэ гъуа» и нысэмрэщ. Лlыжьыр абы lупльэху, и гур хощl, «дунейм теткъым ар жылэр зэрызыгъэуклa пшынауэ lэзэ Хъаджэт дахэу зэрыпщlэжын». Ар пшынауэу щытауэ жылэм иджы щызыщlэжри езы Уэзджэрий и закъуэт, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ «Бэтмырзэ къигъэзэжыху пшынэ емыуэну псалъэ итат абы», а пlалъэр гъащlэ псо и кlыхьагъыу къыщlэкlащ. Ауэ зы пщэдджыжь гуэрым телъыджэ къэхъуащ: Уэзджэрий жэмыр хъупlэм дигъэкlауэ къэкlуэжрэ нэт пшынэ макъ зэхихащ. Ар и пщlантlэм къыдэlукlыу къыщищlэм, зыхуихыныр имыщlэу къэуlэбжьащ: «Уэзджэрий макъамэр къызыщlэlукl унэмкlэ ищхъейуэ зыкъомрэ плъащ, итlанэ таучэлыншэу абыкlэ иунэтlащ. Хъаджэт Бэтмырзэ щригъажьэм щыгъа лодан бостей пльыжьыр щыгъыу гъуэлъыпlэ зэлъыlухам и дзаклэм тест, пшынэ еуэу»...

Гугъэр и гъащlэ гъуэмылэу псэуащ цlыхубзыр — абыкlэ Хъаджэт ятеклуат зауэми, ар зэхэзыубдахэми, зэманми... Ар бзылъхугъэм и иужьрей къафэт, и щхьэгъусэм щlыгъуу бинщэм езыри, къыщlэхъуэну щыта щlэблэри... я насыпри зэрихьэм и гъыбзэт. И нысэм къыlэпыхуа пшынэр Уэзджэрий къищтэжри, абы и кузэщlым иригъэувэжащ, «пшынэ пlэпсри и дамэм фlилъхьэжащ, ауэ ар зыфlилъхьэжа дамэм псэ хэтыжтэкъым...»

Сыт къыхуэнэжыр «ебгъуанэ плъэнищlыр зэхуэдитl ирищlыкlауэ ездалъэфэкl» лlыжьым? Лей къызэрытрагъэхьамкlэ хэт абыхэм я пащхьэ зыщызэхенэжынури, «къытхуэвгъэгъу» къажезыlэнури? Апхуэдэ зэрыщымыlэнури, «къытхуэвгъэгъу» зыми къызэрыжрамыlэнури езы Уэзджэрии фlыуэ къыгуроlуэ. Къыхуэнэжыр жылагъуэм, къэралым я хьэлъэр игъэвынырщ. Ар псоми я зэхуэдэщ. Ар lэмалыншагъэ lуэхущ. Мыри къухьэпlэмкlэ къакlа гъащlэ философиещ, Хьэlуищыр нэхъ дихьэхыу. Апхуэдэущ Уэзджэрии гъащlэм зэрепльыр, уебгэмэ нэхъ lенжи къызыщыщlахэр щыlэщ, абыхэм зеплъытмэ, лlыжьым и гур зэригъэфlын хъуаскlэ-

хэр иджыри и псым къыхэнащ: «тхьэм и шыкуркIэ и лъэм зэрехьэ, и Iуэху Iыхьэ тIэкIуи ещIэф». ИтIанэ, и ныбжьыр хэкIуэтами, гуауэмрэ гугъуехьымрэ къагъэшами, Уэзджэрий гъащIэр къызэщIэуужэгъуакъым, гукъеуэри губжьри зытригъэкIуакъым. АбыкIэ лъэщщ ХьэIуищым къигъэщI образхэр.

ХьэIуищым и тхыгъэхэм къахэIукI нэгъуэщI зы мактъамэми (мотив) гу лъытэн хуейуэ къыдолъытэ. Ар цIыху щхьэхуэхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэрщ, нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, фыгъуэ-ижэм, губжьым, гуэрыдэм, бампIэм къахэкIыу языныкъуэхэм ялэжь мыхъумыщIагъэхэр зэрахуэбгъэгъуну щIыкIэрщ. Мы Iуэхугъуэр егъэлеяуэ гугъущ, адыгэ литературэм нужьрей зэманым нэхъыбэрэ къыIэт хъуахэм ящыщщи. Абы щыхьэт тохъуэ МафIэдз С. и «Мыщэ лъэбжьанэ», Шэджыхьэщlэ Хь. и «ЛъыщIэж», Вэрокъуэ В. и «Къахуэзыгъэгъуфым къахурегъэгъу», Емкъуж М. и «Къэдэр жэщ» романхэр. Абыхэм я сатырым хэтщ ХьэIуищы МуIэед и «ПхуэзфIэкIынумэ, къысхуэгъэгъу» повестри.

Къызэрыхэдгъэщащи, МуIэед и тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар лъагъуныгъэрщ, арагъэнщ абыхэм мактъамэ зэхуэмыдэхэр къахэIукIыу щIыщытри. А мактъамэри персонажым и гумрэ и псэмрэ щыхъэр зыхуэдэм елъытащ — тхакIуэр къыдэчэнджэщ зэпытщ, лъагъуныгъэм псэщIэ къызэригъэщIым хуэдэ дыдэу, ар игъэнынии хуэзэфIокI, «фысакъ», къыджиIэу.

Лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ зэщIыгъуу Ашэмэз и бжьамийм и зы кIапэхупщ, ухуэмысакъмэ, умыхъумэмэ, кIапэ фIыщIэм — насыпыншагъэм — псынщIэ дыдэу ухуишэу. Аращ повестым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр. ХьэIуищым и персонажхэр хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къагъэлъагъуэу лIыгъэщIапIэ губгъуэм иткъым. Iуэху къалъыкъуэкIмэ, ахэр къыкIуэтынукъым, ауэ хуейщ насыпыфIэу псэунхэу. Абы щхьэкIэ зыгуэрым зыгуэри паубыдыркъым: псэун, лэжьэн, лъагъуныгъэ, унагъуэ щIын, я бын япIыжын. Псэ зыIутым къахуигъэщIа а хабзэ нэхъыщхьэрщ абыхэм я хъуэпсапIэр:

*Лъагъуныгъэм qигъэгушхуэу,*
*Си Хьэбалэ, qыпсэунщ,*
*КъыздэтIэту лэжьыгъэшхуэ,*
*Колхоз губгъуэм qызqитынщ...*

АрщхьэкIэ цIыхур къигъэщIу къыхилъхьэжа хьэд мыхъумыщIэ къомыр дэнэ пхьын?! Ар щоуэ, мэлъэпэрапэ, фыгъуэм, губжьым къыхэкIыу лей щызэрихьи, хъуэпсапIэ цIуугъэнэхэм я хъым ихуэу щIэпхъаджащIэхэм щахэхуи къохъу. Апхуэдэхэрщ тхакIуэм и повестым дызыщыIуигъащIэхэр. Абы хэт персонаж гукъинэжхэм я унагъуэ-абгъуэ цIыкIум Iэ щIыIэкIэ къыхэIэбэхэм я зэранкIэ я насыпыр мэкъутэ, я гугъапIэ-хъуэпсапIэхэри къатощэхэж. Повестым лъагъуныгъэрщ образ нэхъыщхьэу хэтыр, ауэ абы насыпыфIэ ищIу зы персонажи ущрихьэлIэркъым, тепльэгъуэкIэрэ тхыгъэм къыхыхьэ урыс щIалэ Александрин Ипатович хэбгъэкIмэ.

ГъэщIэгъуэнщ повестым и ухуэкIэри. А жанрым и хабзэхэм тету, ар хэгъэщхьэхукIауэ персонаж зыбжанэм е лIыхъужь нэхъыщхьэ гуэрым теухуауэ щыткъым. Псылъэудз зэрыкIым ещхьу, зы литературэ лIыхъужьым и хъыбарым адрейр къыщхьэщыу-

вэжурэ повестым и сюжетхэр къат-къатурэ зэтоувэ, ауэ псори йокӏуэлӏэж Асльэнлыкъурэ Нэфӏыцӏэрэ я лъагъуныгъэм. Пщацэм хьэщыкъ нщӏа Асльэнлыкъу абы Iупльэху и нитӏыр къолыд, адрейри къыхуогуфӏэ. Тхакӏуэм хигъэфӏыкӏ апхуэдэ теплъэгъуэхэм зэрынэсу и бээми, и хъэтӏми захъуэж, прозэ тхыгъэр усэбзэм хуокӏуэ: «И нэ нӏащитӏыр мэгуфӏэ, и Iупэ дахэхэр мэгуфӏэ, и нэкӏущхьэ дыкъэрэнхэр мэгуфӏэ, псори, псори мэгуфӏэ... Нэфӏыцӏэ!.. Нэфӏыцӏэ!.. Нэфӏыцӏэ дахэ! Дахэ псоми я лей!»

*Пшынэ макъри гум пфӏыхохъэрэ,*
*Сфӏыхмыхьаурэ лъагъуныгъэри.*
*Сэ пхужыцӏатэкъэ, си Нэфӏыцӏэ, иджы, уой!*

Зэгуэкӏуа ныбжьыщӏэхэр насыпыфӏэ хъуи хуейуэщ тхакӏуэм дызэпнигъапльэр, ауэ еши-щхьэхи, емыкӏуи-екӏуаи имыщӏэу Нэфӏыцӏэ къеуфэрэзыхь Жамболэт. Абы и нэ «удзыфэ цӏыкӏухэр убзэрт, дэхащӏэрт, лъаӏуэрт», ауэ Нэфӏыцӏэ къыхихар Асльэнлыкъут. Абыхэм унагъуэ хъуэнсэгъуи яухуат, япэ сабийри ялэт, етӏуанэми пэплъэхэрт, ауэ я насыпыр кӏэщӏыщэу къыщӏэкӏащ. Абыкӏэ къуаншэр лъагъуныгъэ-цӏыхуукӏырищ Жамболэт и сэфэтым иту. Жамболэт Нэфӏыцӏэ зыщигъэгъупщэн мурад нӏэу зыбжанэрэ щхьэгъусэ къишац, ауэ ядэпсэуфакъым. «Махуэм Нэфӏыцӏэ си нэгум щӏэкӏыртэкъым, жэщым хэкӏыртэкъым си пщӏыхьым. Гукӏи псэкӏи сепсальэрт, и цӏэр жысӏэу сыӏуэнщхъурт. Ар къысхуамыдэу я хьэпи-шыпи зэщӏакъуэрти, щхьэгъусэ сщӏыхэр ежьэжхэрт», — зиумысыжат Жамболэт. Иджы щӏалитӏыр — Жамболэтрэ Асльэнлыкъурэ — Iэщым пэрыту гъэмахуэ хъупӏэхэм щыӏэну къахудэкӏащ...

Адэкӏэ повестым и сюжетым зэрызиужьыну щӏыкӏэр къэнщӏэну гугъукъым. «Къущхьэхъу», «бгылъэ щӏыпӏэ», «хъушэ» щыжыпӏэкӏэ, Iуэхум Iэмал имыӏэу къыхыхьэну хуожьэ дунейм и къэхъукъащӏэ шынагъуэ гуэри. Апхуэдэущ повестым зэрыщыхъури. Зы махуэ гуэрым, дуней и нӏалъэ зыщӏэ Асльэнлыкъу Iэщыр пщыӏэм гъунэгъуу кърихуалӏэжащ, уэлбанэшхуэ къызэрыкӏуэр къыгурыӏуэри. Жамболэт ар идакъым икӏи унафэ хуищӏащ Iэщыр Iуихужу иджыри игъэхъуэкӏуэну. Уэлбанэшхуэмрэ уэмрэ ягъэгужьея шы гуартэр щыхупӏэмкӏэ щызэрихьым, абы пэщӏэувац Асльэнлыкъу, ауэ езыр зытес шым хакӏуащӏэ гужьеяр бгъэкӏэ къеуэри, шыри тесри къигъэлъэещ. Зи гур зэгуэудауэ зи псэр хэкӏ шыр Асльэнлыкъу къытохуэжри, щӏалэр щӏепӏытӏэ... Лъыр къыжьэдэжу зи псэр хэкӏ Асльэнлыкъу щхьэщысу Жамболэт йолъэӏу абы къыхуигъэгъуну: «Асльэнлыкъу, си къуэшыжь, Алыхьым щхьэкӏэ къапльэ! Къызэплъ. Зэхэпхрэ? Уэлэхьи, сэ уэ жагъуэу узмылъагъу... Сощӏэ, схъэгъуащ, си нэгу щӏэкӏащ Нэфӏыцӏэ фӏыуэ зэрыплъагъур... Ауэ пэжыр жыӏэн хуейщ, езыми апхуэдэу фӏыуэ укъилъагъуу сщӏакъым... Уэращ Нэфӏыцӏэ къыхихар. Сэ абы нужыкӏэ хэт къэзмышами, Нэфӏыцӏэ хуэдэу схуэлъэгъуакъым... Къысхуэгъэгъу, Асльэнлыкъу».

Выгум илъу Асльэнлыкъу и хьэдэр Къущхьэхъум кърапэхыж. Абы щхьэщысщ гуауэм зэфӏиӏуэнтӏыкӏа Жамболэти. Абы и гур мэгъу, мэгумэщӏ, и нэпсхэр къыфӏыщӏож, ауэ езыми къемыдэӏуэжу и Iупэхэм къатокӏэрэхъукӏ: «Ей, Нэфӏыцӏэ... Нэфӏыцӏэ... Нэфӏыцӏэ!

91

Сэ уэ пхуэсщlа лъагъуныгъэращ щхьэ закъуэ лъакъуитlу дунейм сыкъытезыхар». Гуауэми гукъутэми яхущlэхъуматэкъым аддэ и гулъащlэ дыдэм щlэгъэпщкlухьауэ Жамболэт къыздрихьэкl щэхур. Жамболэт и lупэхэр аргуэру мэпlэжьажьэ, абы къыжьэдэкlри езым фlэкlа зэхэзымхи щылэкъым: «Нэфlыцlэ! Сэ уэ сыноцхьэкlуэнуци, нышхьэбэ, кхъыlэ, пхуэзэфlэкlынумэ, къысхуэгъэгъу...»

Къыхуагъэгъуну лъаlуэ цlыхум и псалъэр зэхахыну, зэхахынэми зэхащlыкlыну ар зыхуэгъэзахэм? А упщlэм и жэуапым дыщрихьэлlэркъым повестым и кlэухым. Къызэрыщlэкlымкlэ, ар къыщылъыхъуэн хуейр тхыгъэм и пэщlэдзэрщ. Мыри тхакlуэм и lэзагъым и нэщэнэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, басиям къыхэхыпхъэ lуцыгъэр, моралыр тхыгъэм и кlэухым яхь хабзэщ. Хьэlуищым ар и повестым и пэщlэдзэм ихьащ. Асльэнлыкъурэ Жамболэтрэ и lуэху зэхэмылъу къыпщыкъу тепльэгъуэм. Махуэ гуэрым (lуэхур щекlуэкlыр политикэ залымыгъэм и ильэсхэрт) дыгъэрыжьэ хъужауэ кlэртlоф къэпищ къыщыпауэ шыдыгукlэ Блиц къыздэкlуэжым Хьэтlэхъуиэ lууащ. Абы и зэранкlэ Блиц ягъэтlысри щысат. И унэкъуэгъуэр аргуэру къэсати, бригадирым и лъэlукlэ кlэртlофыпкъэр зэщlикъуэри, хьэсэм къыхишыжат, зы напlи къытlатэкъым, дыгъэрыжьэу къыщlэщахэрт къыщыпар. Ауэ ар Хьэтlэхъуиэ и фlэщ пхуэщlынт! Ар и закъуэу псэурт, зыми яхэмызагъэ дыгъужыжьу, илъагъур, зэхихыр иlуэтэжу, «емыкlуи, екlугъи, гуэнхьи, хьэзаби имыщlэу». Блици къыгурыlуат етlуанэу дашмэ, къызэримыгъэзэжынур. Ауэ, зэрыщымыгугъауэ, Хьэтlэхъуиэ кlэртlоф къэпищым и хъыбар дунейм къытригъэхьакъым. Блици ар щыгъупщакъым, «япэм къриццlауэ щытар хуигъэгъури, Хьэтlэхъуиэ дунейм щехыжам и жэнэзым хэтащ. Махуищми къыдэмыкlыу дэсащ пщlантlэм, екlи фlыкlи зы псалъэ жимыlэу...». Мыбдежым «екlи фlыкlи зыри жымыlэн» фразеологизмэрщ нэхъыщхьэр, тхакlуэм ар къытхуегъанэ, адэкlэ дэ дызэрыхуейуэ lуэхум дегупсысыжыну.

Апхуэдэщ Хьэlупщы Мулlэед и художественнэ дуней гъэщlэгъуэныр, емрэ фlымрэ егъэлеяуэ ткlийуэ щызэпэщlэтыр... ауэ цlыхугъэр зэи щафlэмыкlуэдыр. Гъэгъуныгъэр, гущlэгъур, лъагъуныгъэр адрей псоми я щхьэ щохъу абы и творчествэм. Ар нэхущ, къабзэщ, гурыlуэгъуафlэщ: «Шэджагъуапlэм иува дыгъэр мастэнэ къудей зэращlэнхъумэн пшэ зэрымылъ уэгу нэщlым къогуфlыкl... Дэнэкlи укlуэми, зыбгъазэми, уэсщ, нэм къыщlэлыдэу...» Ауэ езы тхакlуэм зэрыжиlэщи, «мазэ нэтрэ дыркъуэ телъыц», гъащlэм ахэр мымащlэу цlыхупсэ молуанхэм къатренэ. Псэм и фэбжьхэр трилъэщlыкlыну, узыр яхуигъэщэбэну хэтщ Хьэlупщым и прозэр, лъагъуныгъэ макъамэ дахэхэмрэ гъэгъуныгъэ псалъэ lэфlхэмкlэ.

**ТlЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щlэныгъэхэм я доктор*

ХЬЭIУПЩЫ МуIэед

# ХЪАДЖЭТ И КЪАФЭ

*Новеллэ*

Уэдджэрий жэщыбгъым къыхэщыуащ. И нэр къызэтримыхыу, блынымкIэ зигъэзащ, жеижьын и гугъэу, ауэ, щымыгугъауэ, жейр псынщIэу щхьэщыкIри, бгъукIэ зэрытегъуэлъхьым хуэдэу къэнащ. Зыкъомрэ апхуэдэу хэлъащ, зэгупсысынури ищIэнури имыщIэу. Сыт ищIэнт жэщыбгъым? Сытми егупсысын, илъэс тIощI ныбжьым щимытыжкIэ? Ебгъуанэ илъэсипщIыр зэхуэдитI ирищIыкIауэ ирелъэфэкI, зы махуэм нэхъри къыкIэлъыкIуэр нэхъ къытехьэлъэу. Тхьэм и шыкуркIэ и лъэм зэрехьэ. И Iуэху Iыхьэ тIэкIуи ещIэф: жэмыр Iэхъуэм деху, бом хуэмурэ щоулъэпхъащэ, мэкъуэщым йопэщэщыхь, шыгъуэгу хадэм ит бжьэ матэ зытIущым кIэлъоплъ. Алыхьырщ, алыхьым нэмыщI, абыхэмрэ и псэмрэщ гурыфIыгъуэу иIэр. И нысэ жиIэ щхьэкIэ, зэи ар нысэу ибжакъым, и быну фIэкIа.

Уэдджэрий и гущIэр къиузыкIащ. Щхьэхынэу икIи хьэлъэхьэлъэу зыкъигъэзэжри, тхыщIэкIэ тегъуэлъхьащ. И Iэ гъур кIыхьытIыр хуэму дрихьейри и щхьэм щIилъхьащ. Иджы ар апхуэдэу нэху щыху щылъыфынут. МащIэрэ зыкъыхуигъэзэгуэсэу щыта и щхьэгъусэ Табыхъан мыгъуэм абы щхьэкIэ. «Сыт, на-а-а, апхуэдизу узэгупсысыр?» – шхыдэрт. Уэдджэрий зыри щыпимыдзыжым деж, ар зэплъ унащхьэмкIэ зыкъомрэ плъэрти, дыщIигъужырт: «КъибджыкIIауэ пIэрэ-тIэ сэ сымыщIэу а унащхьэм хьэмэрэ укъыздикIыжам зыгуэр...» АдэкIэ, Уэдджэрий жиIэнум пэмыплъэу, и щIыб къигъазэрти, зиущэхурт. Уэдджэрий унащхьэм зыри къриджыкIыртэкъым. КъриджыкIынуи хьилмыщхуэ бгъэдэлътэкъым. Мэл щхьэ бжыгъэр зэрыхъур ищIэ, шымыуэу ар ибжыф къудейт. КъыздикIыжа Къущхьэхъу къышигъэнар зыпэрыта хьуэщэрт. Ауэ зэрыщIыкIу лъандэрэ жэщкIэ и адэм и гъуэгу мэл гъуэнэм щылъу уафэм дэплъейуэ есати, хъупIэм е щыIэм къыщехыжахэм дежи нэхъыбэм апхуэдэу щылът. Уэдыгъэр ягъэунэкIыфIу, пэшыр кIыфI хъуа нэужь, мыжеижыфмэ, Табыхъан зэрыIурихыу, хуэм щIыкIуу, ар къимыгъэушу, кIэщIэкIуэсыкIырти, шыгъуэгу хадэм кIуэрт. Вагъуэхэр уафэ хуитым и нэгу фIыцIэм къызэрилыдыкIым зэриплъэу, и гур псэхужырт. МащIэрэ епсэлъакъым, мащIэрэ и щэхухэмрэ и хьуэпсапIэхэмрэ ирихьэлIакъым вагъуэхэм Уэдджэрий. Табыхъан гухэлъ щыхуищIамий япэ дыдэу и щэхур зыхуиIуэтар ахэрат. Къыщэу унагъуэу тIысыжа нэужьи, и псэлъэгъури и чэнджэщэгъури вагъуэхэрат, псом хуэмыдэу нысащIэм щыхуэзэшым деж.

Вагъуэхэр Уэдджэрий джэдджьейхэм, мазэр джэдкъурт анэм иригъэщхьырт. Езыри щIэхъуэпсырт, мазэр вагъуэхэм къызэраухъуреихьым хуэдэу, Табыхъан и бын цIыкIухэм яхэсу дыхьэжыну. Ауэ илъэсхэр зыр зым и ужь иту къыхуемыщIэкIыу кIуэрт, я нэ къызыхуикI бынхэр ямыгъуэтурэ. Япэ къомым Табыхъан Уэдджэрий унащхьэм апхуэдэу гупсысэу щIыдэплъейр ара и гугъащ. ЯзыныкъуэкIэрэ и лIым псалъэ дахэу, IэфIу щыIэр жриIэу едэхащIэрт, и Iэпкълъэпкъ псомкIи абы зрикъузылIэрти, еIущащэрт.

«ДиӀэнщ, алыхьым къыдитынщ бын, апхуэдизу уи гур умыухыж. Зэхэпхрэ, Нэху, диӀэнщ...»

Уэзджэрий и щхьэгъусэм и псалъэхэр и фӀэщ хъурти, абы и гурыщӀэ ӀэфӀыммрэ и хъуэпсапӀэхэмрэ гухэлъ пщтыркӀэ пэджэжырт. Дэсыгъуэ зэманыр псынщӀэу кӀуэрти, Уэзджэрий Къущхьэхъум дэкӀыжырт. ЖэщкӀэ мэл гъуэнэм щылъу вагъуэхэм щахэплъэкӀэ, абы игу къэкӀыжырт Табыхьан и псалъэхэр: «ДиӀэнщ, алыхьым къыдитынщ бын, апхуэдизу уи гур умыухыж. Зэхэпхрэ, Нэху, диӀэнщ...» А псалъэхэм апхуэдиз фӀэщхъуныгъэ хэлъти, уи фӀэщ мыхъункӀэ Ӏэмал иӀэтэкъым. Ауэ сыту пӀэрэ Табыхьан хьэкъыу и псэм пхыкӀауэ ар и фӀэщу щӀыжиӀэр? Дэнэ щищӀэрэ? Ар Уэзджэрий къыхуэщӀэртэкъыми гугъу ехьырт, щэч тӀэкӀуи къыщытрихьэ щыӀэт, ауэ Табыхьан зыкъригъащӀэртэкъым.

ЗэрызыкъримыгъэщӀари нэхъыфӀщ. ЩхьэкӀуэ зышэч щхьэ пхыгъуэ йохуэ, жыхуаӀэращ, Уэзджэрий икӀэм-икӀэжым зэхихащ апхуэдизрэ зыпэплъа псалъэр. Ар щӀымахуэм и кӀэрат. Мэл лъхуэнпӀэнхэр къыхадзырт, щӀэжьей нэхъ пасэу къызыщӀэхъуэнухэр щхьэхуэ ящӀырт. Ӏуэхур и кӀэм нэблагъэри жьэӀурыхьэгъуэ тӀэкӀу ягъуэтати, Уэзджэрий унагъуэм зэ яхэплъэну къехыжащ. Зэрихабзэу, гуваэ къэсыжати, лӀыжь-фызыжьыр къимыгъэушын щхьэкӀэ, абыхэм и деж щӀэмыхьэу лэгъунэмкӀэ занщӀэу игъэзащ. Табыхьан пырхъуэм тету къыпэплъэрт.

Зэрыхъуари имыщӀэу, «къаплъэӀамэ, сыкъалъагъунщ» жимыӀэу, и щхьэгъусэр уащхъуэдэмыщхъуэу къипхъуатэри унэм щӀихьэжащ. Щым имыгъэуву зрекъуэлӀэ, йодэхащӀэ, ныващӀэм и Ӏу бахъэ пщтырым и щхьэр игъэунэзащи, зыхуэубыдыжыркъым.

– Хуэму, – лъэӀуащ и бгъэм щӀикъуэр. Ауэ Уэзджэрий абы едаӀуэртэкъым. Щымыхъужым, Табыхьан и лӀым щабэу зыӀэщӀихыжри, сакъыу лъэгум теуващ. Зыри къыгурымыӀуэу къепль и лӀым и нэгум гуапэу иплъэри, дэрэжэгъуэ хэлъу жиӀащ: «ДяпэкӀэ апхуэдэу пхъашэу укъысхуимыщӀыт хъужынукъым...» Уэзджэрий зыри къыгурымыӀуэу Табыхьан йоплъ.

– Пэжщ, Нэху, ар, – мэӀущащэ унэгуащэр.

– СщӀакъым, Хьан, – мэгуфӀэ лӀыр.

– Иджы уощӀэри – сакъ.

– Хьунщ...

Уэзджэрийрэ Табыхьанрэ нэху щыху жейтэкъым. Сабийм фӀащыну цӀэр къыхахащ: Уэзджэрий щӀыхухъуцӀэу ищӀэр кърибжэкӀри, Бэтмырзэм къытеувыӀащ. Табыхьан щэхуу щӀыхубзыцӀэхэм хэщыпыхьащ. Линэр нэхъ игу ирихьащ. Ауэ Уэзджэрий зыкъригъэщӀакъым.

Зэманыр псынщӀэу кӀуэрт. Мэл лъхуэныр зэфӀэкӀри щӀэжьей хьарзыни къыщӀагъэхъуащ, мэлхэри ящри Къущхьэхъу дэкӀуеящ. Уэзджэрий и гур Табыхьан деж щыӀэт. Иужьу щехыжам, ар нэхъ хьэлъэ хъуат. «Дауэ зэфӀэкӀыну пӀэрэ?» – мычэму а упщӀэр зыхуигъэувыжырт. «Хьарзынэу, умыгузавэ», – къыхуэгуфӀэрт вагъуэхэр...

«... Пэжщ, пэж, Уэзджэрий», – къыхуэгуапэрт дыгъэри. «Алыхьым «къызэтьэӀу» жиӀащ. СелъэӀунщ», – мурад ещӀ. Зэчыр кърегъажьэ. Ауэ, куэд ищӀэркъыми, щегъэтыж. Мыдрисэм щӀэтӀысхьа къуэдейуэ революцэр къэхъейри ар зэхуащӀыжат. Ноби и нэгу щӀэтщ езыгъэджа ефэндыр, зэчыр ину жиӀэу, нэмэзщыгъэхэр и Ӏэпэ

пшэр щIыкIухэмкIэ игъажэу шыгупхэм пысу, абы сэлэтитI шууэ и ужь иту, зэчыр жызыIэм ар щрагъэгъэтыну зытрашащIэу, модрейри абыхэм къемыдаIуэу, пэхъ ерыщ екIуауэ, пэхъри пэхъ ипыжу и макъыр иутIыпщауэ жиIэу къуажэм зэрыдашар. Тхьэм ешIэ ар здашар. Къигъэзэжакъым. Абы и ужькIэ и щхьэгъусэ Цаци хэхээхуэп ящIри, ари и дыщым кIуэжащ. Ахэр зыщIэса унэм къуажэ Советыр щIэтIысхьэри, хадэр пщIантIэу иутIыпщыжащ. Иужьым тIууэ зэтету колхоз правленэр иращIыхьыжащ.

Уэзджэрий мыдрисэ нэужьым еджэн Iуэху зэрихуэжакъым. И адэм дишри, мэлым пэригъэуващ. Лэжьыгъэм дихьэхри, нужькIэ школым яхуэкIуэжакъым. И адэми ар хигъэзыхьакъым. Арати, а щIыкIэм тету, мэлыхъуэ хъуащ, иужьым, и адэр шытIысыжым, лэгъупэжь ящIащ. Псори хьэрзынэу къехъулIэрт. Ауэ зытегузэвыхьыр Табыхъант. ЖэщкIи мыжейуэ абы егупсысырт. Апхуэдэу гупсысэу вагъуэхэм яхэплъэу, абыхэм и гур фIы къыхуащIу зы жэщ гуэрым здэщылъым, шы лъэ макъ зэхихащ. И бгъумкIэ щылъ, и адэм къупщхьэхэм деж мэлкIэ къыхуихьуэжауэ шыта хьэ къуэлэн пIащэр макъыр къыздэIуамкIэ щIэпхъуащ. Куэд мыщIэу абы къегъэзэж, шыр Iэдэжу иIыгъыу, лIы гуэри и ужь иту.

– Бохъу апщий! – къыIуохъэ хьэр зыгъэпхъэра хьэщIэр.

– Упсэу апщий! – къызэфIэтIысхьэ Уэзджэрий, гуауэ къыхуэкIуа хьэщIэр къищIыхуауэ. Ар и гъунэгъу пщыIэм и лэгъупэжь ЛIыхасэ Бэчкъант.

– КъэтIыси тIэкIу зыгъэпсэху, Бэчкъан, итIанэ пщыIэмкIэ дыкIуэнщ.

– Уэлэхьи, Уэзджэрий, икIи сыкъэтIысынумэ, икIи узгъэгуфIэнумэ, абы и ужькIэ пщыIэмкIэ сыпэкIуэнумэ.

Уэзджэрий зыри жимыIэу Бэчкъан хуеплъэкIащ. Сыт мыбы ныжэбэ къыщыщIар? ЛIы тIыгур щIыкIу псэлъэгъуейр апхуэдэу къызэрыкIауэ зэи илъэгъуатэкъым. Абы и щхьэусыгъуэри щIэх дыдэу наIуэ хъуащ.

– Псэ быдэ, къуэбын-щэбын, къупщхьэ тхьэм пхуищI!

Уэзджэрий псынщIэу къызэфIэуващ. Тысыну зымыгъэщхьа Бэчкъан и Iэблэр иубыдри къызэфIигъэувэжащ. КърагъэзэкIри IэплIэ хуищIащ.

– Алыхьым фIыкIэ уигъэгуфIэ, Бэчкъан, хуабжьу хьыбар гуфIэгъуэ къысхуэпхьащ. ГуфIапщIэу уэхъуэпсауэ щыта си шыуанэ зэтелъыр узот, уи анэ узригъэфа быдзышэу уи хьэлэлщ.

– Уи шы-уанэ зэтелъми и хьэр улъагъу. Лы уимыIэм, зы пыш укI. Сэри Iэнэщ-IэщIджафэу сыкъыпхуэкIуакъым, си ныбжьэгъужь.

– Упсэу, Бэчкъан, уэлэхьи, лыи сиIэм! Ауэ... щIалэм и цIэкIэ зы хьэщIэныш пхуэзмыукIауэ дауэ уэутIыпщын?

Уэзджэрий хьушэмкIэ иунэтIащ. Абы мэлыр зэIихыху Бэчкъан мафIэ ищIри, шыуаныр шыуан лъакъуэм тригъэуващ. И шым кIэрылъ гъуэмылалъэр къыкIэритIэтыкIри, абы аркъэр кърихащ, ахэр Iэнэ папщIэу иукъуэдия щIакIуэм и лъабжьэм щIильхьащ...

Щыхухьум гъащIэм пэхъ IэфI дыдэу хэлъыр щызыхищIэр адэ хъуауэ къыщищIэ дакъикъэрщ. Мис абдежым къыщыщIэдзауэ ар и быным и гъащIэм тегужьеикIарэ хъуэпсапIэ мыухыжкIэ хуэупсэу мэпсэу. А жэщым къыщыщIэдзауэ Уэзджэрий псэуащ и къуэм и насыпыр зы махуэм пэхъэрэ адрейм пэхъ ин зэрищIынум хущIэкъуу. Хэт ищIэн, ар абы къехъулIэнкIи хъунт, зауэр мыхъуатэмэ...

... Уэдджэрий иму хэщэтыкlащ. Хуейтэкъым а псор аргуэру игу къигъэкlыжыну. Ауэ гукъэкlыж хьэлъэхэр хуэмурэ жэщ кlыфlым зыр зым и ужь иту къыхэкlырти, и пlэ лъапэм къыщызэхуэсырт. Дэнэ укlуэн абыхэм уаlэщlэкlыу? Табыхъан мыгъуэр псэужатэмэ, еджэнти къигъэушынт. Абыи къэгубжь хуэдэу зищlынти, ауаныщlу тlэкlу гъуиэтlымэнт.

– Сыт, нагъуэхэр къоджэу ара?

– Хьэуэ, Хъан, шlалэм и гугъу пхуэсщlыну арат.

– Арамэ, хъуищ, Нэху, жыlэ, сыподаlуэ, – Табыхъан и лlым гъунэгъу зыкъыхуещl. Псэуху абы Уэдджэрий и цlэр жиlакъым. Къызэреджэр Нэхут. Уэдджэрии абы зэреджэр Хъант.

– Пщlэрэ, Хъан, ди шlалэр...

– Сощlэ, Нэху, щхьэ сымыщlэу...

Хъыбар кlыхьт ар. Щlалэм япэ лъэбакъуэр щичам къыщыщlадзэнти, зауэм кlуэну щежьа махуэм нэсыху гъуэгуанэу зэпичар дэнэгъуэ гъуанэ дихьа къамыгъанэу зэхуаlуэтэжынт. Итlанэ письмо къызэримытхымрэ абы и щхьэусыгъуэу къалъытэмрэ тепсэлъыхьынти, я нысэ цlыкlум дежкlэ екlуэкlыжынт. Абыи и щхьэм щхьэц пальэу тетым хуэдиз псалъэ дахэ хужаlэнти, жеижынт. Е, ар ямыухыу нэху къатещхьэнти, щхьэж и lуэху пэрыхьэжынт.

Уэдджэрийрэ Табыхъанрэ, бын куэд яlэну я нэ къикlа щхьэкlэ, а зы къуэм фlэкlа ягъуэтакъым. Сыт ящlэнт, зыхэтраубыдэжри, я гур ягъэбыдащ. Ауэ зым адрейм зыкъримыгъащlэу иджы ахэр зыщlэхъуэпсыр я къуэм къиишэу бынунагъуэшхуэ хъужынырт. Щlалэр къызэрыдэкlуэтейуэ, Табыхъан хъыджэбзхэм яхэплъэу щlидзащ. И къуэр щlалэ кlыхь зэкlужт. И адэм дежкlэ кlуэжат. Уэдджэрий и шlалэгъуэм ауэ сытми дахэу щыта! Щlалэ гъур кlыхьрэ пкъыфlэу, уардэу, и нэ фlыцlэ пlащитlыр лыдрэ гуфlэ зэпыту.

И щхьэц хъурыфэ фlыцlэм уи lэр хэбгъэлъадэу зэlыпщlэну уехъуапсэрт. Ар джэгум кlуамэ, хъыджэбзхэм афlэкlа lуэху яlэтэкъым. Ахэр щlалэм хуэгуфlэрт, нэкlэ едэхащlэрт, я гурылъыр ямыбзыщlу хуаlуатэу. Табыхъани, адрей хъыджэбзхэм хуэдэу, Уэдджэрий телlэрт, ауэ зыкъригъащlэртэкъым, къыфlэмыlуэхуу фэ зытригъауэрт.

Хъыджэбз къамылыфэ гъур цlыкlум ар къызэрыфlэмыlуэхум, къызэрыхуэгущlыlэм щхьэкlэ Уэдджэрий зэгуэпырти, шlэх-шlэхыурэ абы зыбгъэдигъахуэрт, зыгуэрхэр жриlэрт. Адрейми къыпидзыжыпхуэ шыlэтэкъым, нэхъыбэм lукlырти ежьэжырт. Табыхъан ар пагагъым къыхихыртэкъым. Щlалэр фlыуэ зэрилъагъур сэтей къыфlэхъункlэ шынэрти арат апхуэдэу щlищlыр. Хуейтэкъым ар къыщымыхьэшхыну. Арыншэми абы игъэвыр езым ещlэж.

Уэдджэрий Табыхъан фlыуэ илъэгъуащ. Ар щlэх дыдэу къуажэм дэз хъуащ. Мо щlалэ дахэшхуэм хъыджэбз къамылыфэ нэ фlыцlэ lэпщlупщl цlыкlур хуагъэфащэртэкъым. Ар Уэдджэрий ирнубыдылlэу жеlыlан къыхэкlащ. Арщхьэкlэ абы зыри зытригъэхьакъым: «Дагъуэ гуэр зимыlэ щыlэкъым. Мазэ пэтрэ дыркъуэ телъщ. Табыхъан и псэр дахэщ. Ар щхьэитэ тыку джэгуалъэ, натlэ lупэ гъэджыдэ хъунукъым», – жиlэрт.

... Уэдджэрий lэдэгъуэмылъэ зэрызэригъэуам хуэдэу щылът. Пэшыр пхъуантэ кlуэцlым хуэдэу кlыфlт, жьыи псыи шlэттэкъым. Нэхуи шlэх щымыфэтэкъым. Мазэр иджыри хэlэжатэкъым. Мазэгъуэ цlыщхът. Щхьэгъубжэм нур къыдидзым пэшыр машlэу къегъэнэху.

Уэзджэрий зэрылъ тахътэбаным къыбгъурыт шэнтщхьэгуэм дахэу зэкlуэщlылъхьауэ телъ шыгъыныр, пlэ лъапэм едзэкlа дыжь джэдыгур, lэгупlэ-lэгупlэурэ дыжар, фагъуэу къыхощ.

Мащlэ щlа ар Табыхъан мыгъуэм зэрыхуидыжрэ. Сыту куэд къигъэщlа Уэзджэрий. Дунейр къызэриухуэрэ псэу къыфlощl. Табыхъан... Щыlэу къыщlэкlынтэкъым абы нэхъри нэхъ гу къыбзэ зиlэрэ нэхъ псэ хьэлэлрэ. Щыуатэкъым ар псэуэгъу Уэзджэрий щишlам. Зэрыгугъауэ къыщlэкlат. Ауэ абы и ныбжьэгъуу щыта Фаризэ дахи Хъуэимэт зэкlужи, ялlхэр зауэм хэкlуэда нэужь, шыгурыхъу lэпхъуалъэншэу къуажэм къыдэнат. Абыхэм яlуплъэху Уэзджэрий тхьэм фlыщlэ хуищlырт ахэр пэщэгъу къызэрыхуимыщlам щхьэкlэ. Пщlыр сыткlэ щхьэпэ, мыззэ-мытlэу телъэдат а тlум языхэз къишэу тlысыжыну, арщхьэкlэ къекlэрэхъуэкlри, и lуэхур нэгъуэщlу хъуащ...

... Уэзджэрий иву хэщэтыкlащ: «Сыту угъащlэ мащlэт, тхьэмыщкlэ. Си закъуэу дыгъурыгъуууэ дунейм сыкъытебнэри уежьэжащ. Псэужкъым си гъуиэгъужьхэри: си гукъеуэр къыздэмыгуэшу щыта lумэтджэрии, Аlэмэтхъани, Хьэжкъасими... Хьэжкъасым и быихэм щlапlэр яцэри къалэм lэпхъуэжащ. lумэтджэрий и щхьэгъусэ тхьэмыщкlэри дунейм ехыжащ. Аlэмэтхъан и къуэр, ди щlалэм къыдеджар, депутату хахащ. Уэлэхьи, хуабжьу яlэтым. Мэкуу иэгъуиэ яцэри телевизоркlэ къагъэпсэльащ. Бэтмырзэ иоби зэрыхъыбарыншэщ. Нысэ цlыкlури щысщ абы попльэри. Уахэрэ бэуэ гъуащ. Дунейм теткъым ар жылэр зэрызыгъэукlа пшынауэ lэзэ Хьаджэт дахэу зэрыпщlэжым.

«Пщlэжрэ ар ныcэу къыщыпхуашам уэ гуфlэгъуэу уиlар?! Дунейр тlэу пкlэгъуэ пхурикъуртэкъым. Зэ адэкlэ ущышыпэрт, зэ мыдэкlэ ущыкъупэрт. Сыноплъыхуи, сэри си гур хэхъуэрт икlи щlэх-щlэхыурэ си нэгу къыщlэувэжырт Бэчкъан хъыбар гуфlэгъуэр къыщысхуихьа жэщыр. Сигу ихужыркъым Бэтмырзэ щедгъэжьа махуэри...» Фlэфlтэкъым ар абы игу къигъэкlыжыну, ауэ лъэмыкlыу и нэгум къыфlыщlоувэж.

... Мазитlым щlигъуауэ ар мэлым и закъуэу пэрытт. Муси Сэфарбии курс гуэрхэм ягъэкlуат. А щlалэ ахъырзэманхэм я пlэкlэ игъэкlуа Хьэтызэ жьы хъуат, лъэрымыхьти, пщыlэм lэпыдзылъэпыдзу къытринэрт. Махуэ гуэрым, зэрихабзэу, Хьэтызэ пщыlэм къытринэри, Уэзджэрий мэлыр пщыlэм трихуащ. Хъупlэм псыншlэу нэсри, мэлхэм хъуакlуэу щlадзащ. Уэзджэрий, мэлыхъуэ башыр зыщlигъакъуэри, увыщ мэлхэм яхэплъэу. Заулрэ апхуэдэу щытащ. Нэхъыбэжри щытынкlэ хъунт, пщыlэмкlэ къикlыу шы лъэ макъ зэхимыхатэмэ. Ар къэсри къэувыlащ. Шур Хьэтызэт. Уэзджэрий абы бгъэдыхьэри, и лъэрыгъыпсыр иубыдащ. Хьэтызэ шым хуэм дыдэу къепсыхащ.

– Къэхъуаlа, Хьэтызэ, щхьэ укъэкlуа? Мыдэ иджыпсту шыр сутlыпщыници... – Уэзджэрий шыныбэпхыр къигъэлэлэну lэбащ.

– Умыпlащlэ, Уэзджэрий, умыутlыпщ шыр, уемыхыжу хъунукъым.

– Сыт къэхъуар?

– Уи щlалэр... Бэтмырзэ докl.

– Дэнэ здыдэкlыр, сыт щlыдэкlыр, хэт дэзыгъэкlыр? Ищlаlа? – къызэщlоувыlыкl Уэзджэрий.



7 Заказ №629

– Уэлэхьи, лыхьэзим, зыри имыщlа. Ауэ зыщlэн зымыщlэжыр нэмыщэ зи щыр укъуеиныращ.

– Сыт нэмыцэ, сытыц? Тхьэ сыгъэlэ, зыри къызгурымыlуэ, Хьэтызэ.

– Тхьэ пхуэсlуэнщ, сэри сымыщlэ абыхэм яхуэмыгъуэтыр. – Уэзджэрий зыри къыгурымыlуэу Хьэтызэ йоплъ. Абы и lэ гъур къаруунш цlыкlумкlэ и напlэр еlуэтри, зэхэпх къудейуэ жеlэ:

– Зауэ къэхъеящ, Уэзджэрий, Германыжьыр аргуэру къежьауэ жаlэ. Уи щlалэр абы яшэ.

– Дапщэщ щежьэр?

– Пщэдейуэ жаlэ. «Уэзджэрий хъыбар тхуегъащlэ, дэ дошlащlэ, нэгъуэщl щlыпlэхэми дымыкlуэу хъунукъым», жари кlэмсомол секретарымрэ щlалэ мыщlыху гуэррэ, офицар фащэ щыгъыу, пщыlэм къэкlуащ.

Уэзджэрий, Хьэтызэ хъушэм къыпэринэри, къежьэжащ. Пшапэ зэхэуэгъуэм ар къуажэм къэсыжащ. Табыхьан къыпэплъэу куэбжэпэм деж щытт. Уэзджэрий шым къепсыхри абы бгъэдыхьащ.

– Дауэ ущыт, Хьан?

– Хьарзынэщ, Нэху.

– Щlалэр дэнэ щыlэ?

– Губгъуэм.

–Нысэр-щэ?

–Ари.

– Зэрежьэнур ищlэрэ?

– Ещlэ. Езыр щlэлъэlуауэ жаlэ, – и нэпсыр и lэлъэщl кlапэмкlэ елъэщl.

– Хъунщ, хъун, къэгъанэ, – къызэфlозэрыхь Уэзджэрий игури. Ауэ гу зылъримыгъатэу жеlэ:

– lумэтджэрий, Алэмэтхъан, Хьэжкъасым сымэ уеджа?

– Къэкlуауэ щысхэщ. Нобэ псом тетlысхьахэкъым.

Жэщыбг хъуху лlыжьхэр щысащ. lэджи жаlащ, lэджи ягу къагъэкlыжащ.

Пщэдджыжьым къуажэ щlэлъэныкъуэр къэкlуащ, Бэтмырзэ ирагъэжьэну. Табыхьан нэщхъейт. Ар щlэх-щlэхыурэ и къуэмрэ и нысэмрэ дежкlэ плъэрт. Бэтмырзэ и ныбжьэгъухэм я гъусэт. Ахэр хуэму зыгуэрхэм тепсэлъыхьырт. И нысэри, зэпом хэтхэм къаувыхьауэ, зыри жимыlэу нэщхъейуэ щlым еплъыхыу щытт.

– Хъаджэт, пшынэ тхуеуэ, – къоджащ щlалэхэм ящыщ зы.

– Хьэуэ, – и щхьэр ищlащ абы.

Хъаджэт пшынауэ lэзэт. Зы хьэгъуэлlыгъуи, зы гуфlэгъуи къуажэм щекlуэкlыртэкъым ар хэмыту. Хъаджэт зыхэмыт гуфlэгъуэр гуфlэгъуэу ябжыртэкъым. Зэи къэхъуакъым абы къелъэlуа щигъэщlэхъуа. «Хъаджэт джэгум щыlащ. Хъаджэт дигъэджэгуащ», – жаlэрт щlалэхэм гушхуэу.

Хъаджэт пшынэм еуэн щlимыдар псоми къагурыlуащ.

– Зауэр зэрымыгуфlэгъуэр дощlэ, тlасэ. Ауэ нобэ, алыхьым и шыкуркlэ, Бэтмырзэ узыншэу идогъажьэ. Тхьэм апхуэдэ дыдэу узыншэу гуфlэгъуэкlэ къыдигъэхьэж зыдэкl пщlантlэм. Еуэ, тlасэ, – къопсалъэ фызыжьхэм ящыщ зы. Адрейхэми абы жиlар даlыгъ: – Еуэ, тlасэ, къэрал lуэхущ, сыт пщlэн?..

Хъаджэт зигъэхъеякъым.

– Кхъыlэ, Хъаджэт, фlыуэ слъагъу къафэм нужь дыдэу зэ сегъэдэlуэж, – къыхыхьащ псалъэмакъым Бэтмырзэ. Хъаджэт къэскlащ. Псыншlэу и щхьэр къиlэтри абы и дежкlэ плъащ. А тlум я плъэкlэр щилъагъум, Уэзджэрий и фэр пэхуу пыкlащ. Iэфlыгъи гъащlэ лъэпкъи щlэлъэгъкъым и къуэм и плъэкlэм. Ар абы и нужьрей лъэlут...

... Уэзджэрий хьэлъэу щэтащ. И щхьэм щlэлъ и Iитlыр къыщlихыжри, и бгъэм трилъхьащ. И гур, и бгъэр къызэгуудыным хуэдэу, иву къеуэрт. Жэщ гугъут, жэщ хьэлъэт нэжэбэрей жэщыр. Сытуи кlыхь. Лlыжьым и щхьэр къиlэтри щхьэгъубжэмкlэ плъащ. Ар бэрэжьей жылэм хуэдэу щlыху-фlыцlафэ хъуат. Нэху щырт. Жэщыр щlылъэм хуэмурэ щхьэщыкlырт. Уэзджэрий гукъэкlыж хьэлъэхэр зэримыухэр и гум къеуэ хуэдэ. Щхьэгъубжэ къэпщlэнтlам ткlуэпс щlыху-фlыцlафэхэр ежэхыу щlидзащ. Уэзджэрий къыфlэщlащ ахэр и къуэр и нысэм щелъэlуам абы и напэ хужь фагъуэм къытелъэдэну зэзыгъэхьэзыра нэпсхэр арауэ...

– Хъунщ, Бэтмырзэ, сеуэнщ фlыуэ слъагъу къафэм. Ауэ абы и ужькlэ зыри къызэремылъэlу, уэ укъэкlуэжыху си Iэпэр пшынэм хуэсхынукъым.

– Сыкъэмыкlуэжмэ-щэ?

– Укъэмыкlуэжмэ, игъащlэкlэ!..

– Пхуэмыгъэзащlэмэ, уукlытэжынщ, Хъаджэт, апхуэдэу жумыlэ.

– Схуэмыгъэзащlэмэ, си Iэпэр пыгъукl!

Хъаджэт псынщlэу зигъэзэри, лэгъунэм щlыхьэжащ. Куэд мыщlэу абы къыщlэlукlащ макъамэ.

*Къуажэ школымэ*
*Уэзджынэ къоуэрэ,*
*Мы си лъагъуныгъэри,*
*Къупщхьэ зауэм хуэдурэ,*
*Къызэзгуэ мыгуэ,*
*Си нэ дихэ, зо-о-о!*

Хъаджэт пшынэм еуэу, абы дежьууэ уэрэм къыщlокlри, пщlантlэм къыдохьэ.

*Пшынэ фlыцlэри*
*Зэрыжэщэрэ,*
*Зэпылъытl зэрыщэрэ,*
*Фlыуэ слъагъу симыщэмэ,*
*Сыкъренэ мыгуэ*
*Щхьэгъусэншэу сэ.*

Ауэ япэ лъэтэгъуэм дунейр гуфlэгъуэр зиlэ пщlашхьуэм ещхьтэкъым уэрэдыр. Ар жызыlэр фlыуэ илъагъум пыкlырт – гу зыщимыхуа и лъагъуныгъэр игъэнжырт. Уэрэдыр къуажэм щхьэкlуэу дыхьэт, зыхудыхьэр псэууэ пщlантlэм дэту.

*Шыгъуэ цlыкlури*
*Мэкlуэракlуэрэ,*
*Джэгум сэ сыщlэкlуэри,*
*Щlыхум сащlыхьыхьэри*

*Уэ зы закъуэрати –*
*Узиlэжкъым сэ.*

Уэзджэрий и тэмакъыр гъуэщэ хъури щиубыдыкlащ. И нэхэм къыщlэлъэлъыну къеlэ нэпсхэр къимыгъаклуэу дзапэкlэ зэтриlыгъэрт. Абыхэм яуlа lупэм къызэпхиуда лъыр и жьэпкъым къытелъадащ. И гъусэу щысхэм закъримыгъэщlэну: «Си дзэлыр уlэгъэщи, лъы къыдэкlыурэ сызэгуегъэп», – жери, и къэптал lэщхьэмкlэ ар прилъэщlэкlащ. Щымыувыlэжыххэм, ищlыlумкlэ къимыгъаклуэу, адэкlэ иришэхыу щlедзэ. Ар и тэмакъ гъуэщlам хуэбэу телъадэрт...

... Хуэмурэ нэху мэщ. Уэзджэрий къызэфlэтlысхьэри, зимыгъэхъейуэ заулрэ пlэкум исащ, итlанэ мыпlащlэу зихуапэу щlидзащ. Гъуэншэдж щlыху-фlыцlафэр щитlагъэри, шырыкъу пlащlитlым иуващ. Абы къатырыр трилъхьэжри, къэпталыр и дамэм телъу щlэкlащ. Щlыбыр щlыlэт. Щlы щхьэфэм нэр тепщlыпщlэу жэпыр телът.

«Пасэу жэп къехащ, бжьыхьэр уэфl хъунущ», – плъащ ар lуэмкlэ. Жэмыр lуэбжэм къыlуувауэ lутт. Пэгун лари абы пэмыжыжьэу фlэлът. «Умыпlащlэ, иджыпсту нысэр къыщlэкlынщи, псори тэмэм ищlынщ. Нтlэ, тlасэ, иджыпсту», – жэмым и пэ къишиям гуапэу lэ дилъэри, Уэзджэрий шыгъуэгу хадэм ихьащ, къэпталыр лъэрымыгъэм трилъхьэри, псыгъэм бгъэдыхьащ.

Уэзджэрий пlащlэртэкъым. Абы фlэфlт псы щlыlэр lэгукlэ икlыщтэн. И щхьэгъусэ Табыхьани, ар ищlэрти, и лlым ежьэу куэдрэ щыгт, напэlэлъэщlыр иlыгъыу. Пэжыр жыпlэмэ, Табыхьан куэдрэ щигъэтыну арат Уэзджэрий апхуэдэу щlищlри. Табыхьан зыри жиlэртэкъым. Уэзджэрий ар игъэщlагъуэрт. Апхуэдэу гушыlэурэ езы дыдэм гу лъимытэжу псыр lэгукlэ икlыщтэу къиублащ. Иужьым, ар хьэл мыгъуэжьу къыхуинэри, хузыхэныжакъым. Табыхьан дунейм ехыжа нэужь, и нысэм напэlэлъэщl къыхуихьрэ къыщхьэщыту зригъэтхьэщlу щlидзащ. Япэ къомым Уэзджэрий хущlэкъуащ lэгукlэ псыр зэрикlыщтэр и нысэм иримыгъэлъагъуну. Абы ищlэртэкъым Табыхьан и нысэм ар жриlэжу куэдрэ тlуми ауан къызэращlар...

... Уэзджэрий зытхьэщlын иухащ. И нысэр щыттэкъыми, унэмкlэ плъащ. Лэгъунэм и бжэри щхьэгъубжэlупlэри хуэщlат. lэуэлъауэ лъэпкъи къэlуртэкъым. Уэзджэрий мэкъуэщым ихьэри, lэтитl итым язым еупсея пхъэ гуахъуэр къищтащ, ар зыщlигъакъуэри, зыкъомрэ еплъыхыу щытащ, итlанэ пщlантlэмкlэ къэплъащ, и нысэр lэщlэлъэгъуэн и гугъэу. Пщlантlэр нэщlт. Жэмыр бууащ, «хъункъэ сызэрыпэжьар» жыхуиlэу. Уэзджэрий мэкъуэщым къикlыжри lуэм ихьащ. «Еша хъунщ нысэр, зрегъэпсэху». Уэзджэрий и щыпэкъэштэкъым жэм. Гъэщри я нэхъ упэгуащэфlым пумыдзыхыну lэкlуэлъаклуэу зыхуей хуигъазэрт. Губгъуэм ущиткlэ, ухуейухуэмейми, ахэр умыщlэу хъунутэкъым. Мащlэрэ ита Уэзджэрий Къущхьэхъум? Иджыри и псэр абыкlэ йоlэ, ауэ еlэкlэ сыт, япэм и lэр къызыпекlуэкlыу щытам иджы пэлъэщыжынукъым. Жыжьэ умыкlуэ, мы жэмыр ерагъыу къишыжыф къудейщ. «Хъуэкъым ар, Уэзджэрий! Хэт и гугъэнт апхуэдэ зэман къыпхуихуэну». Сыту жьауэшхуэу къыщхьэщыт нысэр. Алыхьыр арэзы къыхухъу. Уэзджэрий дапщэрэ елъэlуат и нысэм и щхьэ ифl зэрихуэжыну.

Щӏалэр хъыбарыншэу зэрыкӏуэдар зэрыт тхылъыр, Табыхъан псэуху щигъэпщкӏуар, иригъэлъэгъуащ. «Сэ сыпсэуху Бэтмырзэ сыхуэщысынущ», – жиӏэри, идакъым. И адэ-анэри мыхъэ-мытӏэу кърагъэпсэлъащ. Ахэри ятригъэхьакъым. Щымыхъуххэм, зыми я ӏуэху хэмылъ хуэдэу, Уэзджэрий лъыхъу къыхуагъакӏуэу щӏадзащ. Япэу Уэзджырхэ я къуэр къыщыщӏэупщӏам, Табыхъан тхьэмыщкӏэ мыгъуэм къигъам ущӏэмыупщӏэ. Абы и ужькӏэ куэд дэмыкӏыу пӏэм хэгъуалъхьэри, къэтэджыжакъым...

Лъыжьыр хуейт и нысэр насыпыфӏэ хъуну, дыгъэ-щыгъэу бынфӏэу псэуну. Нэмэз уахъты ищӏыху тхьэ елъэӏурт. Зэманыр кӏуэрт, Уэзджэрий нэхъ жьы, лъэрымыхь хъурт, нысэри гъатхэ уэсу щӏэткӏукӏ-щӏэсыкӏырт. Уэзджэрий зыпэплъэ насыпри къакӏуэртэкъым. Апхуэдэурэ нобэм къэсащ. Атӏэ зыр лӏэм, адрейм зилӏэжрэ? Итӏанэ щӏыху дунейм къытенэжынтэкъыми.

Уэзджэрий, и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, шэр пщэфӏапӏэм ихьащ. Шхыдэурэ къигъэзэжащ, жэмыр ӏуэм къригъэкӏри дихуащ. Уэрамыр нэщӏт. Псом я жэмри дахуат. Уэзджэрий и закъуэ, жэмыр япэ иту, докӏуэй хъушэр пщэдджыжьым шызэхуахус щӏыпӏэм. Къэзылъагъухэм сыт къыхужаӏэн? И жыщхьэ щхьэхынэ хъужащ!

Узыхэтым уалъэщӏэмыхьэнрэ абыхэм уакъыхэщынрэ нэхъ ӏей сыт щыӏэ?! Уэзджэрий и напэр мэс. Нэхъ псынщӏэ зищӏмэ, и башыр и ужь къонэ, башыр япэ ищмэ, езыр и ужь къонэ. Иныкъуэм деж гъуэгубгъум ит псы инам и щхьэфэ тещтыкӏам башыр хуэзэри тоцӏэфт, абы щыгъуэм къоувыӏэнэ, жагъын зыщӏа шыгушу.

«Сыт жаӏэну пӏэрэт ӏумэтджэрий. Алэмэтхъан, Хьэжкъэсым сымэ, сыкъалъэгъуауэ щытамэ? Дауи, къысщыдыхьэшхынт. Къысщыдыхьэшхауи, псэужащэрэт». Иджы езым и ныбжь хьэблэм дэсыжкъыми, гугъу йохь. Сытым хуэдэу къехьэлъэкӏрэ Уэзджэрий и ныбжьэгъуу щытахэм я куэбжэм блэкӏын. Ахэр абдежым щыту е щысу щимылъагъужкӏэ, и лъэр щӏохуу, нэщхьей мэхъу. Табыхъан зэрыщымыӏэжыр, и къуэ закъуэм зэи зэрыӏумыплъэжынур, и нысэри насыпыфӏэ хъужауэ зэримылъагъужынур и псэм абрэмывэу къытогъуалъхьэри, лъэмыкӏыу егъэхыщӏэ. Алыхьым нухэм зыри пхуэщӏэнукъым.

Уэзджэрий йожьэж. Дыгъэм фӏыуэ зиӏэтат, ар хъушэр щызэхуахус щӏыпӏэм щынэсам. Къуажэ лӏыжьхэр уэршэру зэхэст, нэхъ щӏалэхэр, гуп зырыз зэрыгъэхъуауэ, псалъэхэрт. Ӏэхъуэм хъушэр иримыгъажэу ихъуреягъкӏэ къикӏухьырт, хэкӏыну ныкъуакъуэм япыуэу. Уэзджэрий, жыхьэнмэ мафӏэм и курыкупсэм пэрыхьэ къыфӏэщӏу, гупым яхыхьащ.

– Сэлам алейкум, тхьэм и нэфӏыр зыщыхуэнхэ!

– Уалейкум сэлам, Уэзджэрий! – пщӏэ къыхуащӏу, щысхэр къэтэджащ, щытхэм я гупэр лӏыжьым деж кӏэ къагъэзащ.

– Къысхуэмгъэгъу, фызогъэжьащ.

– Ягъэ кӏынкъым, апхуэдэуи къохъу, – Ӏэхъуэми, шым зыкърегъэлъэтэхри, Уэзджэрий сэлам къырихащ.

Хуит хъуа жэмхэр зэрехьэжьащ. Ахэр хъупӏэм хуэпӏащӏэрт. Жэм къыдэзымхуахэми загъэгувэжакъым. Зырыз-тӏурытӏурэ зэбгрыкӏыжащ. Уэзджэрий и башым тегъэщӏауэ зауэрэ щытащ, хъушэ зэрешэжьамрэ шым щэсыжу абы якӏэлъежьа Ӏэхъуэмрэ якӏэлъыплъу. Псори зыгуэрым хуэпӏащӏэрт, хуэпабгъэрт. Аращ гъащӏэр. Уи лъэм уихьыху уипэнущ, псэху умыщӏэу. Уэзджэрий хьэлъэ-хьэлъэу зы-

101

къигъэзэжри, хуэмурэ къежьэжащ. Жэпыр дыгъэм игъэткІуэжри щІыр псыф хъуат. Псы инам и щхьэфэ тещтыкІахэри псынщІэу къэлэлэжри ткІуэжу хуежьати, иджы башыр апхуэдэу тещІэфтыжыртэкъым. Уэзджэрий, тэлайрэ къэкІуа нэужь, пшынэ макъ зэхихащ. Ар зыхуихьынур имыщІэу, къэувыІэри зыпхыдэІукІащ. Пэж дыдэу, пшынэ макъ къэІурт. КъыздиІукІри и унэмкІэт. Уэзджэрий къэскІащ. Хъаджэт и къафэкъэ абы зэхихыр? Ращ! Ар зыми хэгъуэзщэнукъым. Сыт къэхъуар? Бэтмырзэ къэкІуэжауэ пІэрэ? ФІэщ хъугъуейщ. АтІэ, Хъаджэт пшынэ щхьэ еуэрэ?!

Пшынэ макъым кІуэ пэтми зиІэтырт. Ар ипэхэм джэгу щыІэу здэмыкІуа, гуфІэгъуэ здэщыІа пщІантІэхэм дыхьэурэ къыдэкІыжырт. Шыхухэр зырыз-тІурытІурэ уэрамым къытехьэрт, Уэзджэрийхэ дежкІэ плъэхэрти, щІэупщІэхэрт: «Бэтмырзэ къэкІуэжа?» Фызхэм я дамэр драшейрт, лІыжьхэм я щхьэр ягъэсысырт, «сщІэркъым» къырагъэкІыу. Нэхъ щІалэхэр Уэзджэрийхэ дежкІэ кІуэрт.

Уэзджэрий и башыр иджы къылъэщІыхьэжыртэкъым. Япэхэм зытещІэфта псы ина щта къэткІуэжахэм иджы ар пхильэфырт, зылъэфыр зэзэмызэ абыхэм хэпкІэрти, ткІуэпс щІыІэхэр къриутхырт. Уэзджэрий бауэбапщэу пщІантІэм дэлъэдэжащ. Ар нэщІт. Зэпымыуу абы щыджэрэзу дэта хьэ къарэ иныр, и лъакъуитІым и щхьэр трильхьауэ, хьэгъуэм нэщхъейуэ къиплъу ист. ДжэдэщыбжэрИ гъэбыдат. ШкІэр щытт, Іуэбжэр зэрепха кІапсэр зэпишхыкІыу. НысащІэм и лэгъунэм и бжэ-щхьэгъубжэри ІугъэзэщІыкІат. Макъамэ зэшар абыхэмкІэ къыщІэкІырти, пщІантІэм дэз хъурт, ауэ ари къесэнэкІырти, къуажэм дыхьэрт.

Уэзджэрий макъамэр къызыщІэІукІ унэмкІэ нэщхъейуэ зыкъомрэ плъащ, итІанэ таучэлмыщІу абыкІэ иунэтІащ. Хъаджэт Бэтмырзэ щригъажьэм щыгъа лодан бостей плъыжьыр щыгъыу гъуэлъыпІэ зэгъыІухам и дзакІэм тест, пшынэ еуэу. Абы и нэпситІыр къежэхырт, ар и жьэпкъым пыткІуэрти, пшынэм теткІуэрт.

– Сыт къэхъуар, си хъыджэбэ? – къэуІэбжьауэ щІоупщІэ Уэзджэрий.

– Си гур, сигу мыгъуэр мафІэм ес, – къыхопсэлъыкІ нэпсым Хъаджэт.

– Исынкъэ-тІэ, тІасэ, апхуэдиз хьэзаб щишэчкІэ...

Пшынэ плІэпсыр ныcащІэм и дамэм къыфІохури, пшынэр и куэщІым къокІэрэхъукІ, макъ ищІу унэ лъэгум йохуэри, макъамэр зэпоу.

– КхъыІэ, Нэху, пшынэм и плІэпсыр си дамэм къыфІэдзэжи, Бэтмырзэ фІыуэ илъагъу къафэр и кІэм нэзгъэсынщ.

– Хъунщ, си хъыджэбэ, иджыпсту, – Уэзджэрий пшынэр къещтэжри, нысащІэм и куэщІым сакъыу ирегъэуэ, пшынэ плІэпсыр и дамэм щабэу фІелъхьэж. Ауэ ар зыфІилъхьэжа дамэм псэ хэтыжтэкъым...

МЭКЪУЛУЭ Амир

# ЖЫГХЭМ ЗЫЩАПХЪЭХ ЛЪЭХЪЭНЭМ

*Рассказ*



Мафlэгур, зэрихабзэу, мы станц щIыкIум къыщытехыр жэщыбгырщ, дакъикъитIкIи фIэкIа зыIэжьакъым. Вокзал уэздыгъэхэм мащIэу къагъэнэху къэувыIэнIэм щIыхуиц къыщикIри, къыпежьахэм пэплъэну псэхугъуэ ирагъэгъуэту, я сумкэ хьэлъэхэр ирагъэунэхащ. Мафlэгур зэщIэхъуэри мащIэу пэщIэщ икIи, и гъущIыпкъыр макъышхуэ ищIу зэригъэщхри, хуэмурэ и гъуэгу теувэжащ. Щыхупщыи я сумкэхэр къащтэжри, я макъым зрагъэIэтмэ, жейм хиубыфа къалэ щIыкIур къэушыным хуэдэ, псэхуу зэпсалъэхэурэ жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащ.

ЩIалэгъуалэ зыбжанэт вокзалым къытенар – хъыджэбитIрэ щIалищрэ. Псоми гукъыдэжышхуэ яIэт, нэрылъагъут ахэр мащIэу зэрефIуар. Абыхэм я макъ хэIэтыкIар къемыкIугъыу, уеблэмэ щIыкIейуэ къыхэIукIырт жэщ мамырым. Нобэ къакIуатэкъым ахэр зэжьар. Аргуэру ауэ сытми ищIэнщу ягъэкIуэдащ и зэманыр, къыфIэм зыхамыгъэкIыжамэ пэхъыфIт абы пэхъуэ. Зыпэплъэу къэмыкIуа я ныбжьэгъум хъыджэбэхэр къыщхьэщыжырт: зачётхэр хуэмытамэ арагъэнщ е зыгуэр къэхъуауэ пIарэ? ЩIалэхэм ящыщ зым, ирифэм къызэщIигъэплъарэ и макъым зыгъэтусэ хэлъу, щыIуэжырт езыр къыпалъхуа махуэм ар къызэримыкIуэжар зэи щымыгъупщэну. ИкIэм-икIэжым ахэри текIыжащ станцым, икIи куэд мыщIэу уэрам кIыфIхэм игъэпщкIуащ абыхэм я ныбжьыр.

Станцым щIыху темытыжу псэщI щыхъум, къэувыIэнIэм пэмыжыжьэу щыт жыгышхуэм и жьауэм къыхэкIащ илъэс плIыщI зи ныбжьыи лIы зэщIэкIэжа. Абы и щIыбым илъ чэтэн Iуным къыхэщIыкIа къэп щIыкIу, кIапсэкIэ фIыуэ зэщIэкъуэжауэ, екIуу уиса бащ псыгъуи IэщIэлът. Ар вокзал щIыбагъымкIэ екIуэкIри къызэтеувыIащ, къалэ щIыкIум зэнщIэу хуэкIуэ уэрам зэхэуфа пэщIым ирилъэу.

Зыми ильэгъуатэкъым ар мафIэгум къикIыу. Уеблэмэ къыпфIэщIынут ар абыкIэ къэмыкIуауэ, атIэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, къалэм адэкIэ къыщыхьэгъуэ тафэхэм, бгылъэ мэхэм – щIыхуи, хуаби, гъуэгуи зэщымыIэм, лъэсу къикIауэ. Абы зыри къыпежьатэкъым, езыри пIащIэртэкъым псынщIэу кIуэжу и Iыхьлыхэр игъэгуфIэну, гъуэгуанэ кIыхь пэужьым зигъэпэщу Iэфiу щхэну икIи. тепIэнщIэлъэн къабзэ хэлъу, ирикъухукIэ жеину.

ГъащIэгъуэн гуэру хуэпат ар. И щакъэм, и гъуэншэдж лъапэ живым, фэ зытемытыж и кIагуэжьым хуэдэхэр мыбыкIэ щащыгъыу щытар илъэс пщыкIутху и пэкIэт. ЗыкIи ещхьтэкъым ар иджырей цIыхухэм, апхуэдэ ущрихьэлIэнутэкъым нобэрей уэрамхэм. Ар спектакль гуэрым щыджэгу артисту фIэкIа зэрыщыщIэн щыIэтэкъым. ЩIыщIэ куэд къыхэхэзыкIухьа, зи гур зэщыуа, хэщIыныгъэ фIэкIа гъащIэм щызымылъэгъуа, ауэ иджы псори фIыуэ зылъагъу, псоми псори яхуэзыгъэгъуа цIыху зи хэку къэзыгъэзэжам и ролыр игъэзащIэ хуэдэт.

Егъэлеуэ кIыхь хъуа и щхьэцыр зэкIэлъымыкIуэу и кIагуэ пщампIэм къытелъ, тхъугъэ зыхидза и жьакIэ гъуафэр зэщIэкIэжат, нэпс къызыщIэлъэда и нэ гъуабжитIыр екIэшафэт. Абы и нэкIу жэщIам наIуэу къыхэщырт и пэбг къуанщэмрэ и жьэнкъыпэ пащIэмрэ. Езыр цIыху лъагэтэкъым. Зи пкъыр щIэлIа лIыр и теплъэкIи сымаджафэт.

Абы и щIыбым илъ къэпыр мащIэу дридзейщ, и плIэр имыгъэузын пащIэ ар тэмэму зэригъэзэхуэжри и гъуэгу теувэжащ. ИпэкIэ упльэмэ, гъуэжь IэпапIэу щагъуэм къыхэщырт къалэкум ит щхапIэр, тыкуэныр, къалэ IуэхущIапIэр. ПхъэнкIий щыкъуэсхэм къахиху IугъуэмкIэ гъэнщIа жьыбгъэм тхьэмпэ къыщылъэлъыжахэр кърихьэкIырт, гъуэгубгъуитIым Iут щихухэми я щхьэкIэр зэщIигъэхъаерт. Ар къалэ паркым блэкIщ, зэгуэр зыщIэса еджапIэм фIэкIщ, пасэ дыдэу яухуауэ щыта сымаджэщыр къызэринэкIри, мыгувэу нэсыжащ щалъхуа, щапIа и унэм.

Иджы а унэр, умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу, цIыкIу дыдэу, пхашэу, бгынэжауэ къыщыхъурт. Пэж дыдэу, абы зыри щыпсэужтэкъым: чырбышкIэ дэщIея уэнжакъыр пыкъуэкъутэт, фронтоныр зэрылауэ щыта лэчри куэд щIат дыгъэм зэрыкIэрисыкIыжрэ, Iупхъуэ зыфIэмылъыж щхьэгъубжэ кIыфIхэм иджы яхъумэжыртэкъым япэм мы унэм пасыпрэ гуфIэгъуэу щIалъу щытар ...

Унэжьым и щIыбагъкIэ, жыг хадэм и гупэм деж, къыщалъыгъуэрт унэщIэ дэгъуэ. Ар и кIэм нагъэсынум куэд иIэжтэкъым, къэнэжар штукатур щIын хуейуэ арат.

Надир бжыхьым гъуанэ зэриIэр ищIэжырти, абы и Iэр иригъэжащ, бжэIулъэр IуигъэпкIри пщIантIэм дыхьащ. Абы хуиту щыдэпльэм, Надир псори къыгурыIуащ: унэжьри, гъэмахуэ пщэфIапIэри, гаражри и къуэшым Iуихыну мурад ищIат. БжэщхьэIу дэкIуейпIэр зэхэкъутат, пэIущIэбжэр къыхэхат, фортэчкэхэми абдж хэлъыжтэкъым, гаражым и щхьэри техат, машинэм щелэжь мащэри гъэсенжат.

Жыг хадэмкIэ хьэр къыщыбэнащ.

Пхъэм къыхэщIыкIа куутIым адэкIэ, унэщIэм щожей и Iыхьлыхэр: и къуэшыр, абы и щхьэгъусэр, я щIалитIыр, и анэри, дауи, абыхэм я гъусэщ. Ахэр къыгъэупщын Iуэху зэримыхуэу, и къэпыр и плIэм фIихри, уэдыгъи шымыгъанэу, унэжь цIыкIум и пэщхэр къызэхикIухьащ. ЗэкIуэщIыншыхьауэ уэншэкужьитI къыгъуэтщ, лъагу дыдэм деж щиубгъури тегъуалъхьащ.

Тыншу жеякъым ар. Зэман-зэманкIэрэ и щхьэр зэуэ къиIэтырти, и пщэр хиширт, икIи, мэз псэущхьэ фIэкIа умыщIэну, зэм пэш кIуэщIхэм щыкIэрихуу жьым хэпэмыхырт, зэми жэщ кIыфIым къыпхыIукI макъ жьыжьэхэм щIэдэIурт.

Пщэдджыжьым Надир къигъэушащ сабийхэм я зэрызехьэм. Я фIэщу зэрыгъэкIийуэ, абыхэм топ кърахуэкIырт, мычэмуи унэ блы-

ным къеуэхэрт. ЦIыкIухэр джэгуу пщIантIэм щыдэткIэ, дауи, зэманыр хэкIуэтауэ къыщIэкIынщ. Ар къэтэджщ, и напэр иIуэтри, зи щхьэгъубжэр пщIантIэмкIэ гъэза пэшымкIэ кIуэцIрыкIащ. Джанэ щIыхуфIыцIафэ зэщхь зыщыгъ щIалэ цIыкIуитI, напIащэ хъужарэ я ныбжькIи илъэситI нэхъыбэ я мызэхуакуну, зэдэджэгухэрт, зэфIэнэжауэ. Гъуэм топу дахуамрэ яIэщIэкIамрэ я бжыгъэм зэрыхэзэрыхьыжар нэрылъагъут.

Надир унэм занщIэу къыщIэкIыну тегушхуакъым, сабийхэр къэгъащтэмэ, жыхуиIэу. ЩIалэ цIыкIухэр я къарум къызэрихькIэ унэжь блыным топкIэ еуэрт, штукатуркэжьыр къыкIэрауду. Бжьыхьэ дыгъэ къаруунишэм эригъэууэ, абыхэм еплъу и анэр щыст, шэнт лъахъшэ цIыкIу тесу. Ар хэшщIыкIыу нэхъ гъур хъуати, и халат тIэкIур хуэнну щлъагъурт. Сыт щыгъуи хуэдэу, и лъакъуэхэм цылъапэдрэ кIэлопштIрэ щлъыгът, и щхьэри къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу фIэнхыкIат. Жыы хъуа анэм и нэгу гурыфIыгъуэ гуэри ншлъагъуэртэкъым. И нэ гъуабжэ цIыкIу нурыншэхэмкIэ ар гукъыдэжынщэу якIэлъыплъырт и къуэрылъхухэм.

Зыталай дигъэкIри, Надир бжэщхьэIум къытеуващ. Топри яцыгъуэщэжауэ, щIалэ цIыкIухэр я нэр къыхуу абы къеплъырт. Анэр, гуфIэ макъкIэ къыхэкIиикIыну хэтами, ар къызэрехъулIэ щымыIэу, гуузу хэщэIукIащ. Къуэр абы бгъэдыхьэри, и пащхьэм деж щетIысэхащ, и щхьэр и куэщIым ирилъхьэри, жиIащ: «СыкъэкIуэжащ, ди анэ». Анэм щэху цIыкIуу гъыи къыщIидзащ, и щIалэм и щхьэфэм Iэ дилъэурэ. ИужькIэ, и зэщыджэр ерагъыу зэпигъэури, жиIащ: «Сыту куэдрэ укъэта, си къуэ цIыкIу!»

Адэ къуэшыр хъыбаррэ сурэткIэ фIэкIа зымыцIыху щIалэ цIыкIухэр кIийуэ унэпхуэмкIэ щIэпхъуащ: «Надир къэкIуэжащ!» жаIэу.

СыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу, Надир и къуэш нэхъыщIэмрэ абы и щхьэгъусэ IэпсынщIалъэпсынщIэ гуфIэнэкIумрэ Iэнэ къаухуащ, яIэм емыблэжу: джэд, гуэгуш, тхьэкIумэкIыхь, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIым къыхэщIыкIа салатхэр.

Надир къызэрыкIуэжам и хъыбар Iыхьлыхэм ирагъэщIэнути, езым идакъым, дэр-дэру дызэхэсыжмэ нэхъыфIщ, жиIэри.

Iэнэм здыпэрысым, ар нэхъыбэм щымт, кууэ хэгупсысыхати, къызэреуипщIхэми, фIэмыфI-фIэмыфIу, кIэщIут жэуап зэрыритыр: «итIэ, хуэмурэ сылэжьащ», «унагъуэ гуэри сиIэщ», «зэхуэмыдэурэ къекIуэкIащ», «ди адэм и хъыбар зэхэсхакъым... Лэжьыгъэ IуэхукIэ куэдрэ сыкъэтащ. Гувауэщ къызэрысщIар»...

И шыпхъу Заремэ зыкIи зихъуэжатэкъым: зэрыдахэт, Iэнкъэлъэнкъ зэкIуэжт. И ныбжьэгъу хьыджэбз цIыкIухэр зэгуэр къыщIефыгъуэу щыта и нэбжьыц Iувхэри зэрыщытт. Зэи хуэбгъэфэщэнутэкъым абы балигъ хъуауэ бынищ иIэу.

Заремэ, и дэлъхум и жагъуэ мыхъун хуэдэу, щабэу къригъэжьащ: «Дэ уэ дыпщыужат, удимыIэхха хуэдэ. Ди адэр щылIами, егъэлеяуэ дыпщлъыхъуакъым. Уащыпсэуа щIыпIэхэм телеграммэ едгъэхыт, ауэ уэ ухъыбарыншэт. Сытыт тщIэнур? Дэнэт укъыздитхынур? Илъэс псокIэ уи Iуэху зытет къыщыдумыгъащIэр нэхъыбэт. Щыхухэм щхьэкIэ дыукIытэрт».

И къуэш Аскэр зыри жимыIэу мащIэу пыгуфIыкIыу щыст, лэжьыгъэм ипхъэха и IэшхуитIыр иIуэту. Абы зихъуэжат: и лъагагъкIэ

Надир фIэкIыжат, зилъэцIат, и макъри гъум хъуат, кIэцIу жыпIэма, лIыпIэ нуват, и сабиигъуэм щыщу къыхэнар и щхьэцыгъуэ Iув жыIэмыдаIуэхэм я закъуэт. Надир къызэрыкIуэжам ар егъалеяуэ щыгуфIыкIат, ауэ и къуэшым и пэгу фагъуэмрэ и теплъэ фаджэмрэ къакъутэрт и гукъыдэжыр.

Шэджагъуашхэр зэфIэкIа нэужь зэкъуэшхэм жыг хадэмкIэ ягъэзащ. Адэм и лъэщапIэ унэу абдежым щытари плъыгъуэжыртэкъым. Аскэр зэрыжиIэмкIэ, ар зэран къыхуэхъурти, Iуимыхыу хъуакъым. Адэм и Iэмэпсымэхэр унэцIэм и щIыунэшхуэм ихьат, адрейуэ, адэм и IэрыщIхэри, унагъуэм къыщысэбэпыныщ, жиIэурэ адэ-мыдэ къырихыурэ зэхуихьэсахэри, – псори дищри ирикIутат.

Надир, ар гъэщIэгъуэн къыщыхъури, зэщIэу хуепльэкIащ и къуэшым. Абы и плъэкIэр къызыгурыIуа Аскэр зигъэзэхуэну хэту жеIэ: «Сыт апхуэдэу укъыщIызэплъыр? ХъыфIэдцамэ, сыт-тIэ абы щхьэкIэ? Сытыт сэ ахэр зэрызбгъэщIынур? Хъуниц, хъуниц, узэгъэлъагъуниц щискIута щIыпIэр. Ауэ, ди анэми хуэдэу, сызэрыпсэун хуейм сыхуумыгъэджэж. Iейуэ сынолъэIу. Хъункъэ?»

Надир зыри жимыIэу жыг хадэм хыхьащ. И къару къызэрихькIэ абы къебэнырт жыг лъабжьэм деж щепха хьэ къуэлэн болацэшхуэр. «Бэяу, Барсик! – щIэкIиерт абы Аскэр, ауэ ар зы дакъикъэкIэ тесабырэрти, итIанэ нэхъ Iеижу жьэхэлъэрт мо лIы имыцIыхум. – Къапщтэмэ, ди Барсик къыникъым. КъызгурыIуэркъым къыщыщцIар. Умыгузавэ, къосэжынщ. Догуэт-догуэт, мыбы укъыщIыхужын хуейщ уэ. Уемыжьэ ипэ диIащ Барсик, ауэ абы щыгъуэ ар зы илъэс зэрыхъур... Мыбы хуэдэ хьэхэр нэхъыбэ дыдэу зэрыпсэур илъэс пщыкIуплIщ. Абы тещIыхьмэ, Барсик куэд къыхуэнэжакъым».

ЗэкъуэшитIыр щетIысэхащ дей жыгышхуэм и лъабжьэм кIэщIэт тетIысхьэпIэм деж. Аскэр тутын щIигъэнащ икIи зыкъиумысыжащ и анэм илъагъуу зэремыфэмкIэ.

– Уэ уефэркъэ? – еупщIащ ар Надир.

– Зезгъэсэфакъым, – къитыжащ жэуап шыпэхъыжьым.

– Сэ Iейуэ сыпхуэныкъуэщ, Надир, – жиIащ Аскэр. – Къуэш нэхъыжь уиIэу, апхуэдизрэ умылъагъуныр гугъущ. Сыкъэпхъумэу, укъысщхьэщыжу зэрыщытар сщыгъупщэжакъым. Сэ срипагэрт уэ пхуэдэ къуэш къарууфIэ сызэриIэм, уэ нахърэ нэхъ блашрэ нэхъ губзыгъэрэ ди хьэблэм зэрыдэмысым. Зыпхъуэжащ Iейуэ...

– Уэ тутын уефэу уэкIуркъым, – щэхуу жиIащ Надир.

– Сефэуи сефэркъым сэ, ауэ тIэкIу зритезгъэууэ аращ, – жиIэри, тутынкIэфыр занщIэу хьфIидзащ Аскэр.

ЗыталайкIэ зыри жамыIэу зэкъуэшитIыр щысауэ, Аскэр и псалъэм адэкIэ пещэ:

– Ди адэм уэр нэхъыфIу илъагъу къытхэтакъым. Иджыри къыздэсам къызгурыIуэркъым фи яку къыдэхъуар... Ар Iейуэ къыпхуэхэшырт, гуIэрт уэр щхьэкIэ. Пхуэгубжьырт, ауэ, итIанэми, пхуэгуIэрт, щIихъумэну хэтми, ар къызэрехъулIэ щIагъуэ щымыIэу. Уэ зыбгъэгусэри уежьэжат. ХъыфIэбдзауэ къыщыхъурти, сыт хуэдизу уи Iуэхухэр емыфIэкIуами, ар гуфIэртэкъым, ищхъейт сытым дежи. АхъшэфI къебгъэхьхэм абы и гукъыдэжыр тIэкIу къаIэтырт, «мыпхуэдэу къыщилэжьыфкIэ, и Iуэхухэр Iейкъым», жиIэрти. Ауэ а ахъшэм зы сомкIэ дыхэIэбэу идэртэкъым. ПхуигъэтIылъырт. «КъэкIуэжмэ, унэ

ищIын, унагъуэ хъун хуейщ, абы щыгъуэ Iэбэм къищтэну зыгуэр иIэнщ», – жиIэрт. Ди адэр дунейм ехыжа нэужь, си щыкъум ахъшэ къайIысхри мы унэр сщIащ. ИужькIэ, илъэс ныкъуи дэкIауэ, нифлицэ къыщыхъум, уи ахъшэр къыхэсхри си щIыхуэхэр спшыныжащ. Апхуэдэу сымыщIамэ, ахэр зыми щымыщу хисхьэнут. Ауэ щыхъукIэ, мы щIантIэм дэту хъуар, машинэри хэту, уэращ зейр. Абыхэм пэмыщIкIэ, щхьэл цIыкIуи щIакхъуэ гъэжапIи къыщIэкIащ уи сомым. Уэ илъэс-илъэситIым зэ укъытхэу арат, письмом уи адресри темыту. Дауэ укъызэрытлъыхъуэнур?

– Си пащхьэ хей зыщымыщIыжыну щхьэ ухэт? Умыгузавэ, сэ зыри сыхуейкъым, – щэхуу жиIащ Надир. – Уэ узэикIуэнщ, узэихамыкъым.

– Хъэуэ, Надир, сыт «зыри сыхуейкъым» жыхуэпIэр?.. Уэр инщ, псори дыщIэхуэнущ!

– Сэ уиэ сыхуейкъым, – жиIэри, Надир къэтэджыжащ.

– Хъунщ, хъунщ, абы иужькIэ дытепсэлъыхьынщ. Ауэ, итIанэми, сщIэну сыхуейщ фо тIум фи щку къыдэхъуар, апхуэдизу фIыуэ ди адэм укъилъагъуу щытауэ. Ди анэм къысхуиIуэхэркъым абы сыщIэупщIэу. Уи гугъу зэрысщIу, магъ... Уэ зыми ямыщIэу жыпщIэу уджкIат!..

– Сыт абы къыбгурымыIуэну хэлъыр? Ди адэм фIыщэу сыкъилъагъурти, сэр-сэру зыри сигъащIэртэкъым, псори езыр зэрыхуейм хуэдэу сщIын хуейт. Сэ-тIэ сызыщIэхъуэпсыр си гъащIэр сызэрыхуейм хуэдэу сухуэжынырт. Пэжщ, къемызэгъ куэди зжетIащ, сыкъуэншауи къыщIэкIынщ...

– Сэ сщIэжыр фIыуэ илъэгъуа пщащэр къишэну зэримыдаращ...

– Ари хэт Iуэхум... – зэщиудащ Надир и къуэшым и псалъэр. – ЖыгыщIэ куэд икълъытагъуэри хадэм...

– Абы лъандэрэ куэдым зихъуэжащ. Еплъыт дей жыгым зэрызиубгъуам... Ар хэтса къудейуэ уджкIат уэ! Илъэс пщыкIутIкIэ укъэтащ! Абы щыгъуэ ар жыгыщIэ цIыкIуу щытащ. Сытым хуэдэ къхъужь лъапкъыфIрэ пхъэгулъ IэфIрэ диIэ да! Сэ сфIэфI дыдэу сыкIэлъоплъ псоми. Плъэгъуа ди жыгхэр сатыр дахэу хэса зэрыхъуар? НакIуэ, уезгъэплъынщ. Абыхэм ябгъукIэ, адэ пэхъ жыжьэу ухыхьэмэ, тетIысхьэпIэ дахэхэр щытщ. Ди адэращ ахэр зыгъэувауэ щытар.

Надиррэ Аскеррэ зэгъусэурэ хадэкумкIэ хыхьащ.

Хадапхэр зэрихухыу, заборым адэкIэ псыIэрышэ цIыкIу щежэхырти, я адэм кIэнауэ дигIыкIри, псыр я хадэмкIэ ижу ищIат. А зэманым иджыпсту хуэдэу бжьамий ехьэжьыхэр щыIэтэкъыми, къэкIыгъэхэм щIагъэлъадэ псыр къыздрахыр мырат. Уеблэмэ зыгъэпскIыпIэуи мыращ яIар я сабиигъуэм щыгъуэ. Надир иджыри щIалэтацэу, мыпэ джафэ защIэкIэ ищIауэ щытат бгъуэнщIагъ, псыр я хадэм къыщекIуалIэ дыдэм деж хуэкъу. Ар адэм щилъагъум, куэду щыгуфIыкIат, IэщIагъэлI къыхэкIынущ, жиIэри.

Иджы бгъуэнщIагъри щыIэжтэкъым, кIэнауэми псы дэтыжтэкъым – ятIэрэ тхьэмпэ къыпыщэщыжахэмкIэ гъэсеижат.

– Псыр сэ згъэбыдащ, зыкIи къызгъэсэбэпыртэкъыми. КIэнауэр езыр-езыру рэ хэкIуэдэжащ, – жиIащ Аскэр. – СыткIэ сыхуейт сэ абы? Сытым хуэдэу бжьаминэфI сиIэ сэ, псы иригъэщIэгъэлъадэу! Ауэ лъэщ!

– БгъуэнщIагъэми сытыт-тIэ къыщыпщIар?

– Уэнхыпсым ирилъэсэхат ар. Мывэхэр уэ лъабжьэр щыгъэжым хэслъхьащ. Уи жагъуэ умыщI, Надир, ар сэ сыхуейуэ сщIакъым.

Надир, къыIумыкIыжыфу, куэдрэ щытащ а щIыпIэм деж.

– Псыр мыушыIауэ итIанэми йожэх, – пыщхъейуэ жиIащ абы, псы цIыкIум игъэIу макъ щэхум щIэдэIуурэ.

ЗэкъуэшитIыр хуэмурэ хадэм къыкIуэцIрыкIыжри аргуэру щетIысэхащ тетIысхьэпIэм деж.

– Укъызэрыкlуэжрэ сыноупщIыну сыхуейт, Надир: дауэ уэ а ахъшэ къомыр къызэрыблэжьар? Мы ди щIыпIэм, нахуапIэу дипэ къина, пщIыхьэпIэуи щалъэгъуакъым апхуэдиз сомыр. Сэ щхьэл тIэкIуи щIакхъуэ гъажьапIи сиIэщ, ауэ, итIани, илъэсипщIэкIэ сеIами, апхуэдиз схуэхуэхьэсынукъым.

– Ар уэ апхуэдэу къыпщыхъуу аращ. Ахъшэ къэблэжьыну гугъукъым, ауэ, уи фIэщ щIы, а зыращ гъащIэр зытебгъэкIуадэ мыхъуну щыIэр.

– Уэлэхьи, жыпIэфатэмэ иджы. Мыбдеж сытым хуэдэу гугъу щехьрэ цIыхур. Абыхэм, уэрхахамэ, уакъыгурыIуэнтэкъым. Сыт-тIэ уи гъащIэр зытебгъэкIуэдэнур, сом къэлэжьыныр армырамэ?..

– Дунейм Iэджэ дахи тетщ, си къуэш цIыкIу, ар зытебгъэкIуадэ хъуну.

– ГъэщIэгъуэнщ уи гупсысэкIэр. Ауэ щыхъукIэ, уэ ахъшэншэу упсэуфынущ. Нэгъуэщ хэкIыпIэ къыпхуэгъуэтыну ара?

– Апхуэдэуи жыпIэ хъунущ.

– Иджы къызгурыIуащ.

– Сытыр?

– Надир, а ахъшэхэр... мис а уи хъуржыным илъ ахъшэхэр... ахэр... щхьэ умыхъуэжарэ? Ухуэмысауэ ара?

– Сытыт зэрысхъуэжын хуеяр?

– Iэу, зиунагъуэрэ! АхъшэщIэкIэ. УмыщIэу ара: нобэ къекIуэкIыр нэгъуэщI ахъшэщ. Иджы а уи къэпым илъ къомыр зыкIи сэбэпкъым, куэншыбу ращ. Зи, щIэхи гъэ.

– Куэд щIа зэрахъуэжрэ?

– Уэлахьи, ухьэлэмэтмэ уэ! Сыт хуэдэ къэрал уэ ущыпсэур? Зэзыкъэщlэж! Мы илъэсыр щыщIидзэм яхъуэжащ. Ар умыщIэу ара?

– Си жагъуэ хъуащ, дауи. Ахэр куэд хъурт. СыкъэкIуэжын си гугъат, ауэ къызэхъулIакъым. Си насып хэлъытэкъым, къуэш, абы.

– Мыдэ къэдаIуэт: иджы къекIуэкI ахъшэм щыщ зыгуэр уиIэ? Апхуэдиз зи жыжьагъ щIыналъэм укъикIыжу, уэ, дауи, зыгуэркIэ укъэкIуэжащ.

– Псалъэ гуапэм сыкъишэжащ, – мащIэу пыгуфIыкIащ Надир.

– Уэлэхьи, Надир, гушыIэ мышыум уи гушыIэхэри, – жиIащ Аскэр, и къуэшым и плIэм теуIуэурэ. – Уи хъуржыным тхылъымпIэ тха куэд илъщ. Уэ сыт, тхылъ птхыуэ ара? Зыри къызгурыIуэркъым. Сыт ахэр зищIысыр? Роман? Е гъащIэм теухуа уи философие гупсысэ тельыджэхэр зэхуэпхьэсауэ ара?

– Ар зищIысри: уи мыхьэншып уемыIусэ...

Я шыпхъу Заремэ къэджащ, унэм щIыхьэжынхэу къелъэIуу.

Надир унэщIэм пщыщ зы пэш къратырти, яхуэкIуэн идакъым. И адэ унэжьым фIейрэ сабэу щIэлъыр къыщIигъэкъабзыкIри, лъэгухэри къилъэсыжащ. Нысэр къыдэIэпыкъуну къыщIыхьати, ари имыдэу, езым псори зэлъыIуихащ. Надир хуабжьу щыгуфIыкIащ и адэм и гъуэщI гъуэлъыпIэжь жыг хадэм къыщигъуэтыжам. Ар бжэIупэм

деж фIыуэ щигъэкъабзэщ, ульия кIэрылъыхэри кIэритхъуищIыкIри, унэм къыщIихьэжащ икIи здэщыта дыдэм деж щигъэувыжащ. Ныбэ цIыкIури къыдэIэпыкъуну хьэзырыххэти. Надир абы елъэIуащ щхьэгъубжэм Iупхъуэ гуэрхэр хуфIидзэну, и адэр щыпсэум щыгъуэ фIэлъа Iупхъуэхэр къыхуигъуэтыжмэ зэрыщыгуфIыкIынури жриIащ.

ПэIущIэ щIыхьэпIэм хэлъа бжэжьыр щIыунэм щIадзэжати, ари къыщIихыжри хигъэувэжащ. УнэщIэм абдж щыхалъхьэм къыдэхуауэ кузд щыIэти, унэжьым и щхьэгъубжэ цIыкIухэм хилъхьэжащ. Аскэр шахъуэрэ бдзэнтхьэрэ хьэрзыну иIэти, шындэбанымкIэ гъэва унэ щIыб къыкIэрыщэщар, зы махуэ нэхъ пымыту, зэригъэзэхуэжащ.

Я адэм зэрихьэу щыта хьэпшыпхэм я нэхъыбэр Аскэр къалэ кузэшыб идзыпIэм щрикIутати, Надир абы зригъэпащ залымыгъэкIэ. Къуэш нэхъыщIэм зэрыжиIэмкIэ, абыхэм зыри еIусатэкъым. Аскэр лъэныкъуэкIэ IукIуэтри, тутын щIигъэнащ, зэрызэгуэпым и щыхьэту, и Iэпхэр сысу. Абы игу ирихьыртэкъым и къуэш нэхъыжьым ищIэну зыхэтыр. Къэзылъыгъу цIыхухэм къыхуэжаIэнуми иригузавэрт ар.

– Мис, плъагъурэ, уеблэмэ факъырэ дыдэхэри хуей хъуакъым мыбыхэм! – зыгъэгусэ хэлъу иту жиIащ Аскэр.

Абы, дауи, къыгурыIуэрт а хьэпшыпхэр я сабиигъуэм епха гукъэкIыжыфIхэм зэращыщыр. Ауэ апхуэдэ дыдэу ебгъэлей хъурэ?!

Езыр ирыргугысыс: апхуэдэ шэнт щхьэгуэ хэт иджы хуеижыр? Пэжщ, жыг лъабжьым щIэбгъэт хъунущ, ауэ иджырей унэм ар къыщегъэкъым. Аскэр я жыг хадэм щигъэуват шэнтиуэ нэхъыфIхэм хуэдэ, стIол я гъусэжу. ХьэщIэ къыпхуэкIуэмэ, щыIэщ пшэуэ щыбгъэтIыс хъуи. Мы хьэфэ вакъэр-щэ? Мыпхуэдизу хьэлэч хъуар дауэ зэрызепхьэнур? ТхьэмыщкIэм и кIэрэхъщ. Хъунщ, пластмассым къыхэщIыкIа мы зытхьэщIыпIэр зыщIыпIэ деж кIэрыукIауэ зепхьэ хъунщ, пхъэщхьэмыщхьэ иринтхьэщIын папщIэ, ауэ шэщIэху машинэм сыткIэ ухуей? Жэм аргуэру къащэхужыну абыхэм загъэхьэзыркъым! Армырами, ар зыри мыхъужыну къутащ. ИтIанэ, мы Iэщхьэл цIыкIури сыт зэрыпщIынур? Нартыхуи гуэдзи зетхьэркъым, джэдкъази зетхуэркъым куэд щIауэ. Аргуэру мыбы къигъуэтыжам епльыт! Пхъэм къыхэбзыкIа адакъэхэр. СыткIэ дыхуей абыхэм? Пэжщ, дахэу щIащ. Ди адэр пенсэм кIуа нэужь, зэшырти, псэущхьэ сурэтхэр пхъэм къыхибзыкIыу щIидзат. Ар псэкIэ гуIэрт, зы махуэ къэмынэу пэплъэрт Надир къэкIуэжыным. И къуэ нэхъыжьым егупсысурэ, адэр щIэх-щIэхыурэ гъырт. Аскэр илъэгъуащ абы и нэпсыр къыщIэжу... Сыт мыпхуэдиз кузэшыбыр лъапсэм щIэпшэжынур? Щыхухэм ауан дыкъащIынкъэ?! Пхъэм къыхэщIыкIа адакъэ унащхьэм щытрагъэувэу щыта зэманыр щыIэжкъым.

Надир шэнт щхьэгуэм тест, я адэм пхъэм къыхибзыкIауэ щыта бзу гъэщIэгъуэныр иIыгъыу.

– Мыр, си къуэш цIыкIу, адакъэкъым, мыр жиниэтбзущ, – захэпх къудейуэ жиIащ абы.

Унэм къызэрысыжыххэу, Надир щIэупщIат я адэм армэм къыздрихауэ щыта пхъэ пхъуантэ фIыщIэпхуэр здэщыIэмкIэ. Абы дэлъын хуейт адэм фIэлъапIэу зэрихьэу щыта и тхылъымпIэхэр, сурэтхэр, дамыгъэхэр. Сыт щIимылъагъужыр я адэм и гъуэлъыпIэр зыкIэрыта блыным фIэлъу щыта алэрыбгъур? Надир щысабийм щыгъуэ, пщэдджыжьым

и нэр къыкэрыкӀэтрихыу ипэу зыӀуплъэр дыщэ Ӏудапэкӏэ хадыкӏауэ абы тет щыхь угъурлыхэрат. Ахэр игъэпыбжьэгъуат, абыхэм епсалъэрт, уеблэмэ дэтхэнэ зыми цӀэ ирфӀищат. Щыхь цӀыкӀухэм нэмыщӀкӀэ а алэрыбгъум щлъагъуэрт бгъуэзу ежэх псынэпс къабзэр, Ӏуву зэщӀэкӀэжа чыцэхэр, мэзылъэ щӀыпӀэхэр. Жыг лъагэхэм я зэхуакум удэплъмэ, жьажьэу къыщынахуэрт бгъэжьхэмрэ къыр папцӀэ хужьхэмрэ. Абы щыгъуэ Надир сытым хуэдэу и нэ къикӀрэт а алэрыбгъум ирилъагъуэ дунейм дахэхэм къыхэхутэну. И сабиигъуэм иӀа хъуэпсапӀэхэм я фӀыпӀэт ар. Аскэр-щэ? Абы апхуэдэутэкъэ а псор зэрызыхищӀэр? Хьэуэ, хьэуэ, Аскэр ахэр зэи къыфӀэӀуэхуакъым. Абы и гупсысэр зэтар нэгъуэщӀти, нэхъ дахэхэхыр мафӀэс зэрагъэункӀыфӀ машинэхэрт, лъагапӀэхэм зэрыдэкӀуей кранхэрт, хьэфэ мыжадэхэрт... Аскэр и сабиигъуэр зэрекӀуэкӀар езым нэхърэ нэхъыфӀу Надир ещӀэж. Сытым хуэдэу удихьэхыу тепсэлъыхьыжрэ ар я сабиигъуэ дахэм...

Пхъэ пхъуантэм щыхъума хъуат адэм и тхылъымпӀэхэри, сурэтхэри. Абыхэм къыщынэмыщӀа, къадэбэ щабэм кӀуэцӀылъу, абы и зы дурэш дэгъэзэгъат бгъэхалъ дамыгъэу къратахэри.

Сытыфэ абы Надир къришлъыр? Мис, алэрыбгъур къэтицӀэпщи, ар текӀыжащ, хэплъагъукӀыж щымыӀэу. Аскэр зэи гу лъитакъым ар дыщэ Ӏудапэкӏэ зэрыхэдыкӀам. Щыхьхэми, къыфӀэӀуэхуу, ар зэи еплъакъым пабдэгубдэаплъэу. Ауэ аракъым Ӏуэхур зыӀутыр... КӀэщӀу жыпӀэмэ, Аскэр а алэрыбгъур я гъунэгъу фиэзыжьым, фӀэгуэныхь хъури, иритат, лъэгум деж щиубгъуну е, хуеймэ, блыным фӀидзэну, жери. А фызыжь тхьэмыщкӀэр, и щхьэгъусэри имыӀэжу, и закъуэу псэурт... Надир игу къремыгъэкӀыххэ абы и деж кӀуэуэ алэрыбгъур къыӀихыжыну – ар хьэдэгъуэдахэщ...

– Ар Ӏуэхукъым, – быдэу жэуап къитат Надир.

Пщыхьэщхьэм алэрыбгъур фӀэтыг ипэм здыфӀэлъауэ щыта блыным.

Нужьрей махуэхэм Надир зэзэмызэт уиэм къыщыщӀэкӀыр, ари игъэщхэну щеджэхэм дежт. «СымэжалӀэркъым, фымыгузавэ», – жиӀэрт.

Ауэ, унагъуэр къызэрыкӀэрымыкӀыпур ищӀэрти, къахыхьэрт, ядэшхэрт. И нэр зыгуэрым тедиуэ, нэщхъейуэ зыкъомрэ щыщыс щыӀэт. ИтӀанэ, «Ди адэм и псэр гуфӀауэ къыщӀэкӀынщ», – жиӀэрт зэуэ. Апхуэдэхэм деж уиэм щӀэсхэр зэплъыжырт. Хьэуэ, Надир жиӀахэр гъэщӀэгъуэн ищыхъуауэ аратэкъым, ахэр зыгъэгузавэр абы и нитӀым гъащӀэм и нур зэрыщӀэмытыжырт. Зыри къызыфӀэмыӀуэхуж цӀыхум и плъэкӀэт ар...

– Надир, мы зэхуэпхьэсыжа хьэпшып къомым уеплъурэ гунадж уимыӀэжу укъэнащ, – щабэу жиӀэрт Аскэр, и пыпэхъыжьым и жагъуэ зэримыщӀыным хэту.

– Хъунщ иджы, – и щхьэгъусэм йохъурджауэ нысэр. – Уэ, Надир, мыбы жиӀэхэм уемыдаӀуэ. Мыбы Алыхьри шейтӀанри и фӀэщ хъуркъым.

– Сыт иджы абыхэм я деж уцӀынэсар? Сызэщыпхыни сызыфӀэлӀыкӀи щымыӀэу ара жыпӀэну узыхуейр? Тхьэпхуэм сопъэӀу мы дызытет дунейр къызэрыдгурыӀуэн акъыл къыдитыну, адрей дунейр лӀахэм къахуэдгъэнэнщ... – пыгуфӀыкӀыурэ жеӀэ Аскэр.

Надир зэрагъэлъагъуну къакIуэрт Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Псори зыщIэупщIэр зэтехуэрт: дауэ псэурэ, хэт и щхьэгъусэр, сыту зэрылажьэр, быи дапщэ иIэ? Къэгубжь хэмыту, дэтхэнэми кIэщIу жэуап иритыжырт Надир. Къыщыхъуну кIэ хъунут ар щIыIэ-щIыIэу абыхэм яхуэщыту.

– КъысщыгуфIыкI хуэдэу зэщIми, ди адэр щылIам щыгъуэ сыкъымыэрымыкIуэжам щхьэкIэ сыэрагъэкъуаншэр сощIэ, – жиIэрт Надир, ахэр зэрыщIэкIыжу. – Я къызэпылъыкIэмкIэ къызгуроIуэ я гум илъыр.

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ? – къэщхьэщыжырт анэр Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. – Дэ абыхэм яжетIауэ ящIэ уэ жыжьэ узэрыщыIар, хъыбар недгъэхьыр къызэрыпIэрымыхьар.

– ИлъэситIкIэ сымыщIауи? – хэгупсысыхьауэ жэуап къет Надир. – Ар сыт хуэдэ щIыналъэ, ди анэ, а сэ сыздэщыIар, хъыбар кIэщэ зэрыт тхылъымпIэр илъэситIкIэ нэмысыи хуэдэу? Хэт ар зи фIэщ ищIынур?..

Зыкъомрэ нэщхъейуэ щыса нэужь, ар къэтэджыжри и адэм и пэшым хуэмурэ щIыхьэжащ.

И шыпхъури, и къуэшри, и нысэри, уеблэмэ и анэри тегушхуэртэкъым Надир зыщIэс пэшым щIыхьэну. ЗыгуэркIэ абы хуей хъуамэ, щIыбым дэтут зэрыджэр. Ауэ и къуэш быи зэранщIакIуэ щIыкIухэм я лъэр пхуэубыдынт. Ахэр щэху щIыкIуу унэм щIыхьэрти, Надир дэджэгу хуэдэурэ зыгуэрхэр жраIэрти дыхьэшхыу къыщIэжыжырт. Зы махуэ гуэрым абыхэм анэшхуэм хуаIуэтэжащ Надир и пэшым псалъэмакъ къыщIэIукIыу зэрызэхахар.

– Делагъэ жыимыIэ! – ткIийуэ жиIащ нанэм. – Ар малажьэ, щIэныгъэ тхылъхэр етх. Апхуэдэ щIэныгъэрылажьэр и щхьэ епсалъэж хабзэщ, езыр зэчэнджэщыжу. АфIэкIа фыщIыхьауэ сымыгъалъагъу. Зэран фыхуэмыхъу...

Язынэкъуэхэм деж Надир пщэдджыжьым жыыуэ къахыхьырт, «Сэ губгъуэхэр тIэкIу къызэхэскIухьынщ», къажриIэрти дэкIырт. Арати, махуэ псокIэ кIуэдырт. И лъэр здынэмыс къимыгъанэу, Iэгъуэблагъэр къызэхикIухьырт. Ар ялъагъурт зэм губгъуэм иту, зэм псыежэхым и Iуфэм Iусу. Зэми гуэл Iуфэм Iут дзэлым и лъабжьэм щIэст зимыгъэхъейуэ, гупсысэу. Гъуэгум щIыху къыщыхуэзамэ, езыр япэ епсалъэртэкъым, ФIэхъус кърахамэ, псалъэншэу и щхьэр ищIырти блэкIырт. Жэщ хъуху кIэ къекIуалIэ иIэтэкъым. Къыдыхьэжамэ, анэм здриджа пщэфIапIэмкIэ кIуэрт, епа-елIауэ шэнтым зригъэхуэхырти, къыхутрагъэувэ шхыими хэмыIэбэу, гукъыдэжыншэу зыкъомрэ щыст, и пэр зыгуэрым тедияуэ.

Зы махуэ гуэрым Надир дэкIауэ хуигъэзэри, анэр щIыхьащ абы и пэшым. Хуэсакъыпэурэ и хьэпшыпхэр зэригъэзэхуащ, и щыгъынхэр IэкIуэлъакIуэу зэкIуэцIилъхьащ, стIолым тель събэр трилъэщIыкIри гъуэлъыпIэм деж щетIысэхащ, тIэкIу зигъэпсэхуну.

Аскэр, и анэм зыгуэркIэ еупщIыну къылъыхъуэурэ щимыгъуэтым, Надир и пэшымкIэ игъэзащ. Бжэр Iуихрэ щIэплъамэ, и анэр щIэсщ.

– КъэсщIат мыбыкIэ узэрыщыIэр, – жиIащ Аскэр къыздыщIыхьэм. СтIолым бгъэдыхьэри абы тель тетрадь фIыцIэ Iувышхуэр къищтащ икIи псынщIэу зэригъэдзэкIыу щIидзащ.

– Епэгъыт, ди анэ, сэ уэзгъэлъагъунум. Мыбы зы хъэлэмэт гуэр

къыщыдгъуэтащ. – Сурэт гуэр къыдихри, и анэм хуишияц. – Мыр хэту пIэрэ?

Сурэтым итт илъэсих-блы зи ныбжьын щIалэ щхьэщыгъуэ цIыкIу. ШырыпIым хуэдэу къэшца абы и Iэ хужь цIыкIухэр и ныбэм деж щызэрыдзат, и нэ фIыцIэ хъурей цIыкIухэр, сабийм ейуэ умыщIэну, нэщхъейуэ къоплъырт.

Сурэтым зыкъомрэ еплъу щыса нэужь, и нэпсыр къежэхыурэ анэм жиIащ:

– Мыр Надир и къуэщ. И адэшхуэм сыту ещхьыщэ! Езы Надири и адэрат зэщхьыр.

– ЖиIэнщ иджы сэ си благъэр зыкIи ди адэм емыщхьу. Сэри си шыпхъури, дауи, цыджанхэм дыкъыфкIэщIадзауэ къыщIэкIынщ, – зыгъэгусэ хэлъу жиIащ Аскэр, стIолышхьэм тель Iэрытххэр зэIипщIыкIыурэ.

– УкIытэр пщыгъупщэжауэ, уи бынхэм укъысхутоисэлъыхь, – щIэнэкIащ анэр и къуэм.

– Абыхэм дыхыумыгъэт, кхъыIэ, иджы. Зыми дыкъилъагъукъым, ди закъуэщ. Абы нэхъри нэхъыфIщ мы сэ узогъэлъыгъуэнум къеплъи, мамэ, ди Надир гъащIэм теухуа тхылъ етх. Етх, етх, ауэ тхьэмахуэ етIуанэ йокIуэкIри, зы сатыркIи кIуэтакъым. Плъагъурэ мыбы ита шакъэр зэригъухьыжар. Иужьрей сатырыр зэритхрэ илъэсищэ дэкIагъэщ. Уи фIэщ щIы сэ жысIэр. Сыт-тIэ Надир итхэр зищIысыр? СщIэркъым жысIэнур. Сытми зыгуэр илажьэщ абы. Уэ зыми гу лъыптэркъэ, ди анэ?

– Надир кIэрыкI, зыкIи упэрымыуэ! Сыту фыгущIэгъунщэ фэ псори. Хуеймэ итхынщ, хуэмеймэ итхынкъым. Уэ сыт абы уи Iуэхуу хэлъыр?

– Еуэ, еуэ, къыщхьэщыж. Сэ зэи укъысхуэжакъыкъым апхуэдэу. Сыт щыгъуи зэхэсхыу щытар зыщ: «Ущымылъу, кIуэи лажьэ!»

– Ар псом нэхърэ нэхъ насыпыншэ хъуащ. Плъагъуркъэ зэрысымаджэр? Абы щхьэкIэ дауэ апхуэдэу пхужыIэрэ?

– ГъэщIэгъуэн гуэрщ, мамэ, мы ди Надир. Сытми, зы бэлыхь илажьэщ абы. Сэ зыри къызжиIэркъым. Уэ уепсэлъамэ арат. Уэ уанэщи, абы и гум щыщIэр, зыгъэхыщIэр, щхьэлажьэ зыщIар уэ нэхъ къыбжиIэфынущ. Сэри, дауи, сигу къемыуэу къанэркъым абы и щытыкIэр. Уэрамым сызэрыдихьэу, псори Надир къыщIоупщIэ: дауэ щыт, дэнэ здэщыIар, сыт ищIар. Уеблэмэ и ныбжьэгъухэми ар дахэдахэу епсалъэркъым! Къыдеджа и классэгъухэр къэкIуэнути, «зыкIи сахуейкъым», жиIащ. Сыт сэ абыхэм жэуапу естыжынур?..

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ Заремэ къэкIуэжати, Надир къыдыхьэжыным пэплъэурэ зигъэгуващ. Дэлэн пщтыр ящхащ, шей ефахэщ. Уэршэру здэщысхэм, Аскэр игу къэкIыжащ Надир и пэшым къыщигъуэта сурэтыр. И анэм жиIэм емыдаIуэу, жэри сурэтыр къихьащ, и шыпхъум иригъэлъагъуну.

– Пэж дыдэу, ещхьыркъабзэщ. Дэнэ щыIэу пIэрэ мы цIыкIури мыбы и анэри? – къыхудилъеящ Заремэ и дэлъхум.

– СемыущIа фи гугъэрэ абы теухуауэ, – жеIэ Аскэр къызэщIэплъауэ. – Щыхухьу хуэдэу дызэпсалъэнщ, жысIати, сызэхихакъым. Сэ сыкъуэнщ, сыщыгугъащ и гум иль псомкIи къыздэгуэшэну, ауэ дэнэт ар!

КъызжиӀар фщӀэрэ? «Уэ, жи, псэ зыхэмыт унэ уи щхьэ хуэпщӀыжащ. Ди адэм и унэр Ӏупхмэ, дауэ упсэуну, ди пкӀэунэжымрэ абы ис жэщтеуэхэмрэ жэгъуэщхэмрэ унигу къэмыкӀыу? А унэжьым Ӏутщ ди адэм и псэр. УнэщӀэ пщӀам и хуабагъыр уэ зыхэпщӀэнукъым, уи быныхэращ зыхэзыщӀэнур. АтӀэ, уэ дауэ узэрыпсэунур?» – араш къызжиӀар. «СынолъэӀу, зэи умыкъутэ ди адэм и унэр. Ар зыщӀэну хуитыр абы и къуэрылъхухэрщ. Лъапсэм къина къуэм и къалэнщ адэ щӀэинныр ихъумэну. Ар хьэкъыу зыпхыгъэкӀ!» – мис ахэращ сыэригъэдэӀуар... АтӀэ, дауэ сэ мы унэжьыр пщӀантӀэм къызэрыдэзнэнур? Мыбдеж зыгъэпсэхупӀэ щысщӀыну си гугъат. Удэ гъэгъа щызгъэкӀынут, абыхэм къащхьэщыту жызумей лъэпкъыфӀи щызукъуэдинну сыхуейт. «Щыхум сахэгъуащэу дунейм сытетарэт», жызоӀэ сэри... Сигу къэкӀыжтэкъыми – абы сэ иджыри зы телъыджэ къызжиӀащ: «Си къуэр, жи, сытым дежи си гъусэщ». Нэхъ телъыджэжыр щыжиӀар нужькӀэщ: «Мы дуней хьэхум напӀэ дэхьеигъуэкӀэ дытетыну дыкъытехьауэ арапщи, сыт, жи, зыми щымыщу кӀуэдыжын мылъку угужьеяуэ, униепсейуэ щӀызахуэилъэфэсын хуейр?..» Апхуэдэ дыдэу жиӀащ «зыми щымыщу кӀуэдыжын». КъызэрыщӀэкӀымкӀэ, си быныхэм яхуэзгъэтӀылъ ахъшэми, яхуэзщӀ унэми, яхуэзухуэ лъапсэми мыхьэнэ лъэпкъ яӀэкъым. «Псори кӀуэдыжынущ», жысӀэу, си Ӏэр зэтедзауэ сыщысын хуейуэ араш. Абдеж зэуэ сигу къэкӀыжащ Надир и Ӏэрытххэр. СелъэӀуащ ахэр къызгуригъэӀуэну, арщхьэкӀэ и Ӏэр ищӀа къудейщ. «скӀэрыкӀ» жыхуиӀэу... Дауи, фэ псори феджащ, щӀэныгъэ фиӀэщ! Сэ зыращ щӀэныгъэншэу къыфхэтыр. ИужькӀэ мурад сщӀащ Надир и тхыгъэхэм сэр-сэру сыкъеджэну, ауэ мы дунейм теттэкъым абы и хъэтӀыр къызэрыпхуихын. Сыт хуэдэ тхыгъэуи щӀыи, напэкӀуэцӀитӀ нэхъыбэ сыкъемыджауэ си жеин къакӀуэ хабээщ игъащӀэми, атӀэ мыр сэ схуэзэхыну, зыгурызгъэӀуэфыну? Ауэ, дауэ мыхъуми, зыгуэрхэр къыхэзджыкӀащ. «Къуэм адэм и гъащӀэм, и лэжьыгъэм пищэн хуейщ, жи, езым щӀэрыщӀэу псори къыщӀимыдзэжу. Лъэпкъым и цӀыхухъухэм илъэс мин бжыгъэкӀэ зэхуахьэса губзыгъагъэр бгъэдэлъыщ адэм. Къуэм и къалэнщ мис а губзыгъагъэр езым зыхилъхьэну икӀи адэкӀэ иригъэужьыну. ЛӀэщӀыгъуэ куэдкӀэ лъэпкъыр апхуэдэу къекӀуэкӀащ: адэм и ӀэщӀагъэр, и щӀэиныр къуэм къыхуигъанэрэ, абы ахэр иригъэфӀакӀуэу. А зэпыщӀэныгъэр хъумэныращ гъащӀэм щыпэхъыщхьэр. Абы куэдкӀэ елъытащ лъэпкъым и къэкӀуэнур». Арэххащ сэ къызгурыӀуар зэрыхъур. Егъэлеяуэ губзыгъагъэ куэд етх Надир. Абы къиджыкӀахэм ящыщщ мыри: «Къуэм игурэ и щхьэрэ зэтелъу псэу хъунущ, жи, и адэм и лэжьыгъэм зы щхьэусыгъуэ гуэркӀэ пимыщэфми, абы псэкӀэ хуэпэжмэ, абы и дуней тетыкӀам хуэфащэу псэумэ. Нэхъыщхьэр уи ипэ ита нэхъыжьхэм напэ хужькӀэ я пащхьэ уихьэжыныращ. Абы къыпхуагъэна хабээмрэ нэмысымрэ пхъумэфамэ, уи къалэныр бгъэзэщӀауэ плъытэ хъунущ...» Акъыл зыхэль апхуэдэ псалъэ куэд къыхэбгъуэтэнущ Надир и тхыгъэхэм...

– Аракъым иджыпсту нэхъапэр, – къопсалъэ шыпхъур. – Абы и Ӏэрытххэр нужькӀэ зэпкърытхынщ. Ӏэмал имыӀэу къэщӀэн хуейщ и унагъуэр здэщыӀэр. Сэ къызгурыӀуащ Надир абы теухуауэ зыми зыри жриӀэну зэрымыхуэмейр. Сэр дыдэр куэдрэ нужь ситащ си дапхум



8 Заказ №629

сепсэлъылIэну. Зыри, фи фIэщ зэрыхъун, абы къимыкIа икIи къимыкIыну. ЕтIуанэу къедгъэшэнт, ауэ апхуэдэ IуэхукIи абы дыэригъэпсэлъэнукъым. ЩIалэ дыгъэ цIыкIу щиIэкIэ, и щхьэгъусэр къэгъуэтауэ епсэлъэн хуейуэ аращ.

– Си гум жеIэ абы зы мыгъуагъэ гуэр къыщыщIауэ, – жиIащ анэм, – ЗэгурымыIуэу зэпыкIыжауэ пIэрэ? И жагъуэ къыщIама, къахэкIыжу къэкIуэжагъэнщ. Ари хъарзынэкъэ-тIэ и адэжь лъапсэм къызэретIысылIэжар, нэгъуэщI щIыпIэкIэ имыгъэзэу!

– Иужь дыдэу щыпсэуа хэщIапIэращ дэ тщIэр, – жиIащ Аскэр. – ФыщIэжрэ, илъэситI и пэкIэ абы къритхыкIри жэуап къыдитыжауэ щытати. Абы и ужькIэ дины щыпсэуами тщIэркъым. Ауэ щыхъукIэ, и щхьэгъусэр Сыбырым щыIэ а къалэ цIыкIум дэсу къыщIэкIынщи, абы письмо хуэтхын хуейуэ аращ. Мис абы къыджиIэнщ я Iуэху зыIутыр. ЗэпыкIыжауэ къыщIэкIынти, и унэ къигъэкIэжауэ аращ. Дэнэт-тIэ здэкIуэнур, и адэ лъапсэжь емыкIуэлIэжмэ? Ирикъунщ мы дунеижьым къызэрыщикIухьар. Куэд щIат и унэжь къызэрыкIуэжын хуейрэ. ТIэкIу нэхъ пасэу къэсыжамэ, ди адэ тхьэмыщкIэр илъагъужынт. Надир и напэлъагъум щIэбогъу дунейм ехыжащ ар.

Жэщыр хэкIуэтати, я псалъэмакъым кIыхь зрамыгъэщIу, псори къэтэджыжащ. Заремэ и пщэ дилъхьэжащ икIэщIыпIэкIэ а Iуэхум и ужь ихьэну.

Шыпхъур щыдашыжым гу лъатащ Надир и щхьэгъубжэм уэздыгъэ нэху къызэрыдидзым.

Надир псыхъуэм мывэ къыдишырт, я гъунэгъум къаIихa гъущIыгумкIэ. Ар бжыхьым гъунэгъубжэу ирихулIэрти, мывэхэр езым и закъуэу къыщхьэридзыжырт. Апхуэдэурэ, хадэм аргуэру ирищIыхьыщ бгъуэнщIагъ, ипэрейм нэхъри щыкIэ нэхъ ину. Абы и щхьэм къикIжал къэгъэша трилъхьэщ, гъущI Iунэ хиукIэри я щхьэ цIыкIухэр гъущI кIапсэкIэ зэрипхыжащ, тригъэжыхьыр нэхъ быдэ хъун папщIэ. ИтIанэ абы и гущIыIум мывэкIэщхъ трикIутэжащ. Иджы кIэнауэр бгъуэнщIагъымкIэ щIэкIырт. Абы екIуу хигъэзэгъа мывэ джейхэм я зэхуакум щабэу уиэу дэжырт псыIэрышэ цIыкIур.

– Сыт иджы мыбы есщIэнур? – хуэтхьэусыхэрт Аскэр и анэм. – Абдежым мамкъутейрэ щхьэрыбу хэдгъэбыдауэ хъуар зэхиутащ, зыри къимыгъанэу. Дауэ къыщыхъурэ ар?! Сыту пIэрэ а мывэ къэпыжыр зэрищIынур? Нэсауэ сабиягъэкъэ ар! Абы нэхъри нэхъыфIт унэ блынхэр штукатур къыдищIамэ.

– Дапщэрэ бжесIэну: мыбы зэран ухуэмыхъу! – мэпхыдэ анэр. – Ди хуабагъ хуэнцыкъуэу, сыт хуэдизрэ щыпсэуа ар хамэ щIыпIэ! Езым ейуэ щытахэр зэфIигъэувэжу аращ. Сэ сыщогуфIыкI абы. Уэ ди мэ лъыщыуауэ зы хьэпшыпи къыдэбнакъым мы пщIантIэм, уеблэмэ пщэфIапIэм щызесхьэу сиIа хьэкъущыкъу пэгъунэ хьифIэбдзащ. Сытым хуэдэу тыншу еришIэбэрэт, ериншафIэрэт сэ абыхэм!.. СощIэ, сощIэ мыгъуэ хамэ щIыпIэм ар гугъу зэрыщехьар. Псори зи ягъэр фи адэращ – и жагъуэ хъуи псалъэ куэд жриIащ. Псори езым ещхь ищIыну хэтт ар. И бынхэр адрейхэм нэхърэ нэхъ Iейуэ къыщыхъурт. Надир, и щхьэр здихьын имыщIэжу, зы мыхъэнэншэ щхьэкIэ зэрихуэрт. Уэ, уцIыкIуащи, ахэр пщIэжыркъым. Фи шыпхъури гугъу иригъэхьащ абы и хьэл мыхъумыщIэм. Аращ пасэу дэкIуэнри къызыхэкIар. Надири, ар хуэ-

мыпэчыжу, зызэщIикъуэри дэкIащ. Псэуащ зеиншэ нэхъей... ПщIэрэ сэ си фэм дэкIар зыхуэдизыр... – жиIэрти гъырт.

И анэм и нэпсхэр щилъагъукIэ, Аскэр зиущэхужырт. Ауэ зэман дигъэкIырти, пщыхьэщхьэхэм деж, Надир и пэшым зэрыщIыхьэжу, аргуэру къригъажьэрти тхьэусыхэрт: «Апхуэдэутэкъым, ди анэ, ар зэрыщытыну сызэрыщыгугъар. Псоми я къуэш нэхъыжьхэр тэмэму къахуощытщ, уеблэмэ я нэхъыщIэхэм сыткIи зыщIагъакъуэ. Надир и акъылымрэ и зэчиймрэ къигъэсэбэпу щытамэ, дэ сыт хуэдиз ахъшэ къэдлэжьыфынут! Сыт хуэдэу фIыуэ дыпсэунут! Ар хуеймэ, хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Ауэ дауэ ар къызэрыбгъэдэIуэнур? Мис ар схузэгъэкIэхуэркъым».

Зы махуэ гуэрым шэджагъуэу Аскэр унэм дыхьэжат, тIэкIу ефауэ. Апхуэдэ хьэл иIэтэкъым абы, еIубауэ и унагъуэм закъригъэлъагъуу. «МафIэс къэмыгъэхъуныкIэ щыIэ Iуэхущ1апIэм дыкъащтэну къэкIуат, – жеIэ абы, и анэмрэ и щхьэгъусэмрэ я деж зыщигъэхъхуэну хэту. – Ахэр си щIыхугъэу къыщIэкIри, ди Iуэхур тыншу зэфIэкIащ. Iэни къахухъэгъэуващ. МафIэ зэрагъэункIыфIхэр мы дыкъэрыт махэм и кIэ хъуху дэнэкIи щыфIэдэну къэгъэгугъащ».

ХадэмкIэ хьэ банэ макъ къыщыIуащ.

– Надир аргуэру зыгуэрхэр зэхищIыхьу ит хъунщ хадапхэм, – жиIащ Аскэр. – Зэхэфхыркъэ Барсик зэукIыжу зэрыбанэр. ТхьэмыщкIэм и макъыр икIащ, банэурэ. Жьы хъуащ ар, тIэкIу фIэгуэныхь хъуами ягъэ кIынтэкъым... КхъыIэ, къыжефIэт, апхуэдиз зэманкIэ сыт хадэм щищIэнур, тхьэмпэ зыпымытыж жыг щIапэхэм уахэту?! Куэд щIащ тхьэмпэхэр жыг лъабжьэхэм зэрыщIэгъуэхыжрэ. Хадэм иджы мэ гуакIуи къырихыжыркъым, зы бзуи щыпцIыгъуэжыркъым! Нобэ апхуэдизкIэ щIыIэщ, псыIэщи, сэ сызэрыщыту сыдиящ.

Ар жиIэри, Аскэр гъуэмэтIыммэурэ шыгъуэгум ихыащ. Дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу къыжыжащ, къэуIэбжырэ и нэхэр гужьеигъуэм къыщихуауэ. Гъыпуми дыхьэпхынуми имыщIэу, жиIэхэри даха-дахэу къыбгурымыIуэу, Аскэр, и Iэ и лъэ ищIу, и анэм бгъэдэлъэдащ.

– Ди анэ, хадапхэм деж щIыху зыбжанэ щыслъэгъуащ... Е сымылъэгъуарэ?.. КъысфIэщIауэ пIэрэ?.. Хьэуэ, слъэгъуащ, слъэгъуащ... Щыху зыбжанэ щысщ... Я зыхуэпэкIэр хьэлэмэтщ, мы дунейм зэрыпщIэн щыIэкъым ахэр илъэсищэ, уеблэмэ илъэс мин и пэкIэ псэуауэ фIэкIа... Сэ апхуэдэущ къызэрысщыхъуар... Къысщыхъуакъым, атIэ пэж дыдэу слъэгъуащ, си тхьэкIумэкIэ зэхэсхащ ахэр зэпсалъэу... БгъуэнщIагъым деж щытхэщ... мамэ, мамэ, уэ умыгужьейуэ къызэдаIуэт... моуэ зэ етIысэхыт... ди адэри яхэтщ абыхэм... пэж дыдэу бжызоIэ – ди адэр яхэтщ. КъысфIэщIакъым икIи къысщыхъуакъым! Пэж дыдэу слъэгъуащ! Абдеж щызэхэсщ, мауэрщэрхэри. Сыт фыхуеймэ къызэфщIэ, сэ щIы супсу щытмэ. Надири я гъусэщ абыхэм...

Анэри, нысэри, абы ирихьэлIэу еджапIэм къикIыжа сабийхэри псынщIэу кIуэщIрыкIащ хадапхэм пэс. Надир щыст, Барсик къыбгъэдэсу. ИгъащIэ лъандэрэ игъуса фIэкIа умыщIэну, хьэ щIыкIур абы къыдэджэгурт, мы дуней гуфIэгъуэр иIэу.

– ИкIэм-икIэжым сыкъыщIыхужащ, – жиIащ Надир, мащIэу къыпыгуфIыкIри. – Фэ сыт фыгуэпэу фыкъыщIыхорехьэжыр?

Аскэр илъэгъуахэр нэкъыфIэщIу ягъэуващ унэм исхэм, икIи ар фадэ зэреIубам тральхьащ. ИужькIэ, пщыхьэщхьэхуэкIуэу, Аскэр илъыржьэр хъуурэ къыщытехуэм, псоми къагурыIуащ Iуэхур зыIутыр, куэд дэмыкIыуи ящыгъупщэжащ а къэхъуар. Езыми, а жиIа хьэлэмэтхэр игу къыщагъэкIыжкIэ, укIытэжауэ эригъэзэкIырт.

Уда хущхъуэ гуэрхэр Аскэр хуигъакэурэ анэр шхыдэрт: «Иджыпсту апхуэдэ зэманкъым IэщIанэ-лъэпщIанэу удэтын хуэдэу... Машинэ уисмэ, сыт-тIэ абы щхьэкIэ? Ептыт нобэ зэрыщIыIэм. ЩIакхъуэ гъэжьапIэм и кIуэцIыр хуабэщ, дауи, ауэ махуэм хуэзэу дапщэрэ укъыщIэжрэ уэ абы, кIагуэ пщымыгъыу. УэсщIэнур сщIэркъым. Сэ жысIэм зэ укъедаIуэ хъуи...»

Надир къыщIыхьащ, и къуэшым щIэупщIэну. ГъуэлъыпIэ кIапэм деж щетIысэхщ, Аскэр и Iэр бидэу икъуэри жиIащ:

– ЗыIыгъ, си къуэш цIыкIу. Умыгузавэ, ухъужынущ куэд мыщIэу. Сэ бжесIахэр зыщумыгъэгъупщэ – аращ нэхъыщхьэр. Иджы сэ сыщIэкIыжын хуейщ. Си псэм къылъыхъуэр къыскIэлъысащ...

ЖиIэр и кIэм нимыгъэсу, Надир псынщIэу къэтаджыжри пщэфIапIэмкIэ щIыхьащ, и анэм гуапэу IэплIэ хуищIри, сыт щыгъуи хуэдэу, Iэдэбу жиIащ:

– СыщIэкIыжынщи, сыгъуэлъыжын и пэ къихуэу тIэкIу жьы зыщIезгъэхуинщ, ди анэ...

Жэщыр хэкIуэтауэ щIантIэм цIыхуитI пIащIэу къыдыхьэри, бжэм теуIуэу щIадзащ. Бжэр къыIуихри бжэщхьэIум япэщIыкIэ къытеуващ анэр, кIыфIыгъэм зыгуэр къыхилъагъукIын и гугъэу гужьеяуэ хэплъэу. «Хэт ар?» – жиIэри джащ. Анэм и ужь иту унэм къыщIэкIащ ныбжьэгъу Аскэррэ.

– Зы уэздыгъи зэрымыблэ, – къэIуащ я шынхъум и макъыр.

– Мамэ, мыхэр уи пхъумрэ уи малъхъэмрэщ. КъыумыщIыхужауэ ара? – жиIэщ нысэми, гуфIэжу ипежьащ хьэщIэхэм.

– КъызгурыIуэркъым. Уэздыгъэхэр псори тэмэму блэуэ щытащ, – жиIащ анэм, дэкIуепIэм къыздехым. – Гъуэгу мыгъуэм емыжьэн ди хьэри сыхьэтищ мэхъури мэкъугъ, псэхупIэ къыдимыту. Жьы хъуащ, и лIэгъуэщ, итIанэми боуркъым. ФыпакIуэ, фыпыщIыхьэ. Сыт апхуэдэу гувауэ фыкъыщIэкIуар? КъэхъуаIа?

Анэр хадэм ихьыну хэтат, Барсик щIэмыувыIэр къищIэну, ауэ Заремэ ар къигъэувыIэжащ.

– Абы нэхъ Iуэху щыIэщ, мамэ, унэм дыщIэвгъэхьэж, – гузавэ зыщIэть макъкIэ жиIащ абы.

ПщэфIапIэмкIэ щIыхьахэщ. Анэм шейныччыр тригъэуващ.

– Зыри дыхуейкъым, – нэщхъейуэ къэпсэлъащ Заремэ. Абы и нэгум зэрипльэу псоми къагурыIуащ ар зэрыгъэр.

Заремэ и плащ жыпым иIэбэри письмоульэ кърихащ. Абы дэлъ хьэтI зэхуэдэ дахэкIэ тха тхылъымпIэ зыбжанэ. Мы письмор пощтэхьэм щэджагъуэ мыхъуу къихьат, ауэ сабийхэм ар газетхэм я гъусэу сырэм дадзэри, ящыгъупщэжат. ЛэжьапIэ къикIыжа нэужьщ Заремэ абы гу щылъытар.

Письмор къэзытхыр Надиррэ абы и щхьэгъусэ дахащэмрэ япэу къэщта фэтэрыр зей цIыхубзырт, я жылэм щоджэну яIам и унэгуащэ фызабэу къэнарт. ФIэхъускIэ къыщIидзэ письмом и япэ сатырхэм За-

ремэ псынщIэрыпсалъэу арижэри, адэкIэ ину къеджэу щIидзащ: «Надиррэ абы и щхьэгъусэмрэ я псэр зы чысэм илъу задэпсэурт. Зи Iэпэм дыщэ къыпыщэщ щIалэ губзыгъэр псоми фIыуэ къалъагъурт. Сэри сыщыуэ фIыщIэ яхуэсщIырт апхуэдэ гъэсэныгъэ дахэ Надир хэзылъхьа и адэ-анэм. Куэд дэмыкIыу абы ди гъунэгъуу щIапIэ къыщищэхури уни ирищIыхьыжат. Илъэс дэкIри, щIалэ цIыкIу къахэхъуащ. Унагъуэ къабзэу, зэпэзэпсэу зэдэпсэурт ахэр. Сэри, си узыншагъэкIэ сымыбэлыхьми, я сабийм сыкIэлъыплъырт. Анэ пэлъытэу сраIэт. Ауэ мы дунейм тет анэ укъэзылъхуам ещхь хъун! А къалэныр си пщэ дэрыдэслъхьэжам папщIэ, сытым дежи тхьэм селъэIурт къысхуигъэгъуну. Зэрыжылэу щыгуфIыкIырт а тIум я насыпым. ПщIэшхуэ хуащIырт Надир. Псом я дежкIи щапхъэт. Жылэм дэс лIыхэр хуабжьу фадафэти, лэжьыгъэ IэнатIэр тэмэму ирахьэкIыным и пIэкIэ, зыми щымыщу загъэунэхъужырт. Умыщхьэх закъуэмэ, мы щIыпIэр урипсэуну сыткIи къулейщ. Дыщэр щыкуэдщ, бдзэжьеймрэ мэз псэущхьэмрэ пэрыхьэтщ. Губгъуэм уилэжьыхьынумэ, нэхъ щIыгулъ пшэр уигъэлъыхъуэнщ. Ауэ фадэ мыгъуэжьым дихьэхыр пэхъыбэщи, щIалэхэр абы ехыжыр. Надир къуажэм и тхьэмадэу хахынути, еэым идатэкъым. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэм ящыщIати, ахэр щIэх-щIэхыурэ къыхуеблагъэрт. Сэри, сльэкI къэзмыгъанэу, садэIэпыкъурт ахэр гъэхьэщIэнымкIэ. «Куэд мыщIэу си адэ-анэм я деж лъагъуилъагъу сыкIуэжынущ, – гуфIэу жиIэрт Надир, – Абыхэм я пащхьэ куэду сыщыкъуэншащи, фэзэрыфищIым хуэдэу, щхьэщэ яхуэсщIу селъэIунущ къысхуагъэгъуну. Мы сызэлэжьыр зэ пэгъэсамэ, сежьэжынут».

Апхуэдэу щыжиIэкIэ, и нэгум нурыр къырихырт, сриапэ дыдэ фIэкIа умыщIэну, гуапэу Iэплэ къысхуищIырт. ГъэщIэгъуэн къысщыхъуащ Надир и Iыхьлыхэм ар здэщыIэр зэрамыщIэр. Си фIэщ хъуакъым апхуэдэ щIалэр и адэ-анэмрэ къыдалъхуахэмрэ яхуэмытхэу, и Iуэху зытетыр яжримыIэу.

ИтIанэми, гуэныхьыр къэхъыгъуафIэщ. Иджы, абы и унагъуэм къыхъуа гузэвэгъуэмрэ и щхьэм кърикIуа гуауэшхуэмрэ я ужькIэ, ар зыгуэркIэ бгъэкъуэншэжыну гуэныхьышхуэщ. Псом хуэмыдэу гуауэр къызытехьатыр Надир и щхьэгъусэрщ, и акъылым имытыжу, ныбжьу дунейм къытенарщ. Надир и Iыхьлыхэм, къыдалъхуахэм зыри хамыщIыкIауэ ара абы и насыпыншагъэм?! Иджы сэ, а гуауэр щыкIэ гъэбэгъуауэ зыхэзыщIэ сэ, си жыыщхьэ си пщэ къыдэхуащ а къэхъуам щыгъуазэ фысщIыну. ИлъэситI дэкIащ абы лъандэрэ. ПсомкIи къуапэр жыхьэрмэм псын си къуэрылъхурщ. Ди зэгъунэгъугъэм къыхэкIыу, ар Надир ныбжьэгъу къыхуэхъуат. Ныбжьэгъууи и ныбжьэгъутэкъым ар фи щIалэм, фIэгуэныхь хъурти, ауэ сытми къепсалъэу арат. Си къуэрылъхур ефэрейти, и унагъуэр бэлыхь хигъэтт. Ар си деж къагъэкIуауэ щыIэт, зыхэт фадафэжьхэм пэIэщIэ хъумэ, зихъуэжынкIи хъунщ, жыхуаIэу.

Зы пщэдджыжь гуэрым, уэс къесагъащIэу, си къуэрылъхум бдзэжьеяпщэ здишащ Надиррэ абы и къуэ цIыкIу илъэсий фIэкIа мыхъумрэ. Бдзэжьеяпщэхэм кууэ ябрууа щIыпIэм гу лъамытэу техьащ щIалэ ефар, асыхьэтуи кIуэцIрыхуащ. Ар къыхилъэфыжыну Надир хэлъащ, абыхэм и Iуфэлъафэр къэзыжыхьу къэна щIалэ цIыкIури цIантхъуэри псым хэхуащ. Щыри занщIэу щIилъэфауэ жаIэ. Алыхь закъуэрщ къэ-

хъуар зыщIэр – зыри гъуэгъуу щытакъым. Адэ жыжьэу бдзэжьеищэ гуэрхэр щалъэгъуауэ жаIэ, ауэ абыхэми, хуагъэфащэ мыхъумэ, тэмэму зыри жаIэжыфакъым. Сыт хуэдизрэ мылъыхъуами, щыми я хьэдэр ягъуэтыжакъым. Псыр ин дыдэщ. Абы апхуэдэ куэд щIилъэфащ, икIи зэи зыри къыхахыжыфакъым. Иджы сэ, си нэпсыр къежэхыу, абыхэм щхьэкIэ тхьэ солъэIу...

Надир и щхьэгъусэ цIыкIум къылъыса гуауэшхуэм занщIэу делэ ихъукIащ. ЗиукIыжыну пужь ихьауэ къезгъэлащ. И адэмрэ и дэлъхухэмрэ къакIуэу япэжыхуикIэ сыкъыбгъэдэкIакъым. Нэгъабэ къэкIуэжат ар, я хьэщыпхэм щыщ гуэрхэр къыздищтэжыну. Щыгъущхэ хъуащ, гукъыдэжынщэщ, ерагъыу зекIуэу арщ. Апхуэдизу фIыуэ илъэгъуу щытахэр зыщIэмысыж унэм щIэсын къехъэлъэкIырт. ГъэщIэгъуэнщ а къахъуам теухуауэ абы зы псалъэ ныжэрыфхуимытхар. И щхьэгъусэмрэ и къуэ цIыкIумрэ я псэр тыншын папщIэ, мыуныIэу тхьэ яхуолъэIу. Сэри къысхуэнар, си гуэпыхьхэр згъэзэкIуэжу, жэщи махуи тхьэ селъэIуныр щ. Алыхьталэм псори дыкъихъумэ! Амин!»

Щыхубохэм я нэпсыр къежэхырт, Надир къэкIуэжауэ и унэ щIэсыж нэтми. Iэгъуэблагъэр къысэхикIухыу къызэрекIуалIэжрэ куэд щIагъэнщ ар. Иджыпсту, дауи, Надир мэжей, и гъащIэр къызэрекIуэкIам теухуауэ мыбдеж щыжаIэхэм зыри химыщIыкIыу.

– Пльэгъуа псори къызэрагъапщIэ, – мадыхьэщх Аскэр. – Псым зыщIигъэмбрыуэ хуэдэу зищIри, и фызым къыкIэщIэкIуэжакIащ. Ипэ зэманхэм деж фыз псори дыщэм хуэдэщ...

– ФынакIуэ, зэгъусэу дыщIыхьэнщи езым депсэлъэнщ, – жеIэ Зарема. – Дауэ къыпщыхъурэ апхуэдизу узэкIуэцIылъу ущытыну, уи анэми къыбдалъхуахэми зы псалъэкIэ закъымумыгъэщIэну! ЗэрыцIыкIурэ апхуэдиц ар. ФицIэжрэ, иджыри цIыкIуу, зыгуэр щхьэкIэ зигъэгусэу, щхьэгъубжэ Iупхъуэм къуэтIысхьэу дымыгъуэтыжу Iэджэрэ дызэрылъыхъуауэ щытар? ПщIантIэми, псыхъуэми, губгъуэми, гъуэгъухэми – дыпщымылъыхъуа щIыпIэ къэнатэкъым. Ди анэр делэ хъуным нэсат. НужькIэ, абдеж къуэжеихьуэ ди адэм къигъуэтыжат жэщыбгым.

– КхъыIа, пхъапэу фемыпсалъэ, ар псом нэхъ тхъэ насыпыншэ хъуащ. ИкIи сымаджэщ, гуэпыхьщ, – псоми я ужь иту ежьа анэр и бынхэм елъэIурт, и нэпсыр хуэмыубыду.

Бжэр къэгъэбыдатэкъыми, Аскэрэ Заремэрэ япэ ищащ. ЗанщIэу дытеуэу къэдгъэщтэнкъым, жыхуаIэу. Надир еджэурэ кIуэрт ахэр. Жэуап къыщимытым, адрей пэшым щIэплъахэщ. Зыри щIэстэкъым. Аргуэру джахэщ – жэуапыншэт. Я адэм и пэшу щытам и бжэр Iуихри узэдыгъэр щIигъэнащ Аскэр, асыхьэтуи зэщIэувыIыкIащ. Зыгуэр къызэрыхъуар къызыгурыIуа малъхъэм ар тригъэкIуэтри езымрэ Заремэрэ пэшым щIыхьащ. Абыхэм я ужь иту бжьэщхьэIум ебэкъуащ нысэмрэ анэмрэ...

Адэм и гуэтълынIэм Надир илът, езыр динжарэ псыжь ятIэ зэщIэщтхъар и пкъым хуэфIу телъу. Илъэс мин дэкIа хуэдэт ар дунейм зэрехыжрэ. Абы и пIэ лъапэм зимыгъэхъейуэ тест и къуэ цIыкIур, сабийуэ умыщIэну, и плъэкIэр ткIиифэрэ езыри зэфIэщтхъэжауэ...

*ЗэздзэкIар* **БАГЪ Марьямщ**

ЩОДЖЭН Риммэ

# РОЗЭМ ТЕДИЯ НЭПС

*Рассказ*

*Къуршхэ, псыжьхэ, уафэ къащхъуэ,*
*Хьэуа къабзэ, уэм ит бзащхъуэ,*
*ЩIылъэ щхъуантIэ... фэращ зэщIэр*
*Сэ гумэщIэ сызыгъэзэщIыр...*
*ФIыуэ слъагъур щIэтщ си нэгум,*
*Тетщ темыкIыу ар си гъуэгум...*
*Зым емыщхьу, си псэ зыхъуэрщ*
*Мы дунейм сыщызыгъэпсэухэр.*



БлэкIам и фIыр ди нобэм къэмысатэмэ, щыуагъэ пIэщIэкIыр зэманкIэ IэщIыб умыщIтэмэ, гъащIэм пщэрэт. А ди гъащIэ блэкIар ди нобэм и гукъэкIыжщ, гур зыхуеплъэкIыжщ.

ЩIалэгъуэ гъащIэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми удэ дахэу защIогъагъэ, гугъапIэ нурым хуэкIуэу, зэи зыхущIемыгъуэжын насыпым и курыхым кIуапIэ къыхуигъуэтмэ, абдеж щетIысэхыну.

ЩIымахуэ шылэр щIылъэм щыхьэщIарти, лъэр тримыубыдэу щтырыгъут, дунейми псэ хэтыжу къыпхуэщIэртэкъым. Ауэ ахэр сыт, лъагъуныгъэм дежкIэ! Лъагъуныгъэм сыт хуэдэ зэмани и зэхуэдэщ: щрет ар хуеймэ щIымахуэ уаеу, хуеймэ гъэмахуэ шылэу. Абы дежкIэ дунейр сыт щыгъуи гъэтхэщ.

ХьэгъуэлIыгъуэхэр, гуфIэгъуэ ишыхьхэр щрагъэкIуэкI хабзэ унэшхуэм къекIуэлIа псори хьэщIэти, зым зыр игъэхьэщIэжын хуейуэ арат. Нэхъыжьхэр жьантIэмкIэ дэст, щIалэгъуалэри, щхьэхуэ зэщIауэ, гуфIэжу пэрыст Iэнэ къыхуаухуам.

Сафудин хьэщIэ нэхъ лъапIэхэм ящыщти, тIэкIу къыкIэрыхуауэ къыщысым, жьантIэмкIэ ирагъэблэгъащ. IэнэкIэр къызэплъыса хьыджэбз дахэ Светланэ, щIалэщIэр езым къыбгъурагъэтIысхьэмэ нэхъ къищтэу, къыпыгуфIыкIыура жиIащ:

— Абы нэс ущIыдыхьэр сыт, щIала? Мыбдеж тIысыпIэ нэщI иIэщи, къакIуэ, къэтIыс...

А хъыджэбэ дахэм и псалъэхэм фIэкI мыхъун хуэдэ, Сафудин зыри жимыIэу щетIысэхащ абы ибгъукIэ. ЩIалэщIэм фIэгурыхът а хъыджэбзым и теплъэри, и макъыри, и дыхьэшхыкIэри, и плъэкIэри.

Сафудин къалэ жыжьэ гуэрым еджапIэ нэхъыщхьэ къыщиухри къэкIуэжа къудейти, псори и щIэщыгъуэт. Игу къэкIат къыдальхуахэри, и къуажэгъухэри, къуажэр зи Iуфэ Iус я псы уэрри, я мэзри, илъэситхукIэ зыхуэмыкIуа и адыгэбзэри. Апхуэдиз зэманкIэ зи анэдэлъхубзэкIэ хуиту мыпсэлъа щIалэм иджыпсту и макъ иуигъэIуну тегушхуэртэкъым, «бзэныкъуэ» къыхужаIэнкIэ шынэрти.

Иджыри къэс и фIэщу зы хъыджэбзи лъагъуныгъэ хуэзымыщIа щIалэм и гум хуабагъэу илъымрэ и псэм гумащIагъэу хэлъымрэ хуихъума хуэдэт и лъахэм щалъхуа адыгэ бзылъхугъэ гуэрым.

Зэи зыхимыщIа гурыщIэ гуэрхэм ягъэпIейтейрэ щтэIэщтаблэ къэхъуауэ, иджыпсту ар бгъэдэст зэ Iупльэгъуэм дэзыхьэха хъыджэбзым. Зэми дэгушыIэрт, зэми къэдыгъуауэ хуеплъэкIырт. ЩIалэ куэдым ягу ирихьу еса мо хъыджэбз лантIэ щIыкIум гу лъытэртэкъым зыбгъуригъэтIысхьа щIалэ хьэщIэм и щытыкIэм, зыри хищIыкIыртэкъым абы и гум щыщIэм. Ахэр зэрызэрыщIыхурэ дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа мыхъуами, итIани, Сафудин игу техуэртэкъым Светланэ щIалэхэм псэлъэгъу къызэращIри гушыIэ дахэхэр къызэрыхуагъэфащэри. Абыхэм ар иризэгуэпырт, уеблэмэ и фIэщу къыщагъэгубжьи щыIэт.

ХьэгъуэлIыгъуэр и гуащIэгъуэу екIуэкIырт. Къафэ зэраублэу, щIалэхэм Светланэ къыдашыртм къагъафэрт. Езыри, «хьэуэ» жимыIэу, утыкум имыкIыу итт. Ар зылъагъу Сафудин гужьейрт, езым ей гуэр IэщIахыу фIэкIа умыщIэну. Псом хуэмыдэу хуэмышэчыр Светланэ нэхъыбэрэ къыбгъэдэхутэ щIалэщIэрт. Арат хъыджэбзыр къигъафэну нэхъыбэрэ къыдэзышри. Сафудин а щIалэм и щытыкIэр хэумышэчыжыххэ щыхъум, щхьэусыгъуэ гуэркIэ щIишри ткIийуэ жриIащ:

– Светланэ сигу ирихьащи, зэрап укъысхуэмыхъу, щIалэ!.. Мыбы нэгъуэщI хъыджэбз дахи щыIэщи, абыхэмкIэ зрегъэхьэкI. Светланэ убгъэдэту афIэкIа сумыгъэлъагъу! КъызжиIакъым жумыIэж!

Сафудин апхуэдэу и фIэщу щыпсалъэм, щIалэщIэр икIуэтыжащ.

А пщыхьэщхьэм щыщIэдзауэ Сафудинрэ Светланэрэ зэхуэзэу щIадзащ. Зэман щIаIахэм деж, ахэр зэгъусэу кIуэрт зыгъэпсэхупIэу къалэм иIэхэм. Я нэгу зрагъэужьырт, зэщыгуфIыкIыжу зэдэуэршэрурэ махуэр ягъэкIуэрт. Апхуэдэу щыт пэтми, Сафудин иригуэзавэу зы Iуэхугъуэ щыIэт: и псэр зыхьэхуа хъыджэбзыр зыщIэсыр спорт факультетыр арати, щIалэ куэд къыщыледжэрт, икIи гулъытэ хэха къыхуэзымыщIу мащIэт абыхэм яхэтыр.

Светланэ хъыджэбз лантIэ лъагэт, щхьэц фIыцIэт, напэ хужьт, нэ къуэлэнт. АпхуэдизкIэ зэкIужти, сыт хуэдэ гуп хэмыхьами, къахэлыдыкIырт. Ар спорт зэхьэзэхуэ куэдым хэтт, дэтхэнэми зэфIэкIышхуэ къыщигъэлъагъуэу. Топ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэзэт, шашкэ, шахмат жыпIэми зыри зытригъэкIуэнутэкъым. Сыт щыгъуи япэ увыпIэр къихьырт. Хьэщыкъ зыхуэхъуа хъыджэбзым и зэфIэкIхэм пригушхуэрт Сафудин, икIи хъэкI къимыгъанэу хуигъэлъапIэрт апхуэдэ махуэхэр: и ныбжьэгъу щIалэхэр и гъусэу кIуэрти, Светланэ и текIуэныгъэр Iэгуауэ инкIэ хуаIэтырт, нужькIэ псори е кафе е ресторан ригъэблагъэрти, Iанэ екIу къахуищтэрт. Апхуэдэ гуфIэгъуэ щыхьэщхьэхэр щIалэм ехьэжьауэ ригъэкIуэкIырти, и гъэфIэныр, и гур хигъэхъуауэ, и унэ ишэжырт.

Сафудин и гур Светланэ зэуэ ихьэхуати, япэ дыдэу щилъэгъуа дакъикъэм къыщыщIэдзауэ абы жиIэу хъуари, зэрижэщIу хъуари фIэдахэт, фIэтэмэмт. Игу ирихьырт Светланэ хьэулейуэ зэманыр зыгъакIуэ хъыджэбзхэм зэращымыщыр, гъэсэныгъэ дахэрэ хьэлщэн екIурэ зэриIэр, щIыху хэтыкIэ зэрищIэр. Пщыхьэщхьэ щIагъуэ къэмынэу а тIур зэхуэзэ пэтми, итIани, нэху хуэмыгъэщу, щIалэр абы хуэзэшырт. Жейм емызэгъыу, къикIукI-никIукIыу пэшым куэдрэ щыщIэт къэхъурт. Зэгъусэу зытрагъэха сурэтхэр гъуджэм екIуэкIыу кIэригъэувэрти, гу щимыхуэу еплъу щысурэ нэху къыщытещхьи щыIэт. Жэщыбгъым ар Светланэ деж псэлъэфынут, «Сигу укъэкIащ» жриIэн къудей щхьэкIэ. Хъыджэбзми зэщIэу къритыжырт ар зыпэплъа жэуапыр: «Сэри сигу укъэкIащ, Сафудин». Ар щызэхихкIэ, щIалэм и гур загъэрти, жей IэфIым хилъафэрт, икIи щэддыжыжьым насыпыфIэу къызэщыурт. ПщIыхьэпIэуи нахуапIэуи абы иIэр Светланэт. Арат зэи щIэмыкIыу и нэгум щIэтыр.

Сафудин а хъыджэбзым нэхъуеиншэу зэрепльым псоми гу лъатат: и ныбжьэгъухэми, и Iыхьлыхэми, и благъэхэми. ФIы фIэкIа зыдамылъэгъуа хъыджэбзым ахэр щытхъурт, апщIондэхукIэ щIалэм и гур хэхъуэрт. Абы хьэкъыу ихыкIат: нэгъуэщI щIыхубэ ар дэпсэуфынукъым, Светланэщ гъащIэ гъусэу зыхуейр.

ЩIалэр куэдрэ егупсысырт и хьэгъуэлIыгъуэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм. КъызэрыгуэкI хьэгъуэлIыгъуэтэкъым абы Светланэ хуищIыну зыхуейр. ЗыщIэхъуэпсыр ехьэжьауэ, псоми гукъинэж ящыхъун хуэдэу, я Iуэхур дихынырт. Ауэ иджыпсту апхуэдэ мылъку бгъэдэлътэкъыми, зыщеджа къалэм лэжьапIэфI къыщыщыхуагъэлъагъуэм, ар ягуэру емыжьэу хъуакъым.

Сафудинрэ Светланэрэ телефонкIэ махуэ къэс зэпсалъэрти, я Iуэху зытетымкIэ зэрыщIэрт. Светланэ щIауэ зытригъэх сурэт-

хэр щӀэх-щӀэхыурэ Сафудин хуригъэхьырт. И гъэфӀэныр махуэ къэс нэхъ дахэ хъуурэ зэрыкӀуэм игъэгужьейрт щӀалэр, ар зыгуэрым ӀэщӀихынкӀэ шынэу. «Унагъуэ дыхъуну и чэзу хъуащ, адэкӀэ бгъэгувэнкӀэ Ӏэмал зимыӀэщ», – егупсысырт Сафудин, ауэ мы щӀыпӀэ жыжьэм къыщӀэкӀуа Ӏуэхур – хьэгъуэлӀыгъуэр екӀуу зэрищӀын ахъшэ къызэрыкӀынур – иджыри зэфӀэкӀатэкъыми, псори хьэфӀиджэу иджыпсту игъэзэж хъунутэкъым.

Пэж дыдэу, Светланэ нэхъ дахэж хъуат. Зи къэшэгъуэ щӀалэхэм гъуэгу къратыртэкъым, апхуэдизкӀэ ягу ирихьырти. Езы щӀыкӀуми, и дахагъыр и напщӀэ тельти, епэгэкӀыут абыхэм зэрахущытыр. Хъыджэбзым и гур иджыпстукӀэ зэтар еджэнырати, нэгъуэщӀ зыри къыфӀэӀуэхутэкъым. КъищынэмыщӀауэ, лъагъуныгъэ нэс зыми хуищӀатэкъыми, къраӀуэтылӀэ гухэлъхэр фӀэдыхьэшхэнт. Ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, и гупсысэхэм зэи хэмыкӀыу зы щӀалэ хэтт. Ар Сафудинт. ЩӀалэм и теплъэ екӀур и нэгум щӀэт зэпытт, игу къэкӀыжырт абы и гушыӀэкӀи, и псэлъэкӀи, и дыхьэшхыкӀи.

Зачёт, экзамен, спортымкӀэ тренировкэ е зэхьэзэхуэ жиӀэурэ, Светланэ хущӀэмыхьэу зэманыр кӀуэрт. Сафудин махуэ къэс къэпсалъэрт, къыщӀэупщӀэрт, и гухэлъ къыщыхуиӀуати щыӀэт. Апхуэдэхэм деж Светлани гуапэу жэуап иритыжырт щӀалэм. Ауэ езыр зэи псалъэртэкъым Сафудин деж. ЩӀалэхэм къыкӀэлъыжыхьу есати, и щхьэ трилъхьэртэкъым Сафудин деж псалъэну.

ЩӀалэгъуэ делэгъуэм, хьэулейным хэмыт, хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ хъыджэбзым дихьэхауэ щӀалэ куэд къыкӀэлъыкӀуэпалъэрт, еджапӀэр къызэриухыу е абы намыгъэсу къашэну, е, арэзыуэ къыдэмыкӀуэмэ, къахьыну хьэзыру. Язынкъуэхэм, а Ӏуэхур ябзри ядыжауэ, а хъыджэбзыр я унэ щӀэсу фӀэкӀа къалъытэртэкъым. Светланэ абыхэм Ӏэдэбу жэуап иритыжми, къыжраӀэхэр къызэрыфӀэӀуэху щыӀэтэкъым. ФӀы дыдэу еджэрти, иджыпсту зэгупсысыр аспирантурэ зэрыщӀэтӀысхьэнырт.

Сафудин Светланэ апхуэдизкӀэ тегужьеикӀати, щӀэх-щӀэхыурэ лъагъуныгъу къэкӀуэжырт. И гум щихъумэ и гъэфӀэным гушхуэныгъэ къритми, ипэу ищӀа лъагъуныгъэ къыбзэм къару къыхилъхьэми, итӀани, и псэр гуэзэвагъуэ хэтт, зыгуэркӀэ ар фӀэкӀуэдынкӀэ шынэу. Псалъэ дахэ куэд телефонкӀэ жриӀэфми, гъэщӀэгъуэныракъэ, ар и нэм къыщӀэплъэу къыщыбгъэдэтым деж, Ӏэнкун хъурти, жриӀэну игъэхьэзыра псори щыгъупщэжырт. Светланэ фӀэхьэлэмэтт Сафудин и щытыкӀэр. Ар зыкӀи ещхьтэкъым къытхьутхъукӀыу къепсалъэ адрей щӀалэхэм.

Зи гур спортым ета хъыджэбз ныбжьыщIэм нэхъыбэм щыгъыр псынщIагъуэу щыт спортивнэ формэмрэ вакъэмрэт, и сумкэри а щыгъхэм екIужт. Гъусэ нIэ-нымIэми, къалэ маршруткэхэм нмытIысхьэу, лъэсут абы къызэрикIухыр. Мис, нобэ Светланэ и спортивнэ сумкэр и плIэм идзауэ еджапIэм къыщIэкIыжри вокзалым кIуэну ежьащ. Я курсэгъу икIи я къуажэгъу Ленэ къыщылъэщIыхьэм, гуапэу хуэгуфIащ, дызэдэуэршэрурэ нэхъ псынщIэу дынэсыжынщ, жери.

Куэд дэмыкIыу абыхэм къабгъурылъэдащ машинэ лъапIэ гуэр. Рулым дэсыр я егъэджакIуэм и къуэт.

— Мыр сыту фыхуабжь, апхуэдэу фыкIуэмэ, вокзал сыщIэркъыми, куэд мыщIэу къуажэми фынэсыжынущ, — жиIащ щIалэм, и машинэм къыдикIым. — ФыкъакIуэ, сэ вокзалым фынэзгъэсынщи, фи маршруткэми фызгъэтIысхьэжынщ.

Ленэ гуфIэжу машинэмкIэ иунэтIащ.

— Сэ лъэсу сыкIуэмэ нэхъ къызощтэ, — жиIэри Светланэ ежьэжащ, машинэм итIысхьэн имыдэу.

— КъакIуэ, къитIысхьэ. Дэнэ уи гугъэрэ сэ фызадэсшэнур? Вокзалыращ, — жи щIалэм. — Фыхуеймэ, къуажэми фынэзгъэсыжыфынущ, бензиным сыщысхьыркъым сэ...

— КъакIуэ, къитIысхьэ, — жи Ленэ, машинэм и гупэ тIысыпIэм зытригъэзагъэурэ. — КхъыIэ, зумыхъунщIэу къитIысхьэ!

— Хъунщ-тIэ, апхуэдизу фыкъыщызэлъэIукIэ, — жери, Светланэ фIэмыфI-фIэмыфIурэ итIысхьащ машинэм. — Ауэ зэгъащIэ, — зыхуегъазэ абы щIалэм: — Мы зэращ уи машинэм сыщызэритIысхьэнур. Сэ лъэсу сызекIуэмэ нэхъ къызощтэ. Уэри зыбогъэспортсмен, сыт мы машинэжьым уикIыу, лъэсу тIэкIу къыщIумыкIухыр?.. Узыншагъэт...

— Хъунщ, хъунщ, — жи щIалэм, Светланэ и псалъэр и кIэм иримыгъэгъэсу. — Апхуэдиз жыпIэнумэ, сэри дипэкIэ къыпхуэгъэувыIэжынукъым.

Абы хэту, къыздикIари къэщIэгъуейуэ, щIалитI къабгъэдохьэри, зыри жамыIэу Светланэ ибгъу зырызымкIэ къотIыс, машинэми занщIэу ареч. Вокзалым нэмыс щIыкIэ, Ленэ машинэм йокIыж, «сэ мыбдеж сыщимыкIыу хъунукъым, зыщIыпIэ сыдыхьэн хуейщи», жери. Абдеж Светланэ щIыIэ-щIыIэу и гум къокI мы Iуэхум хьэрамыгъэ гуэр зэрыхэлъыр, икIи щымыуауэ къыщIокI. Машинэр унэ гуэрым Iулъадэу, къызэIухауэ щыт куэбжэмкIэ пщIантIэм щыдалъадэм, Светланэ къыгурыIуащ а щIалэм гупыIэурэ къриIуэкIахэр зэригъэпэжар. Къихьыну жиIати, къихьащ.

ПщIантIэр шар зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIат, ахэр, удэ гъагъа фIэкIа умыщIэну, гъэщIэгъуэн гуэру зэхэухуэнауэ пщIантIэ бгъуфIэм

щызэпрыщат, пэшхэм Iэнэхэр щыузэдат, щIыхур хуэфIу щIантIэм дэтт, адыгэ шхынэр бэзрабзэрт, щIалэгъуалэр джэгурт... Псори гурыIуэгъуэт. Алыхьым къигъэщIа махуэ бзыгъэм хуэдэу. Мыбыхэм я фIэщу загъэхьэзырат, Светланэ и закъуэт нэщхьэбэрей Iуэхум зыри хэзымыщIыкIыр.

– Сыт мы слъагъур зищIысыр? Уэ ухуит апхуэдэу гъэщIагъэкIэ сыкъэпхьыну? Сэ укъызэупщIа? Зи щхьэ щIэ хуэзмыщIыж лъэпкъ сысхыхэкIащ сэ... Хабзэ щыIэщ... Хьэмэрэ фызыщэ хабзэ дахэр схуэмыфащэу къэплъытауэ ара?.. Мы дунейм теткъым сэ сыкъызэрынэн! Сышэж вокзалым! – къэуIэбжьарэ къэгубжьауэ щIалэм толъэ хьыджэбзыр.

– Апхуэдэу хъунукъым, Светланэ... Си напэр тумыхыу, машинэм икIи, унэм ныщIыхьэ... Фи дежхэр къэсмэ, уи унафэр ящIынщ, – малъаIуэ щIалэр.

ЗэгурымыIуэныгъэрэ зэныкъуэкъурэ мы Iуэхум хэлъу ямыщIэу, машинэм щIыхубэнтI-щы къыбгъэдохьэ, нысащIэр ирашыну.

– Пу мэшалыхь! Сыту нысащIэ дахащэ къытхуэпша!.. Дыбгъэлъагъуа и сурэтым нэхърэ нэхъ дахэжи мыр... Сытуи фызэкIурэ!.. Фызэхуэфащэ дыдэу фызэрихьэлIэжащ, тхьэ! – жеIэ япэ ит щIыхубзым.

«Си сурэтри дэнэ къэрихауэ пIэрэ?.. Хэт и нысащIэ мыбыхэм зи гугъу ящIыр? Сэ дэкIуэн Iуэху зесхуэркъым, аспирантурэм сыщIэтIысхьэну зызогъэхьэзыр... Си Сафудин-щэ?..» – игукIэ ахэр зэрегъэзахуэ Светланэ, машинэм икIыну и гущхьэ къэмыкIыу.

НысащIэм зэрымыхъунщIэр щIалъагъум, къыIухьа щIыхубзхэм я нэхъыжьыр къопсалъэ:

– КъакIуэ, къакIуэ, тIасэ, къикI... Ухуэмеймэ, зыми уи гугъу къыщIынукъым, мыхэр апхуэдэ унагъуэжкъым...

– Уунащ, тхьэ, укъанэми. Апхуэдэущ-тIэ унагъуэ зэрихьэр... УщIегъуэжынкъым, – жи адрейми.

А щIыхубзхэм лъэIу псалъэу жаIэм щIэ щIэткъым, ауэ ахэр зэхимых хуэдэт Светланэ. Ар и анэм епсалъэну хуежьати, хъуакъым. Аргуэру къытригъэзэжат, арщхьэкIэ зыпищIэфакъым.

Зыгъалэй дэкIри, Светланэ къыбгъурыс щIалитIым, яхуэмышэчыжрэ тIэкIуи къэгубжьауэ, жаIащ:

– НакIуэ, хьыджэбз, пэлъагъуркъэ жылэр къыдэжьэу зэрызэхэтыр... Мы щIэр емыкIуэщ. Машинэм икIи, унэм ныщIыхьэ. Мы щIалэм ухуэмеймэ, абы зэльмыгъэ къыуихынукъым... Апхуэдэ щIалэкъым ар. Дэ куэд щIауэ дызэроцIыху, дызэныбжьэгъущ...

ЩӀалэ хъырзынэщ. Мы Ӏуэхум дэ дыщӀыхыхьар уэри ар жагъуэу умылъагъуу къыджиӀати аращ.

— Сэ псоми гуапэу сахуущыпщ, зыри жагъуэу слъагъуркъым, ауэ абы къикӀыркъыми си гъащӀэр хэти дэсхьыну сыхьэзыру. Мы дунейм теткъым сыкъызэрыпэм! Ди деж нэхъ псыншӀэу хъыбар егъэщӀэху нэхъыфӀщ, — ар жиӀэри, Светланэ машинэм къиувыкӀащ.

И спортивнэ сумкэр и плӀэм щызэригъэзахуэри, цӀыхубзхэм я гъусэу ежьащ, мыгувэу и деж зэрыкӀуэжынум шэч къытримыхьэу.

«Хъыджэбзым и лъэпыкъуэкӀэ зыгуэр къикӀыху, езы тӀур зэпсэлъэнщ», — жари цӀыхубзхэм лъэпыкъуэ зрагъэзащ. Светланэ и закъуэу пэшым къыщӀагэри.

Зы тэлай дэкӀри, щӀалэр къыщӀыхьэжащ лэгъунэм. Ар хуэмурэ хъыджэбзым бгъэдэкӀуатэри макъ лъахъшэкӀэ къригъэжьащ:

— Светланэ, уэ, дауи, псори къыбгурыӀуауэ къыщӀэкӀынщ. Куэд щӀащ сэ уэ фӀыуэ узэрыслъагъурэ. Уэри гу лъыптауэ къыщӀэкӀынщ абы. Си псэр пытыху, сыноубзэ защӀэу гъащӀэр узэгъэхынущ. ЖыпӀэу хъуар пхуэсщӀэу сыбдэпсэунущ, ауэ умыкӀуэж закъуэ. «Уэращ къэсшэнур», — бжесӀэу щытати сыт щыгъуи... ПщӀэжрэ, ди унагъуэм сыт къыщыхъуми щыгъуазэ усщӀырти?.. Ар укъыдэсэн щхьэкӀэт... Си адэм урегъаджэри, укъызэрилъагъу махуэрэ нысэу къохъуапсэ. Уэ нэхърэ нэхъ хъыджэбзыфӀрэ спорт и лъэпыкъуэкӀэ зи зэфӀэкӀым хэзыгъэхъуэфынрэ ди еджапӀэм щӀэмысу жеӀэ... Пэжщ, сэ бжесӀатэкъым нобэ укъызэрысхьынур. Абы и щхьэусыгъуэри уэ арэзы умыхъункӀэ сызэрышынэрт. Иджы, си лэгъунэм ущӀэсщи, егупсыс... Плъагъу псори уэращ зейр, зыри дауэгъу къыпхуэхъунукъым... Алыхьри цӀыхури узогъэлъэӀу, умыкӀуэж...

— Хьэуэ! СыкӀуэжынущ, — быдэу жеӀэ Светланэ.

— УщӀэкӀуэжынум щхьэусыгъуэ иӀэ? УнагъуэкӀэ иджыпсту фыхуэмыхъуу арамэ, ар ягъэ кӀынкъым. Дэ псори зэфӀэдгъэкӀынщ. Абы емыкӀу илъкъым, дэ дыныпагъуэщ, — жеӀэ щӀалэм, Светланэхэ я унагъуэр ехъыжьауэ зэрымыпсэури студентыщ зэрырагъаджэри ещӀэри.

— Хьэуэ, сыкӀуэжынущ!.. Зым и дэӀэпыкъуныгъи дыхуейкъым, тхьэм и шыкуркӀэ, дыкъэзылъхуахэм дапӀыжыф.

— Аракъым сэ абы къызгъэкӀар... Сэ уи жагъуэ сщӀыну сыхуейкъым... Иджыпсту дыдэ фыхуэмыхьэзырмэ, жыхуэсӀэщ...

— Дыхуэхьэзыр-дыхуэмыхьэзырым зыкӀи елъытакъым сыщӀэкӀуэжынур...

— АтӀэ сыт и щхьэусыгъуэр?

— Гуапэу сызэрыпхуэщытам, дызэрызэдэгушыIам, ди акъыл зэтехуэу дызэрызэдэуэршэрам къыкIэрыкъым сэ уэ фIыуэ услъагъуу... Си ныбжьэгъу къудейуэщ укъызэрыслъытар. Сыбдэмысэуи хуэдэу гурыщIэ IэфIи, фIылъагъуныгъи пхуэзиIэкъым... Ар уфIэмащIэ щхьэусыгъуэу?

— Светланэ, иджыпсту фIыуэ сыкъыумылъагъуми Iуэхукъым. Сыкъэпщлъагъужынщ... Уигъэзэсэжынщ... Апхуэдэу зэрыщхьэхуэщ нэхъ унагъуэ быдэ хъуу жыхуаIэр. Си анэри, си анэшхуэри зыхьэр ямыщIэу къахьати, зыкIи хущIегъуэжакъым — иджы, мис, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, щыхур зэхъуапсэ унагъуэу, дахэкIейуэ зэдопсэухэр. Уэ насыпыфIэу упсэуи папщIэ сэ сльэкI къэзгъэнэнукъым, ауэ умыкIуэж закъуэ. Ди псэукIэр зэрымыIейр болъагъу, сэри куэд щIауэ сыкъыбощIыху...

Светланэ зыхыа щIалэр, пэж дыдэу, унагъуэ къулейт къызыхэкIар. ЗэфIэкI зэраIэр къыгъэлъагъуэу, я псэукIэр ехъэжьат: я унэр зэтетрэ хьэпшып лъапIэ фIэкIа щIэмыту, пщIантIэр мыдэ лъапIэкIэ къыщIыкIарэ и псэуалъэр чарбыш плъыжь дахэкIэ къэщIыхьауэ, езыхэри машинэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм фIэкIа имыху. А зы щIалэрат быну яIэри, адэ-анэм лъэкI къагъанэртэкъым ар зыми хуэмыпыкъуэу ягъэпсэуи папщIэ.

Светланэ зэрыкIуэжынур щIалэм щыгуригъаIуэм, абы и благъэхэр зым и ужьым адрейр иту къыщIыхьэурэ къелъэIуащ, ауэ хьыджэбзыр а жиIэм ихутекIыртэкъым. Ар зыщIэхъуэпсыр и еджэным адэкIэ пищэу лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэнырт, фIыуэ илъагъу дэкIуэу унагъуэу тIысыжынырт. Пажыр жыпIэмэ, а зыхьыми дагъуэ иIэтэкъым — Iэпкълъэпкъ екIу зиIэ спортсмент, унагъуэ дахэу псэуну хъуапсэ адыгэ щIалэ тэмамт. Къэнамэ, и еджэнми адэкIэ пригъэщэнут, ауэ а щIалэр Светланэ фIыуэ илъагъуртэкъым. Жэщыр хэкIуэтэху къелъэIуахэщ къэнэну, арщхьэкIэ хьыджэбзыр ихутечакъым.

И анэм и телефоныр зэрымылажьэм Светланэ игъэгуэныхырт, ауэ икIи игугузаварт, апхуэдэ къэхъу хабзэтэкъыми. Ар щымыхъум, игу къэкIащ я благъэ гуэрым и деж псалъэу, хуэмейуэ зэрахьыр жриIэну. Арати, пхъэрыр асыхьэту къэсащ, хьыджэбзыри ишэжащ.

Светланэ я деж къыщысыжам, и анэр унэм щIэстэкъым. Ныпэдибэ и дыщым кIуэжыну жиIат, ауэ ар абы иджыри къэс щыIэ?! Къэхъуар къыхуэмыщIэу, Светланэ гузавэрт.

Анэр къыщIэгувам щхьэусыгъуэшхуэ иIэу къыщIэкIащ: и дыщым къыщикIыжым, ар зэрыс машинэм нэгъуэщI машинэ къыжьэхэуэри, машинитIми ярысахэр сымаджэщым псынщIэу нагъэсат. Ягъэшхуэ езым екIатэкъым, ауэ фэбжь зыгъуэта яхэтти, абы щымыгувэу хъуакъым. ИужькIэ, рулым дэсатIыр щызэгурымыIуэм, къуан-

шэр зэхагъэкӀыну псори зэгъусэу хабзэхъумэхэм я деж яшат. Іуэхур къызэрекӀуэкӀар ятхыжурэ абыи щыгуват.

Светланэ мызэкӀэ а псом щыгъуазэтэкъым.

Зы зауэ дэкӀыу, куэбжэ Іух макъ къыщыІум, Светланэ унэм къыщІэжащ, пхъэр гупри и ужь иту. И анэрат къыдыхьэжыр.

— АІІей мыгъуэ, мамэ, пыщхьэбэ сыту Іейуэ укъэгува, — къэгумэщІауэ, Светланэ пежьыщ и анэм. — Уимыхабзэххэу, пщыхьэщхьэ псом си деж укъэмсэлъакъым. Сэ нэсщІати, уи телефоныр лажьэртэкъым.

Анэм и пхъум хуиІуэтэжащ къэхъуа псори.

— Къыджьэхэуа щІалэр унэидахьэ кІуэуэ арат, Іейуэ пІащІэу. Ди зэранкІэ зэблэуащ а тхьэмыщкІэм и насыпри...

— Уи пхъур яхьри къэтхьыжащ!.. — зыжьэу жаІащ пхъэр гупым.

— Ан-иа, а жыфІэр сыт? — игъэщІэгъуащ анэм, и пхъум иджыпстукІэ апхуэдэ Іуэху зэрызэримыхуэр ищІэрти. — Сыту фІыт къызэрифишэжар. Алыхь, а Іуэхум хэгъэзыхь хэмылъ... Хуэмеймэ, хуэмейуэ арщи, «дэкІуэ» жысІэу, сэ ар хэзгъэзыхьыфынукъым. Мы зыщеджэр къыухмэ, и еджэным адэкІэ пищэну и мурадщи. Тхьэм къригъэхъулІэ! Сэ зыкІи сыпэрыуэнукъым.

Светланэ зыхьа щІалэм и унагъуэр нужькІи къыщІэупщІэжат, ауэ анэм и псалъэхэр щызэхахыжым, пІалъэ къыхамыгъэкІыу, щІалэм нэгъуэщІ кърагъэшащ. Мис апхуэдэу Светланэ и гъащІэм хэкІат а щІалэ хъаразынэр.

Светланэ и Іуэху зыІутыр Сафудин деж нагъэсыптэкъэ!.. Нагъэсащ. Ауэ зэрыжраІар зэблэншауэщ: яхьри, къамыгъэкІуэжу жэщым щыІауэ, къыщІэкІуэжари мыбелджылыуэ.

Сафудин щІыпІэ жыжьэт здэщыІэри, зищІэу къытридзэу къэкІуэжыфынутэкъым. «Светланэ ихьащ» жыхуиІэ псалъитІыр шэм хуэдэу къызытехуа щІалэщІэр а хъыбар гуауэм апхуэдизкІэ зыщхьэщихуати, адэкІэ зыри зэхихыну хуэмейуэ, и телефоныр игъэункІыфІащ. И закъуэу псэути, бжэм ІункІыбзэ къритри, и нэпсыр къыфІекІуауэ зыкъомрэ щысащ. «Светланэ, ар дауэ къызэпщІэфа?!» — а зы упщІэрат къытригъэзэжурэ жиІэр.

Иджыпсту абы зыри илъагъуну хуейтэкъым, уеблэмэ Светланэ и сурэт блыным екІуэкІыу фІэлъхэри. Дунейр зэуэ къэуфэрэкІат. Пэшым щІэт хьэпшыпхэм мыхьэнэ ямыІэж хуэдэт, гъуджэм къыщ и сурэтри езым ецхьыжтэкъым... И гу бампІэр зытрикъутэн щимыгъуэтым, япэ къыпэщІэхуа шэнтыр къипхъуатэри гъуджэм еуащ. АбыкІи зэфІэмыкІыу, хьэкъущыкъуу иІэр зэхигъэщэщащ. Ауэ абыкІи и гур щымыкъагъэм, щІэкІри игъащІэм зэмыфа фадэр апщыкІэ къыщэхури

къыщIыхьэжащ. Бжэр къигъэбыдэжри, махуэри жэщри и зэхуэдэу, тхьэмахуэкIэ дэкъэгъуэ Iумыхуэу щIэсащ, зы фадэбжьэм адрей фадэбжьэр кIэлъигъакIуэу, и чэфыр теужмэ, аргуэру ефэн щIидзэжу. Апхуэдэурэ и лъатэр фадэм исыху увыIакъым. КIуэ пэтми абы и къарур щIэкIырт. АпхуэдизкIэ гъур хъуати, къыпхуэцIыхужынутэкъым. Зы щэддыжьыкъ гуэрым Сафудин нэху къекIащ къызэрызэфIэуэн къару имыIэжрэ и гур пымэхыкIыу. ПIэр къиIэбэрэбыхыурэ, ерагъкIэ и телефоныр къигъуэтыжри, щигъэнэжащ, занщIэуи псэлъащ «дэIэпыкъуэгъу псынщIэм». «СолIэ... псынщIэу фыкъызэрысын...» — жиIэщ, и адресри дыщIигъужри, зимыщIэжу джэлащ.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр» къэсащ занщIэу. Уиэбжэр зыми щыIуимыхым, ар Iуаудри щIыхьахэщ. ЗымымыщIэжу щылъ щIалэм мастэ гуэрхэр халъхьэщ, носилкэкIэ къыщIахри сымаджэщым псынщIэу нагъэсащ, ауэ операцэншэу Iуэхур зэфIэкIакъым...

Сафудин зыкъыщищIэжам, япэу зи щIэ жиIар Светланэщ. Зытэлай дэкIри, щIалэр лъэIуащ и телефоныр къратыжыну. Ар къызэрыIэрыхьэжыххэуи, и мыгъуэм деж псэлъащ:

— Светланэ, сэращ ар, Сафудинщ. Сыт а къыхэпщIар?.. Къызэбдэа удыныр шэм хуэдэу къыстехуащ... ГъащIэм сыпыкIыным зымащIэщ иIэжар... Ажалым сыкъезыгъэлар уэ пхуэиIэ лъагъуныгъэращ... Светэ, сыпэхэпхрэ?..

— Сыт мыгъуэ къыпщыщIар? Дэнэ уздэщыIэр? — къыхуэгузавэрэ къыхуэгумащIэу щIоупщIэ Светланэ.

— Сымаджэщым сыщIэлъщ, операцэ сащIауэ... ЗыкъэсщIэжа къудейщ... Къару тIэкIу зэзгъэпщыжмэ, сынэкIуэжынущ. Къызэжьэ... Сэ фIыуэ узэрыслъагъум хуэдэу зыми укъилъагъуркъым... Си дунейри, си гъащIэри, си насыпри уэращ...

ЩIалэр, лIыгъэм эригъэхьу, гушхуэныгъэ халъу псалъэми, хыджэбзым къыгурыIуащ ар гущIэгъурэ дэIэпыкъуэгъурэ зэрыхуэныкъуэр. Светланэ ищIэрт Сафудин фIы дыдэу къызэрилъагъур, ищIэрт ар зэрыщIалэфIри зэрыщIыху пэжри, ауэ езым и гущIэм идзыкIэ къыщымышатэкъым лъагъуныгъэ нэс.

Сымаджэщым къызэрыщIатхыкIыжу, Сафудин и лъахэ кыхьэжащ. Абы и мурадт Светланэ зыхуигъэзэу епсэлъэну, икIи, абы теухуауэ къыжраIа хъыбар мыфэмыцхэм Iуэхур тримыщIыхьу, къыдэкIуэмэ, къишэну.

КъыдэкIуэжкам, щIалэр кърихьэлIэжащ и анэшхуэр сымаджэ хьэлъэрэ и псэм еджэу телъу. А махуэ дыдэми дунейм ехыжащ фызыжьыр. Арати, Сафудин и къэщэн Iуэхур имыгъэлIэпхъуэу хъуакъым.

Нэщхъеягъуэ махуэхэр дэкIыху зиIэжьэри, итIанэ Сафудин

ежьащ и гъэфӀэным деж кӀуэну. Щымахуэт. Уэс къесагъащӀэм дунейр нуфэбгъуами, щӀалэм и гум фӀылъагъуныгъэр щыгъагъэрт.

ГъащӀэр гъащӀэщи, абы гуфӀэгъуэри гузэвэгъуэри щызэӀнтэгъущ. Щыхур псэуи хуейщ и гуауэри щимыгъупщэу, ауэ и гур фӀым, гуфӀэгъуэм, гъащӀэм етауэ. А гупсысэхэм зэщӀаӀыгъэу, Сафудин удэ гъэгъа Ӏэрамэщхуэ къищэхури, и машинэмкӀэ Ӏулъэдащ Светланэхэ я куэбжэпэм. Розэ пlъыжь дахэхэр илыгъыу машинэм къиувыкӀащ щӀалэ екӀур, и фӀылъагъуныгъэм и гур хуэмыбгъэрэ «фӀыуэ узолъагъу» жэрыжриlэнум и псэр щыгуфӀыкӀыу.

ТелефонкӀэ зэгурыӀуауэ, щӀалэр къыщыӀухьэнур ищӀэ пэтми, Светланэ, хъыджэбз хьэлу, тӀэкӀу зигъэгувэрт. ЩӀыӀэ уаер зыуи къримыдзэу, Сафудин и машинэм бгъэдэтт, и щхьэ хуэмысэлъэжу: «Апхуэдизу фӀыуэ слъагъу хъыджэбзым щхьэ сыхуэмыхыдэхха, абы фӀэкӀа сымыхуей дунейм щытемыткӀэ?»

Светланэ къыщыгуфӀыкӀыу къыщыбгъэдыхьэм, абы ӀэплӀэ хуимыщӀу хуэфӀэкӀакъым. Ауэ занщӀэу иутӀыпщыжри, удэ гъэгъар гуапэу ӀэщӀилъхьащ. Хъыджэбзыр къэгуманщӀэри, удэ гъэгъар и бгъэгум кӀэрикъуэщ:

— ФӀэхъусым, Сафудин! — жиӀащ Светланэ.

Хъыджэбзым и макъыр зэрызэхихыу, щӀалэр щтэӀэщтаблэ къэхъури, фӀылъагъуныгъэ псалъэу жриӀэну игъэхьэзырахэр зэуэ щыгъупщэжащ. КъыщыщӀар къыхуэмыщӀэу, Сафудин и бзэр зыгуэрым илъэхъэрт. Нэщхъеягъуэ иӀэр лъэныкъуэ езыгъэзыфа лъагъуныгъэм ар Ӏэпхлъэпх ищӀати, Ӏэнкуну и гъэфӀэным бгъэдэтт, жиӀэнухэр дахэ-дахэу хуэмыщӀэу.

— Сигу укъэкӀыщати, схуэмышэчу сыкъэкӀуэжащ... — къыщӀидзащ Сафудин. — СыкъэкӀуэжащ укъэсшэну... Сэ сыгушыӀэркъым... Ауэ нэщхъеягъуэм сыкърихьэлӀэжащи, иджыпстукӀэ ди Ӏуэхур къыдэтх хъунукъым. Сыкъыгъэгугъэ зыми удэмыкӀуэну. Сэ сыхуейщ дызэгъусэу ды гъащӀэ гъуэгу здэткӀуну.

— Сафудин, гузэвэгъуэ фиӀащи, ар фщымыгъэгъупщэн Тхьэм фимыгъэлъагъукӀэ. Си жагъуэ хъуащ уи анэшхуэр... Мыдрейуэ, сыт апхуэдизу ущӀэпӀащӀэр? Уэ бощӀэ сэ фӀыуэ сымылъагъу сызэрыдэмыкӀуэнур. Сыдэпсэуфынукъым апхуэдэм. ЗэрымыщӀэкӀэ сахьми, сыкъэкӀуэжынущ. А щыхьэщхьэ дыдэм зыкъезгъэпэщэжынущ, иджы сыщахым сыкъызэрыкӀуэжам хуэдэу.

— Аргуэру урахьэжьмэ, жызоӀэри согузавэ... Сэ узэрыншэу сыпсэуфынукъым. Къызэжьэ къэзгъэзэжыхукӀэ. Мыгувэу отпуск сиӀэн хуейщи, иджыри зэ дытепсэлъыхьынщ ди Ӏуэхум, — жиӀэрт Сафудин.



9 Заказ №629

Уигу иримыхьырэ узэмыхъуэжэнрэ хуэдэтэкъым Светланэ. Арат щIалэр абы щIытегужьеикIари. Дахащэт, и дахагъым хуэмыдэжуи, губзыгъэт, псалъэу жиIэр купщIафIэт, зэгъэкIуат. Удэзымыхьэхыу зы хэлъытэкъым и щытыкIэм: и псэлъэкIи, и дыхьэшхыкIи, и къыпыгуфIыкIыкIи, и плъэкIи, и зекIуэкIи...

И хъыджэбзым IэщIилъхьа удз дахэхэм хуэдэу езы щIыкIури гъагъэу и гъащIэр иригъэхьынут щIалэм. Арат игукIэ щIыхуэусари:

*УигъэфIэнут си бээм, си псэр зыхьэхуа,*
*Ухэсхыфкъым си гум, фIыщэурэ слъэгъуа.*
*Iупыкъуэгъуэ защIэу щхьэ сыбгъэхьрэ гъащIэр?*
*Си дуней-си гъащIэ, тIэкIу къысхуэгумащIэ.*
*Жылэр къыдэхъуапсэу, къаплъэу дуней псор,*
*Зы унагъуэ дахэу, си псэ, дыгъэпсэу.*

Сафудин и плъэкIэм хъапIэныгъэрэ лъагъуныгъэу хэлъым гу лъимытэу къэнакъым хъыджэбзым. ЩIалэм фIылъагъуныгъэу къыхуиIэр зыхищIати, езыри гуапэу къеплъыжырт. А тIум я зэхуэзэхэр гумащIагъэкIэ гъэнщIа гъащIэм и курых насыпт. ПситIыр IущащэрТ, щIэщыгъуэ щIалагъуэр игу пымыкIыу чэнджащэрт.

Нэху зэрыщу, Сафудин ежьэжащ. Светланэ ар быдэу къигъэгугъат зыми дэмыкIуэну, ауэ, итIани, Сафудин и гум псэхугъуэ игъуэтыртэкъым. «Аргуэру къепхъуэрэ яхьмэ, сыт сщIэнур? Абы дауэ сыкъелыну? Мы ди нэщхъеягъуэри сыту Iейуэ дяку къыдэухьуэт...» — егупсысырт щIалэр.

Сафудин, зытеувэ щIыр имылъагъуу, махуэхэр зыгуэрурэ игъакIуэрт. Ауэ хуэмыхыыжыххэр жэщхэрат... Апхуэдэурэ махуэ плIыщI ерагъыу игъэкIри, аргуэру къэкIуэжащ ар, Светланэ къышэн мурад иIэу. Я дежхэми къыдаIыгъырт я щIалэм и унафэр. Нысэ яхуэхъуну хъыджэбзыр ягу ирихьырти, «ХьэгъуэлIыгъуэр Iэтауэ дымыщIми, ди щIалэм и насыпыр зэпыдудынкъым», жаIащ.

Сафудин и къэкIуэжыгъуэр Светланэ и сессиеу техуати, хъыджэбзым хущIыхьэгъуэ лъэнкъ иIэтэкъым. Зы дакъикъэри фIэмыхъапIэу, экзаменхэм зыхуигъэхьэзырырт. Илъэситхукlэ зыхущIэкъуа диплом плъыжьыр къыIэрыхьэным хуэпIащIэрт ар. Ауэ Сафудин и Iуэхур зытеухуар нэгъуэщIт...

— Светланэ, сэ уэр щхьэкIэ сыкъэкIуэжащ... Усшэнущ... Ди деж ущыIэуи зыхуэбгъэхьэзыр хъунущ уи экзаменхэм. Зыри зэран къыпхуэхъунукъым. СынолъэIу, аргуэру думыгъэгъэIэпхъуэ мы ди Iуэхур, — жиIэрт щIалэм.

– Сыт апхуэдизу уцIэпIацIэр? Уи анэшхуэр дунейм ехыжа къудейщ, емыкIущ, тIэкIу дэдгъэгъэкI... ИтIанэ, сэри лэжьапIэ сыушын си гугъэщ... ИужькIэ дегупсысынщ ди Iуэхум, дыкъызыкIэрыху цыIэкъым. Ауэ, къыджиIакъым жумыIэж: сэ хуит уэмыщIауэ сыпхьмэ, сыкъэкIуэжынущ, – и фIэщу псалъэрт Светланэ.

Апхуэдэ жэуап тхIий хъыджэбзым къыщрихыжым, Сафудин икIуэтыжащ.

– Хъунщ, апхуэдэу нэхъ къыщыпщтэкIэ зэман дадгъэкIынщ... Ауэ удэмыкIуэ закъуэ... – лъэIуащ щIалэр.

И щхьэр къыфIэхуауэ, Сафудин ежьэжащ аргуэру. Светланэ еджапIэр къиухри, и IэщIагъэмкIэ къыхуагъэлъэгъуа лэжьапIэм уващ.

Хъыджэбзым еджапIэр къиухрэ лэжьэн щIидэмэщ лъыхъухэр нэхъыбэу къыщыхукъуэкIыр. Зи ишэгъуэр дахэрэ хабзэрэ нэмысрэ хэлъмэ, куэд къохъуапсэ нысэу. Апхуэдэу, Светланэ нэ къырищащ къуэ жыIэмыдаIуэ, къуэ хьэулей зиIэ щIыхубз гуэрым, икIи, «Мы хъыджэбзыр хуабжьу фIыуэ гъэсащи, си къуэм зыгуэр къыхищIыкIынщ, игъэпсэунщ...», жиIэри, кIэщIу и ужь къихьащ. Лъыхъу къыхунгъэкIуащ, арщхьэкIэ Светланэ идакъым. «Апхуэдэу хъунукъым, си щIалэ. Ар куэдым ягу ирохьри, къепхъуэу яхьынкIэ тIэу еплъынукъым. Дэ ар зыIэщIэдгъэкI хъунукъыми, уэ ипэ игъащи, епхъуи къэхь», – жиIащ щIыхубзым. Арати, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Светланэ яхьащ. Яхьа щхьэкIэ, пхъэрым и гъусэу къыфIэкIуэжащ. ЕтIуанэуи ар дыдэм ирихьэжьащ – хъуакъым. ИтIанэ, щауэм и ныбжьэгъухэр къэгубжьри, бзаджагъэ хуекIуащ. «Мыбы уелъэIуу укIэрымысу, щIэкIуэжын щхьэусыгъуэ имыIэн хуэдэу щIы... Нэху щыху я дежкэм хъыбар емыгъащIэ», – къыжраIэри, и тхьэкIумэри быдэу къыхуаIуэнтIащ. Арати, ещанэу къепхъуэри ихьащ. Хъыджэбзым и деж нэху щыху къахуэгъуэтакъым и пхъур здрахьэлIар...

Светланэ зыхьа щIалэр фIыуэ илъэгъуртэкъым, ауэ, и Iуэхур Iэмалыншэти, зыхунгъэшэчу бгъэдэст. «Еджащ, щIэныгъэ иIэщ», – жаIэу и ужь къитами, хьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIыу, нэгъуэщIу зыкъыридзэкIащ ар зэрыхьа унагъуэм. «Дэ дызыхуейр унагъуэр зезыхьэн нысэщ, армыхъумэ спортсменкэкъым... КъэрууфIэщи, адэ жэм куэду къыщэхуауэ къегъэшын хуейуэ аращ», – арат и гуащэм жиIэр.

Зы пщэддэжыжь гуэрым нысэм и лэгъунэм гуащэм хущIригъэхьащ кIэлошитIрэ кIэпхын кIыхьрэ.

Светланэ, ар щилъагъум, къэуIэбжьащ:

– Мыр сыт? ИгъащIэм имыIа жэмыр иджы сэр щхьэкIэ зэригъэпэщауэ ара? Жэм зэрихуэну и нэ къыщикIкIэ, кIэлошитIри кIэпхыныри езым хуэфIыпсу хуэхъунущи, хуэфхьыж. Сэ сыщIедджар си IэщIагъэм

срилэжьэну арищи, срилэжьэнущ. Емыджа хуеймэ, гъунэжу щыӀэщи, и къуэм къырегъаща!..

Светланэ и жэуапыр гуащэм щыжраӀэжым, икӀыжмэ дунэхъуакъэ, жиӀэри, жэм гугъу афӀэкӀа ищӀыжакъым.

«Арат иджы къысхуэнэжар, жэм къэсщу мыбдеж сыдэсыну! Сызыхуеджам срилэжьэну сыхуимыту зыукъуэдий унагъуэм дауэ сазэрыдекӀуэкӀынур? Схуэшэчыну сэ мыхэр куэдрэ?.. Лъы сыдэкӀуа сщӀэркъым, тутнакъэщым сыкъитӀысхьа си гугъэщ. Си аспирантурэри дауэ хъуну?.. Схуэфащэщ!.. ЩӀалэфӀ дапщэ къысхъыхъуа?.. Псоми дзы яфӀэсщурэ, насыпыншэ зысщӀащ. Япэу сызыхьа щӀалэм сытыт и лажьэр? Унагъуэ хъарзынэ къыхэкӀатэкъэ?.. Зи псэр сэр щхьэкӀэ зытыну хьэзыр Сафудин сыдэмыкӀуэу зислъэфыхыщ... Аращ насыпкъэмыгъакӀуэ жыхуаӀэр», — и щхьэ хуэшхыдэжырт Светланэ.

Светланэ техъуэпскӀыхьу и къуэм къригъэша пэтми, иджы гуащэр и нысэм хуэшхыдэрт. «Дэ топ удгъэджэгуну укъэтщакъым, гимнастки, шахматистки дыхуейкъым!..» — арат щӀэчэ имыӀэу къыжриӀэр. «Си ӀэщӀагъэм срилэжьэну сыт сыщӀыхуимытыр?» — яхуикӀуэтыртэкъым нысэри.

Светланэ унэ зэрихьэххэу, и телефонри и номерри и щхьэгъусэм ихъуэжати, и гукъеуэр зыжриӀэн иӀэтэкъым. «Псори лъэфӀым бгъэдэсыфынущ, ауэ лъы мыхъумыщӀэм лъы къыхэнщӀыкӀыфмэ, аращ лъыгъэр...» — жиӀэу и щхьэ тригъэужьыну хэтми, Светланэ мы унагъуэм и гур щигъэтӀылъыртэкъым. Ауэ, «къикӀыжащ» е, нэхъ Ӏеикращи, «кърагъэкӀыжащ» къыхужаӀэнур зыхуигъэфащэртэкъыми, зэкӀэ зишыӀэрт.

Зэшэзэкъуэм сыт жамыӀами, дауэрэ замыщӀами, зыри къикӀакъым. Светланэ зыхуейм и Ӏэр тригъэхуащ: яригъэдащ и ӀэщӀагъэм ирилэжьэну. ЛэжьапӀэм къыкӀэрымыхуу нэсын щхьэкӀэ, ар пщэддджыжьым жьыуэ дэкӀын хуейт. Я щӀантӀэм машинэ дэтт, ауэ и гуащэм идэртэкъым и къуэм ар лэжьапӀэм ишгъэсу, е нэгъуэщӀ мыхъуми, маршруткэ къэувыӀэпӀэм нэс дишу. Гуащэм зэрыжиӀэмкӀэ, абы и къуэ гъэфӀэныр апхуэдэу жьыуэ къэбгъэуш хъунутэкъым. Гуауэ къэкӀуэжати, зигъэнэсэхун хуейт. Светланэ сыт ищӀэнт, сабийр и гъусэу, лъэсу дэкӀырт...

Сафудин, фӀыуэ илъагъур зэрыӀэщӀэкӀар и псэм зыхищӀа хуэда, и ныбжьэгъур жищыбгъым къыщыпсалъэм, и макъым зригъэӀэтауэ ткӀийуэ жиӀащ:

– Сыти жыӀэ, ауэ Светланэ яхьауэ къызжумыӀэ!

– КъызэдаӀуэт зэ...

— Зэхэсхыну сыхуейкъым Светланэ нэгъуэщІым ей хъуауэ!..

— Лыгъэ зыхалъхьа!..

— Сыхуейкъым зэхэсхыну!.. — Сафудин зауклІэ зыри жимыІэу щытри, итІанэ и псалъэм къыпищащ: — Езыр хуейуэ дэкІуа, хьэмэрэ залымыгъэкІэ яхьа?

И ныбжьэгъум тІэкІу зыщрилъэфыхьым, Сафудин аргуэру и макъым эригъэІэтащ:

— Сыти жыІэ, ауэ, ныбжьэгъуу укъысхуеижмэ, Светланэ дэкІуауэ къызжумыІэ... Сыкъелынукъым!.. ДэкІуауэ ара? Щхьэ сызэгуэбгъэудрэ?! — мэкІий лъагъуныгъэм ихь щІалэр, гузэвэгъуэм и псэр зэрихуэрэ Светланэ теухуауэ къыжраІэнур щІыуэ къыщІэкІмэ нэхъ къыщтэу.

Сафудин Светланэ хуиІэ гурыщІэм и кууагъыр зыщІэ и ныбжьэгъум къыгурыІуэрт а хъыбарыщІэр щІалэм къызэрытехьэлъэнур, ауэ, дауэ мыхъуми, пэжыр хуэмыбзыщІу жиІащ:

— ДэкІуащ, и нэчыхьри ятхащ...

— Арап абы и телефоныр щІэгъэункІыфІар!.. Уэ сыт пщІар? Щхьэ укІуэу къатумыхьыжарэ?.. ЗалымыгъэкІэ ирагауэ ара?.. Сыкъигъанэу, дэмыкІуэну сыкъигъэгугъати!.. — жиІэри телефоныр тридзэжащ.

Губжьауэ къыщылъэтщ, гъуджэщІэ къыщэхужам ІэштІымкІэ еуэри хьэбэсабэр къыхригъэхащ аргуэру. И Іэри иуІэжащ, лъыпсыр къыфІэжу.

«ГъащІэр мыпхуэдизу щхьэ гущІэгъуншэ сэркІэ? «Нэщхъеягъуэ фиІащи, зэман дэкІмэ, дегупсысынщ», къызжепІати, Светланэ, ИгъащІэкІэ фэбжь хьэлъэу си гум теслъыни удыи къызэбдзащ. Ди Тхьэ, уэри сыкъэплъыгъуэртэкъэ?.. ПщІэртэкъэ ар си гъащІэм хэмыту сызэрымыпсэуфынур? ПщІэртэкъэ фІыуэ зэрыслъагъур?.. Щхьэ укъыздэмыІэпыкъуарэ?.. СыкІуэжынурэ къысшыжынущ!.. Сыпсэуфынукъым ар си мыгъусэу. Бетэмал, щхьэ седэІуат абы жиІэм?.. Щхьэ занщІэу къэзмыхьарэт?.. Щыхур фІыуэ щыплъагъукІэ, абы и жыІэщІэ щхьэ ухъурэ апхуэдизу? «Сыпэ» къызэрыжимыІэнур щхьэ сымыщІарэ?.. Светланэ езыр хуэмейуэ ихьагъэнщ, армыхъумэ абы дэкІуэн Іуэху зэрихуакъым. Залымыгъэ-ІэмалыншагъэкІэ къыщІэнауэ арщ... Хэту пІэрэ си насыпым зэран къыхуэхъуар?..»

Зы ущщІэм адрей ущщІэр къыкІэлъыкІуэрт. Сафудин и гущІэр къраІуэнтІыкІыу. Светланэ зыхьа щІалэм абы пхыдэу лъымыгъэс щыІэтэкъым, и псалъэхэри сыт щыгъуи мыпхуэдэут зэриухыжыр: «Дякум укъыдыхьа щхьэкІэ, Светланэ сэращ зейр».

ЕтІуанэ махуэм Сафудин лэжьапІэм зыкъригъэутІыпщри къежьэжащ, къэжІуэжыну. Гъуэгуанэ кІыхьым зэхнукІарэ гукъыдэжыншэу

къихьэжащ ар и лъахэ. Я щІантІэм къызэрыдыхьэжу, и нэпсыр хуэмыубыду къыфІыщІэжащ. Я деж закъригъэлъагъуну хуейтэкъым апхуэдэу, ауэ зыхуэшыІакъым.

Светланэ къигъуэту епсалъылІэну мурад ищІат Сафудин, ауэ зыщІэгупсысыжри къилъытащ ар къемызэгъыу. «Хэт и фыз, хэт и ныс» щэхуу узыхуэжинур?!» – жиІэри, къызэтеувыІэжащ.

Сафудин и пэшым къыщІэмыкІыу щІэсащ тхьэмахуэм щІигъукІэ. Светланэ и сурэтхэр ихъуреягъкІэ къригъэтІылъэкІарэ ахэр зэпиплъыхьу. Апхуэдэу щысурэ нэху къыщытещхьи къэхъуащ. Хъыджэбзым епсэлъэн мурад иІэу, зэми телефоныр къищтэрт, ауэ щІегъуэжырти игъэтІылъыжырт. Аргуэру къищтэрт, и гум илъу хъуар жриІэну иІащІэу, ауэ Светланэ и телефоныр лажьэртэкъым. Зэми, унэм щІэмызэгъэжу къыщІэкІырти, ежьэрт, Светланэ зыхуигъэзэн мурад иІэу, ауэ гъуэгум и зэхуадитІым фІэкІа имыкІуауэ къызэтеувыІэжырт: «Хьэуэ, сыкІуэнкъым... УмыщІэххэу, абы пуд ирихъункІэ хъунущ ар», жиІэрти.

Ауэ, дауэ мыхъуми, Светланэ зыхуигъэзэу, Іуэхум и пэжыпІэр къимыщІэу хъунутэкъым Сафудин. Ар хуейуэ дэкІуарэ Іуэхум залымыгъэ хэлъарэ зэхигъэкІын хуейти. Светланэ и зекІуапІэхэр ихъумэрт, арщхьэкІэ зикІ хуэзэртэкъым. Сафудин иджыри гугъэрт, зыщыгугъри езым имыщІэжу. А тІур щызэхуэзэу щыта щІыпІэхэм деж кІуэурэ щытт, зэкраІэу щытахэр игу къигъэкІыжу. ФІыуэ илъагъур нэгъуэщІ унагъуэ исми, щІалэм абы хуищІа лъагъуныгъэм зы мэскъалкІи хэщІатэкъым.

Сафудин и анэр апхуэдизкІэ гузавэрти, и къуэм и ныбжьэгъухэм мыущыІэу яжриІэрт: «Хъыджэба гуэр евгъэщІыхумэ, сыт ягъэ кІын, на-а, мыбы. Абы зэ хуэзэн щІидзатэмэ, мы СветланэрІэщІэхунукІи хъунт...» «Зыщыгъэгъупщэ мыр, лІо, абы фІэкІа щІыхубэ дунейм темытыжу ара?» – къыжраІэрт и ныбжьэгъухэми. Абы и жэуапу мырат щІалэм яритыжыр: «Ар сэ дауэ зэрысщыгъупщэнур?! Сыт щыгъуи си нэгум щІэтщ, си гум ихуркъым. Лъагъуныгъэр ущыхуейм деж къыпхуэкІуэу е ущыхуейм деж зыщыбгъэгъупщэфу щытамэ, абы лъагъуныгъэкІэ еджэнтэкъым. Лъагъуныгъэ пэж зыхуэпщІа щІыхур уи гум пхуингъэхуркъым. Ар уи псэм щыщ мэхъури, арыншэу умыпсэужыфу укъонэ. А гурыщІэ телъыджэм унафэ зыхуунгъэщІынукъым, атІэ езыр здыхуеймкІэ уишэнущ». Ар жиІэрти, Светланэ хуитха усэ сатырхэм къеджэрт:

*Пшагъуэщ махуэ кІуасэр, гъуэгур зэхуищІащ.*
*Къуилъэфащ си дыгъэр, дунейр уикІыфІащ.*

*Нэгум щIэтщ уи теплъэр, сэ си лъагъугъуафIэ,*
*Си пкъым ухыхьащи, щэхуу псэм уегъафIэ.*
*Гур цIэгъэ пщIащи, иIэкъым хущхъуэгъуэ.*
*Сэ укъызолъыхъуэ, симыIэж пыIэгъуэ...*

И лъагъуныгъэр зэи щыгъупщэнукъым икIи зэи ихъуэжынукъым — арат Сафудин зытриухуар.

«ГъащIэм нэщэ, зи фыз лIам фыз къешэж... Утеуищ, накIуэ ди гъусэу. Дуней псор хъыджэбзщ, зыгуэр зэгъэщIыху, епсалъэ», — жаIэу и ныбжьэгъухэр къыщыщыхьэкIэ, щIалэм ахэр жэуапыншэу къигъанэрт. И пэшым щIыхьэжрэ Светланэ и сурэтхэм еплъу щысмэ нахъ къищтэрт абы нахъри.

Апхуэдэурэ зэманыр кIуэрт, къыхуэгумащIэ и ныбжьэгъухэри къыкIэрыкIыртэкъым. «Светланэ къыпхуэмейуэ нэгъуэщIым дэкIуащ. ЗыкъэщIэж, щIалэ, мыпхуэдэу хъунукъым ущыт. ЦIыхум яхыхьэ, зи мыхъуми, тIэкIу утеуищ», — къыжраIэрт. Къамыгъэпсэуххэ щыхъум. Сафудин абыхэм я гъусэу кIуэуэ щIидзащ хъыджэбз цIыкIу нэхъыбэу зыщIэс еджапIэхэм я гуфIэгъуэ шыхьхэм. Сытми, зы хъыджэбз гуэр къригъэщIыхуащ, икIи куэд дэмыкIыу къыхуахьащ, щIалэм и Iуэху зыIутым ар щыгъуазэ ящIри. Хъыджэбзу щыIэр и зэхуэдэт Сафудин — Светланэ пэхъунутэкъым зыри. Ауэ, итIани, арэзы техъуащ и ныбжьэгъухэм я унафэм, «Сэри зэгуэр унагъуэу сытIысыжын хуейщ», жыхуиIэу.

ЗыщIэхъуэпса насыпу къемыхъулIам зи гур къыуIа щIалэр ягъэгушхуэн папщIэ абы и ныбжьэгъухэми и Iыхьлы-благъэхэми лъэкI къагъэнакъым: хуащIащ хьэгъуэлIыгъуэ екIу. АрщхьэкIэ, сыт?! Ар зэрызэфIэкIыу, Сафудин и пэшым аргуэру щIэтIысхьэжащи, Светланэ и сурэтхэм йоплъыри щIэсщ, хэт щIыхьэ щхьэкIи къимыгъанэу. НысащIэр тэмакъкIыхьу хущыгт и щхьэгъусэм. Ар зэ Iуплъэгъуэм Сафудин къегуэкIуати, сытри хуишэчынут.

«Светланэ и сурэтхэр илъагъуу, си къуэм ар зэи щыгъупщэнукъым. Псори зэхуэсхьэсынщи, уиэм щIэсхынщ. Езы хъыджэбзым сыхуэмызэми, я благъэ гуэрхэм естынщи, Iэрагъэхьэжынщ, армыхъумэ си къуэр делэ дыдэ щIэхъухьынущ мы пэшым», — егупсысащ Сафудин и анэр, икIи а зэрыжиIам хуэдэу ищIащ.

ФIыуэ илъагъум и сурэтхэр щимылъагъужым, Сафудин гъащIэр нэхъри къытехьэлъэу хуежьащ. Пащ кIуэщIри зэпт, дунейри кIырIт, махуэхэри гъэкIуэгъуейт, жэщри и пIэм икIыххэртэкъым. Мы дунейшхуэр къезэвэжIырт щIалэм. Светланэ хуищIа лъагъуныгъэр

IэщIыб хуэщIыртэкъым, адэкIэ зэрыпсэун къару къыздрихынури ищIэртэкъым.

Сафудин къиша щIыхубэ щIыкIур Iэсэт. Iэдэбрэ бэшэчу ар ежьэрт и щхьэгъусэм и япэ лъагъуныгъэр щыщхьэщыкIыну зэманым. Куэд дэмыкIыу сабий къащыхэхъуэм, Сафудин тIэкIу зыкъыщIэжащ. Бын лъагъуныгъэм гуманщIэ къыщIауэ, нэхъ зэпIэзэрыти хъуауэ, и унагъуэр зэрипIыжын Iуэху зэрихуэу щIидзащ. Ауэ, итIани, и фIылъагъуныгъэр, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, илъагъуну и нэ къикIырт.

Светлани бын игъуэтат. Ауэ ари щIэх-щIэхыурэ егупсысырт Сафудин хуэза зэрыхъунум. ЖриIэнут зэрекъуэншэкIар, елъэIунут къыхуигъэгъуну.

Светланэ къылъыхъу щIалэхэр щхьэусыгъуэншэу лъэныкъуэ щIригъэзу щытар, «сыдэкIуэрэ, адэкIэ срамыгъаджэмэ», жиIэу арати, а зыщышына дыдэр къыщыщIащ. Унагъуэ зыхыхьым ауи зэхахыну хуейтэкъым абы аспирантурэм щIэтIысхьэн мурад зэриIэр. И гуащэм щIэчэ имыIэу жиIэр зыт: «Дэ унагъуэ нысэщ дызыхуейр, жэм къишу, бэзэрым гъэшыр ихьрэ ищэу». Лэжьэн щIрагъэдзэжыну хуейтэкъым, сабиймкIи дыIэпыкъуэгъу къыхуэхъуртэкъым. «Дэ ди бынир зыми къыддипIакъым, ирепIыж, къыщилъхуакIэ», — арат гуащэр зытемыкIыр. Ауэ, дауэ мыхъуми, и къуэ щIыкIум и ныбжьыр сад кIуэгъуэ щыхъум, Светланэ лэжьапIэ дэкIыжащ, щыкIуэкIэ и гъусэу ар здишэу, къыщыкIуэжкIэ къыздишэжу.

Зэманыр кIуэрт, ауэ Сафудин и лъагъуныгъэр зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуртэкъым. «Светланэ зэ сыхуэзэжарэт», — жиIэу псэурт. Дэнэ мыкIуэми, ар къилъыхъуэу, дунейр нэкIэ щIищыкIырт.

Художественнэ гимнастикэмкIэ зэхьэзэхуэ зэрекIуэкIыр щызэхихым, Сафудин абы еплъыну кIуащ. Светланэ хуэзэнкIэ гугъэу. Зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ зы сыхьэт ныкъуэфI дэкIауэ, утыкум къихьащ зи дахагъыкIэ, зи зыIыгъыкIэкIэ адрейхэм къахэщ гимнастк гуэр. Егъэлеяуэ екIуу зи программэр зыгъэзащIэ хъыджэбзым здеплъым, Сафудин и гур къыхэдзэкъыкIащ, мыбы и Iэпкъылъэпкъыр Светланэ ейм зэрещхьыщэ, жери.

Светланэ теухуа гукъэкIыжхэм ар зэщIаубыдэри, зы дакъикъэкIэ щысащ тегупсысыкIауэ. Зыкъыщищ Iэжар зыкъэзыгъэлъагъуа хъыджэбз лантIэм Iэгуауэшхуэ щыхуаIэтырщ. «Светланэ! Светланэ!..» — къыщыIурт дэнэкIи. ФIыуэ илъагъу хъыджэбзым и цIэр щызэхихым, Сафудин зэщIэу къызэфIэувкащ. Еплъыпэмэ, мы дуней псом нэхъыфI дыдэу щилъагъу и Светланэт ар. «Светланэ!» — жиIэри иву джащ езыри. Куэд щIауэ игу къэкIа, зыхуэныкъуа макъыр щызэхихым, Светланэ къэуIэбжьащ. КъызэтеувыIауэ утыкум итщи, зеплъыхь, а макъыр

къыздиIукIа лъэныкъуэр къыхуэмыщIэу. Ар щыгт мыхъейуэ, а макъыр нэхъ гъунэгъу къыхуэхъуху, и гур нэхъ ину къеуэу.

Сафудин епIэщIэкIыу хуэкIуэрт и ипэ лъагъуныгъэ фIэкIуэдауэ щытам, псынщIэу нэмысмэ ар зауэ бзэхыжынкIэ шынэу. ХуэкIуэрт, хуабжьу хуэзэшауэ, и Iуэху хэмылъыжми, бгъэдыхьэу зэ закъуэ нэхъ мыхъуми IэплIэ хуищIыну. Ауэ фIыуэ илъагъум гъунэгъу щыхуэхъум, темыгушхуэу къызэтеувыIащ ар. Светлани Iэнкуит. И пIэм икIыхьауэ итт ари, и нэкIэ илъагъум шэч къытрихьэ хуэдэ.

Илъэс бләкIахэм и мызакъуэу, абыхэм я зэхуаку пхуэмыкъутэжын блыну къыдэуват я гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. Зэхуэпабгъэ пэтми, тIури щтэIэщтаблэт... Зытэлай дэкIри, къару зыпэмылъыщ гуэрым Сафудин гъунэгъу хуищIащ мы дунейм нэхъыфI дыдэу щилъагъуа цIыхубзым.

— Светланэ! Сыту куэдрэ укъэслъыхъуа... Сыту Iейуэ сыпхуэзэшат... — жиIэри бгъэдэкIуэтащ.

Ахэр зэрызэрымылъагъурэ дэкIа махуэ бжыгъэр хъыджэбзым занщIэу щыжиIэм, Сафудин къыгурыIуащ Светланэ-кIэ езыри зэрылъапIэр...

Утыкум нэгъуэщI гимнасткэ къихьэн хуейти, ахэр зэбгъэдэкIыжащ. Светланэ псынщIэу зигъэхьэзырыжри, пIащIэу я унэ кIуэжащ. Егъэлеяуэ зыхуэзэша, фIыщэу илъагъу и сабий закъуэр и бгъэм щIикъуэри, зыхуэмыубыдыжу и нэпсыр къыфIыщIэжащ. «Сафудин, гъащIэм сыту Iейуэ дызэбгридза!.. Иджыщ сэ къыщызгурыIуар фIыуэ узэрыслъагъур, уэр фIэкIа нэгъуэщI сызэрыхуэмейр... Сыту Iейуэ сыщыуат... Ауэ ар уэ къозгъащIэ хъунукъым, тIури дыщхьэхуимытщи... ДыIэмалыншэщи... Уэшх бләкIам щIакIуэ кIэлъыпщтэжкIэ мыхъэнэ иIэжкъым», — гуIэрт Светланэ.

Сафудинрэ Светланэрэ я гум къыщыуша лъагъуныгъэр зэхуадэт, ауэ зэманкIэ зэтемыхуауэ арат.

Светланэ спорт зэхьэзэхуэ куэдым хэтын хуейти, жыыуэ къыдэкIырт. И щхьэгъусэри арат. Гуваузт тIури щекIуэлIэжыр. Махуэ псом Светланэ къимэрытыр и гуащэм фIэфIтэкъыми, щыхьэщхьэ къэс псалъэмакъ хигъэтт. И къуэм фIэкIа къыфIэIуэхутэкъыми, щIэмычэу къыжриIэрт: «Си къуэм пэш щхьэхуэ иIэн хуейщ зыщигъэпсэхуну. Сабийм и гъы макъым дахэ-дахэу имыгъэжеймэ, дауэ ар зэрылэжьэнур?» Апхуэдауэрэ анэм, езым къыгурымыIуэжу, и къуэм хунубзыхурт закъуэныгъэм ухуэзыша гъащIэ.

Пэш щхьахуэ и закъуэу щIэлъ лIыр зэрыхуейуэ псэурт, унагъуэ иIэу имыщIэжыххэу: гуваузэ къэкIуэжми е нэхущым деж къыдыхьэжми хъурт. Светланэ ныри жиIэртэкъым. И гуащэм псалъэмакъ химыдзэмэ,

унагъуэм и гугъу къамыщIмэ, нэгъуэщI хуейтэкъым ар. ТэмакъкIыхьу, бэшэчу хущыту унагъуэм щекIуэкI мыхъумыщIагъэхэм, уеблэмэ, ялыныкъуэхэм деж къыпфIэщIынкIэ хъунут ахэр абы зыуи къримыдзэу.

Сафудинрэ Светланэрэ зэрымыщIэкIэ зэзэмызэ зэхуэзамэ, щIалэм гу лъитэрт и щхьэщэ тхьэIухудыр япэхэм хуэдэу зэрымыгуфIэжым, еплъыхыу къызэрикIухыым. И псэм щигъафIэ закъуэр нэхъ дахэж зэрыхъуам игъэгуфIэми, абы и щытыкIэ хъуам игъэнэщхъейрт. ФIыуэ илъагъу цIыхубзыр насыпыфIэ зэрымыхъуар хуабжьу къытехьэлъэрт. ЩIалэгъуэ гъащIэм а тIур зэпэщхьэхуэ ищIами, фIылъагъуныгъэу яку дэлъым зэпэгъуэнэгъу ищIырт. Ахэр гукIэ зэпсалъэрт, псэкIэ зэрыщIэрт, я нэгур щызэхэкIри щызэхуэзэхэм дежт.

Жэщи махуи Сафудин и нэгум щIэтт Светланэ. Арат ар псэкIэ зэубзэр, арат гъащIэм хэзыIыгъэ къарууэ щыIэр. И щIыхьхэм къыщыхэхуэкIэ, «Светланэ» жиIэу къыхэкIинкIырти, хуэмурэ жейм хилъэфэжырт. Апхуэдэхэм деж Сафудин и щхьэгъусэр къэгубжьырт. «Мыр зэи щымыгъупщэжыну ара мыбы?» — жиIэрт игукIэ, ауэ и щхьэгъусэм зыкIи зикъригъэщIэртэкъым. Сафудин зэхэукIарэ езэшауэ нэху къекIырт, адэкIэ зэрыпсэун къару имыIэжу. Куэдрэ зэупщIыжырт: «КIуэтэху нэхъ хьэлъэ мэхъу си гъащIэр... Дауэ мыпхуэдэу сызэрыпсэунур?.. Усщыгъупщэркъым, Светланэ, си нэгум зы дакъикъэ ущIэкIыркъым. Сыту къаруушхуэ иIэ лъагъуныгъэкIэ зэджэм!.. Сыпэлъэщыркъым и мафIэм, сесыжынэ... СлъэмыкIыу сыкъыхегъащIэ... Дэнэ къисхыну си лъагъуныгъэм и хущхъуэгъуэ?..»

Сафудинрэ Светланэрэ тIури насыпыфIэтэкъым. Я гур, я псэр зэрыщIэ, зэхуэщIыбгъэ щхьэкIэ, зы унагъуэ хъужыну Iэмал яIэтэкъым. ГубампIэдэхыу яIэр я сабийхэрати, ахэр я Iэпэгъуу гъащIэр кIуэрт, и гукъэкIыжхэр и гупсысэм хэмыкIыу.

Сафудин щыгъупщэртэкъым Светланэрэ абырэ я закъуэу япэу щызэхуэза щIыпIэри, гъэм и лъэхъэнэри. ИщIэжырт япэу къыхуищэхуа удз гъагъэр зыхуэдэри. ЩIымахуэр къызэрихьэу, розэ ІэплIакIуэ иIыгъыу, ар кIуэрт а щIыпIэм. Абдеж уэсыр Iуащхьэу щызэтрихъуарти, Светланэ и фэеплъ щIыкIэу, удз гъагъэхэр «щыхисэрт».

ЩIыIэм игъэгулэ удз дахэхэм гъащIэ щаIэтэкъым уэс гущIыIум. ЩIымахуэ пшыхьэм и уаем абыхэм я фэр пихурт. Удз гъагъэ лъабжьэншэхэр пкъыл Iэ хъуауэ уэсым тегъуалъхьарти, гуузу я псэр хэкIырт. А удз дахэхэм и кIуэдыкIэр зи нэгу щIэкI Сафудини, и пкъыр щIалIэурэ абдеж щетIысэхырт. «ФIыщэу слъагъуа си Светланэ, щIалэгъуэм и щыуагъэр сыту удын хьэлъэу гъащIэм къыхэнэрэ», — жиIэурэ къемыдэIуэжу къыфIыщIэж и нэпсхэр розэ фагъуэхэм хуэмурэ тедиерт...

# Тыркум ис адыгэхэр Къайсэр щызэхэплъащ

Лэщӏыгъуэрэ ныкъуэрэ и пэкӏэ зи хэку ирагъэбгынэу хамэщӏым ипхъа хъуа адыгэм и нэхъыбэр щыпсэур Тыркуращи, а къэралыр нэхъ тхьэблагъэу къысфӏощӏ, абы и сыт хуэдэ къали ди лъэпкъэгъухэм уащрохьэлӏэри. Мызыгъуэгум дыздэщыӏар адыгэ мин 60 хуэдиз зыдэс, Истамбыл километр 700-кӏэ пэжыжьэ Къайсэр къалэращ.

Эрджиас бгы щӏэрыӏуэм и лъапэм кӏэщӏэс къалэщ Къайсэр. Иджырей Къайсэрыр зэманым декӏуу зызыужь, уиэ лъагэхэр щаухуэ, мэжджыт иныр зыдэт, парк телъыджэ зиӏэ, щэнхабзэм, тхыдэм епха зыплъыныхьыпӏэхэр зи куэд къалэщ. Жыпӏэнуракъэ, пасэреймрэ иджырейммрэ апхуэдизкӏэ зэгъунэгъу дыдэу щызэбгъэдэтщи, лъэхъэнэхэр щызэфӏызэхогъуащэ. Пасэрей унэхэр зытет уэрам зэв щӏыкӏухэмрэ ут хунтыщхуэхэмрэ, абджкӏэ, бетонкӏэ дэщӏея, къат куэду зэтет унэхэмрэ мывэ сэрейкӏэ къещӏэкӏа псэуалъэхэмрэ зэпэзэву щызэхэтщ. Къалэжь зыдэт къалэхэр адрейхэм къахэщу къысфӏощӏ. Къайсэри апхуэдэщ. Нэхъапэм щӏэпхъаджащӏэхэмрэ хъунщӏакӏуэхэмрэ етауэ щӏыхухэм ятеуэу зэрыщытам къыхэкӏкӏэ, быдапӏэ щӏыкӏэу яухуэрт щыпсэу щӏыпӏэр, арат къалэкӏэ зэджэри. Къайсэри иӏэщ апхуэдэ зы щӏыпӏэ телъыджэ. Абы и ныбжьыр хьэтхэм я деж къыщыщӏедзэ, ди эрэм укъыдэбжэн ебгъэжьэми, хьэлэмэт куэду зэхалъ тхыдэщ иӏэр. Къалэжьым дэт псэуалъэхэмрэ сэрейхэмрэ зыухуар пасэрей зэманым абдеж иса сельджукхэращ. Умыгъэщӏэгъуэн плъэкӏыркъым абыхэм я архитектурэр. Сытуи Ӏэзэт а унэхэр зыщӏар! Гъэмахуэм унэр щӏыӏэтмыӏэу щытын папщӏэ, щӏымахуэм хуабэ хъун папщӏэ абыхэм къагупсысар иджыпсту махуэ къэс къежьэ технологиехэм нэхърэ нэхъ хьэлэмэтщ. А унэхэмрэ абы къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмрэ иджырей зэманым къызэрахьэсыфар, зэрахъумар телъыджэщ, абыхэм лэщӏыгъуи 6-7 я ныбжьщ.




Къайсэр къалэм и Налшык бульварыр.

Истамбыл зыщупплъыхьыну фӏымэ, Къайсэр уи нэгу зыщебгъэужьынуи зыщыб-

гъэпсэхунуи зыхуэдэ щыIэкъым. Абы и цIыхухэри гуапэщ, и уэрамхэм уи закъуэ удэтыпри гупсэхугъуэщ. Я шхыныхэм я гугъу пщIымэ, тырку, европей ерыскъыхэм къадэкIуэу, мы къалэм езым и шхыныгъуэ иIэжщ. Япэ пщыхьэщхьэм куэд тхуэблахащ, Къайсэр зэрыцIэрыIуэ ерыскъыхэр дагъэцIыхуну. Абыхэм я нэхъыщхьэр «pastirma» зи фIэщыгъэцIэ, мэлылым къыхэщIыкIа нэкулъырщ. Адыгэм и тхьэмщIыгъуныбэм ещхьщ, ауэ ар мэлылщ къызыхащIыкIыр икIи ягъажьэу аращ, ягъавэркъым. КъищынэмыщIауэ, «kaiseri mantisi» хьэнтхъупсри икъукIэ гъэщIэгъуэнщ икIи IэфIщ. Тхьэвым кIуэцIылъ лы хьэжар цIыкIунитIэ дыдэу зыхэлъ хьэнтхъупс илъыжьщ ар. КIэщIу жыпIэмэ, къалэ шхапIэхэм сыт хуэдэ ерыскъыри щыбгъуэтынущи, абы теухуауэ гуныкъуэгъуэ уиIэнукъым, ауэ езы Къайсэррэ тырку шхыныгъуэхэмрэ зыпэщщIыи щыIэкъым. Сельджук архитектурэм зыщумыгъэпщIу, Эрджиис и бгы джабэхэм удахьэхауэ укъыдэкIыжынущ Къайсэр. А псом ящхьэр, хамэ щIыпIэ укIуауэ къыпщамыгъэхъуу, абы дэс ди лъэпкъэгъухэмрэ абыхэм я гуапагъымрэщ. СыткIэ ди гъунэгъу иджыри Къайсэр? Ар Налшыкрэ абырэ зэкъуэш къалэу зэрыщытырщ. Уеблэмэ, 2008 гъэм, ди республикэм и лIыкIуэхэри хэту абы къыщызэIуахауэ щытащ «Налшык» бульварыр. Абы щыгъуэм унафэщIхэр зэгурыIуащ щэнхабзэм и мызакъуэу, сатумрэ хьэрычэт IуэхумкIи дяпэкIэ зэдэлэжьэфыну зэрыщытымкIэ.



* * *

Къайсэр къедза адыгэ жылэжьхэм, Узун-Яйла щIыпIэм хиубыдэхэм, дэсахэмрэ абыхэм я хасэхэмрэт Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр зэхэзышар. А фестивалыр илъэс куэд лъандэрэ йокIуэкI. Ауэ мыгъэрейм и инагъымрэ къриххьэлIа цIыху бжыгъэмрэ тепщIыхьмэ, телъыджэу къэплъытэ хъунущ. МахуитIкIэ екIуэкIа зэхыхьэм хэтащ цIыху мин 15-м нэблагъэ, ахэр Тыркум и къалэ куэдым къикIат, машинэкIэ, автобускIэ, кхъухьлъатэкIэ къэкIуахэр яхэтт, апхуэдэу фестивалым зыкърагъэхьэлIат Сирием, Иорданием, Германием, Урысейм, Израилым, Кипрым, Францием, нэгъуэщI къэралхэми щыщ адыгэхэм.

Узун-Яйла щIыпIэр нэхъапэм адыгэхэр куэду щызэхэса, адыгэ къуажэ 50-м щIигъу зыхиубыдэу щыта лъахэщ. Сэ Тыркум куэдрэ щызэхэсхат: «Узун-Яйла къыдэкIахэращ адыгэбзэр нэхъ зыщIэжыр», «Абы щыщмэ, зэрыадыгэлIым шэч къытумыхьэми хъунущ». Пэж дыдэу, адыгэгу яIэу, адыгэбзэр яIурылъу, адыгэ Iуэху зэрахуэу сэ сцIыхум я нэхъыбэм я лъапсэр къыщежьэр абдежщ.

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ирагъэблэгъат КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхумкIэ и управленэм и унафэщI **КIуращын Анзор,** «Хэку» обществэм и тхьэмадэ **НэкIащэ Владимир,** Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБКъУ-м и лэжьакIуэ **Щоджэн Iэминат,** театрым, кином я режиссёр, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЕмкIуж Андзор,** журна-

листхэр. Апхуэдэуи Адыгейм никIащ а республикэм и Хасэ тхьэмадэ **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан** зи пашэ гупыр, Краснодар Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэртэн Алий,** Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алии** езым и лIыкIуэ щIалитI игъэкIуащ.

## Унафэщ|Iхэр зэIущIащ

Фестивалым и жэрдэмщIакIуэ ди лъэпкъэгъухэм драгъэблэгъа нэужь, я Iуэху зыIутхэмкIэ къыддэгуэшащ, гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэр зэрекIуэкIынум къытхутепсэлъыхьащ икIи абыкIэ къэрал къулыкъущIапIэхэр къазэрыдэIэпыкъуар жаIащ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм и пэ къихуэ махуэм дэ дригъэблэгъащ Къайсэр вилайетым и тхьэмадэ **Къамчы Сулеймэн**.

– Ди гуапэщ ди лъахэм фыкъызэреблэгъар, – жиIащ Къамчы Сулеймэн. – Къайсэр сыт щыгъуи хьэщIэхуэфIщ. Мыбы цIыху мелуаным щIигъу щопсэу, ахэр тыншу псэуи щхьэкIэ зыхуейну псори щагъуэт. Адыгэхэр щIыпIэ куэдым щызэбгрыпхъа икIи щыцIэрыIуэ лъэпкъщ. Дэри дахэу къытхэсщи, мыпхуэдэ зэхыхьэхэм дыхэтынуи, ар къызэрагъэпэщын папщIэ защIэдгъэкъуэнуи тфIэфIщ.

**КIурашын Анзор** Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм я сэламыр Iэташхьэм ирихыжа нэужь, жиIащ ди лъэпкъым и нэхъыбэр зэрыс лъахэм зэрихьар, дяпэкIи зэпыщIэныгъэ нэхъыбэ зэхудиIэныр зэригуапэр. «Абы нэмыщIуи, Къайсэррэ Налшыкрэ зэкъуэш къалэ зэрыщIауэ зэрыщытым щхьэкIэ, экономикэ, щэнхабзэ, туризм я лъэныкъуэкIэ тыншу дызэдэлэжьэфыну къызолъытэ. Уи деж дыкъэкIуэн ипэ къалэм зыщытплъыхьащ. Дэ тлъэгъуащ Къайсэр и теплъэкIи и зэгъэпэщыкIэкIи къызыхуэтыншэу зэрыщытыр, и цIыхухэм тыншу зэрыпсэур абыхэм я нэгу зэIухамкIэ къызэрыпщIэр. КъищынэмыщIауэ, мыбы гъэщIэгъуэну щызэхэтщ пасэрей ухуэныгъэхэри, иджырей зэманым декIу унэ лъагэхэри. УнэщIэхэр щауху хьэблэ зыбжанэ тлъэгъуащ, абы къегъэлъагъуэ Къайсэр зэманым зэрыдэбакъуэр, зэрызиужьыр», – жиIащ Анзор.

**НэкIацэ Владимир:** – Тыркур лъахэ зыхуэхъуа ди къуэшхэм я щхьэр лъагэу евгъэлъагъужу, пщIэ яхуэфщIу къызэрыфхэсым щхьэкIэ фIыщIэ фхудощI. Дэ ди къалэм нэхъыщхьэу къэтлъытэр Тыркум ис шэрджэсхэмрэ Кавказым исхэмрэ нэхъ зэгъунэгъу щIыныращ. УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Тырку Республикэм и Президент Эрдогъан Реджеп Тайипрэ я Iуэхушхуэхэр ядэтIыгъыныращ. Адыгэхэр дэнэ къэрал щыпсэуми зыхэсхэм ягурыIуэу апхуэдэщи, мыбы ис ди къуэшхэми фыкъызэрагъэпэжынум шэч къытетхьэркъым.

**Щоджэн Iэминат:** – Тыркум и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абы Къайсэри яхэту, никIа щIалэгъуалэ щоджэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ахэр я гъэсэныгъэкIи еджэныгъэкIи адрейхэм фIыкIэ къащхьэщыкIыу схужыIэнущ. Сыт щыгъуи ди гуапэщ мыбы щыпсэу адыгэхэми фи лъэпкъэгъухэми ящыщ нэхъыбэ еджакIуэ Налшык нэкIуэну, ди зэпыщIэныгъэхэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ нэхъри дгъэбыдэну.

**ЕмкIуж Андзор:** – ДыкъызэтекIухьа Iуэхум дигу хегъахъуэ, илъэси 150-м щIигъуауэ хамэ хэку ис ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ я лъэпкъ щэнхабзэр зэрахъумэм, мыпхуэдэ фестивалхэр къызэрагъэпэщурэ и лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрызиужьым уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэ жэрдэмхэр ядэзыIыгъ, я Iуэхухэмкiэ защIэзыгъакъуэхэм фIыщIэ ин фхуэощI. Адыгэхэм лъэпкъ зэхэгъэж ящIыркъым. Сыт хуэдэ лъэпкъми тыншу дызэрыдэпсэуфыр ди щхьэм кърикIуа гузэвэгъуэм къыгъэлъэгъуащ, фэри абы щыхьэт фытехъуащ. Дэ дощIэ дунейм мамырыгъэр щытепщэу щытын папщIэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр. Тыркум щыпсэу ди къуэшхэмрэ дэрэ дызэрыс къэралитIыр зэгурыIуэнымкIэ, зэдэлэжьэнымкIэ сыт щыгъуи сэбэп дыхъуну дыхьэзырщ. Щэнхабзэр къапщтэмэ, сэ къысщохъу ар лъэпкъым и напэу. Абы ипкъ иткIэ, Тыркум щыхэхс адыгэхэм я лъэпкъ напэр яхъумэжымфауэ жыпIэ хъунущ, апхуэдиз цIыху зэхуашэу фестиваль щрагъэкIуэкIыфкIэ. Сэ си IэщIагъэкIэ, лэжьыгъэкIэ нэхъыбэу зи ужь ситыр лъэпкъ Iуэхуращ, аращ яшэ нэгъэщри. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, иджыпсту тесх фильмыр зытеухуар лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэр зэрылъытэн, зэгурыIуэн, лъагъуныгъэ я зэхуаку дэлъын зэрыхуейрщ.

**Къамчы Сулеймэн:** – *Лъэпкъхэр гуапэу зэхущытыным теухуар* дэни щыбгъэлъэгъуэну щхьэпэу къызолъытэ, ди гуапэ хъунущ ар ди дежи къапшэмэ. Тырку Республикэр щагъэпсам щегъэжьауэ ди гъусэщ дэ шэрджэсхэр. Ахэр нэгъуэщI лъэпкъыу къэтлъытэркъым, ди къуэшу фIэкIа. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езыхэм къалэжьыжащ апхуэдэ пщIэр, сыт щыгъуи къытекъуэтщ, пэжкIэ къыдбгъэдэтщ, ди бээ, ди хабзэ Iумпэм ищыщIу, ауэ щыхъукIи, езыхэм я адэжьхэм ейр яхъумэжу. Дэ лъэпкъ зэхэдз тщIыркъым, мыбы ис псори дызэкъуэшщ. Ди зэпыщIэныгъэр едгъэфIэкIуэным сэри срителъхьэщ, ди гуапэу дывдэлэжьэнущ.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ фэеплъ сурэт зытрагъэха нэужь, Къамчы Сулеймэн сызыщIэупщIахэм жэуап къаритащ:

***– Сулеймэн, уэ узэиунафэщI! Къайсэр вилайетым щIыналъэ дапщэ хиубыдэрэ, сыт хуэдэ абыхэм я псэукIэр?***

– Къайсэр вилайетым район 14 къепхащ, абы нэмыщI куейтI къалэ кIуэцIым дэтщ. Езы Къайсэр къалэр къапщтэмэ, цIыху зы мелуанрэ щиплIрэ дэсщ. Ди экономикэр нэхъыбэу зэпхар хьэпшып, Iэмэпсымэ къыщIэзыгъэкI фабрикэшхуэхэрщ, сату Iуэхурщ. Абыхэм цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщ, ящIэн-яшхын ягъуэту мэпсэу. Къэбгъэлъагъуэмэ, мыр къэралым и промышленнэ сату щIыпIэу жыпIэ хъунущ.

***– Налшыкрэ Къайсэррэ зэкъуэш къалэу зэрыщытым нэхъ зэгъунэгъу дызэхуищIыфыну къэплъытэрэ, лэжьыгъэкIэ, IуэхукIэ нэхъ зэпха дыхъумэ?***

– Налшык хуэдэу къуэш къыщIа къалиплI иIэщ Къайсэр. Узэдэлажьэмэ, пхуэфIэмыкIыи щыIэкъым. Сэ сыхуейт Налшыкрэ ди къалэмрэ я зэгурыIуэныгъэр тхылъымпIэм къытенэ мыхъуу, Iуэху пыухыкIахэр

зэдэтщІэну. ИкІи си фІэщ мэхъу къалэ тхьэмадэхэм гъуэгу къызэрызэдагъуэтыфынур. Си щхьэкІэ схуэфІэкІ къэзгъэнэнукъым.

* * *

Абы къыкІэлъыкІуэу, фестивалыр щекІуэкІыну махуэм и пщэддджыжьым дэ Къайсэр къалэм и тхьэмадэ **Челик Мустэфа** и деж дригъэблэгъащ:



**Хэкум икІа гупыр Къайсэр къалэм и тхьэмадэ Челик Мустэфа деж щохьэщІэ.**

– Япэрауэ, сэлам гуапэ фызох, дгъэныбжьэгъу къэралыгъуэм фыкъикІри, Іуэху дахэкІэ фыкъытхыхьащ. ТхыдэкІэ къапщтэмэ, Къайсэр и лъабжьэр жыжьэ къыщожьэ, ауэ нобэ сэ сызэунафэщІ къалэм и ныбжьыр мини 6 ирокъу. ХьэщІэ лъапІэ куэд къокІуэ ди деж, фэри абыхэм ящыщ зы фыхъуащ. КъищынэмыщІауэ, дунейм тет къэралыгъуэхэм ящыщу муслъымэн дапщэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу къытхыхьэми, защІыдогъакъуэ, ар дэ ди пщэрылъщ. Балканым, Кавказым, Китайм, Хьэрыпым къикІауэ лъэпкъ куэд исщ Тыркум, псори зэкъуэш хуэдэу зэхуищытщ. Дэ дыззэрыпагэхэм ящыщщ мис а лъэпкъхэр зэгурыдгъаІуэу, и зэхуаку хьэлэбэлыкъ къыдэмыхъуэу зэдэгъэпсэуныр къызэрызэдгъэпэщыфыр. Нэгъуэщі щІыпІэхэм пасэу къикІахэр, адыгэхэри яхэту, бысым хъужауэ щопсэу мыбы, фэ фхуэдэ я къуэшхэр къэрагъэблагъэу. Абыхэм защІыдогъэкъуэф, дыззэгуроІуэри, абы дегъэпщ.

**КІуращын Анзор:** – *Ди къуэшхэм фи гугъу къытхуащІащ, зэхэтхащ Къайсэр дэсхэр къызэрыфхуэарэзыр. Дэ иджы япэу дыкъакІуэу аращ*

мы къалэм. Дунейм къалэ нэхъ дахэу, нэхъыфIу тетыр Налшыкыу кызолъытэ, абы къыкIэлъыкIуэр Къайсэру жысIэфынущ, укъыщыдыхьа махуэм щегъэжьауэ гупсэхугъуэ щыбогъуэтри. ФIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ мы екIуэкIыну Iуэхум фи чэнджэщ, фи гуащIэ зэрыхэлъым щхьэкIэ. Ди къуэшхэр зэрыс сыт хуэдэ щIыпIэми нэхъ быдэу дэпхауэ дыщытыныр тфIэкъабылщ. Си гугъэщ дипэкIэ программэ щхьэхуэ зэдэдгъэпсу, абы тету дызэдэлэжьэну, щэнхабзэ, туризм, экономикэ я IуэхукIэ лъэныкъуитIми я фейдэ къызыхэкIыну зэгурыIуэныгъэхэр зэдэтщIыну.

КIурашын Анзор къыхигъэщащ, Налшык елъытауэ, Къайсэр щхъуантIагъэр зэрыщымащIэр, къалэм хьэблэщIэ псо хъу унэщIэхэр щыпIэ куэдым щаухуэу зэрилъэгъуар, абы нэхъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкI щхъуантIагъэхэм щыщ кърагъашэрэ Къайсэр щыхасэмэ, ар ди зэпыщIэныгъэм щIэдзапIэфI зэрыхуэхъунур, къалэри зэригъэдэхэнур.

УнафэщIхэр абыкIэ арэзы зэдэхъуащ икIи фестивалым щызэIущIэну пIалъэ зэратри, зэбгъэдэкIыжащ.

## Узун-Ййла фестивалыр

ЩIыналъэ куэдым къикIа цIыхухэр щэджыжьым щегъэжьауэ щызэхуэсырт Къайнар и губгъуэ хуитышхуэм. «ФIэхъус апщий!» жиIэу зытетха «куэбжэ» иным удыхьа нэужь, цIыхушхуэ къызэрекIуэлIэнур къалъытэу, ахэр зэрагъэтыншыну псомкIи щIыпIэр къызэрызэрагъэпэщам гу лъыптэрт. Сценэ иным хуэпльэу шэтырхэр бжыгъэншэу кърагъэувэкIат, шэнтхэр щIэту. Зы лъэныкъуэкIэ екIуэкIырт шхыныгъуэхэр щызэблах шэтырхэр. МыдэкIэ укъэплъэмэ, ди лъэпкъэгъухэм ящыщу тхакIуэ, усакIуэ, сурэтыщI цIэрыIуэхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, щIалэгъуалэм я IэдакъэщIэкIхэр щагъэлъагъуэ шэтырхэр щытт. ГъэщIэгъуэн куэдым ущрихьэлIэрт абы: къызыхэкIар адыгэми, тыркуу къалъытэ тхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм, илъэси 150-рэ хъуауэ хамэм яхэсми, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэхэр зэхуэзыхьэсхэм; фэм, щэкIым къыхэщIыкIа лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ; апхуэдэхэр зытет щыгъынхэм. Апхуэдэ хьэлэмэт куэд щызэхуэхьэса гъэлъэгъуэныгъэ ин къызэрагъэпэщат.

Зэманыр пшапэм хуэкIуэху, цIыхур нэхъ Iув къэхъурт, лъэпкъ махуэшхуэу арати, зэхуэгумащIэу зыщIэупщIэхэмрэ зэIущIэхэмрэ я куэдагъыр пхужыIэнукъым. Зы къали къэмынэу и лIыкIуэхэр гуп-гупурэ къэкIуащ абы, Хасэ щхьэхуэхэри зэрыIыгъыу къызэхуэсащ. Мин бжыгъэкIэ зэхыхьа адыгэм ущыхэплъэкIэ, гур къигуфIыкIырт, ауэ а къомыр хэкум зэримысыжым уигъэгумэщIырт.

Къызэхуэсахэм я сэлам гуапэрэ я IэгуауэкIэ кърагъэблэгъащ хьэщIэхэр. Абы кърихьэлIащ Тырку Республикэм дыкъэзымухъуреихь дунейр хъумэнымрэ ухуэныгъэхэмкIэ и министр **Озхьасеки Мехмет,** Къайсэр къалэм и тхьэмадэ **Челик Мустэфа,** Узун-Ййла щIыналъэр зыхиубыдэ Пынарбаш куейм и унафэщI **Аташ Дурсун,** Къайсэр Пар-

ламентым и депутат, АК Партым (Тыркум и политикэ парт нэхъыщхьэщ) хэт **Нергиз Хулис** (адыгэ бзылъхугъэщ), Тырку Правительствэм, Парламентым, Къайсэр вилайетым, абы и къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, Хасэ тхьэмадэхэр, хэкум икIахэр, нэгъуэщIхэри.



**Фестивалым къызэIуах.**

Япэу къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ Узун-Яйла Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ гупым и тхьэмадэ, Къайсэр щыIэ Кавказ Хасэм и унафэщI **Байкал Iизхьан**. Тыркум исхэми, нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ абы. Адыгэм и дуней тетыкIэр, зыхэсхэм пщIэ къызэрыхуащIыр, и щхьэ хуэдэу дзыхь къызэрырагъэзыр, къуэш пэлъытэу къызэрабжыр къыхэщу утыкушхуэм къыщыпсэлъащ къулыкъущIэхэр. Къайсэр дэт Кавказ Хасэм къыбгъэдэкIыу щIакIуэрэ пыIэрэ тыгъэ хуащIащ **Озхьасеки Мехмет**.

Къызэхуэса псори адыгэ хъуэхъу дахэкIэ къригъэблэгъащ Къайнар дэс нэхъыжьыфI **Къущхьэ Фикли**. **КIурашын Анзор** Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм икIа гупхэм къабгъэдэкIыу хэкужьым къикI фIэхъус къызэхуэсахэм ярихьэкащ. «Адыгэм и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр ихъумэжын папщIэ къызэригъэпэщыну гупыж ищIа Iуэхур къэралым зэрыдиIыгъар хуабжьу ди гуапэ хъуащ. Зи мылъкукIи чэнджэщкIи мыбы хэлIыфIыхьа дэтхэнэ зы къулыкъущIэри тхьэм нуэзщI. Къызэзыгъэпэщахэми, езыгъэкIуэкIхэми, кърихьэлIахэми фIыщIэ фхуэощI, къытщIэхъуэ щIэблэм и гъуазэ тхьэм ищI нобэрей адыгэ зэхыхьэр, фестивалым къэкIуэн дахэ иIэу тхьэм къыщIигъэкI», – хъуэхъуащ КIурашыныр.

Абы и ужькIэ цIыхухэр еплъащ нэщанэ еуэнкIэ Iэзэхэм я зэфIэкIым. Хуабжьу гъэщIэгъуэнт шы жэрым тесу ддэжэм шабзэшэкIэ нэщанэ зэреуэр. ЦIыкIуи ини яфIэтелъыджэу кIэлъыплъащ абы, адыгэ пшынэм и макъ къэIуху.



Къущхьэ Догъэн

Пшапэ зэхэуэгъуэм зыщIидза фестивалыр жэщыку хъуху екIуэкIащ. Тыркум ит Хасэхэм щагъэсэ ансамбль куэд утыку къихьащ, абыхэм ящыщщ Истамбыл и бзылъхугъэ Хасэм и цIыхубэ хорыр, Эскешехир къалэм и къэфакIуэ ныбжьыщIэ цIыкIухэр, нэгъуэщIхэри. Iэгуауэмрэ дэрэжэгъуэмрэ щыкуэдт а пщыхьэщхьэм. Къызэхуэсахэр къызэфIэувауэ едаIуэрт Тыркум щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ **Къущхьэ Догъэн**. Хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуахэм я гум жьы дезыгъэху цIыхущ Догъэн. Куэдым хуэIэзэщ, адыгэ Iуэхур хамэ къэралхэми адэжь щIыналъэми щыдэгъэкIыным хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ, иджыри хуолажьэ, зыхэсхэми пщIэ къыхуащIрэ и къуэшхэми гъуазэ яхуэхъуу. Догъэн жиIа уэрэдищыр хэхэс адыгэхэм и дзапэ уэрэдхэрати, къызэхуэса псори дежьурт. Езыри адыгэ фащэ екIукIэ хуэпауэ утыку итт, фестивалым и щIыхьыр и теплъэ къудеймкIи иIэту.

Щалэгъуалэм я гур хигъахъуэу уэрэд зыбжанэ жиIащ **Быщтокъуэ Алэмэти**. Дунейр интернетым зэпещIэ иджыпсту, ар хэкум къызэрыщацIыхум хуэдэ дыдэу хэхэсхэми яцIыхурти, игъэзащIэхэм щыщ уэрэдхэм щIэлъэIурт. **Дэгу Каринэ, Мыщэ Азидэ** сымэ я уэрэдхэри цIыхубэм ягу дыхьащ. НыбжьыкIэ щIалэми, къэрал куэдым цIэрыIуэ щыхъуащ пшынауэ Iэзэ, Сирием къыщалъхуа, иджыпсту Тыркум щыпсэу **Джымокъуэ Тамбий**. Пшыналъэ дахэм лъэр щIигъэкIыу гукъинэжу пшынэ еуащ адыгэ щIалэр.



Джымокъуэ Тамбий

Утыкум дахэу къращащ адыгэ пщащэм и теплъэ гуакIуэмрэ и щэн дахэмрэ куэдым къезыгъэщIыхуа, «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм япэ увыпIэр къыщызыхьа **Кукан Беллэ**. И зыIыгъыкIэкIи, и псэлъэкIэкIи, и акъылым и жанагъкIи Беллэ куэдым къахэщ хъыджэблщ, ар щапхъэ яхуэхъуагъэнщ пшыхьым къриххэлIа пщащэ цIыкIухэм.

Къайнар и уэгумрэ щIыгумрэ я зэхуаку дэлъ дэрэжэгъуэр тIуащIэу игъэбэгъуауэ жыпIэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием я цIыхубэ артист **Нэхущ Чэрим**. Абы щIыгъуу дахэу утыкум итащ Къайсэр Кавказ Хасэм и «Ашэмэз» къэфакIуэ ансамблыр, ипхуэдэуи **Битокъу Оксанэ** къафэ зыбжанэ игъэзэщIащ, адыгэ блыгъэхугъэм и уардагъымрэ и къабзагъымрэ нэрылъагъу ищIу.



Нэхущ Чэрим

Чэримрэ абы игъэзащIэ уэрэдхэмрэ фIыуэ зэралъагъум и щыхьэтщ ди дежи, хамэ къэралхэми щит концертхэр, ауэ хэхэс адыгэхэм ар зэраIэтымрэ абы и уэрэд жыIэкIэм я гур зэрыхигъахъуэмрэ плъагъуныр куэд и уасэт. Нэхущым и утыку къихьэгъуэр къыщысым, зыри щысыну хуеякъым, псори къызэрыIэтауэ сценэмкIэ зэрыхьырт, и цIэр жаIэрэ и уэрэдхэм дежьуу. Адыгэблэм, адыгэ пшыналъэм, уэрэдым хуэзэшауэ хамэ щIыпIэм ис ди къуэшхэм я дежкIэ Чэрим уэрэджыIакIуэ къудейтэкъым, атIэ зеиншафэ къызытеуа сабийм къигъуэтыжа и адэм хуэдэу къыхуэпабгъэхэрт. «ФыкъэкIуати, фыкъыздежьу» жиIэри щIалэгъуалэр игъэгушхуати, къаэмыщыжу къаухъуреихьат. Щыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэд зыбжанэ жиIэри, хэхэсхэм яусахэр къипщащ, абдежым щIалэгъуалэр къыпхуэзэтегъэувыIэжынт?! Дахэу уэрэд зэдыжаIащ. Сэ мыбыи гу лъыстащ: цIыхум насыпкIэ хуэупсэф щIыху щыIэмэ, ар Чэримт а пщыхьэщхьэм, ди лъэпкъэгъу мин бжыгъэм абы яхуигуэша гурыфIыгъуэм уасэ хуэщIыгъуейщ.



Битокъу Оксанэ

ЗэбгрыкIыжыну хуейтэкъым Узун-Яйла фестивалым кърихьэлIахэр. Нэху щыхуи зэхэтыфынут я гурыфIыгъуэхэмкIэ зэдэгуашэу. Нэхъыжьхэм я сэлам зэхыжыныр кIыхьу екIуэкIырт, ищIондэху щIалэгъуалэм гупгупурэ джэгухэр яублэрт. Дэнэ къэрал, къалэ, хэгъэгу къикIари зэрмадыгэм зэрипхырт, адыгэ пшыналъэм къигъэгумащIэрт. Зи нэпс къызыфIыщIэкIам, зи гуныкъуэгъуэ зыхуэмыгъэпщкIуам, зи гур хэхъуам, зи лъэр щIэкIам щыIащ фестивалым. А псори зыхэзыщIа цIыхум зэрыадыгэр зэи щыгъупщэнкъым, хамэщI ущыадыгэныр сыт хуэдизу мыгугъуми.

* * *

**Брам (Куэблэ) Алатин, къызэгъэпэщакIуэ гупым хэт (Истамбыл):** – Фестивалыр зэхэшэным и Iуэхур щрагъажьэм Узун-Яйла щIыналъэм ит адыгэ къуажэхэм я тхьэмадэ 53-р зэхуэсри, унафэ къызэдащтащ. Сэ сыкъыщалъхуа жылэм и тхьэмадэр, си къуэш нэхъыщIэр, яхэтти, садэIэпыкъуну яфIэфIу сыкърагъэблэгъащ. Мыр ди къару мащIэкIэ едгъэкIуэкI зэрымыхъунур къыдгурыIуащ дэ занщIэу. ИкIи къэрал IуэхущIапIэхэм, ди хэгъэгум и унафэщIхэм, къалэм и Iэтащхьэм захуэдгъэзати, дагъэщIэхъуакъым. Хэкум нэхъ дыпыщIауэ дыщытынур нэхъ къатщтэу, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Краснодар крайм щыщ ди къуэшхэр къедгъэблагъэри, хуабжьу дахэу даIэтащ, ди унафэщIхэм яхуэхьащ, псалъэ гуапэхэр зэкраIащ. Фэри флъэгъуащ Тырку Правительствэм хэт министрыр нобэ къыдэреблэгъар. Илъэс 21-кIэ Къайсэр и тхьэмадэу щытащ ар, къалэр къалэ зыщIахэм ящыщщ. Ари адрей хьэщIэхэри къыщыпсалъэм жаIащ мы къэралым ис лъэпкъхэм ящыщу адыгэм дэыхь нэхъ зэрыхуащIыр, абыхэм лей зэрызэрамыхьэнур, ахэр Тырку къэралыгъуэр, бэракъыр, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр зыхьумэхэм ящыщу, гу щабэу, къабзэу, я гуфIэгъуэр даIэту, я гузэвэгъуэр дагъэпсынщIэу, мыбы ис лъэпкъхэм япэ ирагъэщу зэрыщытыр.

**Нэгуэр Шанел, къызэгъэпэщакIуэ гупым хэт (Къайсэр):** – Мы иджырей фестивалыр зыгу къэкIари зэхэзышари Къайнар щIалэхэрауэ жыпIэ хъунущ. Iуэхур ежьа щыхъум, ди гупсысэхэмрэ IэмалхэмрэЗ зэхэтлъхьащ, куэд къызэщIэзыубыдэ программэ щхьэхуэ дгъэпсащ. Ди мурадыр Къайсэр вилайетым, къалэм я тхьэмадэхэм щахуэтIуатэм, я гуапэ дыдзу къыддаIыгъащ. Хуабжьу ди гуапэ хъуащ гуп дахэу Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми фыкъызэрикIар.

Дэ мы фестивалым мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ, сыту жыпIэмэ, къыдэкIуэтей щIэблэм бзэр, хабзэр, щэнхабзэр едгъэщIэнымкIэ, лъэпкъ гупсысэкIэр едгъэщIыхунымкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъунущ. Нобэ къыдэхуэса нэхъыщIэхэм ялъэгъуащ лъэпкъым къыдекIуэкI IэпщIэлъапщIагъэри, гупсысэкIэри, и цIыху цIэрыIуэхэри, зэхэтыкIэри, дуней тетыкIэри. Сэ си гугъэкъым къафэрэ джэгу къудейкIэ мыр ужьыхыжыну, атIэ мыбы къриххьэлIахэр цIыхугъэ зэхуэхъунущ, адыгагъэм и мыхьэнэр щалъытъунущ икIи куэдым иригъэгупсысауэ зэбгрыкIыжынущ. Ди лъэпкъэгъухэм нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа хьэщIэ куэд диIащ нобэ. Ари Iэмалыфlщ хамэхэм закъедгъэцIыхунымкIэ, экономикэм, щэнхабзэм, псэукIэм епхауэ диIэ еплъыкIэхэр къыддалъагъунымкIэ, Хьэзизейкiэ дызэджэ мы щIыналъэм дызэрыщыпсэуар, ди анэдэлъхубзэр, ди хабзэр зэрыщызетхьар къедгъэщIащ, къэрал телевиденэхэм, радиохэм, газетхэм я лэжьакIуэхэр ди дэIэпыкъуэгъуу.

**Къущхьэ Догъэн, уэрэджыIакIуэ, хьэрычэтыщIэ (Истамбыл):** – Тыркум хэпхъауэ ис ди къуэшхэм я дежкIэ мыбы мыхьэнэуэ иIэр къыпхуэлъытэнукъым. Ди гур къыдришеящ къэрал лIыщхьэхэр

къызэрытхыхьам, хэкум лІыкІуэ гуп фыкъызэрикІам, нэхъыжьи щІалэгъуали къызэрызэхуэсам. Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ Іэмал имыІэу зэпыщІэныгъэ яІэн хуейщ. Зы цІыху фІэкІа къэмыкІуэми, хэкум и жыбгъэ къытщІрегъэху дэ, абыкІэ дынегъэпщтэ, ди гур егъэпабгъэ, ди щхьэр егъэин. Аджэж лъахэмкІэ мыпхуэдэ гуэр щекІуэкІрэ хэхэсхэм ящыщ накІуэмэ, дэ къызэдгъэпэщрэ фэ фыкъакІуэмэ, абы сэбэпынагъ куэд къыхьынущ, дызэщІысыр тщІэжу хамэм дахэсынымкІэ.

**Шурдым Гюнсел, Истамбыл щыІэ Бзылъхугъэ Хасэм и гуащэ:** – Адыгэ нэхъыбэ щыпсэуа щІыпІэщ нобэ фестивалыр щекІуэкІыр. Хуабжьу дахэу, Іэтауэ къызэрагъэпэщащ. Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм я уэрэджыІакІуэхэр, къэфакІуэхэр, пшынауэхэр хэтащ. Сэри сызэунафэщІ Бзылъхугъэ Хасэм и цІыхубз уэрэджыІакІуэ гупыр къатщэри, уэрэд зыбжанэ жаІащ. Хэкум и уэрэджыІакІуэ нэхъ пажэхэр къызэреблэгъам хуабжьу нэхъ бей ищІащ фестивалыр. Мыр сэбэпышхуэщ дызэрыадыгэр дымыгъэгъуащэу дыкъэгъуэгурыкІуэнымкІэ, дызыхэс лъэпкъхэм дыкъащІыхунымкІэ.

**Брам (Куэблэ) Нэмидэ, нэхъыжьыфІ:** – Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къуажэхэм япхуэдэу унагъуэ куэд дэсыжкъым, ауэ гъэмахуэм къызэхуосыжри, хадэ ящІэ, гъавэ трасэ, зыщагъэпсэху. Нобэ къуажэм къыдэна закъуэтІакъуэм мэл, бжэн зэрахуэ, былым, джэдкъаз ягъэхъу. Сэ си щІалэ нэхъыщІэр къуажэм и тхьэмадэщ. Нэхъапэм адыгэр нэхъыбэу щызэхэсу щытащ мыбы, дэтхэнэми и пщІантІэм хьэщІэщ дэтрэ ар я егъэблэгъапІэу, адыгэбзэ фІэкІа щызэхымумыхыу. Ауэ я бынхэр ирагъаджэн, зэрыпсэун къалэжьын зэрыхуейм къыхэкІкІэ, ди цІыхухэр къалэхэм Іэпхъуащ. Ар, дауи, сэбэп хъуащ я псэукІэр ефІэкІуэнымкІэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, бзэр яІэщІэкІащ. Иджыпсту нэхъыжьыІуэхэращ адыгэбзэкІэ псалъэр, щІалэгъуалэм ящІэжыркъым. Ауэ согугъэ хэхэс адыгэм и лъэпкъ зэхэщІыкІыр фІэмыкІуэдыну, дипэкІэ нэхъ гулъытэ хуищІыну. АбыкІэ къалэнышхуэ игъэзэщІэнущ мы фестивалми.

**Аслъэн Гъазми, нэхъыжьыфІ:** – Гёнен къалэм и гъунэгъу Балакасыр къуажэм сыщопсэу. Дэнэ къали щыІэ Хасэм щокІуэкІ пщыхьэщхьэ зэхыхьэхэр, къафэхэр, джэгухэр. Ауэ мыпхуэдэ зэхуэс инхэм мыхьэнэ нэхъыбэ яІэщи, Іэмал зэриІэкІэ зэрызэредгъэхьэлІэным нужь дигщ. Адыгэр адыгэу къызэтенэн папщІэ нэхъыщхьэр ди сабийхэм адыгэбзэр едгъэщІэнырщ, ди хабзэр я Іэпэгъуу къэдгъэхъунырщ. Сыт хуэдиз гугъуехь абы пымылъми, ар тхуэфІэкІын хуейщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ди бзэр дгъэкІуэдмэ, ди лъэпкъыщІэри тфІэкІуэдауэ аращ. Тхьэм ар димыгъэлъагъукІэ.

**Хьэгъундокъуэ Яшар, КАФФЕД-м и тхьэмадэ (Анкара):** – Япэрауэ, фІыщІэ фхуэсщІ хэкужьым фыкъыкІыу, хамэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм я псэукІэм, зэхэтыкІэм дыхэплъэнщ жыфІэу гъуэгу кІыхь къызэрызэпыфчам щхьэкІэ. Ар дэркІэ гуфІэгъуэщ, я Іуэху нэхъ мащІэми зэпэгъунэгъу дещІри. Фестивалым и гугъу пщІымэ, куэд щІауэ дэрдэру къызэдгъэпэщыжурэ дыкъекІуэкІыртІ. Иджы мыбы и мыхьэнэм зихъуэжащ. Фэри флъэгъуащ къэралыр къызэрыддэІэпыкъуари,

къэрал къулыкъущIэхэр къызэрытхыхьари. Дэ абы ди гур хегъахъуэ хуэбжьу. Тыркухэм нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъ мащIэхэри зэрисыр, абыхэм ядэIэпыкъуи зэрыхуейр къагурыIуащ, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тхъумэжыныымкIэ зыкъытщIагъакъуэу щIадзащ.

**Щомахуэ Хьэкъан, Кахраманмараш къалэм щыIэ Хасэм и тхьэмадэ:** – Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм ди губампIэр дегъэкI, псэхэм ухуеймэ. Дызэхохьэ, дызэролъагъу, гу зэщыдохуэ. Нэхъыщхьэращи, фэ фыкъыткIэлъокIуэ, хэкумкIэ зыгуэр щекIуэкIмэ, дэри дыныфхохьэж. Мыр джэгу, Iэгу, къафэ къудейуэ къыфщымыхъу, мыпхуэдэу дыщызэхыхьэкIэ адыгэр дызэроцIыху, щхьэж и къару къихь елъытауэ дызэрызэдэIэпыкъужын Iуэху зыдохуэ. Апхуэдэ дыдэуи, хэкум Iуэхукiэ зыпытщIэныр тфIэигъуэщи, сыт щыгъуи Iэмал гуэрхэр къыдогупсыс. Кахраманмарашыр джылахъстэней къуажэхэр зэрыс щIыпIэр зэпха къалэщ. Дэ щIымахуэ фестивалщ едгъэкIуэкIыр, ар гъэ къэс къызыдогъэпэщ. Ди дежи мыпхуэдэу фынеблагъэрэ, ди хъыбар хэкум щыфIуэтэжмэ, ди гуапэ хъунущ.

**Тэнащ Джихьат, Эскешехир къалэ Хасэм и тхьэмадэ:** – Сэри зы къалэ Хасэ сыкъикIри, ди къэфакIуэ гупыр си гъусэу сыкъэкIуащ. Ди «Щыблэ» ансамблыр хэтщ концертым. Ди гуапэ хъуащ Къайнар щызэхаша мы Iуэху дахэм дыкъызэрырагъэблэгъар, ди щIалэгъуалэм адыгэ зэхэтыкIэ ялъагъунущ, лъэпкъ щэнхабзэм нэгъуэщIыпэкIэ Iуплъэнущ. Эскешехир къуажэ 24-рэ къепхащ, къэбэрдейхэр, шапсыгъхэр, абазэхэр, абазэхэр дэсщ. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, цIыху мин 50 дохъу.

**ЕмкIуж Андзор, режиссёр (Налшык):** – Сэ си ныбжьэгъухэм сыкъырагъэблагъэри, пэзу сыкъэкIуауэ арэщ мыпхуэдэ зэхыхьэ. Ныщхьэбэ мыбыхэм сазэрыхэта сыхьэт зыбжанэм гу лъыстащ хэхэс адыгэхэм я анэдэлъхубзэр зрагъэщIэным хуэнэхъуеиншэу къызэрыгъуэгурыкIуам, хабзэ зэрахэлъым, лъэпкъ щэнхабзэм пщIэ зэрыхуащIым. ЩыкIуи нии, нэхъыжьи нэхъыщIи щызэхуэсащ я лъэпкъ щIэину нобэм къахьэсар яIэтыну. Сэ слъэгъуаращи, мыпхуэдэ зэхыхьэхэр екIуэкIыху, адыгэр хэмэм ихэшыпсыхьыжынкъым. Адыгэбзэм фIы дыдэу иропсалъэ нэхъыжьхэр, ар зыIурымылъ ныбжьыщIэхэми адыгагъэ ядыболъагъу, я зыIыгъыкIэкIэ, нэхъыжьым хуащI пщIэмкIэ, я плъэкIэ къудеймкIэ. Си гур хигъэхъуащ Тырку Правительствэми, дыздэщыIэ щIыналъэми я къэрал къулыкъущIэхэр къызэрыкIуам, абыхэм жаIа псалъэ гуапэхэм. Апхуэдэпщlэр къалэжьыжащ ди къуэшхэм, тхьэм иригъэфIакIуэ.

**Курыжэ Ясминэ (Къайсэр):** – Къайсэр и Iэгъуэблагъэм щыпсэу адыгэхэр зэхэгъэпплъэным, хэкуми нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къешэлIэным теухуа мурадыр дахэт икIи гуащIэшхуэ зэхьэлIэн хуейт. Абы и ужь ихьахэм яхузэфIэкIар нобэ долъагъу, хуабжьу Iуэху дахэ къайхъулIащ. Псом хуэмыдэу сызыгъэгуфIэр мы адыгэ макъамэр, адыгэ псалъэр ди щIэблэм зэрызэхахырщ. Си гугъэщ ахэри мы фестивалым адыгагъэм къыхуигъэушыну. Си щIалэ нэхъыщIэр Нэхущ Чэрим и гъусэу къэфа ансамблым хэтщ. Ар къафэм зэрыдихьэхым,

щIалэгъуалэ къуэд Хасэм зэрекIуалIэм сегъэгушхуэ. Ауэ щыуагъэшхуэу къызолъытэ ди щIэблэм адыгэбзэр зэредмыгъащIэр. Ар гугъущ жIурыпплъыхьыну хамэхэм уахэсу, хамэбзэкIэ ебгъаджэу. Ауэ абы тщхьэщихыркъым сабийхэмрэ ди лъэпкъымрэ я пащхьэ щытхь жэуаплыныгъэр. Сытым дигъэадыгэн, а гугъуехьыр къызэднэкIрэ ди быным бзэр едмыгъэщIэжмэ?!

*Лафыщхьэблэ* щыщхэу **Теувэжыкъуэхэ Мухьэмэдрэ Ибрэхьимрэ** илъэси 10-12 ныбжьым иту арами, я адыгэбзэм и къабзагъымрэ я цIыху хэтыкIэмрэ сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым. Щыхухэм депсалъэу, камерэкIэ тетхэу дыздэщытым, къыткIэлъыплъащ фестивалым щылажьэ тырку телевидениехэм къащхьэщыкIыу, адыгэбзэкIэ къызэрыдгъэпсалъэр яфIэгъэщIэгъуэну. ШыIэ яхэлъу зыкъомрэ ди бгъумкIэ щыта нэужь, ягъэщIагъуэу къыдэупщIащ: «Мыр сыт хуэдэ канал къэзыгъэлъэгъуэнур адыгэбзэкIэ?». ДыкъыздикIар щажетIэм, езыхэми къэпсалъэну гупыж ящIащ. ЩIалитIым къыхагъэщащ мыпхуэдэ фестивалхэм дэтхэнэ зы адыгэ цIыхуми игу зэрыхигъахъуэр, зэныбжьэгъуэр зэрыщызэхуэсыр, къуажэдэсхэм школым адыгэбзэр зэрыщрагъэджыр, уиэм аиэдэлъхубзэкIэ зэрыщыпсалъэр.

Фестивалым и етIуанэ махуэри щIэщыгъуэу, гукъэуэу екIуэкIащ. Абы къэрихьэлIащ цIыху мини 4-м нэблагъэ. ЩIалэгъуалэм, жылэжылэкIэ загуэшри, спорт лIэужьыгъуэ зэмыщхьэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэр





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Къущхьэ Айлэ, Щэджэн Iэминат, Къущхьэ Да-гъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Емкъуж Андзор сымэ.**

къызэрагъэпэщащ. Къафэракъэ зэхыхьэм и псэр, къэфэн ирагъажьэри, зэпеуащ, текIуахэм саугъэт иратащ.

Гухэхъуэт икIи гуимыхуэжт Узун-Яйла фестивалыр. Къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ жаIэ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, адыгэу къызэтенэнымкIэ щэнхабзэр сэбэпышхуэ зэрыхъур. Пэжу, бзэр зрагъэщIэным гугъуехь пылъу щытми, адыгэ къафэр, фащэр, пшынэр, макъамэр я псэм хэлъщ ди къуэшхэм. Мы ежьэгъуэм съэригъэгупсысамрэ цIыху мин 15 щызэхуэса зэхыхьэм щысльэгъуамрэ нужь, зы Iуэхугъуэщ сэ сыкъызытеувыIар: дунейр Iэмыщ Iэ из фIэкIа мыхъуу къыщытщыхъу лъэхъэнэщ дэ дызыхэпсэукIыр, хамэ къэралыбзэхэр тыншу щызэдгъащIэщ, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм гугъуехьыншэу дыщылъэтэщ. Си гугъэщ апхуэдэ Iэмалхэм я сэбэпкIэ адыгэр дызэрыгъуэтыжыну, ди анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ игъуэтыжыну, ди лъэпкъ хабзэр дунейпсо утыку тхуихьэну. АбыкIэ гугъэфIхэр уагъэщI интернетым узыщрихьэлIэ щIалэгъуалэмрэ зи лъэпкъ щэнхабзэр зыщызымыгъэгъупщэ хэхэс адыгэхэмрэ. Къэбэрдейм щыпсэууэ фIэкIа умыщIэу, адыгэбзэр ягъэбзэрабзэрт дэ дезыгъэблэгъахэмрэ Къайсэр дыщыщыIа махуэхэм ди гъусахэмрэ. Бзэр зымыщIэу яхэта щIалэгъуалэми етIуанэ зэхуэзэгъуэ хъуху зрагъэщIэжыну зэдухылIащ. Ар къызэрыдэхъулIэнум и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэсыжа нэужь, мащIэми ныкъуэми, адыгэбзэкIэ къызэрытщIэупщIэр, къызэрытхуэтхэр.



**НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Налшык – Истамбыл – Къайсэр*

*Усэхэр*

## ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег



### БАБЫЩ ЦIЫКIУ

Бабыщ шырыр
Хохъэ псым,
Лъабэ цIыкIухэр
ЕщIыр псыф...
Иджы хъумэ ар
Пыхусыху,
КъыщIэкIынукъым
Хъужыху.

### УАРЭ...

Уарэ, уарэ, мамэ, еплъыт, —
Месыр, уиэхэр къыдблэж!
Уарэ, уарэ, мамэ, еплъыт, —
Жыгхэр уиэхэм ятож!

Дэ машинэкIэ дыздэкIэм,
Жыгхэр къажэу къысфIэщIащ.
ДыIуохьэжри ди куэбжэм,
Уни жыги къэувыIащ...

### СЫКЪИКIУЭТКЪЫМ!

ЩIалэ цIыкIу жыхуэфIэр ТIаиш —
Ар сэ схуэдэу мэхъур тIу!
СыкъикIуэтыркъым итIанэ —
Сеигъэбжыт иджыпсту!

### СЭ БАЛИГЪЫУ СЫЩЫТАМЭ

Сэ балигъыу сыщытамэ,
Си сабийм семыпхыдэнт.
«ТIу» къыхьауэ къэкIуэжамэ,
Сэ и жагъуэ сымыщIынт.

Сэ балигъыу сыщытамэ,
Си сабийм сеущиент.

Зэран гуэри илэжьамэ,
Сымыгубжьу сепсалъэнт.

Сэ балигъыу сыщытамэ,
Си сабийр ныбжьэгъу къэсщIынт.
Сэ и дзыхь къызигъэзами,
Ар зы щIыхум къимыщIэнт.

## ГЪЭ ЕДЖЭГЪУЭЩIЭ

Нобэ щIыкIухэм ди махуэшхуэщ –
Гъэ еджэгъуэм щIидзэжащ!
Удз гъэгъахэр тIэщIэмыхуэу,
Школ щIантIэшхуэм дыдыхьащ.

Ди портфелхэр щIэрыпсыбзэщ,
Тхылъхэр, ручкэхэр дэтлъхьащ.
«Тху» нэхъ мащIэ къэдмыхьыну,
Ди мураду щIэддзэжащ.

Хъыджэбз щIыкIухэм зыкърахыр,
Бостей дахэ щатIэгъащ,
ЩIалэ щIыкIухэм загъэщIагъуэ –
Зы илъэсым зрачащ!

Зэклассэгъухэр зэрызехьэу,
ЕгъэджакIуэм бгъэдыхьащ.
Удз гъэгъахэр IэщIалъхьати,
ЩыкIухэм гуапэу къехъуэхъуащ.

Нобэ щIыкIухэм ди махуэшхуэщ –
Гъэ еджэгъуэм щIидзэжащ!
ЕгъэджакIуэхэр ди гъусэу,
Класс щIэращIэм дыщIыхьащ.

## ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Жей, си щIалэ, си Iущ щIыкIу,
Жей, си къыбзэ, насып щIыкIу.
Лъэпкъым къуэщхьэ уахуэхъуну,
ЩIалэ пэс уэ къыпхэкIыну.

Сыпхуохъуахъуэ, сыпхуоупсэ,
Жей, си щIалэ — си нэ, си псэ.
Жей, си щIалэ, жей си Iэфl,
УэркIэ си гур сэ согъафI.
ЖыIэдаIуэу укъэхъуну,
Уи гуращэхэр нэхуну.
Сыпхуохъуахъуэ, сыпхуоупсэ,
Жей, си щIалэ — си нэ, си псэ.

Жей, си щIалэ, дуней нэху,
Жей, си дыщэ, зыгъэпсэху.
Уи Iуэхущlафэхэр дахэну,
Адэшкъ цэмыср уи фащэну.
Сыпхуохъуахъуэ, сыпхуоупсэ,
Жей си щIалэ — си нэ, си псэ.

## САБИИГЪУЭ

Дыгъэпс нэкIуу,
Уэгуш напэу,
ПсыIэрышэу,
Уэсшс къабзэу,
Макъ жыгъыруу э,
НэфIэгуфIэу,
Хъарбыз IэфIу,
Гъавэ бэву,
Тхьэмпэ гъуэжьу,
ЩIыIэ уасу,
ИлъэсыщIэу,
Псей щIэращIэу,
Гъатхэ пасэу,
Уда гъэгъауэ,
Епэрымэу
Сабиигъуэр
Сигу къинащ.

## ДАДЭ И ГЪЭФIЭН

Дадэ и къуэ цIыкIуингIэр.
Сытым хуэдэу зэраншу.

Еш имыщӀэу махуэ кӀыхьым
Чышым тесщ ар, ещхьу шум.
Зэми джэдым тфӀыхольадэ,
Адакъэжьыр къегъэгубжь,
ТеплъэкъукӀыу щыгмэ дадэ,
Игъуэтыжкъым и лъэужь.
Ди гъунэгъум ежэжӀамэ,
Бабыщ анэр егъэлъей.
Къазыхъужым кърихужьамэ,
Дэ жыгыжьым ныдолъей.
Дунешхуэр зыщӀегъэхъэ,
Дянэ щӀыпӀи къыщыщӀедэ.
Унэм щӀэсым я щхьэр щӀахьэ,
Къилъэгъуамэ хьэм — зыӀуедэ.
— ФымыпӀащӀэ, ни ар хъумэ,
Нэхъ щӀалэфӀ фигъалъыхъуэнщ, —
ЖеӀэ дадэ, ирисушхуэу,
И къуэрылъхур и гъэфӀэнщ.



## ДАНЭ

Цы топ хъурейуэ,
Щабэ цӀыкӀуу,
Нэ пыжьынэу,
Щхьэщ хъурыфэу,
Нышэдибэ,
ШхыӀэн щӀагъым,
Дыгъэ-щыгъэ
КъыщӀэплъащ.
Жейбащхьуэнэу,
НэфӀэгуфӀэу,
Макъ жыгъыруэ,
Зэрылъэлъу,
Пэшыр
Нуру къигъэнэхуу,
ГъуэлъыпӀэкум
КъитӀысхьащ.

Ӏэбэ цӀыкӀур ищӀу,
Мамэ зыхуеший.

Папэ игъэгуфIэу
ЕщIыр лъабэдий.

ЛЭГЪУПЫКЪУ

Зэмыфэгъуу шар Iэджэжь
Дадэ нобэ къытхуихьащ.
Кхъуэщыныфэ, щIыху, плъыжь, гъуэжь...
Данэ хужьыр къыхихащ.
Дыгъэм хуэдэу хъурейшхуэу,
Iэдэм гъуэжьыр игъэпщащ.
Ди джабэжьым ещхьыркъабзэу,
Шар удзыфэр сэ къэсщтащ.
Руслан щIыкIуи къекIуэкIати,
Папэ щIыхур иритащ.
Шархэр дгъэщIри дутIыпщати,
Лэгъупыкъуу заIэтащ.



ХЪЭУАН БЗЫГЪЭ

Хъэуан бзыгъэр дыгъэ бзийщ,
ЖеIэ папэ, пыгуфIыкIыу.
Хъэуаныщхуэр зэгуегъэху,
Бзыгъэ-бзыгъэ ирищIыкIыу.
Хъэуан бзыгъэр, бзыгъэ IэфIыр,
Псоми къытлъысащ.
Дыгъэ бзийри, дигъэгуфIэу,
НэкIум къытепсащ.

УЭШХ НЭУЖЬЫМ

Уэшхыпс щIыкIухэр, псы инахэр,
Дыгъэм слъагъуу ирефыж.
Уэшхым псыф ищIа си топыр,
НэпIэзыпIэм магъуцIыж.
ПсыкIэ хуэфIу загъэпщIауэ
Удзым лъагэу заIэтыж.
ТетIысхьэпIэм тес джэдуми
Лъабэ щIыкIухэр етхьэщIыж...

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ





*ЕкIуэкIыу:* **7.** МафIэм прихьэIэбэу гъущIым къыхэщIыкIа Iэмэпсымэ. **8.** Дунейм и фIыгъуэр узыншагъэщ, дунейм и тхъэгъуэр ... *(псалъэжь)*. **10.** ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм хэт лIыхъужь. **11.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **12.** УпщIэм къыхэщIыкIа щыгъын щIыIутелъ. **15.** «Жамборэ ...» — ПащIэ Бэчмырзэ и усэ. **16.** УнэлъащIэ щащIкIэ къагъэсэбэп Iэмэпсымэ. **18.** ... банэкIэ зигъэнщIыркъым *(псалъэжь)*. **19.** ДакIэ лIэужьыгъуэ, Iуданэхэр и щIыIум зэпрыуэ къытридзэу. **20.** Армением щыпсэу лъэпкъ. **24.** Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу мэремым

къыкIэлъыкIуэр. **25.** Цlыхум и псэупIэ, псэуалъэ щиухуа щIапIэ. **26.** Псалъэ быдэ. **28.** IутIыж Борис и пьесэ. **32.** Пхъум е шыпхъум и щхьэгъусэ. **33.** Пшахъуалъэ щIыпIэхэм щызэрахуэ, ан тхым сыджыщ-хуэ тет псэущхьэ. **34.** Пасэрей лъэпкъ бэнэкIэ. **35.** Акъсырэ Залым-хъан и «Къыэбрун» пьесэм хэт лIыхъужь.

*Къехыу:* **1.** Нарт эпосым хэт лIыхъужь. **2.** Хум, нартыхум къыхащIыкI адыгэ шхыныгъуэ. **3.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **4.** Гъэм и лъэхъэнэ. **5.** ... жьым ирихьэжьати, «нана» жиIэрт *(псалъэжь)*. **6.** Зыгуэрым щIэ макъ. **9.** ... къэгъани, къолъэIу къа-шэ *(псалъэжь)*. **13.** Язынықъуэхэм къазэрыфIэщIымкIэ, щIыпIэ дэ-дэыхахэм щыпсэууэ цIыхум ецхьыфэ псэущхьэ *(таурыхъхэм щы-хуозэ)*. **14.** Израилым щыщ адыгэ къуажэ. **16.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **17.** ЩыпщафIэкIэ, щыпхэкIэ, фIэIугъэ щызэхалъхьэкIэ къагъэсэбэп ткIуаткIуэ гуащIэ. **21.** ... IэщIагъэщи, умыщIэр Iэщlыбщ *(псалъэжь)*. **22.** Шынэм, щтэм къыхэкI уэ. **23.** Щоджэнцlыкlу Алий и «Къам-ботрэ Лацэрэ» романым хэт лIыхъужь. **27.** ... пшахъуэщи, гъыщIэр пцIащхъуэщ *(псалъэжь)*. **29.** Япэм кIэпIейкIэ тIощIым зэредзэу щытар. **30.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **31.** Адыгэ суратыщI цIэрыIуэ.

---

## Етхуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **1.** Сэтат. **6.** Къанлы. **8.** Азит. **9.** Iэщэ. **10.** Нэр. **12.** Къыр. **13.** Арина. **14.** Къухьэпlэ. **15.** НапэтI. **16.** Къэзэмэт. **19.** ЩIэпыгъэ. **21.** Назычэ. **23.** Псынэ. **24.** Нэмыщэ. **27.** Хьэрэмщэ. **30.** УнэIут. **32.** Бысым. **33.** Удыгъэ. **34.** ПщIэ. **35.** «Нур». **36.** Тыгъэ. **37.** Деля. **38.** Гухахъуэ. **39.** Тхьэгъуэ.

*Къехыу:* **2.** Къардэнгъущl. **3.** Танэджэ. **4.** КIэрахъуэ. **5.** Тэрмэ. **6.** Къэзэн. **7.** Нэгъуащэ. **11.** МафIэм. **17.** Индыл. **18.** БынфI. **20.** Гъэр. **22.** Аль. **23.** ПыIэкIуэдэ. **25.** Лъапсэншэ. **26.** Дыжьын. **28.** Еругъэ. **29.** ШкIэнэй. **31.** Тхьэкъэ. **32.** Бэгъуэт.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Министерство культуры Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г. Нальчик, ул. Кешокова, 43), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 12.12.17. Выход в свет 28.12.2017
Формат 70x108$^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.786 экз. Заказ №629
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5,
Дом Печати. Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360000, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5, Дом Печати. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

